# МАХ ДУГ

Æрмæстдæр сæрибар нацийæн
ис национ характер.

Жермена де Сталь



12

2001





*Нæ равдысты фендзыстут*
*Ирыстоны адæмон нывгæнæг*
*Тугъанты Махарбеджы нывтæ.*



# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ
ХУДОЖЕСТВЕННОЙ ЛИТЕРАТУРЫ, ПУБЛИЦИСТИКИ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция:**

Ответственный секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет:**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ, Фариза ДЗАСОХОВА, Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ, Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2001

# МАХ ДУГ

## 12 '01

Джиппы уагъд цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

АИВ ЛИТЕРАТУРÆЙЫ,
ПУБЛИЦИСТИКÆЙЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци:**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæйы лæгтæ:**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
ДЗАСОХТЫ Фаризæт, КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал

Дзæуджыхъæу, 2001

**НОМЫРЫ ИС:**

*ХУЫГАТЫ Сергей.* **Дыуузе радзырды** 5
*АБАЙТЫ Эдуард.* **Фæтæхин дæм маргъау.**Æмдзæвгæтæ 27
*ЗАОЙТЫ Аслæнбег.* **Æцæг хабæрттæ** 36

**ХЪАЙТЫХЪТЫ ГЕОР: 90 АЗЫ**
*ХЪАЙТЫХЪТЫ Геор.* **Эпиграммæтæ** 43

*ГОДЖЫЦАТЫ Нелли.* **Ныфсы мæсыг**
Æмдзæвгæтæ 52

**ТÆЛМАЦТÆ**
***Ханс Иоахим ШЕДЛИХ.*** Ратт ын æвзаджы хорзæх 56
*Светланæ МЕКШЕН.* **Æнæ бæстæ нæй фарн æмæ æвзаг.**
Æмдзæвгæтæ 113

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**
*ХЪАЗИТЫ Мелитон.* **Ирон хæзна.** Дарддæр 118

**МАКСИМ КОВАЛЕВСКИЙ: 150 АЗЫ**
*Максим КОВАЛЕВСКИЙ.* **Фæндаггон фыстытæй** 126

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ** 141

**АРВИСТОН** 152

**2001 АЗЫ «МАХ ДУГ» НЫММЫХУЫР КОДТА** 163

ХУЫГАТЫ *Сергей*

ДЫУУÆ РАДЗЫРДЫ

# ГЕТÆ

Гетæ хуыссыди кæрты къуымы – цæхæрадоны æмбонд сæрдыгон хæдзары фисынмæ кæм бахаста йæхи, уыцы ран. Кæртæн йæ астæу та хъазгæ кодтой. Битар иу пурти хæрдмæ сæппæрста, стæй иу куы æрцæйхауди пурти, уæд иу æм чызг æмæ лæппу сæ къухтæ сдардтой, фæлæ сæ пурти æрцахсой, уый мæт нæ уыди – сæ каст иу Графмæ уыд. Граф иу йæ фæстаг къæхтыл алæууыд æмæ иу йæ раззаг къæхтæ уæлæмæ сивæзта, цыма пурти ахсынмæ хъавыд, афтæ. Чызг æмæ иу лæппу сæ кæл кæлæй нал æнцадысты.

Гетæ мæсты кодта Графмæ: лæппу нæ дæ, чызг нæ дæ æмæ дæ цы пуртийæ хъазыны мæт и!

Æмæ æниу пурти йеддæмæ ницæмæй хъазыди Граф! Мæнæ, кълæстæй хъазт кæй хонынц, уымæй хъазын куы райдайа, уæд дæ цæстытыл ныххæцдзынæ. Йæ фæстаг къæхтыл слæудзæн æмæ, асфальтыл цы цыппæрдигъон кълæстæ æрхахх кæнынц мелæй, уыдонæй иуæй иннæмæ багæпп кæндзæни, куыддæриддæр чызг æмæ лæппу сæхæдæг багæпп кæнынц, афтæ. Уæдæ бæттæны сæрты куыд гæпп кæны, уый та диссагæн дзуринаг у. Дыууæйæ йын йæ кæрæттыл хæцдзысты æмæ йæ зилдзысты, уый гæпп райдайдзæни, гæпп райдайдзæни æмæ йыл иу хатт дæр нæ аныдзæвдзæни бæттæн.

Иу рæстæджы пурти йæ рæзты æрбацæйтылди Гетæйæн. Уый йæ рацахста, фыццаг æй æрæлхъивын уыд йæ зæрды, куыд фæхуынкъ уа, афтæ, фæлæ чызг æмæ лæппу æзфæраздæронæй æрбацæйзгъордтой пуртимæ æмæ йæ нал æрæлхъывта. Сæ размæ сын æй баппæрста.

Цæргæ ам нæ кæнынц чызг æмæ лæппу, ардæм цæугæ æркæнынц сæ мадимæ. Иубон æрцæуынц, иннæ бон ацæуынц. Æмæ куы æрцæуынц, уæд кæрт базмæлы – сабитæ хъазыныл фæвæййынц, сæ мад чи у, Саусатæг – рæхснæг æмæ цæрдæг – уый та кæрт æфснайынмæ фæвæййы. Æмæ уайтагъд йæ хуыз скалы кæрт.

Раздæр ма иу лæппу дæр æрцыди семæ – бецыкджын æмæ рихиджын. Алыхатт нæ фæлæ искуыдæй искуыдмæ Далæ иу, мæнгагъуыстæй цæхæрадонмæ цы фæйнæгдуар и,

уый байгом кодта. Гом дуарæй иу цæхæрадонмæ каст æмæ иу тамако дымдта. Æвæццæгæн, сæ фыд у лæппу 'мæ чызгæн. Ныр нал æрцæуы семæ. Уый хъыг нæу Гетæйæн. Нæ йæ уарзта Гетæ. Иухатт семæ донбылмæ ацыд. Уæд фыццаг хатт федта бецыкджын æмæ рихиджын лæппуйы Гетæ. Донибылты уæлæмæ цыдысты æвдæлон ныхасгæнгæ Гетæ та æнæуи цыди сæ фæдыл. Уæле стыр дуртæ кæм и, уырдæм куы схæццæ сты, уæд иу урс дуры фæстæ лæппу йæ цонгмæ бавнæлдта Саусатæгæн, йæхимæ йыл æрбахæцыд, æвæццæгæн æй æрбахъæбыс кæнынмæ хъавыди, чызджы нæ фæндыд, йæ цонг аивæзта йæхимæ Æмæ нал фæлæууыди Гетæ лæппумæ. Фыццаг йæ къæдзил арадав бадав кодта дыууæрдæм, стæй йыл схъырнытдта, йæ дæндæгтæ дæр æм февдыста. Уæддæр куы нæ састи лæппу, йæхимæ куы хæцыд чызджы цонгыл, уæд æм йæхи баппæрста, хъæрæй йыл срæйдта. Лæппу фесхъиудта, чызджы феуæгъд кодта, фæлæ Гетæйæн йæ фарсы тæнæг сцавта йæ дзабыры цыргъ фындзæй. Тынг фæрыст йæ тæн Гетæйæн, фæлæ йæ баурæдта.

Сæхимæ куы фæцæуынц, уæд Гетæ дæр уалæ стыр фæндагмæ ацæуы семæ. Уым фæлæууынц цыппарæй. Гетæ кæд фæллад вæййы, уæд фæндаджы был йæ фæстæгтыл æрбады. Æмæ афтæ фæбады, цалынмæ, йæ фæрстыл рудзгуытæ кæмæн и, уыцы машинæ æрбацæуы, уæдмæ Адæм рудзгуытæй æддæмæ фæкæсынц. Æмæ базмæлы Гетæ фесты, чызг æмæ лæппуйæ кæмæн йæ къух асдæры, кæмæн сæ йæ дзæмбы авæры йæ риуыл. Саусатæг та йын йæхимæ бауайы Гетæйæн, уыцы рог æм фæгуыбыр кæны, йæ сæр ын æрлæгъз кæны, сабийы сæр куыд æрлæгъз кæнынц, афтæ æмæ йæм сдзуры йæ зæлангæнаг хъæлæсæй:

– Дзæбæх уал у, Гетæ! Мах та зындзыстæм.

Æмæ та æцæг фæзынынц.

Машинæ куы фенкъуысы, уæд Гетæ йæ къæдзил иуырдæм атилы, иннæрдæм æй атилы: срæйа машинæйыл, æви йыл ма срæйа? Уыдоны уынгты куы фæцæйцæуид айхуызæн рудзынгджын машинæ, уæд нæ ныллæууид æнæ срæйгæ, йæ фæдыл дæр ма азгъорид рæйгæ рæйын. Фæлæ ай кæйдæр уынг у æмæ дзы кæд не 'мбæлы рæйын? Æмæ та батилы йæ къæдзил.

Уæдмæ та пурти йæ рæзты æрбацæйтылди. Гетæ йæ хъустæ фæгæмæл кодта: ацы хатт ын афтæмæй ныууадзæн нал и уыцы пуртийæн – уæдæ сын æгъгъæд хъазт нæма у?! Фæлæ пуртийы фæстæ кæд не 'рбацæйуад Граф! Гетæ

ӕрӕхснырста, стӕй ахсгӕ нал ӕркодта пурти, акъуырдта йӕ ӕмӕ далӕ кӕркдонырдӕм атылди. Граф йӕ фӕдыл ныббызырттӕг.

Стыр куыдз нӕу Граф, мӕнӕ фӕстагмӕ цы къаннӕг куыйтӕ фӕзынди, уыдоны мыггагӕй у. Афтӕ хъазынтӕ йедтӕ зоны, ӕндӕр хӕдзарӕн ницы ӕххуыс у. Ӕмӕ ӕцӕг куыдзы хуызӕн нӕ зыны Гетӕмӕ Ӕцӕг куыдз куы уаид, уӕд ахӕм хъӕзтытӕ кӕнид? Гетӕ никуы кодта ахӕм хъӕзтытӕ. Нӕ сӕ уарзта. Гетӕ цӕуын уарзта, уӕрдоны фӕстӕ цӕуын. Ӕмӕ ноджы цин кӕнын, тынг бирӕ уарзта цин кӕнын Гетӕ Ӕмӕ иу, хӕдзары хицау Дзанхот Миткӕйы ифтындзы, уый федта – суыргъиау иу и фырцинӕй. Цы ми ма бакӕна, уый иу нал зыдта. Кӕд иу стыр нӕл гогыз Джимийыл йӕ цӕст ӕрхӕцыд, уӕд иу хъуамӕ йӕ размӕ йӕхи баппӕрстаид ӕмӕ йыл фӕхӕпп кодтаид, мӕсты хӕпп нӕ, цины хӕпп. Кӕд иу гогыз кӕрты нӕ разынд, уӕд иу уӕрдоны алыварс ӕрзылдтытӕ кодта уыцы хъуыддагхуызӕй. Хатт иу йӕ дзӕмбытӕй сӕвнӕлдта Миткӕйы фарсмӕ ӕрлӕгъз иу ын кодта йӕ фарс. Йӕхӕдӕг иу хъуамӕ йӕ цӕсты зулӕй скӕс скӕс кодтаид Дзанхотмӕ – цӕуынц йӕ зӕрдӕмӕ Гетӕйы митӕ Ӕрӕнцой иу нал зыдта, цалынмӕ иу уалӕ стыр фӕндаджы сӕрты ахызтысты, уӕдмӕ. Уым иу Дзанхот дзӕбӕхдӕр сбадт йӕ бадӕн фӕйнӕгыл, Миткӕйы иу йӕхи бар ауагъта ӕмӕ иу йӕ фӕлмӕн хъӕлӕсӕй цыдӕр рагон зарӕг базарыд, хъӕрӕй нӕ ӕрмӕст сӕхи фаг куыд уыдаид, се 'ртӕйы фаг, афтӕ Ӕмӕ иу ныссабыр сты, зарӕг иу сӕ ныссабыр кодта. Миткӕ иу уыцы сабыр иста йӕ арӕхстджын къӕхтӕ. Цӕлхытӕ иу сабыр тылдысты уыцы фӕлмӕн рыг фӕндагыл, сӕ ихсыд лӕгъз чъилтӕ иу хуры тынтӕм сӕ ферттив ферттивӕй нал ӕнцадысты. Гетӕ иу цин кодта, цӕлхытӕ кӕй ӕрттывтой, ууыл. Ӕмӕ иу куы сӕ иуы фӕрсты бауади цӕлхытӕн, куы се 'ннӕйы фӕрсты.

Фӕлӕ фӕстаг рӕстӕджы афтӕ нал уарзы цӕуын. Стӕй цин кӕнын дӕр нал уарзы афтӕ. Цӕугӕ кӕны ныр дӕр, куыд нӕ цӕуы?! Уӕдӕ дыууӕйӕ ацӕуой? Ӕмӕ сын дыууӕйӕ цӕй цӕуӕн и! Хъуамӕ ӕртӕйӕ цӕуой ӕмӕ ӕртӕйӕ хъусой уыцы фӕлмӕн зарӕгмӕ Ӕмӕ ацӕуы. Ӕцӕг ныр цӕлхыты фӕрсты нал фӕцӕуы, ныр фылдӕр йӕ фӕстӕ фӕцӕуы уӕрдонӕн, ӕмӕ йӕм зарӕг дӕр дзӕбӕх нал фӕхъуысы. Уӕддӕр фӕцӕуы. Куы схӕццӕ вӕййынц – фӕнды уыгӕрдӕнмӕ цӕуой, фӕнды хъӕдмӕ – уӕд уайтагъд искуы хибар ран схуыссы, хуыссын ӕм фӕцӕуы. Ӕмӕ

цалынмæ уæрдоныл сугтæ сæвæры Дзанхот, кæнæ йыл хос самайы, уæдмæ фæхуыссы. Стæй сысты, йæхи ныууигъы æмæ рараст вæййы уæрдоны фæдыл.

Граф куы фæзынди кæрты, уæд бынтон æркалдысты йæ уæнгтæ. Битар æй æркодта, фæсаходæн уыд, афтæ. Кæрты астæу лæууыдысты дыууæйæ. Дзанхот æмæ сæм æфсин та уæле кастысты, тыргъы гом рудзгуытæй. Гетæ уæддæр хуысгæ кодта, хуысгæйæ иу сæм ракасти. Графыл иу йæ цæстытæ æрхаста æмæ та иу сæ æрцъынд кодта. Битар хъæлдзæгæй цыдæртæ дзырдта мад æмæ фыдæн, худгæ дæр иу бакодта. Гетæ йæ куыд æмбæрста, афтæмæй Графæй æппæлыди.

Уæдмæ сæ пурти фæуагътой кæрты астæу æмæ сæрдыгон хæдзармæ аивылдысты. Граф дæр – семæ. Гетæ уым баззад, кæрты къуымы, куыд хуыссыд, афтæ. Æнæуи дæр хæдзармæ цæуаг нæ уыди Гетæ, стæй иу æй кæнгæ дæр нæ кодтой хæдзармæ. Ныр сæ фæдыл касти, цалынмæ дуар нæ бахгæдтой, уæдмæ, стæй йæ сæр йæ къæхтыл æрæвæрдта, йæ цæстытæ бацъынд кодта, æмæ уади йæ цæстытыл: æрцæуынц æртæйæ – астæуæй мад, – бæрзонд æмæ рæхснæг – саухил æмæ урсцъар. Чызг æмæ лæппуйæн сæ фæйнæ къухыл хæцы. Афтæ фидауы – раст æй цыма Хуыцау уый тыххæй сфæлдыста, цæмæй афтæ цæуа дыууæ сабийы астæу, афтæ сын хæца сæ къухтыл, афтæ сæ æрцæйкæна... Æмæ нал баурæдта йæхи Гетæ – азгъордта сæ размæ, зæххыл нал ныдзæвыд. Фыццаг сæ алыварс æрзылди, рæйдтытæ дæр дзы сирвæзт, афтæ иуæггай рæйдтытæ цины рæйдтытæ, стæй сæ разы йæ рагъыл атылд, æнахуыр цины хъыллистытæ кодта, афтæмæй. Мад сывæллæтты къухтæ феуæгъд кодта, бауад Гетæмæ, йæ нарæг астæу фæтасыд, йæ къух æруагъта Гетæйы сæрыл æмæ йæм дзуры йæ зæлангæнаг хъæлæсæй:

– Гъæ, диссаг фæуай, мæхи Гетæ, кæд цы цинтæ кæнын зоныс!

Уæдмæ йæм бауадысты чызг æмæ лæппу дæр...

Хæдзары дуар райгом, æвæццæгæн, тæвд у мидæгæй, æмæ йыл чидæр рахæцыди. Гетæ йæ йæ хъæрæй базыдта, уынгæ йæ нæ фæкодта – кæсгæ нæ кодта æмæ йæ куыд федтаид! Хæдзарæй рауылæн кодта хъарм хæринаджы тæф – лывзæ та скодта, æвæццæгæн, æфсин. Адон куы æрцæуынц, уæд лывзæ фæкæны. Йæ хæрздæф хæдзары нал фæцæуы, кæртмæ рабырсы, уынгмæ дæр ахæццæ вæййы.

Хæринаджы ад æм цыдæр æхсызгон хъарм бадардта. Ныр сыст, гом дуарæй бакæс мидæмæ, уæд ын радавиккой

хæринаг. Саусатæг ын радавид. Фæлæ сæм цæмæн хъуамæ бакæса! Æнæуи йæ нæ зонынц, уый дæр уд у, хæрын хъæуы уый дæр?! Æмæ нæ сыстад!

Уыцы рæстæджы йæ тъæпп къæхтæ фидар æвæргæ Гетæйы размæ бацыди стыр сырх уасæг Дженалдыхъо. Гетæйы раз раст слæууыд, йæ къубал хæрдмæ сивæзта æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныууасыди. Гетæ йæм ракаст. Дженалдыхъо уыцы хиæввæрсонхуызæй лæууыд, йæ сырх къоппа иуырдæм акъул, хъал лæг йæ худ куыд ныккæна иуырдæм къул, афтæ. Йæ гуыр хæдзары дуармæ арæзт уыди Дженалдыхъойæн æмæ афтæ зынд – уырдæм уасы, хæдзармæ æмæ Гетæйы тыххæй уасы. Уæдæ йæ иунæгæй цы ныууагътой кæрты къуымы, сæхæдæг цъалхæй малхæй цы ацыдысты мидæмæ?! Уалæ уыгæрдæнæй куы æрхæццæ уæд та Дзанхот æмæ Миткæимæ æнæхъæн уæрдоны дзаг фæлвых кæрдæг куы æрластой! Уый ам ныууагътой, Графы та мидæмæ акодтой, афтæмæй Граф, уыгæрдæн кæм и, уый зонгæ дæр нæ кæны. Уыцы уысм иу æнахуыр хъуыды кæцæйдæр æрцыди Гетæмæ – фæлтау уым куы ныллæууыдаид, уыгæрдæны. Куы нал рацыдаид уæрдоны фæдыл. Уым искуы къутæры хъæбысмæ бахастаид уыцы фæлвых кæрдæгæй, стæй йыл схуыссыдаид. Æмæ хуыссыдаид, йæ зæрдæ уæддæр никæуыл бахудтаид.

Уыцы рæстæджы та Дженалдыхъо йæхиуыл схæцыд, йæ къубал дæр та сивæзта, æвæццæгæн, та ныууасын уыд йæ зæрды. Гетæйы нæ фæндыд, ныууаса ма, уый, йæ дзæмбы йæм фæхъил кодта, Дженалдыхъо фæстæмæ фæцудыдта, уасын нал сфæрæзта, æнæуи ма цыдæр æнæмбаргæ хъихъхъытæ скодта, стæй иуварс ацыд, йæ къудийы систæ цыма æхсырфытæ уыдысты, уый схъæл систы. Гетæ уасæджы къудийы систæм каст, æмæ та йæм æрыздæхт æрдæбоны хъуыды: фæлтау уым куы ныллæууыдаид. Афонмæ хуыссид къутæры бын фæлвых кæрдæгыл. Фæлæ йæм уæд æрцыд ноджы æндæр хъуыды: æмæ ам та?! Ам та чи кæсдзæн кæртмæ? Граф кæрты мæт чи бакæна, ахæм нæу. Намæ Дзанхот æмæ Миткæимæ чи цæудзæн уыцы фæлмæн фæндагыл? Чи хъусдзæн уыцы сабыр зарæгмæ Дыууæйæ йæм хъусдзысты? Нæ, уымæ дыууæйæ хъусæн нæй. Уый æртæйы фаг у, уыцы зарæг æмæ йæм хъусын дæр æртæйæ хъæуы. Кæннæуæд фæлгъуыды зайы, æнæ зарæг хуымы кæрон нæу æмæ йын фæлгъуыды зайæн нæй. Фæлæ Графы мидæмæ кæй акодтой, уыцы мæт та ногæй сдудыдта кæмдæр йæ зæрдæйы бын. Исдуг ыл ам æртымбыл сты

гыццылæй стырæй æмæ йемæ фæхъазыдысты, стæй йæ мидæмæ акодтой. Уый ам ныууагътой. Дзургæ дæр æм сæ ничи ницы скодта.

Уыцы рæстæджы йыл кæцæйдæр хæстæгæй æрбаулæфыд хæринаджы тæф. Йæ сæрыл схæцыд; йæ разы лæууыди Саусатæг. Йæ уадултæ сырх адардтой æмæ тынг фидыдтой йæ урс цæсгомыл сырх уадултæ

– Гетæ, хатыр бакæ – загъта мынæг хъæлæсæй, стæй фæгуыбыр кодта æмæ, йæ разы цы афтид тасмачъи тæбæгъ уыд Гетæйæн, уымæ фæкъул кодта, йæ къухы цы урс тæбæгъ рахаста, уый. Гетæйы былтæ базмæлыдысты. – Ахæр, Гетæ – дзуры Саусатæг, тæбæгъыл ын йæ размæ бахæцыд.

Гетæ йæ къæдзил батылдта – хæра æви ма хæра? Саусатæджы ныхасæн нæ фæрæзта æмæ æвæццæгæн, райдыдтаид хæрын. Фæлæ уæдмæ иннæтæ дæр ракалдысты сæрдыгон хæдзарæй æмæ йæ разы балæууыдысты уыцы дзыгуырæй æмæ йæм хатын райдыдтой уыдон дæр.

– Ахæр, Гетæ – йæ цъæхснаг хъæлæсæй йæм бацъыбарцъыбур кодта чызг æмæ йæ разы дзуццæджы æрбадт. Хойы бафæзмыдта æфсымæр дæр, уый дæр æрбадти дзуццæджы Гетæйы раз æмæ йæм бахатыд уый дæр:

– Ахæр, Гетæ

– Ахæр, Гетæ – хъæрæй загъта Битар, стæй аздæхти Графмæ – Кæс ма, Граф, Гетæ нæ хæры.

Уыцы ныхасмæ Граф йæ фæстаг къæхтыл алæууыд. Йæ раззаг къæхтæ æрдæгæй дæлæмæ фæкъæдз кодта æмæ сæ батылдта Гетæмæ, гуым гуым дæр бакодта цыдæртæ кæд уый дæр «ахæр, Гетæ» зæгъынмæ хъавыди.

Гетæйæн хъыг уыдысты Графы митæ æмæ æрæхснырста.

Дзанхот уæдæй нырмæ æнкъардæй касти Гетæмæ, ныр ыл бабустæ кодта:

– Уый цытæ кæныс, Гетæ?! Кæд ма кодтай афтæтæ? Ахæр æмæ уа!

Гетæ йæ сæр иннæрдæм азылдта. Æмæ уæд æнкъардæй загъта Дзанхот:

– Уæдæмæ базæронд дæ, Гетæ æндæр дзы иу дæр нæй æмæ иннæ дæр. Зæрондмæ та алцыдæр хъыг кæсы.

Уыцы ныхасы фæстæ сæ иуцасдæр ничиуал ницы сдзырдта. Æрæджиау Саусатæг йæ армытъæпæнтæ кæрæдзийыл асæрфта.

– Кæд Графыл æгæр цин кæнæм – Гетæ нæ рохуаты аззайы. Кæд ныл уымæй йæ зæрдæ худы. Гетæ æмбаргæ у

æмæ, чи куыд æмбаргæдæр у, афтæ йæ зæрдæмæ дæр фылдæр хæссы. – Стæй та аздæхти Гетæмæ – Ахæр ма, Гетæ, о.

Уыцы ныхас тынг бахъардта Гетæмæ. Йæ сæрыл схæцыд – ахæра, цы уа, уый уæд! Фæлæ та уæртæ лæууынц йæ разы уыцы тыгуырæй æмæ йæм комкоммæ кæсынц. Уыдон æфсæст сты, уыдон бахордтой, уый та æххормаг у. Æмæ ныр куы хæра, уæд æм уыдон æфсæстæй кæсдзысты. Нæ афтæмæй хæрæн нæй, фæлтау æххормагæй хуысдзæни. Хуыссын зын нæу æххормагæй. Æххормагæй цæуын у зын æмæ рæйын.

Æмæ æнкъардæй каст йæ тæбæгъмæ. Рæстæгæй рæстæгмæ иу йæ былтæ базмæлыдысты.

– Кæсæд ма йæм исчи, йæхимæ куыд хатын кæны! – хъæрæй загъта æрæджиау Битар. – Уадзут æй, куы йæ хъæуа, уæд афтæ бахæрдзæн æмæ хуыздæр нæ хъæуы.

Гетæ йæ цæстытæ бацъынд кодта, йæ сæр йæ къæхтыл æрæвæрдта.

Райсом ма бинонтæ хуысгæ кодтой, афтæ сифтыгъта Миткæйы Дзанхот. Йе зноны ссывдæй ма аззади æмæ йæ цалынмæ уымæл у, уæдмæ æрдава. Кæрты дуарыл æрбахæцыд æмæ лæугæйæ баззад – Гетæ кæм и! Афонмæ куыд никæцæй разынд! Уæдæ уый Миткæйы ифтындзгæ фена æмæ йæ алыварс ма æрзила!

Дуар æрдæггомæй ныууагъта æмæ йæ уæззау къахдзæфтæй бараст, Гетæ кæм фæхуыссы, уыцы къуыммæ Куы бахæццæ, уæд раст слæууыд æмæ афтæ лæугæйæ баззад.

– Ничи кæсы уый митæм! – загъта æрæджиау хъæрæй. – Куыд нæ февнæлдта йæ хæринагмæ! Йæ зæрдæ, дам, худы. Æмæ уæд йæхи æххормагæй марынмæ хъавы! Науæд, цавæр зæрдæхудт у: лæг дзы нæ амардтам!

Уыцы рæстæджы тыргъы гом рудзынгæй ракасти Саусатæг. Йæ цыбырæлвыд сау сæрыхил дадалитæй хауд йæ ныхмæ йæ уадултæм. Уый иу сыл йæ армæй схæцыд, сæнæфсиры цупалыл куыд схæцай, афтæ. Хуры тынтæ йын комкоммæ кастысты йæ цæсгоммæ, дзæбæх ракæсæн æй нæ уыд. Уайтагъд та иу йæ даргъ цæстыхаутæ кæрæдзиуыл æркалдысты. Фыды афтæ лæугæ куы ауыдта, уæд æм æруади асинтыл.

Æмæ та ногæй загъта Дзанхот:

– Ничи кæсы уый митæм!

Стæй йæ мидбынат æрзылд æмæ кауы сæрты ахъæр кодта цæхæрадонмæ

– Гетæ

Гетæ никуыцæй зынд.

– Мæнмæ гæсгæ, Гетæ фæлыгъд, – йæ хъæлæс барызти Саусатæгæн.

– Куыд фæлыгъд, ома?! – фестъæлфыд Дзанхот.

– Йæ зæрдæ ныл фæхудт æмæ фæлыгъд.

– Æмæ ‘рра сси!

– Графыл æгæр ныцъцъæх стæм, Гетæ та рохуаты аззайы.

– Гæр, æмæ ныр сывæллæттæ Графимæ ахъазынц, уый тыххæй хъуамæ лидзгæ фæкæна! О, Хуыцау, ды мын мацы кæн! – гыццыл алæууыд уыцы тыхстæй æмæ та ахъæр кодта кауы сæрты: – Кæм дæ уæдæ, о Гетæ

Чызг йæ сæр банкъуыста.

– Гетæ ам нал и. Дысон дæр бæрæг уыд – цыдæр сфæнд кодта. Нæ кæсыс – йæ хæринагмæ дæр куыд нæ бавнæлдта. Ам æй мауал агур. Уыгæрдæнмæ ацу, уым макуы уа, уый гæнæн нæй. Æндæр фæндаг дæр куы никуыдæм зоны – уырдæм зоны фæндаг æмæ хъæдмæ. Куы уæ фена Миткæимæ, уæд уæм кæд æрбацæуид.

Дзанхот ма уæддæр лæууыди, стæй йе ‘рмттæ кæрæдзийыл æркъуырдта æмæ ныууынæргъыдта:

– Мæнæ мын цы митæ бакодта Гетæ, мæнæ! Цæуон, хуыздæр гæнæн мын нæй. Кæд, дæхи загъдау, уым искуы уаид.

Фæсаходæн Тегойы уæлвæзы фæтæссар кодта Миткæ Уæлвæз карст уыди æмæ уæрдоны цæлхытæ æнæуынæрæй тылдысты кæрддзыхыл. Дзанхот йæ бадæн фæйнæгæй растад æмæ къухауыонæй ракæс бакæс кодта. Уæлвæзы уыди бирæ мæкъуылтæ æмæ, цыма фæллайгæ бакодтой иу ран лæууынæй, уыйау сæ чи йæ бынаты фефсæрста, чи та сæ къул аци иуырдæм.

Уæлвæзы астæу, Саджил обау кæй хонынц, уымæ куы бахæццæ уæрдон, уæд æдзæмæй баззад Дзанхот – уæлвæзы кæрон, карст кæй онг бахæццæ, уыцы ран хъæдырдæм фæцæйцыд Гетæ. Дзанхот раст слæууыд уæрдоны, йæ тъæпæн æрмттæ йæ былты кæрæттыл авæрдта æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта:

– Ге тæ æ

Хъæр нæргæ ацыд, æмæ уæлвæзы фаллаг кæрон æрхæй йæ азæлд фæстæмæ раздæхти.

Гетæ цæугæ цæуын фæстæмæ ракаст æмæ æрлæууыди. Дзанхот размæ агуыбыр, йæ æрмттæ йæ былты кæрæттыл æвæрдæй баззадысты. Æмæ кастысты кæрæдзимæ – Гетæ

фæстæмæ касти, Дзанхот – размæ. Иуцасдæр фæкастысты афтæ, стæй азылди Гетæ æмæ йе ‘нкъард, йе ‘вæрæз цыдæй ацыди дарддæр. Йæ къæдзил æрдаргъ и, æмæ йæ, цыма зæххыл ласта, афтæ зынд.

– Ге тæ æ – ноджы тынгдæр ныхъхъæр кодта Дзанхот, стæй æргæпп ласта уæрдонæй æмæ азгъордта Гетæйы фæдыл.

Стыр сихæрттыл рахызти хъæдæй Дзанхот: йæ къæхтæ ма тыххæй ласта йæ фæдыл. Уæрдонмæ куы бахæццæ, уæд йæ бадæн фæйнæгмæ не схызти, фæлæ бынæй сбадт уæрдоны фæйнæджытыл, йæ къæхтæ дæлæмæ æрдаргъ сты. Бадти æнæзмæлгæ. Дардæй йæм чи бакастаид, уый загътаид – чидæр йæ уæрдоны бафынæй. Афтæ бадти æмæ бадти. Рæстæгæй рæстæгмæ иу арф ныуулæфыд. Стæй Миткæйы разылдта, æмæ йæ фæд йæ фæд араст и Миткæ уæлвæзы астæуты

Фыццаг хатт фæцæйласта афтид уæрдон хъæумæ

## АЦЫ ЦАРДИВÆНТЫ

Æвæдза, раст куы зæгъæм, уæд, мæнæ амæй размæ цы цардæй цардыстæм, уымæн дæр бынтон æназым нæй схонæн – лæгæн дзы йæ авналæнтæ йæхи бар нæ уыдысты. Дæ бæх искæй кæрдинаг хуыммæ куыд сахуыр уа, æмæ йыл сахсæн куыд дарай, афтæ дардтой лæгыл сахсæн, гъе. Æмæ лæг бæх нæу, лæг лæг у! Йæхи бар æй бауадз æмæ æвнала, кæдæм æвналы, уырдæм. Цæнгтæ йыл уымæн æрзад, æмæ сæ искуыдæм æвнала.

Цæй тыххæй нæ бадзырдтаиккой лæгмæ æмæ йын цæй тыххæй не смаст кодтаиккой! Уыцы гæппæввонгæй йæм лæууыдысты, цыма се знаг уыди, сæ фыддæр знаг!

Хыхырман дзулгæнæны куыста, хицауæй, дæлæ Цубалиты Хыхырман. Ныр дзул кодтой уыцы дзулгæнæны, дзул, æмæ йын дæ къухылгътæ йемæ ахордтаис. Райсом иу дзулуæйгæнæн дуканитæн сæ дуæрттæ састой адæм, Хыхырманы дзултæй сæ куы нæуал фæуа, уый адæргæй.

Афтæмæй дын иу сæрдыгон бон куы бадзуриккой Хыхырманмæ йæ хицауад. Æрбадын æй кодтой æмæ йæм, хæстæгдæр чи бадти, уый райдыдта:

– Знон уартæ стыр армукъайы дæ бинойнаг чи у, Сахбикæ, уый цалдæр голладжы бадырджантæ балхæдта,

цалдæр тæсчъы цывзыйы сыфтæ æмæ сæ дæ шофыр Сæрæби дæ машинæмæ æвгæдта.

Хыхырман ныхас дзæбæх нæ бамбæрста, афтæ йæм фæзынд – æппæлгæ йын кæнынц Сæхбикæйæ æмæ дзы, гыццыл ма бахъæуа, йæхæдæг дæр ма сиса æппæлынтæ, ома афтæ кæны, афтæ, ома кæд æнæуи фæстæмæ дзурæгтæ йедтæ у, уæддæр, ома хæдзары цы хъæуы, уый ай хуызæн ничи зоны. Æмæ дын, ома зымæгмæ цы нæ ‘рцæттæ кæндзæн, æмæ стæй, ома тъæнджымæй йæ тæккæ къæс къæсыл уыдзæн, мит фæйнæрдæм фæлдзæгъдæн хæсдзæн, уый дын амæй ай хуыздæр сæрдыгон хæринæгтæ авæрдзæн дæ разы, гъе, ома…

Гъа, ныр райдайон дзурын, куыд загъта Хыхырман, афтæ йæм, рæбынæй чи бадт, стыр стъолы уæлхъус, уыцы дастсæр лæг ма рагуыбыр уа æмæ йæм уыцы мæстæлгъæдæй ма радзура стъолы сæрты:

– Паддзахады машинæ цæмæн ратæр батæр кæны дæ би нойнаг?

Йæ цæстытæ сæ тарст тыбар тыбурæй нал банцадысты Хыхырманæн. Цæй дзургæ æмæ ма цæй цыдæр! Йæхицæн ын цы дзырдтой, уымæн куы ницыуал æмбæрста. Æрмæст ма уый бахъуыды кодта – куы рацæйцыд, уæд та йæм уыцы дастсæр рахъæр кодта стъолы сæрты:

– Мæнæ ма уыцы машинæ иу ивазны дæр ацыд дæ хæдзары хъуыддæгты фæдыл, фæстæмæ ма иу каст фæкæндзынæ дæ дзулгæнæнмæ, фæлæ йæ зон!

Цыма йæ дыууæ хъусы дæр цалдæргай мыдыбындзы батахт æмæ фæстæмæ ратæхын нал зыдтой, афтæ баззадысты уыцы дзырдтæ йæ хъусты гуыв гуывгæнгæ

Æмæ иу йæ гæндзæхтæ бацагъта Сахбикæйы раз:

– Мауал æвнал уыцы машинæмæ, ма мæ фесаф!

Фæлæ, машинæйыл цы сылыстæг сахуыр уа, уый дын афтæ æнцонæй халы йæ ахуыр!

Æмæ фелвæстой Хыхырманы, афтæ йæ фелвæстой, æмæ йæ къæлæтджын хъармæй аззад. Æмæ цас фæджиудта афтидæй уыцы къæлæтджын – кæм ардтой ахæм лæг, чи зыдта дзул кæныны диссæгтæ Хыхырманы хуызæн!

Уæд гыццыл ницæй тыххæй кæдæм исыс лæджы! Абадти паддзахады машинæйыл Сахбикæ æмæ йыл абадæд, хæргæ йæ акодта?! Уый æмæ дын ныр! Кæд дæ фæнды – дæ бинонты иууылдæр сæвгæн дæ машинæйы æмæ сæ ралас балас кæн. Дæ «цæст сау» дæр дæм ничи бадзурдзæн. Æмæ дæм цæмæн хъуамæ бадзура, машинæйы хæррæгъ йеддæмæ

ма исты у! Ӕмӕ уымӕ ӕрхауди нӕ паддзахад? Ӕндӕр ын ницыуал куыст и?!

Ӕнӕуи дӕр хъуамӕ алцӕмӕ йӕ хъус ма дара хицауад, ма! Хъуамӕ адӕмы сӕгъы сыкъайы ма тъысса, хъуамӕ сын сӕ авналӕнтӕ сӕхи бар уадза! Уый сӕм уыцы цырд лӕууыди, гъе, мӕнӕ нӕ раздӕры хицауад, ӕмӕ сӕ, ома, искӕй йӕ зӕрдӕйы фӕндиаг сызмӕлын бауадза! Куыд нӕ мын амӕлдзынӕ

Гъеныр, зӕгъӕм, хӕдзар аразын ӕрымысыдтӕ – йӕ бынат ын нӕма алӕгъз кодтаис, афтӕ дӕ уӕлхъус ӕрбалӕууыдаиккой. Ӕмӕ, дам, ӕй, алӕма, цӕмӕй аразыс, ӕмӕ, дам, дӕм уыйбӕрц ӕхца кӕцӕй ӕрцыд, ӕмӕ, дам, дын агуыридур кӕм уыди ӕмӕ, дам, дын ӕмбӕрзӕн дур кӕм уыдзӕн?.. Уӕд дӕ цы хъуыддаг и, уӕд та йӕ ӕнӕ ӕмбӕрзтӕй уадзы?! Хӕдзар аразы, ӕмӕ йӕ бауадз, ӕмӕ уынг сфидауа, нӕхи горӕты уынг у, искӕй горӕты уынг нӕу! Дӕлӕ фиддонтӕ ӕмбырдгӕнджыты хицау Саманбег цы хӕдзар сарӕзта, уымӕй йӕ хуыз куыд скалдта ӕнӕхъӕн уынг! Ахӕм рӕсугъд хӕдзар ма лӕджы къухтӕй рацӕудзӕн, йӕ арты бындар фӕуа! Уыцы сырх сырхид агуыридур – ӕмӕ йӕ аргӕ та кӕм скодта, диссаг уый у, уый йеддӕмӕ йӕ балхӕнын Саманбегӕн цас зын хъуамӕ уыдаид! Йӕ къантор йедзаг куы у фиддонӕмбырдгӕнӕг лӕппуйӕ, уӕд бирӕ нӕ фӕлӕ йӕм фӕйнӕ армыдзаджы дӕр нӕ бадӕттынц! Ӕмӕ ӕхцайыл не стыхстаид Саманбег – куыд хъуамӕ стыхстаид ӕхца ӕмбырдгӕнджыты хицау ӕхцайыл! – Фӕлӕ аргӕ кӕм скодта, аргӕ, уыцы сырх сырхид агуыридур?!

Ныр йӕ рӕзты чи фӕцӕйцӕуы хӕдзарӕн, уый развӕлгъау йӕ худ сисы – ӕнӕ скӕсгӕ йӕм нӕ фӕлӕудзӕн, ӕмӕ йӕ худ фӕстӕмӕ цӕмӕн ахауа зӕфцы фыдӕй?!

Ӕнӕуи ӕртӕ уӕладзыджы дӕр ӕххӕст нӕу. Фӕлӕ йын йӕ сӕрыл цы бӕрзонд гомдуар ракӕсӕнтӕ сарӕзта! Мӕнӕ аргъуанты сӕр дзӕнгӕрджытӕн цы цъупсӕр ауындзӕнтӕ вӕййы, уыдоны цинтӕ исы лӕг уыцы гомдуары ракӕсӕнтӕй.

Сӕ цъуппытыл ӕрттиваг ӕфсӕйнагӕй цъупп худтӕ ӕмӕ сыл, ӕмӕ афтӕ фидауынц уыцы худтӕ, афтӕ! Йӕ дуарыл бахӕцӕнтӕ та кӕд не сты сызгъӕрин доны тылд, лӕг зӕгъдзӕни: тӕхуды, сымахмӕ чи бавнал бавнал кӕны!

Ай размӕ, дам, дыууӕ лӕджы ӕрлӕууыд йӕ разы хӕдзарӕн, бирӕ, дам, ыл фӕрахӕсс бахӕсс кодтой сӕ цӕстытӕ, стӕй, дам, сӕ иу иннӕйы афтӕ фӕрсы:

– Ныр цымæ а хæдзары хицау йæ бинонтæй кæй фæагуры, уый дзы аргæ та куыд скæны

– Цы зонын, – йæхи бакъул кодта иннæ – æвæццæгæн, æхкуырстытæ дары æмæ йæм уыдонæй искæй арвиты. Дардзæни æххуырстытæ, уæдæ ахæм хæдзар чи ныццарæзта, уый иу дыууæ æххуырсты фаг нал суыдзæн!

Ныр уыцы хæдзар – æниу æй хæдзар куыд схонæм! – мæнæ уæды заманы арæзт æрцыди, хæдзарæй дæр æгъæдзар фæуыдаид Саманбег, йæ куыстæй дæр æй фæсырдтаиккой. Далæ Сылбийы хæдзар йæ цыппæрæм хайы ас дæр куы нæ уыди Саманбеджы хæдзарæн, æмæ йын æй йæ къухæй куы стыдтой. Стыдтой йын æй йæ къухæй æмæ йæ куырмытæ æмæ цæстцухтæн радтой. Æмæ ныр уыцы дзæбæх рахиз бахиз кæнынц уыцы дзæбæх хæдзары уæрæх дуæрттыл куырмытæ æмæ цæстцухтæ

Уый та, уартæ горæты æдде уæлвæндаг цы къантор ис, уый хицауæй куыста Сылби. Хор æлхæдтой, фос æлхæдтой, дыргъ æлхæдтой. Фос æлхæнынмæ далæ Уырысмæ æрвыста Сылби. Арæгъ иу сты уыцы стыр машинæтæ кæрæдзийы фæдыл æмæ иу гуыргуыргæнгæ фæдæле сты Æрджынарæгыл. Фос æргæвдгæ дæр уым кодтой, къанторæн йæхи кæрты уыд æргæвдæн, стæй иу дзидза дуканитæм радтой. Хор æмæ дыргътæ алырдæм æрвыстой – уалæ Цæгатырдæм, далæ Сыбырырдæм. Æмæ, дам, паддзахады фæллойæ арæзт у дæ хæдзар. Бæргæ ма сивæзтытæ кодта йæ къубал Сылби, ома куыд у паддзахады фæллойæ арæзт, ома мæхи фæллойæ арæзт куы у, фæлæ йæ сыбыртт дæр нал суагътой.

Уæд æгайтма хæдзар сарæзта, æгайтма уынг сфидауын кодта! Уæдæ йе 'хцатæ йæ быны куы дардтаид æмæ сæ уырдыгæй куы хордтаид, уæд хуыздæр уыди?!

Уæдæ нæ уыди рæстытæ уæды хицæуттæм дæр, фæлæ йыл басæттæнт. Хицау дзы хицауы æппын нæ уарзта, ома уæллаг хицау дæллаг хицауы, иуууыл æм йæ цæст джыгъгъыттæй дардта, ома кæддæра цы ми кæны, ома кæддæра исты рæдийы, ома кæддæра...

Гъеныр, зæгъæм, исты къанторы хицауæй кусыс æмæ дæ бахизæны иу дзæбæх чызг бады – мæнæ мидæмæ адæмы иугай чи фæуадзы, хицауы уынаффæтæ йедтæ машинкæйыл чи æркъæрццытæ кæны, ууыл цæуы дзырд, уыцы чызгыл. Гъе, æмæ йæм, зæгъæм, дæ зæрдæ баради, æмæ дæм уый дæр йе 'рфыджы бынты бакæс бакæс байдыдта, уæд искуы улæфты сахат уæхиуыл дуар ахгæндзыстут, кæнæ фæскуыст

искуы афæстиат уыдзыстут, уым уадиссагæй цы ис! Уадз æмæ баввахс уой уæ зæрдæтæ – адæмы зæрдæтæ кæрæдзимæ цас æвvахсдæр уой, уыйас хуыздæр у, хуыздæр! Нагъ, афтæ гæнæн, дам, нæй. Махæн, дам, хъуамæ нæ кусæг сыгъдæг уа цæсгомæй дæр, удæй дæр, уæлæдарæсæй дæр. Уæд цавæр сыгъдæг у! Гъо, æмæ дæ ахæмæй исты райхъуысæд, уый йеддæмæ дæ алыварс æрхъула уыдаиккой, фыццаг уал дыл партийæ ахæцыдаиккой, стæй та – куыстæй. Афтæ кодтой. Уæлæ Халабула æнæмард æнæдзуар нæу, æмæ ма уый бафæрсæд исчи, кæддæра йæ цæй тыххæй фелвæстой йæ сабыр, йе 'нæмаст куыстæй. Уый дæр афтæ йæ бахизæны иу æвзонг чызджы абадын кодта. Æниу æвзонг дæр цас уыди – йæ тæккæ чындздзон кары уыд – æмæ хъæуанæхъæуа, уæддæр иу хъуамæ разæланг кодтаид мидæгæй æддæмæ æмæ та иу уый дæр йæ уæлхъус балæууыдаид, йæ разæй иу йæ хæрздæф бахаста, æмæ иу Халабулайы пака фындз ноджы ныппака и уыцы хæрздæф улæфынæй. Рæстæгæйрæстæгмæ иу йæхæдæг дæр рауад æрбахизæнмæ йæ разы иу алæудтытæ кодта, бахудтытæ иу æм кодта. Æмæ чызджы зæрдæйæн бирæ хъæуы! Афтæмæй йæ дохтыртæм цæуын куы бахъæуид, чызджы. Уым ыл кæйдæр цæст æрхæцыд сæ кусджытæй, хъуыддаг уайтагъд хицауадмæ бахæццæ æмæ – дæ балгъитæг афтæ! Ихыл лæууæгау аззади Халабула.

Æмæ, дам иу, æм сæ амонæн æнгуылдзтæ куы ныккомкоммæ кодтой, уый æппæт хицæуттæ – дæу, дам, ахæстоны баппарын хъæуы. Уæдæ, дам, куыд æртасын кодтай уый хуызæн сонт чызджы.

Афтæтæ кодтой уæд. Ныр æндæр хъуыддаг у, ныр уыйас дæр тасын кæн. Уæлæ Цæмæкъаты Буро чи у, уый дыууæйы æртасын кодта йæ чызджытæй. Æртасын иу кодта чызджы, æмæ иу дзæбæх куы æртасыд, уæд иу ыл æддæмæ ахæцыд. Фыццаг чызг уайтагъд фæцæуыныл и, фæлæ дыккаг чи у, Гимназæ, уый кæм куымдта! Йæ цæсгом суагъта Буромæ Æмæ, дам, мын афтæ куы дзырдтай, Ниницæйæ ахицæн уыдзынæн æмæ дæу ракурдзынæн, ком, дам, дын куы нæ лæвæрдтон, æмæ. Афтæмæй хъуыддаг Ниницæмæ дæр ма фæхæццæ уа! Æмæ уым ма æрбамидæг уа Ниницæ æмæ йæ дзыккутæ фæйнæрдæм ма аивæзтытæ кæна Гимназæйæн!

Æмæ уæддæр нæ акуымдтаид, фæлæ къаба, къаба! Кæд ын нæ райдыдта уынгæг кæнын уыцы къаба! Æмæ уæд кæугæ 'мæ дзыназгæ сбадти курдиат фыссыныл. Йæ цæссыгтæ уыцы ставд цæппузыртæй згъæлдысты гæххæтмæ

æмæ йыл тæппытæй баззадысты – уæдæ ай хуызæн фыдбоны цардивæн дуджы æнцон у ахæм дзæбæх куыст ссарын!

Афтæтæ, гъе!

Уæд хицæутты истой, ныр чызджыты исынц. Æртасын æй кæн, æмæ дын дзæбæх куы æртаса, цас дæ фæнды, уыйас, уæд æй стæй сис йæ куыстæй æмæ йын æндæр чызг райс йæ бынатмæ. Ныр, дам, Буро бынтон æрыгон чызг æрбадын кодта йе 'рбацæуæны. Æмæ та, дам, уый уæлхъус дæр алæудтытæ кæны. Ибонты, дам, ын йæ къух æрбайста йæхимæ æмæ, дам, ын йе 'нгуылдзтæ радыгай мидæмæ къæдз кодта, цыма сывæллон уыд æмæ йын, куадзæн цытæ æрхæсдзæн, уыдон нымадта. Чызг, дам, йе 'ннæ къухæй телефоны хæтæл йæ хъусмæ балхъывта, йæ къах, дам, йе 'ннæ къахыл баппæрста, йæ зæнджы фæлмæнтæ дзæбæх куыд разыной, афтæ æмæ, дам, пыррыччытæ кодта кæмæдæр. Къух, дам, бынтондæр Буройы æвджид бакодта. Афтæмæй, дам, сæм чидæр дуары зыхъхъырæй бакасти сылгоймæгтæй, æмæ, дам, къантор сусу бусуйæ байдзаг и.

Æмæ фендæрхуызæттæ и цард. Афтæ фендæрхуызæттæ и, æмæ ма йæм лæг бакæса, уый йæ йæ зæрдæ нал хæссы.

Ныр сæ университеттæ хонын байдыдтой – ома бирæ авналæнтæ. Фæлæ ма цард цард куы уыди, уæд институттæ уыдысты æмæ сæ, абабау, æхцайы кой никæмæй фехъуыстаис. Алчи дæр сæ ифтыгъд галау йæ куыст кодта – ахуыргæнæгæй дæр æмæ студентæй дæр. Ныр иуырдæм азил æмæ – æхца, иннæрдæм разил æмæ уым дæр – æхца! Цæмæй мидæмæ бахауай – уый тыххæй – æхца, бирæ æхца, цæмæй æддæмæ ма рахауай, уый тыххæй дæр – æхца. Ахуыры кой сæ никæмæй фехъусдзæни лæг, æхцайы кой йеддæмæ Æхца, æхца! Фарон, дам, иу университеты иу ахуыргæнæг йæ лекцикæсæн бынатмæ схызти, раст дзы слæууыд æмæ афтæмæй бон сихорафон ахъæр кодта æгас хæдзарыдзаг студенттæм:

– Æхца! Алчи дæр уæ уый бæрц æмæ уый бæрц куы нæ æрхæсса, уæд уæ а лæппу уæ къусты æркæуын кæндзæни. Ам уын йед нæй, ам уын университет и! Æниу æй сæхæдæг нæ зыдтой студенттæ, ам сын университет и, уый. Æмæ æрхастой, фæдисы фæцыдысты хæдзæрттæм, кæмæ нæ уыд, уый дæр ссардта – уæдæ университетмæ дæ гæрзтæ куы рабæдтай, уæд дзы истытæ хъæуы!

Уымæн, дам, уыцы ахуыргæнæгæн йæ дзыппытæ æхцайæ къуыппытæ адардтой, афтæмæй далæ Мæскуымæ атахт аеропланыл, æмæ, дам, дзы къуырийы бонмæ фæстæмæ

доктороæй фездæхт, наукæты доктороæй. Уым дæр хъуæгтæ æййафынц, æвæццæгæн, Мæскуыйы дæр, æмæ сæм æхца чи бадары, уый хъуыддаг ацаразынц. Гъо, æмæ, дам, йæ размæ агуылф кодтой æгас университеты ахуыргæнджытæ æмæ студенттæ фæндырдзæгъдгæ æмæ æмдзæгъдгæнгæ, далæ аеропплантæ кæм æрбадынц, уырдæм, æгайтма, дам, ахæм стыр ахуыр сдæ! Фæлæ, мæнæ студенттæм кæй бартхъирæн кодта, æмæ æхцайæ йæ дзыппытæ кæй ныкъкъуыппытæ сты, уыдæтты тыххæй – иунæг сыбыртт дæр нæ

Уæд ма институттæ уыди, æмæ иу кæцыдæр горæты иу кæцыдæр институты иу чидæр райста студенттæй æхца – йæхæдæг не 'рцагуыырдта.

Æнæуи чызджытæй чидæр хъæппæрис равдыста æмæ амбырд кодта зæрдæлхæныны фаг. Кæннæуæд сæ фæлварæн зын уыди æмæ йæ куы нæ сфæразой, уымæй тарсти чызг. Профессор, дам, сыл фыццаг йæхи сцагъта – уый цы митæ кæнут?! Фæлæ æхца йæ бон калы, кæй къухтæ йæм фæлæуудзысты! Æмæ фесæфта йæхи. Фыццаг ын йæ партион билет срæмыгътой йæ къухæй, стæй йын институты дуар агуыпп кодтой йæ фæдыл, уый фæстæ йæ ахæстоны баппæрстой.

Уæд ма йæ ахæстоны кæдæм æппарыс?! Фæлæ уæд университеттæ нæма уыдысты, уæд институттæ уыдысты 'мæ

Ахæм диссæгтæ

Мæнгæй нæ фæзæгъынц, цард, дам, тæбæгъы донæй уæлдай нæу, кæцырдæм фæкъул уыдзæн – ничи йын ницы зоны. Æндæр мæнæ афтæ къул кæндзæн, уый дзы куы зыдтаикккой, уæд æм афтæ кастаикккой! Мæцъис æмæ аразæн никуыыуал баззадаид, афтæ йæм сæ ныццарæзтаикккой æмæ къул нæ, фæлæ змæлгæ дæр не скодтаид йæ бынатæй. Æниу, лæгмæ дæр ныхæстæ цæуы. Уæдæ дохтыртæ чи сты, мæнæ рынчынтæ сæ ирвæзынгæнджытæ кæй хонынц, уыдоныл дæсгай къухтæ куы уыдаид, уæддæр сæ йæ иу къух дæр ничи фæкодтаид уыцы тæбæгъы донмæ Æмæ йæм цæй тыххæй кодтаид йæ къух, дзæбæх куы фæкъул и, тынг дзæбæх куы фæкъул и! Афтæ фæкъул и, æмæ хуыздæр нæ хъæуы. Рынчын, мæгуыр, рынчындонмæ куы рараст вæййы, уæд цыма дзуарыбынмæ рараст вæййы, уыйау йæ мысайнаг йемæ рацæйхæссы. Æниу, дзæбæх банымай, уæд Иры дзуæрттæн се 'ппæтмæ афæдзæй афæдзмæ уый бæрц мысайнаг не 'рцæуы, иу дзæбæх дохтырмæ иу бонмæ цас æрцæуы. Ныр, дам, рынчынты сæ нæмттæ 'мæ сæ

мыггæгтæй нал зонынц дохтыртæ, уымæй сæ нал фæрсынц, фæлæ сæ æхца чи цас æрбахаста, уымæй. Айразмæ, дам, иу рынчын дыууæ дохтыры ныхасмæ байхъуыста, йæ цæстытæ цъынд уыдысты рынчынæн, æмæ йæ дохтыртæ фынæй фенхъæлдтой. Æмæ, дам, сæ иу иннæмæ дзуры:

– Райсом уæртæ фондзминонæн скæнын хъæуы апераци. Йæ зæрдæйы куыст фæхуыздæр æмæ кæд бафæразид аперацийæн.

Уыцы ныхасмæ, дам, иннæ дохтыр фесхъиудта:

– Аба бау! Уый уал фæлæудзæн – фондзминон. Райсом дæлæ авдминонæн хъæуы апераци кæнын.

Дыккаг дохтыр, дам, сылгоймаг уыд æмæ, дам, йæ цъæлхъæрæй рудзгуыты æвгтæ сæ дыз дызæй нал æнцадысты.

Афтæ нымад сæм сты рынчынтæ æмæ азымы бадарæн нæй дохтырты дæр, нæ – æхца дыл комдзог нæ рацæудзæни, рынчын та дыл рацæудзæн. Йæ бон у æмæ ма дыл хъаст дæр бакæна. Æниу, ныры дуджы хъаст нæ, кæд æй фæнды, хъыллист кæнæд – чи ма йæм хъусы! Хъусгæ уæд кодтой, мæнæ ацы цард ивын куы райдыдта, уый размæ. Фæлæ, уæд та æгæр хъуыстой, æмæ уый дæр хорз нæу. Уæдæ рынчын у, йед у, кæдæм ын хъусыс йæ алы ныхасмæ

Дæлæ Дыгуылаты Арискæ рынчын уыд æмæ адзæбæх, дохтыр æм фæкаст æмæ адзæбæх. Уый дæр баздæхт, Арискæ æмæ йæм хуын куы бахæссид, хæдзармæ. Ирон хуын цы вæййы, уый: æртæ кæрдзыны, карк, мæнæ, балы донæй кæй ацахорынц, ахæм арахъхъы тымбыл авг, стæй ма ноджы къабайаг, кæсæмир къабайаг, хуыны сæр æй авæрдта.

Уæд, дам, дохтыры сыхаг чи уыди, уый æвзаг куы бахæссид хицæуттæм, мæнæ, дам, уæ дохтыр уæ рынчыны куыд бастыгъта! Афтæмæй хуын бахæссыны бонæй къуыри дæр æхххæст нæ рацыд, æмæ рынчындоны мидæггаг къулыл дохтырты хистæры къухфыст куы нынныхасиккой: афтæ ‘мæ афтæ, ахæм æмæ ахæм дохтыр йæ куыстæй ист æрцæуæд ахæм æмæ ахæм рынчынæй къабайаг гæртам кæй райста, уый тыххæй. Иннæ хуыны кой дзы нæ уыд, фæлæ – къабайаг!

Уæд цавæр ист у йæ куыстæй?! Исчитæ цыдæртæ дзурдзысты, уæд сæм æнæ хъусгæ нæй?! Къабайаг райста, сарафайнаг райста – цы дыл дзы цæуы?!

Нæй, никæй уагътой йæхи бар. Зæгъæм, куысты лæуд дæ æмæ дæм нуазын æрцыди – удæгас лæгмæ алцыдæр

ærcæuy, uæd xъuamæ uæximæ sæpp kænaj gorætы uыngtы, dæ araxъxъы avg dæ dælarm, aftæmæj! Æmæ æncon u

арахъхъуарзæг лæгæн арахъхъы авгимæ сæпп кæнын?! Бауадз æй æмæ, кæм кусы, бонсауизæрмæ йæ сау туг кæм калы, уыцы ран баназа! Цæмæй тæрсыс бынатæн – кусарт дзы куы нæ кæндзæн æмæ йын дзы йæ сæр куы нæ араудзæн кусартæн!

Æнæуи дзы иуæй иутæ æгæр фæвæййынц, лæг хъуамæ раст зæгъа.

Уæртæ дзы Цуцуби куыд фегæр и, афтæ. Горæты кæрон æрхыбыл цы къантор ис, уыцы ран фосыдохтырæй кусы Цуцуби. Уыцы къанторы фосыдохтыртæ кусы иууылдæр, фосы низтæ æмæ алыхуызон хæдзарон цæрæгойты низтæ чи бæлвырд кæны, ахæм дохтыртæ. Гъемæ æвæццæгæн сæ фынгыл дзæбæхагæй ницы уыд – туджы аргъ у алцы æмæ йæхи чи ауæй кæна, уый дæр нæ балхæндзæни нывыл хæринаг. Æмæ сыл фæтых вæййы нуæзт. Æмæ, дам, куыддæр фæстаг сыкъа анызта Цуцуби, афтæ, дам, фæстæмæ ахауд æмæ, дам, дзы цыма исчи цæвæджыхъæд атъыста, уыйау, дам, уыцы растæй баззади, гъе! Уынгмæ дæр, дам, æй афтæ растæй рахастой – цыппарæй йæм сæ уæхсчытæ ныццарæзтой æмæ йæ рахастой, марды чырын куыд рахæссынц, афтæ. Фæлæ йæ уыцы растæй гыццыл машинæйы куыд хъуамæ бавæрдтаиккой! Уæдæ йæ афтæ дæр куыд хъуамæ фæхастаиккой сæ уæхсчытыл уыцы растæй горæтæн йæ иу кæронæй иннæмæ Æмæ ныссагъæс кодтой йе ‘мбæлттæ Æмæ сæм уæд цыдæр хуыцау иу цымытиаджы рауагъта уæзласæн машинæйыл. Цæвиттон, уымæн йæ хæрæг фæрынчын, уыцы цымытиагæн æмæ сæм æй сласта – цы кодта, цы сæмбæлд хæрæгыл?! Фæлæ ма хæрæгмæ кæй æвдæлди! Уайтагъд æй федде кодтой машинæйæ, Цуцубийы сæ урс халатты ыстыхтой æмæ йæ уыцы растæй машинæйы гуыффæмæ бассыдтой, цыма суджы фастаг уыди, уый хуызæн. Сæхæдæг иуцалдæрæй йæ фæйнæфарс дзуццæджы абадтысты, гуыффæйæ куыд нæ зындаиккой, афтæ æмæ сæм æдде бакæс – уæртæ мæгуыр пысылмон мард фæласынц уæлмæрдмæ

Дыккаг бон фæхуд фæхудгæнгæ æрбацыд йæ куыстмæ Цуцуби. Ныр уартæ раздæр афтæ нырраст и, æмæ йæ афтæ растæй бассыдтой цымытиаджы машинæйы – гъо гъо гъо! – йæ фыны дæр нал федтаид уыцы куыст, фæсырдтаиккой йæ рацъон бирæгъы сырд æй фæкодтаиккой.

Дæлæ Хъуызил уый тыххæй нæ фæхауд йæ куыстæй! Æмæ ма йын куысты хуызæн куыст дæр куы уыдаид – директор, æнæхъæн армукъайы директор, дæлæ горæты бын цы армукъа и, уый директор, гъе! Æмæ йæм бауырдыг сты адæмон бæрæггæнджытæ – банызтай! Уый ныллæууыд – нæ банызтон! Уæд бæрæггæнджытæй иу – бирæты чи багæды кодта, ахæм, Хъуызилы кусæн уаты скъаппы бинаг лагъзæй дыууæ авджы уырыссаг арахъхъ куы сласид, сæ иу – йе дзаг, иннæ – йе ‘рдæг. Уый фæстæ æрдæгмæ йæ амонæн æнгуылдз куы ныццаразид æмæ, цыма йæ маст тыххæй урæдта, уыйау куы зæгъид.

– Уæдæ мæнæ ацы авг мæнæ айонг бынатыхицау банызта?!

Уыцы ныхас бынтондæр басаста Хъуызилы. Йæ зæрды ма афтæ зæгъын уыди, мæнæ мæм чидæр æрбауад, æмæ йæ уымæн адардтон, фæлæ ницыуал сфæрæзта зæгъын – уæд та йæм сæ исчи афтæ фæкъæпп кодта:

– Æмæ ам харчевнæйы кусыс, æви армукъайы хицау дæ

Æмæ йе ‘фсæртæ æлхъывдæй баззадысты.

Уыцы изæр ын фыццаг йæ мыхуыр æрæвæрын кодтой стъолыл, стæй – йæ дæгъæлтæ Æмæ иу Нартæ сæ тыхст бонты уæнтæхъил æмæ сæргуыбырæй цыдысты, фæлæ Хъуызилæн йæ уæнгтæ дæр гуыбыр уыдысты æмæ йæ сæр дæр, сæхимæ куы фæцæйцыди, уæд.

Нæ æгъатыр уыдысты, æгæр æгъатыр уæды хицæуттæ Банызтай, дам. Омæ баназæд, сæ мæрдты уд дзы нæ уыди уыцы арахъхъы хуыппы! Уæдæмæ мæсты кодтой куыстуæтты хицæуттæм, ома адæмы цардæй цæуылнæ цæрут, ома уæ уæ къухтæ цæуылнæ фæрсынц, ома хицау дæ баурæдтой, уымæй уæлбикъон нæ фæдæ! Маст сæм хастой уый тыххæй, стыр маст. Мæнæ сæ ахæстонмæ исчи бахауæд хицæуттæй, уайтагъд иу ыл атæрхон кодтой æмæ иу, цалынмæ йæ тæрхон цы амыдта, уый фæбадтаид, уæдмæ дын æй æвдисгæ дæр нæ ракодтаиккой, йæ уындмæ дæ былыцъæрттæ куы хордтаис, уæддæр. Афтæ марджы цæстæй кастысты, сæ царды æгъдау сын чи хæлдта, уыдонмæ, гъе! Ныр сæм æндæр цæстæй кæсынц. Ныр искæй æрцахстой – фæрсын æй байдайынц, фæрсын æй байдайынц, афæдз дæр æй фæфæрсынц, бахъуыди – уæд дыууæ дæр. Нæ йæ ныууадзынц, цалынмæ сраст вæййы, уæдмæ. Стæй йæ рауадзынц, куы сраст вæййы, уæд – уæдæ ма йæ цæмæн дарой уыцы талынг ахæстоны?! Иуæй иу хатт æй æвиппайды дæр рауадзынц. Иу æй æрцахсы, иннæ йæ

рауадзы. Хылмæ дæр ма сын асайы, чи йæ æрцахсы æмæ йæ чи рауадзы, уыдонæн. Ома мын мæ ахсты цæмæн ауагътай, ома йæ мæхæдæг нæ ауагътаин?! Æмæ ныззулдзыхтæ вæййынц. Фæлæ сын бирæ нæ ахæссы. Цы зулдзыхтæ кæной, мæнæ та æрцахсдзысты, ахсинаг – хæрх! Æмæ йыл бафидаудзысты.

Ныр аргъуантæ скуыстой, сæ дзæнгæрджытæ куы ныззæлан мылунг кæнынц, уæд лæгæн йæ зæрдæ хурварс абады. Æмæ сæм цæуынц адæм – сæ дзæнгæрджыты зæлангмæ сын уæддæр байхъусой. Фæлæ диссаг уый у, стыр диссаг, æмæ сын уартæ айразмæ сæ дуæртты зæгæлтæ чи къуырдта, сæ рудзгуытыл сын дзуарсаæвæрд фæйнæджытæ чи хуыдта, уыдон дæр сæм райдыдтой цæуын. Бацæудзысты уыцы Хуыцауысконд лæгтау, цырæгътæ ссудздзысты, сæхиуыл дзуæрттæ бафтаудзысты, сæ райдзаст цæсгæмттæ кæрæдзимæ ныццараздзысты, æмæ адæймагæн йæ дзых къæппæй баззайы: кæд уыцы Хуыцау нал у, кæд нæуæг Хуыцау фæзынд ацы фæлдурæджджын рæстæджы, уый йеддæмæ сæ искæй куыд нæ базоны æмæ йыл йæ судзгæ цæхæртæ куыд нæ ныккалы уыцы ран адæмы ‘хсæн?! Уæдæ сын уæд фыдгæнæг уыд Хуыцау, зондталынггæнæг æмæ зондызмæнтæг. Йæ кувæн бынæттæ та йын æлгъыст бынæттæ хуыдтой. Уартæ иу Хетæджы Уастырджийы бон куы ‘рцыди, – табу йын уа! – уæд иу йæ къохы бæлæстыл уал сыфтæры нæ уыди, йæ фæндæгтыл иу ын цал милиционеры æрæвæрдтой – мачи баирвæза, мачи скува! Цыма куы скуывтаид исчи, уæд бæстæ сæфти. Ныр сæхæдæг æппæты разæй бахæццæ вæййынц Хетæджы къохмæ дæр, иннæ дзуæртты бынмæ дæр. Фæлæ мысайнаг æвæрын нæ арæхсынц – цæст сыл уайтагъд андæдзы. Æртæ суарийы сæ ничи сисдзæн, адæм куыд сисынц, афтæ зæлдаг хæцъилы тыхтæй, фæлæ хъуамæ сæ чъизи чыссæтæ байтындзой æмæ сæ уыцы лæзæрд гæххæтт æхцатæ ласын байдайой. Уымæй дæр гыццылтæ нæ – армыдзаггай. Æвæццæгæн сæм афтæ кæсы, цас фылдæр æхца нытъгъыссой мысайнагæн, уыйас сæ цæсгæмттæ хуыздæр ссыгъдæг кæндзысты Хуыцауы раз. Фæлæ афтæ æнцонæй кæй акуырм кæнай, ахæм Хуыцау дæр кæм и!

Уæд, дам, ныр фæрæтвæлдæхт чи фæци, уыдонæн – сæ иу та сæ тæккæ ахуырдæртæй – студентмæ куы бауырдыг уаид:

– Зæгъ ма, хæйрæг ис?

– Хуыцау æй зоны, – йæхи бакъултæ кодта студент.

– Æмæ Хуыцау ис? – йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой профессорæн.

Лæппу, мæгуыр, фæтарст, æмæ ма æнæбары сфæрæзта:

– Хæйрæг æй зоны.

Уыйадыл лæппуйы фæсырдта фæлварæнæй. Уæдæ, дам, куыд йæ бон баци æмæ афтæ зæгъа: хæйрæг æй зоны! Æнæ къæрццæй, дам, цæуылнæ загъта: Хуыцау нæй?!

Ахæм хъуыддæгтæ

Ивы цард, æмæ цард куы ива, уæд адæмæн дæр цы æнæивгæ и! Цардыуаг у зæрдæйыуаг аразæг.

Исчи ма дын хъæдын дуарыл рахæцдзæн йæ фæстæ Куыннæ! Амæй ай уæззаудæр æфсæйнаг дуæрттæ бакодтой æмæ йæ дуар чи æрбахгæны, уый цыма йæ сыхаджы сармадзанæй фехста, ахæм гуыпп ныккæны дуар. Æмæ сæ райсом, дуæрттæ гом кæныны æмæ æхгæныны рæстæджы алчи йæ хъусты къæрмæджытæ дары – сæ хъусты гуымсæджытæ куы арæдувой, уымæй тæрсынц æмæ цы кæной! Раздæр иу гом рудзгуытæн сæ цыллæ рудзынгæмбæрзæнтæ райсомы уддзæфмæ уыцы дзæбæх пæр пæр кодтой. Лæг ма иу хуыздæр цæмæ бакастаид! Нyр алчи йæ рудзгуытыл æфсæн агъудтæ ныххуыдта – ахæстоны рудзгуытæм дæр бакæс æмæ хæдзæртты рудзгуытæм дæр. Ома искæмæ усгур лæппу ис, æмæ ма уынгты цы чызг фæцæйцæуа, уымæ дзæбæх ракæса! Æмæ ма йæм куыд ракæса дзæбæх уыцы æфсæнагъуд æй уадзы?!

Æмæ хæдзæрттæй давын куы фæзын и, уæд давджытæ бамидæг сты æмæ машинæтæ æмæ адæмæн сæхи давын райдыдтой. Адав æй, искуы йæ амбæхс – машинæ уа, лæг уа – стæй йын йæ хицаумæ æрбарвит, уыйас æмæ уыйас æхца рарвит, кæд ма дæ дæ машинæ, кæнæ дæ лæппу, науæд дæ чызг, кæнæ дæ ус, дæ усы мад, кæнæ ноджыдæр æндæр исчи хъæуы, уæд. Æмæ, дæ сæр къултыл ныххой, уæддæр ссар.

Дæлæ Махитхан чи у, нуæрттæ кæм дзæбæх кæнынц, уыцы рынчындоны хицау, уымæн хæрзгæнæг фæци: дæ машинæмæ дын хъавынц.

А Махитхан хъуыды кæнын байдыдта, хъуыды кæнын байдыдта, æмæ лæджы зонд кæй никуыма æрцахста, ахæм хъуыдыйыл бафтыди: цæй, æмæ йæ каисы сбадын кæна йæ машинæйы, йæ усы мады, Елмысханы. Сбадын æй дзы кæна æмæ иу, машинæ кæм баурома, уым æм йæ зæрдæ ма æхсайа.

Уый ма цин дæр бакодта, Елмысхан: бон изæрмæ хæдзары бадынæй фæлмæцыд, уым та рацу бацу кæн

горæты уынгты æмæ рудзынгæй æддæмæ кæс! Æнæуи æдфыд сылгоймаг уыди Елмысхан, афтæмæй ноджы ахæрын уарзта. Райсом иу йæ боны хардз куы æрбафтауц кодта машинæмæ, стæй иу сæ фæдыл йæхæдæг дæр куы бахызт, уæд иу йæ цъæттæ æрбадтысты машинæйæн. Фæлæ Махитхан æрсабыр: рынчындоны уыдаид машинæ искуыдæм цыдаид, искуы фæурæдтаид – Елмысхан бадти фæстаг бадæны æмæ рудзынгæй æддæмæ фæлгæсыд. Кæд иу Махитхан фæстиат кодта искуы, уæд иу уый дæр йæ хæринæгты дзæкъултæм авнæлдта æмæиу сæ сæ бæттæнтæй йæхимæ æрбацæйласта.

Афтæмæй та иу бон куы уыди, уæд Махитхан, иу даргъ уынджы кæрон цы бæрзонд хæдзар уыд, уый раз баурæдта. Рахызт, агъуыстмæ бацыд æмæ дзы фæстиат кæнын байдыдта. Елмысхан дæр авнæлдта дзæкъултæм, иуæй дзы картофджын гуылты хъалац сласта æмæ сæ адджын ныгустæ кæнын байдыдта.

Раст уыцы рæстæджы дыууæ лæппуйы фæмидæг машинæйы. Сæ иу фæсте абадт Елмысханы фарсмæ, йæ къухы æрмæрины дæргъæн кард æмæ йын йæ теманы бырынчъы хуызæн цыргъ бырынкъ сылгоймаджы хъихъырмæ фæцарæзта: сыбыртт скодтай – адзæнгæл и хъихъыр! Елмысханæн æнæуи дæр цæй сыбыртгæнæн уыд – йæ дзых йе дзаг уыд уыцы фæлмæнфых картофджын гуылæй. Иннæ лæппу та разæй абадт, Махитханиу йæхæдæг кæм бадти, уым, æмæ машинæ йæхи размæ фехста.

Æртæ мæйы дæргъы дæлфадихсыд баци Махитхан æхца агурынæй, горæты ахæм дохтыр нал баззад, уый сæ йæ дуар дыууæ хатты кæмæн нæ ныххоста. Елмысхан ма йæ къухы бафтыд – æмæ ма дзы цæй Елмысхан уыд! Йæ чызг, дам, æй зонгæ дæр нал бакодта, мæнæ Махитханы бинойнаг – ницыуал дзы баззад царм æмæ стджытæ æмæ къабайы зæронд йеддæмæ, Машинæ нæ радтой – кæцæй æрхастаид уыйбæрц æхца Махитхан – гыццылтæ дзы куы нæ æрцагуырдтой!

Æмæ байдзаг и бæстæ æвзæргæнæгæй. Мæнæ, тауы зокъотæ чи сты, уыдон фæскъæвда зæххы уæлцъармæ куыд скæлынц афтæ ракалдысты адæмы ‘хсæнмæ æмæ дзы куыдз йæ хицауы нал зоны. Цы нæ фыдбылыз æрцæудзæн æмæ цы нæ диссаг фехъусдзæни лæг! Æмæ сæ хæдуæлвæд нæ газеттæ ныффыссынц, знон, дам, цы дæс фыдракæнды æрцыд, уыдонæй нæ барадхъахъхъæнæг оргæнтæ, ома нæ милицæ, йæ тæвдыл раргом кодта фараст æмæ æрдæг. Иу

æртиссæдзаздзыд лæг, дам, Дыгуры сау хъæдæй суг æрцæйласта йæ хæрæгуæрдоныл æмæ, дам, æм разынди фæрæт. Дыууæ лæппуйы та, дам, къренделитæ хæргæ фæцæйцыдысты Джызæлы фæндагыл. Арæзт, дам, сыл æрцыди уголовон хъуыддæгтæ, фарст дам, цæуынц. Фæлæ дзы Махитханы машинæйы кой нæ вæйййы газетты. Елмысханы тыххæй цы æхца бафыста, уыдоны кой дæр.

Гъеныр уый раздæр куы уыдаид, мæнæ чи уыди 'мæ чи нал и, уыцы царды, – Махитханы машинæ æмæ каисы адавды хабар – зæххы бынæй дæр скъахтаикккой уыцы дыууæ лæппуйы æмæ сын Сыбыр фæсте аззадаид. Ныр сæхицæн царды дзæбæхæй цæрынц. Сæ быны – машинæ, сæ дзыппыты – æхца. Афтæмæй цы нæ бакæндзысты уый хуызæн лæппутæ Æмæ уадз æмæ кæной! Уæдæ дæргъкъахæй бадой! Æмæ сын фезмæлыны фыдæй цæмæн хъуамæ исты аирвæза! Лæппу дæ, фезмæл æмæ дын уа. Æмæ змæлынц, сæ тæригъæд лæджы нæ хъæуы. Уыцы алыбæстаг машинæтыл куы рацæйскъæрынц, уæд сæм кæсынæй нæ бафсæддзынæ. Сæ авналæнтæ сын сæхи бар ауагътой, æмæ сын машинæтæ дæр ис, æмæ хæдзæрттæ дæр аразынц, æмæ æхца дæр амал кæнынц.

Уæд та сæ нæ уагътой, ацы цардивæнты размæ, цыма сывæллæттæ уыдысты, гыццыл сывæллæттæ æмæ æвзæр исты куы ахæрой, уымæй сын тарстысты.

Ауадз сæ сæхи бар æмæ уа!

АБАЙТЫ Эдуард

## ФÆТÆХИН ДÆМ МАРГЪАУ

Цæй дард дæн!..
Нæу æрмæринæй баргæ
мæ фæндаг,
нæу.
Авд хохы,
авд денджызы фæстæ –
мæ бынат...

О, фæцæуин дæм
Нарæгау,
фæлæ йæ сæфтджытæ рафтаудзæн
искуы
мæ бæх!

О фæтæхин дæм маргъау,
фæлæ мæ искуы
нал сисдзысты
мæ базыртæ!
О фервитин дæм
амы знæт дымгæтæй
фидиуæг,
фæлæ æрдæгфæндагыл
сæ уд
куы ссæуа!

О, хуры тынтыл дæм
фæзынин,
фæлæ кæд нæхимæ
асæст у
арв!

О, Фыдызæхх!
Арвы кæрæттыл æрзилдзынæн,
Фæлæ мын æнæ здæхгæ нæй
дæумæ.

Нæй мын æнæздæхгæ,
кæм хъазыдтæн
хъæл æмæ лæдзæгæй,
къори æмæ селайæ,
Бныбадджытæй,
куырмæрсытæй,

Æмæ иу æхсызгон фæллад кæм бакодтон
чъиллæттæй,
пысырадæппæлттæй,
уырдæм.

Нæй мын æнæздæхгæ,
кæм кодтон мытыларæзт,
дурæгънæг дурын сæхтæгыл
сæвæрды хуызæн хæхтæм
фидардæр
æмæ æнгомдæр,
кæм кодтон
суадæтты сабыр ныхасмæ
хъæлæсджындæр,
кæм уарзтон
стъалыджын сабыр æхсæвты
мæ зæрдæмæ хъусын,
æмæ кæм нæ уагътон
тугцух зæрæдты
æрцъынд кæнын,
сæ дардыл таурæгътæм
хъусын уарзгæйæ.

Нæй мын æнæздæхгæ,
кæм уыдис алы дойнаг дур дæр
мæ зæрдæйы бын
хъарм æвæрд.

О Фыдызæхх!
Нæй,
нæй нын фæхицæн,
нæй,
куыннæ ис фæхицæн
зныхæн
æхсонæй,
куыннæ ис æрыскъуыйæн
дæттæн
цъититæй,
мах нæ хъысмæт скодта,
æддæг мидæг,
фидар цæджындзмихтыл каубыдау.
Мах афтæ батадыстæм
мыдадзау,
мах афтæ басыгъдыстæм
цæххау,
æмæ нæ кæрæдзийы
зæрдæйы цæфæй
æмæ комы тæфæй æнкъарæм,
æмæ нæ кæрæдзийы
цæстæнгасæй
æмæ былты змæлдæй æмбарæм.
Цас дæ дарддæр цæуын,
уыйас мæм
хæстæгдæр кæныс,
хæстæгдæр...

О Фыдызæхх, мæ сау номхæссæн,
мæ саусомыгæнæн!
Æз дæ кæрдæджы доны йеддæмæ
цы дæн?
Фæлæ мын ды фæцæр
мыстæлвынæн
æмæ цъиудуцæнмæ,
цалынмæ мæ къухы ныхыл
æрду хæца,
уæдмæ,
цæмæй мæнæн дæр

бирæ цæрæнбон

уа!..
Сой сой сой!..
Нæ бинонтæ
кæрæдзиуыл хæцгæ цы уой,
Ногбоны къуыдыр иу сæ
йæ алыварсмæ куыд æмбырд кодта,
сæ уарзондзинад
афтæ куыд судза
æмæ сæ афтæ куыд æмбырд кæна,
æмæ амонд
ратт,
Рæстæджы Фарн!

Сой сой сой!
Фырау ныхджын куыд уæм,
арсау – хъæбулджын,
каркау – бæдулджын,
æмæ нæ фæндæгтæ
даргъ æмæ уæрæх цы уой,
ахæм амонд
ратт,
Рæстæджы Фарн!

Сой сой сой!
Искæй бын
арт чи æндзары,
уый дзы
йæхи судзы!
Сой сой сой!..
Цæй дард дæн!..
Нæу æрмæринæй баргæ
мæ фæндаг,
нæу.
Авд хохы,
авд денджызы фæстæ
мæ бынат...
Сывæллонау мысын
нæхимæ,
мæ рохст зæрдæ –

бæгъдулæджы айкау.
Мæ хъуыдытæ джихтæ кæнынц,
карк,
æнæрæвдуан æфтуанæй,
дзæгъæлайк куыд кæна,
уыйау.
Нæхимæ мысын...

## МÆ ФЫДЫМАД МЕЛЕСÆН

Мысын æз: дæ цæгъдинаг фæтæргай,
Сау тухæнæй хорз нын фæци махæн.
'Хсидгæ дон ыл акæныс фæлтæргай;
Кæд ыскæнид исты хуызы цагъдхъæр...

Фæлæ йæ нæ ныууагътам æмхорæй;
Гарачъи – сæрыйас. Туагдзæф мисын
Зæрдæ уæд гъеуыцы дзæбæх иста
Иннæ уæларт сæвæрдтай къæдорæн.

О, Хуыцау, мæ хæрзфынтæ мын хъахъхъæн;
Цыма та йæ сæрфгæ цыд æрбайхъуыст
Фæсдуарæй, мæ судзинбын мын акæн,
Зæгъгæ, загъта, мидæмæ æрбахызт.

Загъта та: «Мæ цагъдуæлдæйттæй баззад,
Цагъды бын зылын къæцæлау, кæстæр,
Иннæты æвирхъау хæсты азар
Басыгъта. Оу фесæфа йæх ъæстæ!

Фæлæ, дам, Йæ фесхуыст куыд у, афтæ
У, зæгъынц, Йæ барæвдыд Хуыцауæн...
Ичъынайы калмау мын нæй рафтæн.
Къахыл ма сымах тыххæй куы цæуын!..»

Ацыдтæ... дæ сæрфгæ цыд ма хъуысти,
Æмæ дыл мæ сонт зæрдæ фæрысти.
Нал сæхгæдтай дуар дæр дæ фæдыл,
Цыма дæ мæнæй хицæн нæ фæндыд.

Сызгæ ныр, дæндагсастæй, дæ пирæн.
Пирæнгом дæр нал федта къуымбилæн.
О, мæ бон, æнустæм мын цъынд бадæ,
Зымæгмæ мын нал скодтай цъындатæ!

Де 'нгуырстуан дын гæды иубон къуымæй
Ратылдта, фæхуынкъ уæфстæ хуыйынæй...
Рахауди цыдæр къуымæй дæ уæдæртт,
'Нæдæндаджы дзыхæй, цыма – къæбæр.

Цæгъдинæгты тæргæйттæн быхстаис...
Чидæр уæдæртт бакъуырдта йæ къахæй...
Уе 'гæр калат, уаих фæуат, уаих,
Зæгъгæ, кæд тæргай алыгъта махæй...

Кæркæ мæркæ зæронд цары
Изæрмилтæ – æмбæхст.
Ламаздыхъхъыл дзы (роддзармæй)
Зæронд гæды – цъынддзæст.

Хæлынбыттыртау ахсæнтæ
Уыдысты ауыгъд, тыгъд,
Стæй рудты хъилтыл сахсæнтау
Сырхбын зормæтæ тыхт.

Уæнггай кусарт, хæрзудæртау...
Нæ кодта стад фиу быр.
Æрчъиаджы стыр султъытау
Уыд хлапи, хаста хъуыр...

Хъуымбыл дзыккубыд – нурытæ,
Хуыскъ фæдджытау – цывзы.
Æрцард нæ цары хуры тын:
Нæ мыртгæтæ – сырхзынг.

Нæ дурын пецы тохына
Кæм ис, уым сæрзæд – тъыст.
Куы нал кæны пец, охх, æна,
Цæхæры тæф – зынгхуыст!..

Дæ къадзонæг, йе де 'ртыскæн

Нæ фæци ызгæ хæрд.
Цæй, басхъауон сæ ме ‘нтъыснæг
Тыхст зæрдæйы цæхæр!..

Ам бамбæхст цыма къуымбилы
Дæ зæрдæйæн йæ хъарм.
Цы та хъæуы дæ къуымзилы?
Кæд агуры дæ фарн?

Цæмæ схызтæн? Цы мæ схаста?
Мæ зæрдæйы мæгуыр?
Цæсткуырмгæнæг æргъæу астæрд
Зæрдæ дæр кæны куырм...

Нæ нукæмбæрзæн агуыри,
Тыннывæндæгау ‘рхызт
Рухс зыхъхъыртæй. Цы агуры?
Дыдзырухсыл – йæ хыз...

Цы ‘рцыди? Ам дыгоппон дæр
Кæдæй нал кæны къуыртт?!
Æрисæм рох зæронд авдæн,
Цæрæццаг нæм ис гуырд!..

Кæркæ мæркæ зæронд цары
Изæрмилтæ – æмбæхст.
Ламаздыхъхъыл дзы (роддзармæй)
Зæронд гæды цъынддзæст...

Дæ сау нæлгæф мæ тæссæртты æппарæд,
Мæзæрæуау, хъæндæлау мæ ныссæндæд!
Зыгуымы голлаг никуы суыдзæн барæг,
Æндæр та мыл ысхæцдзысты мæ сæнттæ.

Уадз, д’ арандзал йæ æртласæнтæ уигъа,
Фæндаджы растæй раст фæндаг нæй арæх.
Кæйдæр фæсарц æнæ сбадгæ нæй иу хатт,
Фæснахбадæг æрмæст нæма у барæг...

Хъуыды ма кæныс,
цы бæласы цъуппæй
æмæ иу кæй бæласы цъуппæй нæ акастыстæм,
уый бæлас дæр
нæ уыди...
Æмырдзаг иу бакодтам нæ рæттæ
æмæ иу гайлабын,
нымæхст ран
сцъæхдæндаг кодтам
нæхи.

Хъуыды ма кæныс,
атагъайы дæлфæдтæм иу,
донбылтыл,
арсы фæдтыл куы барстам
нæ къах?..

Хъуыды ма кæныс,
гомкъахæй иу,
тъæпкъах æмæ фыдвадыварц сабитæ,
мигъты ауyæттæ куы сырдтам,
фæлæ иу нæ хур куы 'рбаййæфта?..

Хъуыды ма кæныс?
Нæ хъуыды кæныс!..
...Æниу,
æвзæрдзинад
лæджы йæхæдæг ссары,
хорздзинад та лæг ары.
Æмæ дæм нæ мæсты кæнын,
нæ,
æппындæр,
тæригъæд дын кæнын
æрмæст.

Æмæ куыд хъуыды кæнай,
кæд æмæ фæстæмæ кæсын дæр
зонын хъæуы,
цæмæй разæй
макуы скъуырай
дæ къах.

Ды та,

кæд ме ‘взæры нæмыг баззад,
зæгъгæ,
уæд фæкæсыс
фæстæмæ...
Фыркъа
цас
тынгдæр фæхъавы
разæй ныццæвынмæ,
уыйас
тынгдæр фæцæуы
фæстæмæ.

Цаергæс
цас
бæрзонддæр фæхъавы
уæлæмæ стæхынмæ,
уыйас
ныллæгдæр æрбады
зæххыл...

**ЗАОЙТЫ** *Аслæнбег*

# ÆЦÆГ ХАБÆРТТÆ

## НОС

Краснодар куы ссæрибар кодтам (1943 азы 12 мартъи), уымæн йæ дыккаг бон та, кæд цыфæнды фидар лæууыдысты немыц, уæддæр райстам Ивановскийы станицæ – уый ис Краснодарæй 40 км ныгуылæнырдæмдæр. Иугæр станицæ куы бацахстам, уæд æм немыцаг авиаци цалдæр хатты ахъаззаджы бырстытæ ныккодта.

Уыцы ныббырстыты рæстæджы мах уыдыстæм станицæйæ иу авд километры æддæдæр. Кæсын æмæ дын иу бомбæппарæн «Юнкерс 88», йæ фæстæ бæзджын фæздæджы къуыбылæйттæ уадзгæ, комкоммæ махырдæм йæхи рауагъта. Нæ сæрты судзгæ куыд фæцæйтахт, афтæ дзы дыууæ тæхæджы рагæппытæ кодта. Сæ парашюттæ райтынг сты æмæ нæ тæккæ сæрмæ узгæ  узгæ æрцæйцыдысты. Сæ иу – цы фæнд æм æрцыди парашютыл æрцæйцæугæ Хуыцау æй зоны – зæхмæ нæма 'рхæццæ, афтæ йæхи фехста. Иннæ æрбадти. Мах – сырхæфсæддон Алексей Бор æмæ æз – базгъордтам тæхæгмæ. Цалынмæ йæм хæццæ кодтам, уæдмæ уый йæхи раиуварс кодта парашютæй, йæ рон райхæлдта æмæ йæ йæ планшет æмæ йæ дамбацаимæ зæххыл æрæвæрдта, йæхæдæг йæ къухтæ хæрдмæ сдардта. Æппæты фыццаг цы бафиппайдтон, уый – йæ русыл уыди нос. Æз ын йæ къухтæ æруадзын кодтон. Уæд йæ сахат рафтыдта йæ цонгæй, йæ дзыппæй систа йæ гæххæттытæ æмæ хуызистытæ – дзæвгар хуызистытæ – æмæ уыдон дæр зæххыл æрæвæрдта. Уыдон иууылдæр немæ айстам æмæ йæхи чи фехста, уыцы тæхæгмæ бацыдыстæм. Уымæн ма йæ уд йæ мидæг уыд æмæ цыдæртæ дзырдта йе 'мбалæн. Цы йын дзуры, уымæй куы бафарстам уацайраджы, уæд мын бамбарын кодта, йæхи, дам, марын кæны, цæмæй мауал хъизæмар кæна, уый тыххæй. Фæлæ йæ уыдæтты сæр нал бахъуыди – цалынмæ мах нæ кæрæдзийæн нæ хъуыдытæ æмбарын кодтам, уæдмæ уый йæ уд систа. Йæ дзыппыты ницы гæххæтт разынди. Мах æрбаздæхтыстæм, иннæ тæхæг кæм æрбадти, уырдæм. Æз ын йæ гæххæттытæ æмæ йæ хуызистытæ фæстæмæ радтон. Уæд уый йæ сахат æмæ йæ сæрвасæн фæхицæн кодта æмæ мæм сæ æрбадардта,

ærbadzyrdta mæm uyryssagau: «Mæ nomyl sæ fædar». Kuyd razynd, aftæmæj uacajrag uyryssagau æmbærsta, dzurgæ dær kodta gyccyltæ

Calynmæ max ranyxas banyxas kodtam, uædmæ fætalyngdær, æmæ batyxstystæm Aleksejmæ: iuæj næ ne 'mbælttý bajjafyn xʺuyd, innæmæj ta acy uacajrag – cy jæ fækænæm? Uycy ræstædžy fyccag jæ xʺær fexʺuysti, stæj næm komkommæ, næ razy cy kʺuybyr uyd, uyj ræzty racyryn iu motocikl æmæ næ razy fælæuuydi. Raxyztysty dzy bulkʺon æmæ lejtenant. Sæ dyuuæjyl dær, čekisttyl cy daræs uyd, axæmtæ. Max uacajradžy uydonmæ radtam, næxædæg atagʺd kodtam ne 'mbælttý fæstæ

Acy xabar aftæ bæston uymæn fyssyn æmæ jyn is, jæxicæj nodžy cymydisagdær či u, axæm kæron Dzægʺæly næ bazzadi æmbisondæn: «Xox xoxyl næ sæmbældzæn, uyj jeddæmæ læg lægyl – kæddæriddær».

Xʺuyddag aftæ rauad æmæ æz uycy uacajrag nemycagyl sæmbældtæn dæs æmæ ssædz azy fæstæ, sæmbældtæn yl am, Irystony, Dzæudžyxʺæuy, rast Xetægkaty Kʺostajy nomyl parčy tækkæ baxizæny. Cæviton, mæ kuystæj mæ fændag rakodton mæ cardæmbalyl – uyj kuysta, Særibary fæzy tækkæ parčy æmkʺul cy xædzar i, uym. Æfsin jæ kuyst næma fæci, æmæ mæ baxʺuyd ænxʺælmæ kæsyn. Mæxi æruagʺton, xædzary kʺulgæron cy bandættæ uyd, uydonæj iuyl. Uajtagʺd mæ cæst ærxæcydi, mæ bakomkommæ bandonyl cy caldær adæjmadžy badti, uydonyl. Kuyd sæ bambærston, aftæmæj dzyrdtoj nemycagau. Æz sæm læmbynægdær kæsyn bajdydton, æmæ bafippajdton – kʺordy xistær ursær acærgæ lægæn jæ galiu rusyl uydi nos. Mænmæ – dissag ta kuyd næ uyd! – mæ zærdæ sdzyrdta: kæd iu xatt Ivanovskajy stanicæjy cur cy nemycag tæxæg ærbadti, uyj u? Uymæn dær axæm nos kuy uydi jæ galiu rusyl. Mæ cymydis mæ iu ran nal uagʺta, systadtæn, tramvajy ærlæuuænmæ bacydtæn æmæ uyrdygæj komkommæ kæsyn bajdydton lægmæ – uyrdæm xuyzdær zynd jæ rus. Æmæ mæm byntondær uycy uacajradžy xuyzæn fækasti læg – asæj dær, bakastæj dær, nodžy uycy nos – byltý kæronæj adargʺ i æmæ xʺusy bynty baxyzti.

Bacydtæn sæm, salam syn radton uyryssagau. Uydon myn arfæ rakodtoj uyryssagau, fælæ sæ nyxas uydi nemycag zdæxt. Mæ zærdæ kæmæ fexsajdta, uyj jeddæmæ

иннӕтӕ сыстадысты ӕмӕ мӕм бахатыдысты, цӕмӕй семӕ ӕрбадон. Ӕз не сбадтӕн, хистӕр сылгоймаджы сбадын кодтон ӕмӕ лӕджы бафарстон, мыййаг хӕсты нӕ уыди? Уый афӕлурс, йӕхи фӕстӕмӕ ауагъта бандоныл ӕмӕ йӕ хыр хыр ссыди. Хистӕр сылгоймаг ын йӕ уадултӕ цъыччытӕ кӕнын байдыдта, ӕрыгон сылгоймаг чи уыд, уый уал ын йе 'взаджы бын валидол атъыста, стӕй судзин цӕттӕ кӕнынмӕ фӕци. Куыддӕр ын судзин скодта, афтӕ лӕг гыццылгай йе 'муд ӕрцыди. Цӕмӕй дзы йӕ низ чысыл айрох уа, уый тыххӕй сӕ бафарстон, кӕрӕдзийӕн цы бавӕййынц, уымӕй. Куыд мын радзырдтой, афтӕмӕй иууылдӕр уыдысты иу бинонтӕ: фыд ӕмӕ мад, сӕ лӕппу, сӕ чындз ӕмӕ уыдоны дыууӕ сабийы. Берлинӕй ссыдысты сӕхи машинӕйы. Уӕдмӕ сӕ хистӕр дӕр дзурынхъом фӕци ӕмӕ мын мӕ курдиатмӕ гӕсгӕ цыбырӕй йӕ биографи радзырдта.

Ахуыр кодта Берлины университеты арӕзтадон факультеты. 1942 азы йӕ январы мӕйы акодтой ӕфсадмӕ Тагъд тагъд ӕй штурманы дӕсныйадыл ацахуыр кодтой ӕмӕ – фронтмӕ, Цӕгат Кавказмӕ. Ам йе 'мбӕлттимӕ бомбӕтӕ калдта Ростовыл, Батайскыл, Краснодарыл, Георгиевскыл, Прохладнӕйыл, Грознайыл. Суанг Дзӕуджыхъӕу ӕмӕ Ӕрыдоныл дӕр. Цӕф дӕр фӕци ам. Сӕ хӕдтӕхӕг сын дыууӕ хатты ӕрӕппӕрстой. Дыккаг хатт сын сӕ хӕдтӕхӕг ӕрӕппӕрстой Краснодармӕ хӕстӕг. Уым бахауди уацары.

Уӕд ӕй арӕхстгай баурӕдтон йӕ ныхасӕй ӕмӕ йӕ бафарстон:

– Нӕ хъуыды кӕныс, парашютыл дӕхи куы ӕруагътай зӕхмӕ, уӕд дӕм фыццаг чи бахӕццӕ

Уый иу чысыл ахъуыды кодта ӕмӕ загъта:

– Дыууӕ салдаты уыдысты. Сӕ иу бӕрзонд ӕмӕ къӕсхуыр, иннӕ та – ныллӕггомау.

– Гъе уӕдӕ, ныллӕггомау чи уыд, уый ӕз дӕн, – бахудтӕн лӕгмӕ

Уымӕн та йӕ цӕсгомы хуыз аивта, улӕфын дӕр та йын фӕзындӕр, фӕлӕ йӕ ацы хатт хосы сӕр нӕ бахъуыд. Уӕд ӕз нывнӕлдтон мӕ дзыпмӕ ӕмӕ мын уӕд, дӕс ӕмӕ ссӕдз азы размӕ, цы сӕрвасӕн радта, уый систон, бавдыстон ӕм йӕ сахат дӕр ӕмӕ йӕм хъазгӕмхасӕн бахатыдтӕн, цӕмӕй сӕ ныр та уый фӕдара мӕ номыл: фӕлӕ уымӕн уӕдмӕ йӕ цӕссыгтӕ ӕркалдысты йӕ уадултыл.

Сахат ӕмӕ сӕрвасӕн нӕ айста.

Уый фæстæ мын сæрвасæн фесæфти Джызæлы быдыры, колхозæн нартхор тыдтам, афтæмæй, сахат та Лолаты Таймуразæн балæвар котон. Æмæ ма йæ абон дæр дары.

Фæкодта мын йæ царды хабæрттæ Курт – йæ ном афтæ хуынди: Курт Меир. Иннæ хæстон уацайрæгтимæ Курты дæр арвыстой Краснодармæ. Уырдыгæй та – Алма Атамæ Фæстæдæр, Киев куы ссæрибар кодта Сырх Æфсад, уæд бахауд уырдæм. Уым ын йæ бæрны бакодтой 25 мин уацайраджы æмæ суанг 1948 азмæ арæзтой, Киевы цы пырх æмæ хæлд хæдзæрттæ уыд, уыдон. Уæд, 1948 азы базыдта, фæстæмæ йæ Германмæ кæй æрвитынц. Курты нæ фæндыд Германмæ аздæхын æмæ курдиат балæвæрдта, цæмæй йын Уæрæсейы цæрæджы ном радтой æмæ баззайа Советон Цæдисы. Фæлæ йын йæ курдиатыл не сразы сты, æмæ йæ Германмæ цæуын бахъуыд. Йæ бинонтæ уыдысты, англисаг зонæ кæй хуыдтой, уым. Уæд ма йæ фыдыфсымæр æгас уыд, æмæ йæм Курт бахатыд, цæмæй Советон зонæмæ ралыгъдаиккой. Уый не сразы æмæ уæд Курт йæхæдæг ацыд Советон зонæмæ, цы гыццыл хæдзарад ын уыд, уый ныууагъта фыдыфсымæрæн. Ам, Советон зонæйы, бакодта бинонты кой. Ис ын дыууæ фырты. Йæ хистæр – инженер аразæг, кæстæр – электрон техникæйы инженер. Ныртæккæ йемæ ис ам йæ кæстæр фырт йæ ус æмæ йæ дыууæ сывæллонимæ. Чындз у дохтыр.

Дзырд куы фæци, уæд æй бафарстон, æрдæбон цæмæй фæтарсти, уымæй. Уый мын фыццаг нæ басасти, мæнæ, дам, базæронд дæн, хæсты бонтæ мысын, дам, мын зын у. Мæ зæрдæ дæр, дам, мæ хъыгдары. Фæлæ мын фæстæдæр рахабар кодта. Цæвиттон, йе 'мбæлттæ куы базыдтой, Курт Кавказмæ цæуы, уæд æй нæ уагътой: «Дæ уадулы носæй дæ базондзысты æмæ дын хъамайæ дæ бичъы бын барæхойдзысты. Кавказæгтæ афтæ кæнынц». Ды мæ куы бафарстай, уæд мæ зæрдыл æрлæууыдысты уыцы ныхæстæ Ме 'мбæлттæ мын сæ хъазгæмхасæн дзырдтой, фæлæ сæ цыдæр тас бадти мæ зæрдæйы. Стæй цы не 'рцæуы царды.

Æмæ ма мын иу ахæм хабар ракодта:

– Мах алы аз дæр цыдыстæм нæхицæй Сау денджызы былмæ къордгæйттæй. Уым иу нæхи надтам. 1970 азы иуæндæс бинонтæй баиу стæм, иумæ улæфыдыстæм. Иу изæр куы уыд, уæд æхсæвæрыл бамбырд стæм æмæ гыццыл куывдгонд сарæзтам. Махæй чысыл æддæдæр та уырыссæгтæ бадтысты. Уыдон дæр махау бахъæлдзæг сты. Нуæзтой, ныхæстæ кодтой. Ныр æз бафиппайдтон,

уырыссæгтæй иу махырдæм æгæр арæх кæй æрбакæс æрбакæс кæны, уый. Уæд дын иуафон фестад уыцы уырыссаг æмæ, йæ къухы йедзаг чи уыди, ахæм шампайнаг сæны авг, афтæмæй нæм æрбараст. Куы нæм æрбахæццæ уæд нын салам радта, стæй не ‘мбæлттæй иумæ æдзынæг ныккасти. Не ‘мбал дæр иу æм бакаст æмæ та иу йæ цæстытæ иннæрдæм азылдта. Мах ныссабыр стæм. Лæджы æдзынæг каст нæ зæрдæмæ нæ цыди. Уæд уырыссаг не ‘мбалы бецыккыл фæхæцыд, йæ бæрзæй йын фæстæмæ атасын кодта æмæ йыл немыцагау ныхъхъæр кодта: «Нал мæ хъуыды кæныс, цъаммар?» – йæхæдæг авг хæрдмæ фæхаста æмæ йын дзы йæ тых йæ бонæй йæ тыл куы ныххафид. Немыцагæн йæ сæр ныппырх, йæ цæстытæ рагæпп кодтой сæ къуырфытæй. Мах фæйнæрдæм фæпырх стæм. Уæдмæ милицæ æрбахæццæ, уырыссагыл æрхæцыдысты, фæлæ уый йæхи ратыдта милиционертæй, йæ хæдон апырхытæ кодта йæ уæлæ  æмæ не ‘ппæт дæр федтам: лæгæн йæ чъылдым цыдæриддæр уыд, уыйас стъалы йыл уыд тæвд æфсæйнагæй сыгъд – фосы уæлæ гакк куыд басудзынц, афтæ сыгъд. Ахсты аластой, махæн бафæдзæхстой, цалынмæ фæстæмæ здæхой, уæдмæ нæ куыд ничи никуыдæм ацæуа, афтæ. Мах нæ дзаумæттæ сæмбырд кодтам, машинæты сæ бавгæдтам æмæ æнхъæлмæ кастыстæм. Куы æрцыдысты, уæд марды федтой, гæххæттытæ сарæзтой, афæрстытæ нæ кодтой æмæ нæ ауагътой...

Уæдæй нырмæ нал уæндыдыстæм Советон Цæдисмæ цæуын. Фыццаг хатт ма ныр рацыдыстæм – дис нæм касти, цымæ куыд у, кæддæр бомбæтæ кæуыл калдтам, уыцы Дзæуджыхъæу. Хъусгæ та бирæ хорз цыдæртæ фæкодтам уæ горæтæн йæхи тыххæй дæр, йæ адæмы тыххæй дæр, йæ алыварс цы æрдз и, уый тыххæй дæр. Фехъуыстам уын уе стыр поэт Хетæгкаты Къостайы кой дæр.

Æз сæм бахатыдтæн, цæмæй нæм уазæгуаты саккаг кæной хæдзармæ, фæлæ, дам, тагъд кæнæм, æмæ мын не сразы сты мæ хуындыл.

Куы хицæн кодтам, уæд Курт загъта, нырæй фæстæмæ кæй нал тæрсдзæн æмæ арæхдæр кæй цæудзæн Ирыстонмæ

Уæдæй нырмæ Терчы бирæ дон аивгъуыдта, фæлæ Курт Меир нал æрцыд Ирыстонмæ

Æвæццæгæн, удæгас нал у.

## 13-ÆМ ХÆДЗАР

Афтæ рауад æмæ Едзаты Батырбегимæ Дзæуджыхъæуы сыхæгтæ уыдыстæм (фæзиан и 1989 азы 12 январы). Искуы иу бон ма уæд, уый йеддæмæ æдзухдæр уыдтам кæрæдзийы. Изæрыгæтты иу сыхы лæгтæ бамбырд сты, æмæ кæрæдзийæн нæ царды хабæрттæ кодтам.

Иу изæр, Батырбег елхотаг у, уый куы базыдтон, уæд сын ракодтон хæсты рæстæджы, бæстондæр зæгъгæйæ та, 1942 азы 29 сентябры, æз, æрыгон сырхæфсæддон, Елхоты хъæуы хæстон бæрæгдзау куыд уыдтæн, немыцмæ куыд бахаудтæн, куыд мæ ныцъцъæл кодтой, афтæмæй мæ мардæфсонæй хæмпæлты куыд баппæрстой, уыцы хабæрттæ. Радзырдтон сын, уый кæй уыди Сталины уынджы 13 æм хæдзары раз. Уыцы хæдзары та немыцы штаб кæй уыд, æмæ йыл уый фæстæ нæхионтæ бомбæ кæй æрæппæрстой æмæ йæ кæй ныппырх кодтой æд штаб.

Батырбег мæм æдзынæг хъуыста. Дзырд куы фæдæн, уæд арф ныуулæфыд æмæ хъазгæмхасæн загъта:

– Мæнæ кæй аххосæй баззадтæн æнæхæдзар, мæнæ! Ныр мæ бон у æмæ мæ хъаст дæуыл бадæттон.

Куыд сбæрæг, афтæмæй хицауадмæ йæ хъаст рагæй хаста, цæмæй йын йæ хæдзары аргъ истæмæйты бафидой, хæрз æрæджиау ын æркастысты йæ курдиатмæ – радтой йын хæдзар Дзæуджыхъæуы Навагинскаяйы уынджы. Уым царди Батырбег йæ царды фæстаг бонтæм. Ныр уыцы хæдзары цæры йæ цардæмбал Мария. Чызг дæр ма сын уыди, фæлæ 1997 азы фæзиан.

# <u>ХЪАЙТЫХЪТЫ ГЕОР: 90 АЗЫ</u>



*Ирыстоны Хъайтыхъты Георы кой чи нæ фехъуыста, ахæм адæймаг тынг стæм разындзæн. Йе 'мдзæвгæты æмæ кадджыты чингуытæ нымайгæ сты иугæйттæй нæ, фæлæ дæсгæйттæй. Йæ поэзи тæлмацгонд цыд уырыссаг, украинаг, белоруссаг, азербайджайнаг, гуырдзиаг, тæтæйраг, цæцæйнаг, мæхъхъæлон, кæсгон, балхъайраг æмæ бирæ æндæр æвзæгтæм. Фæлæ, æвæццæгæн, нæ фæрæдидзыстæм, Георы курдиат æппæтæй ирддæрæй юмор æмæ сатирæйы жанры разынди, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд. Журналы ацы номыры йын уадзæм алы рæстæджыты фыст эпиграммæтæ, цыргъзонд ныхæстæ.*

ХЪАЙТЫХЪТЫ *Геор*

# ЭПИГРАММÆТÆ

## «ÆХХУЫСГÆНÆГÆН»

*Д-ы П-н*

Æххуыс дын кæнын æз, æххуыс!» –
Мæнæн ды фидарæй зæгъыс.
Æмбал, мæн де ‘фхæрын нæ фæнды,
Фæлæ мæ бахудтæй æмбар:
Кæд ис æххуыс кæнын дæ зæрды,
Уæд курын, – ма иу мæ хъыгдар!

## **ИУ ÆРЫГОН ПОЭТÆН**

*(Чи у, уый йæ йæхæдæг æмбары)*

Раджыма раджы,
Уымæн, æмбæлттæ
Бирæты руаджы
Чиныг фæцæттæ

## **ЙÆХИ КЪОСТАИМÆ ЧИ АБАРСТА, АХÆМ ПОЭТÆН**

Цы уæлдай и Къоста æмæ дæуæй?
Æмбарыс ды, æз дæр æмбарын:
Къостамæ иу цауд фыст дæр нæй,
Дæумæ та иу хорз фыст дæр н’арын.

## «ÆЗ ПОЭТ ДÆН...»

Æз поэт дæн!
Æз Нафи дæн! –
Джусойы фырт загъта, –
Диссаг у мæнæн мæ фидæн,
Чи стут, чи, сымах та?»

## Т. ЕФИМЦОВÆН

Широка и глубока
Камбилеевка река.
*Т. Ефимцов*

О, федтон уыцы дон æз дæр,
Мæ зæрдæ барухс ис йæ цыдæй.
Нæу арф, уæрæх, фæлæ уæддæр
Уый арфдæр у дæ уæлæнгай хъуыдытæй.

## БЕСАТЫ ТАЗЕЙÆН

Нæ фыссæг фæрынчын,
Уый дохтырмæ ластой,
Фыртыхстæй нæ зыдта йæхи дæр.
«Цы кодта? Цы 'рцыди?» –
Йæ ласджыты фарстой. –
Йæ ныхмæ, дам, радзырдта чидæр!

## ДЗАНАЙТЫ СЕРГЕЙÆН

Фæдзырдта махæн не 'мбырды хъæрæй
Æнæхудгæйæ Дзанайы фырт дысон,
Æз, дам, романтæ цалынмæ ныффыссон,
Уæдмæ, дам, мын æнæ фæцæргæ нæй.
Æмæ заманты ивдзысты замантæ
Уыдзæни райсом абонæй хуыздæр,
Сергей та – хин, нæ ныффысдзæн романтæ –
Æмæ фæцæрдзæн алкæмæй фылдæр.



Геор — Цæгирпедтехникумы ахуыргæнинаг ( фыццаг рæнхъы рахизырдыгæй фыццаг). Æртыккаг рæнхъы галиуырдыгæй фыццаг — Мамсыраты Дæбе, цыппæрæм рæнхъы рахизырдыгæй фыццаг — Плиты Грис.



*Галиуырдыгæй рахизырдæм: Кучиты Агуыбе, Цæгæраты Максим, Хъайтыхъты Геор, Николай Тихонов, Хъæбæлоты Билар, Плиты Грис, Тæбæхсæуты Бало Отеллойы ролы.*



Давид Кугультинов, Хъайтыхъты Геор æмæ Алим Кешоков.

## КАСТИ ЦОБЕ ДАЛЫСТÆМ

Касти Цобе далыстæм.
Загъта: «Бирæ нал ыстæм...»

## ИРОН ТЕАТРЫ

*Хъ. С.*

Разындысты аивæй нæ хæхтæ
Уади дон нæ арф комы бынæй...
Алырдыгæй хъуыстысты гæрæхтæ –
Ома адæм ма кæной фынæй!..

## ФÆХЪАЛГОМАУ НÆ ЦЫППУ

Фæхъалгомау нæ Цыппу, –
Фæдары сæр бæрзонд.
Цæмæн у даргъ йæ дзыкку? –
Хæрз цыбыр у йæ зонд!

## ДЗИУ

*Дж. Ф н*

Уый та чи у? – Уый та циу? –
Гогыз, бабыз æви цъиу? –
Афарста кæйдæрты Дзиу,
Леонардо нæу, да Винчи!..»

Дзиу йæхæдæг чи у?– Ничи!

*Хъылысбиты Давидæн*

Фыссæг к' уаид нæ Давид,
Уæд уацмыстæ нæ давид!

## АБЫРÆГÆН

*А. Ф æн*

Æмдзæвгæ ныффыстон æз абон,
Йæ бынмæ та афыстон: «Брис».
– Цæмæн? – кодтой ме ‘мбæлттæ дис.
Уæддæр та йæ адавдзæн, – загътон.

## СЫМСЫМÆГ

Сымсымæг хъаст кодта мæнæй,
Дæумæ, дам, хорз æмдзæвгæ нæй!

Сердже йæм худгæйæ дзырдта:
«Ды дзы кæй давыс, уыдон та?»

## БÆППИ

«Бæппи кæм кусы?» – афтæ фæрсæн нæй.
Ис бафæрсæн: «Цы ран кæны фынæй?»

## ÆВДУЛ

Уынд æмæ кондæй
Æййаф Æвдулы!
Фæлæ йæ зондæй
Хæрæг нымбулы!

## ХАБОСЫ ХУЫНД

Уыд дзы фыс æргæвст, ноджы уæныг дæр.
Дзаг фынгтæй алы сæн зынд…
Йе сфæлдыстадæй бирæ хъæздыгдæр
Рауад Хабосæн йæ хуынд.

## ТÆППУД ХЪАМБОЛ

Къоста фæцыди
Хохæй тохмæ
Хæцыд, нæ фæтарсти мæлæтæй!
Хъамбол фæлыгъди
Тохæй хохмæ
Хæдзар дзы сарæзта лæгæтæй!

## ИУ ЭКОНОМИСТÆН

*Р. Ф æн*

Экономисты
Рафаудтой адæм:
«Йе кæнæм исты,
Йе æнцад бадæм!»

## ДАВДЖЫТЫ ДУГЪ

Давджытæ уадысты, давджытæ дугъы,
Давджытæй алчи ехс дардта йæ къухы.
Хæрды сæ ничи фæллади, –
Разæй Гæбисы бæх уади.

## ГÆБУЛ НÆ КУЫВДЫ

Гæбул нæ куывды иумæ дæр нæ хъуыста,
Фæлæ æвæрдта фаутæ радгай махыл.
Арахъхъ сыкъайæ асты бæрц фæнызта
Æмæ сыкъайау нал лæууыд йæ къахыл.

## ДЗАНДАР

Стъолы фарсмæ сбадт сæрдарæй, –
Уайтæккæ фæхъал и.
Адæм раст зæгъынц Дзандарæй:
«Уыцы ран лæг нал и!..

## «АДÆМЫ ХЪÆР» НЫФФЫССÆГÆН

Чидæр фаудта не ‘мбалы
Адæмы ‘хсæн ауалдзæг:
Адæмы хъæр не ‘мбары
«Адæмы хъæр» рауадзæг.

## ИРОН ÆМБИСОНДЫ ТЫХХÆЙ

*Г. М æн*

Гайлаг рæуæдæй бæрæг у, æмбал,
Гъемæ дæуæй дæр куы рауади гал.

## ÆДЗÆСТУАРЗОН

*П.Г.*

Уынджы мæ афарста абон:
«Радзур, кæм кусыс, куыдтæ дæ –
«Ницы мæ риссы» йын загътон, –
Уадз æмæ рисса йæ зæрдæ

ГОДЖЫЦАТЫ *Нелли*

*Райгуырди Хуссар Ирыстоны, Хъларсы хъæуы зæхкусæджы хæдзары Ирон æмæ уырыссаг æвзаг стæй литературæйы ахуыргæнæджы дæсныйад райста Дзæуджыхъæуы 1995азы.*
*Æмдзæвгæтæ фыссын райдыдта дæсаздзыдæй. 1991 азы Цхинвалы рацыд йе 'мдзæвгæты чиныг «Ирон зæрдæ».*

# НЫФСЫ МÆСЫГ

## ЦÆЙ ЗЫН У ЦАРД

Цæй зын у цард, фыдæбон æмæ маст,
Нæ бон æрвитæм удуæлдайæ тохы.
Зæххон сагъæстæй лæг куы уа фыдохы,
Хуыцауы раз уæд чи уыдзæни раст.

Куы ахуыссы нæ царды рухсы тын,
Æвæгæс фыстау аззайæм дзæгъæлæй.
Фæстæмæ махыл раздæхын æмбæлы,
Æмбæлы ныл нæ азымыл сæттын.

Цæуын хъæуы мах дард фæндагыл ног.
Хъæуы – æууæнкджын уæм дунейы тары.
Хуыцау нæ уым йæ раст барæнтыл бары,
Хъæуы, цæмæй уым ма разынæм рог.

## НЫФСЫ МÆСЫГ

Мæ мæгуыр Ирыстон, дæ зынтæн фæраз, –
Лæууы ма дæ ныфсы мæсыг!
Кæд искуы фæуаид дæ царды фыдаз,
Æрсысид дæ чызджы цæссыг.

Цæмæй дæм фæкæсон, цæй зиу ис мæнæй,
Тæппудау фæлыгътæн дæ дард.
Æрмæст дыл узæлын мæ уды фæрнæй,
Æмæ дыл нывæндын мæ зард.

Мæ уарзон Ирыстон, дæ «Арфæйы дзырд»
Дзæгъæлæй нæ ныууадздзæн дæу.
Æрцыди уæларвæй дæ Хуыцауы Фырт,
Дæ фидæн æнæУымæй нæу.

Мæ мæгуыр Ирыстон, дæ зынтæн фæраз, –
Лæууы ма дæ ныфсы мæсыг!
Кæд искуы фæуаид дæ царды фыдаз,
Æрсысид дæ чызджы цæссыг.

## ТÆППУД У ЗÆРДÆ

Зæххыл цагъар цæмæн нæ вæййы лæг –
Мæнг хуыцæуттæн, зæххон кад æмæ исæн.
Мæрдон дунейы амондмæ бæллæг –
Ныфсы мæсгуытæ амайы йæхицæн.

Тæппуд у зæрдæ, амондæн æлхæд.
Тæрсы дунейы стыр адæмы кадæй.
Æмбулы сæ хæрзиуджытæй, лæггадæй,
Вæййы йæ уд та тухæнтæй æлгъæд.

Нæ базоны сæрибарæн йæ ад,
Нæ райсы цин рæубазыр мæргъты зардæй.
Цæры, мæгуыр, фæллад æмæ æнкъардæй.

Нæ бамбары, зæххон царды фыдад
Куы цæуы ууыл хин æмæ мæнгардæй, –
Æрвон хъæлæс æм дзуры уæд æнцад.

## СКУВ

Ма дзур – цардæй мæлæт у хуыздæр,
Ма уадз тары æрбатыхсын рухсыл.
А дунейы цы фенай æвзæр –
Рох уыдзæни уæларвон æнусы.

Акæс, арвыл куыд акъул и мæй,

Уый дæ къæхтæн бæрзондæй цырагъ у.
Ма кал уа ‘гæр дæ цæссыгты зæй,
Зон æй, уыдонæй иу дæр зынаргъ у.

Райсгæ царды æнусон лæвар –
(А дунейыл нæ фаг кæны амонд) –
Рох дæ ма уæд, дæ зæрдыл æй дар:
Рухсмæ фæндаг дæ адæмæн амон.

Мæргътæ самайынц диссаджы зард,
Кæд дæ зæрдæ ысцух уаид мастæй.
О, цæмæн дæ, мæ хæлар, æнкъард?
Мæнæ фæндыр æрлæууыд йæ хъазтæй.

Райс дæ фæндыр, кæй фæкодтай рох,
Самон зарæг дæ уæндон хъæлæсæй.
Æмæ фесæфа уды фыдæх –
Ды сæрибар уай дунейы хæсæй.

Райсом ногæй куы райтауа хур
Бур зæрин тынтæ ногæхсад зæххыл –
Скув: Хуыцау, Ды мæ зынтæ фæсур,
Ратт уæлахиз дунейы фыдæхыл.

## ДУНЕ НÆ УАРЗЫ МÆН

Нæ уарзы дуне мæн. Æмæ кæй уарзы!
Кæцæй йæм ис хъæбул уарзаг зæрдæ!
Йæ маргæвзаг рæвдауынмæ нæ тасы,
Фæлæ йæм æз уæддæр тæргай нæ дæн.

Нæ дæн йæ хъæбул æз, æмæ мæ надта,
Мæ цæссыг иу цыхцырæгау мызти.
Цы мæ хъуыди – æрдæг дæр мын нæ радта,
Куыд дын зæгъон, йæ зæрдæ мыл рысти?

Кæрон нæ уыд йæ загъд æмæ йæ хылæн,
Цæмæй зыдта, кæй хъæуы уды уарзт,
Фæлæ цы уыд, уый нал бæззы зæгъынæн,
Мæнæй йын – барст.

Нæ уарзы дуне мæн. Æмæ кæй уарзы!
Кæцæй йæм ис хъæбулуарзаг зæрдæ!
Йæ маргæвзаг рæвдауынмæ нæ тасы,
Фæлæ йæм æз уæддæр тæргай нæ дæн.

## КÆЙ УАРЗЫН ÆЗ

Кæй уарзын æз мæ цардæй дæр фылдæр,
Уый уарзы мæн, мæ рыст дæр мын æмбары.
Уый зоны номæй мæн, æмæ æз дæр
Мæ зæрдæджы Йæ сыгъдæг ном ыссарын.

Кæй уарзын æз, Уый мемæ ис æдзух,
Уæззау дуджы Уый агурын нæ хъæуы.
Æнкъарын æз Йæ рыст армы мæ къух,
Йæ рыст къæхтæй мæ хæдразæй фæцæуы.

Кæй уарзын æз, ныббар мæнæн, ныббар –
Зæххон царды фæрæдийын, фæцудын.
Æз аразын, цы нæ мын вæййы бар,
Дунейы цардмæ бакæнын тæхуды.

Кæй уарзын æз – уынын Йæ цæсты зул,
Фæлæ уæддæр мæн Йе 'нгасæй рæвдауы.
Æз Уымæн дæн æгоммæгæс хъæбул,
Фæлæ Йæ зæрдæ чи зоны Хуыцауæн?

Кæй уарзын æз мæ цардæй дæр фылдæр,
Уый уарзы мæн, мæ рыст дæр мын æмбары.
Уый зоны номæй мæн, æмæ æз дæр
Мæ зæрдæджы Йæ сыгъдæг ном ыссарын.

# <u>ТÆЛМАЦТÆ</u>

*Ханс Иоахим* **ШЕДЛИХ**

## РАТТ ЫН ÆВЗАДЖЫ ХОРЗÆХ

*Æмбисæндтæфыссæг Эзопы*
*цард æмæ мæлæт*

*Ханс Иоахим Шедлих райгуырди 1935 азы Саксонийы (хуссар скæсæн Герман), у лингвист, куыста Наукæты академийы. Прозæ фыссын райдыдта 1969 азы Поэт диссидент Вольф Бирманы сæрыл кæй сдзырдта, уый тыххæй йæ ГДР йы хицауад Академийæ ратардтой æмæ йæ арвыстой Ныгуылæн Германмæ.*

*Шедлих у цалдæр романы автор. Царды аиппытæ арæх февдисы фæсномыгæй – Эзопы æвзагæй Рагон грекъаг æмбисæндтæфыссæг Эзопы (нæ эрæйы агъоммæ VI æнус) царды хабæрттæм дæр, æвæццæгæн, йæ хъус уымæн æрдардта. Эзопы царды цаутæ раджы фыст æрцыдысты. Шедлих дæр йæ уацмыс оригиналон нæ хоны, разныхасы ныффыста: тексты бындуры ис, Гюнтер Пётке грекъаг æвзагæй немыцагмæ кæй раивта, уыцы таурæгъ (Лейпциг,*

*Уацмыс уырыссагау рацыд журнал «Иностранная литература» йы (2001, № 6), Ирон æвзагмæ йæ раивта БЕС УÆГЪУЫР.*

ЭЗОП уыд æнæдæндаг æмæ зылындзаст. Дзургæ дзурыны йын йæ ныхæстæ зынтæй бамбæрстаис, йæ къубал иу уæлæмæ сивæзта. Йæ фындз – тъæпæнгомау, йæ буар – тар æмæ гам. Йæ гуыбын иу йæ хæлафы комдæлы сæрты æддæмæ рафæлдæхти. Уыди зылынкъах, йæ галиу къух рахизæй цыбырдæр. Иуæй иуты ныхæстæм гæсгæ та, рахиз уыди къаддæр

ЭЗОП цагъар сахары ницы хъуыддагæн бæззыд, æмæ йæ йæ хицау быдыры куыстытыл бафтыдта.

ИУАХÆМЫ Эзоп ауыдта: хицауæн йæ кусджытæй иу æрбахаста донджын фигæтæ æмæ загъта:

– Фен ма сæ, мæ хицау, нырма сæ ныр æртыдтон.

Хицау ын дзуапп радта:

– Иттæг хорз, Агафопод. Ныртæккæ мæхи цынайдзынæн, ходæн скæндзынæн, стæй мын иу уыцы замманай фигæтæй рахæсс.

Уæдæ ныр аходæнафон у, загъта йæхицæн Эзоп. Йæ куыст ныууагъта æмæ хæдзармæ бацыд. Æваст йæ цæст ацахста, Агафопод фигæтæй иу куыд фелвæста æмæ йæ йæ дзыхы куыд баппæрста, уый. Йæхæдæг иннæ лæггадгæнæгмæ дзуры:

– Иууылдæр сæ бæргæ ахæрин, фæлæ нæ уæндын.

Уæд ын иннæ лæггадгæнæг афтæ

– Кæд мын дзы авæрдзынæ, уæд дын бацамондзынæн, куыд кæнын хъæуы, уый.

– Цæй ма бацамон мын.

– Дыууæйæ сæ бахæрдзыстæм, стæй сæ Эзопы æфсон фæкæндзыстæм.

Æрбадтысты дыууæ лæджы, æмæ уайсахат фигæтæй ницыуал аззади.

Уæдмæ хицау йæхи цынадта, аходæн бахордта æмæ дзуры Агафоподмæ

– Кæм ысты дæ фигæтæ, рахæсс ма сæ

Агафопод йе ‘рфгуытæ фелхынцъ кодта æмæ æнкъардæй афтæ

– Эзоп сæ бахордта.

Хицау фестъæлфыд:

– Уый та куыд? Ардæм ма йæ ракæн!

Эзопы æрбакодтой, æмæ йыл хицау уыциу тъæлланг фæласта:

– Æнаккаг! Куыд бауæндыдтæ мæ фигæтæм бавналын?!

Эзопæй иу ныхас дæр не схауди. Куы йæ фæнæмой, уымæй тæрсгæйæ йæ уæрджытыл æрхауд æмæ, цыма йе ‘взаг аныхъуырдта, уыйау тыхтæ амæлттæй сфæрæзта:

– Иучысыл мæ сулæфын бауадз!

Хицау æй йæхи бар ныууагъта.

Эзоп афтид дурын райста æмæ хæринаггæнæгæй ракуырдта, цæмæй йын дзы хъарм дон ныккæна. Стæй йæ разы хъæзын къус сæвæрдта, хъарм дон анызта æмæ йæ дыууæ æнгуылдзы йæ дзыхы фæцавта. Æмæ Эзопы хъæлæсæй скалд æрмæстдæр дон.

Хицау дисæй амард, Агафопод æмæ иннæ лæггадгæнæгмæ дзуры:

– Гъа ма, сымах дæр дон баназут!

Дыккаг лæггадгæнæг Агафоподæн йæ хъусы бадзырдта:

– Дон иу ныхъуыргæ ма акæн, стæй иу де ‘нгуылдзтæ рустæм сараз æмæ дон ракал.

Фæлæ хъарм донæй сæ зæрдæтæ схæццæ сты, æмæ фигæтае сæ ахсæнæй къусмæ ракалдысты.

Хицау загъта:

– Уе ‘ппæт дæр мæ асайдтат!

Агафопод æмæ иннæ лæггадгæнæджы сау над фæкодтой.

ДЫККАГ БОН хицау æрбаздæхти сахармæ

ЭЗОП куыста быдыры. Æмæ дын æваст йæ уæлхъус усхуыцау Исидæйы минæвар куы алæууид; Эзопы кусгæйæ федта æмæ йæм дзуры:

– Хорз лæг, дæхицæн удыбæстæ скæн æмæ мын сахармæ фæндаг бацамон – фæдзæгъæл дæн.

Эзоп æм скаст æмæ афтæ банхъæлдта, цыма йæ уæлхъус хуыцау лæууы. Йæ цуры йæ зонгуытыл æрхауд, æмæ дзы тыхтæ фыдтæй сирвæзтис:

– Ардæм кæцæй æрбахаудтæ

Сылгоймаг бамбæрста, Эзоп ын йæ ныхæстæ кæй фехъуыста, фæлæ нывыл дзуапп раттын йæ бон кæй нæу. Æмæ загъта:

– Ацы ран фыццаг хатт дæн.

Эзоп сыстади, сылгоймаджы къухыл ныххæцыд æмæ йæ хъæды кæронмæ акодта. Уым йæ кæрдæйнаг хæдоны дзыппæй systa дзулы къæбæр æмæ йæм æй бадардта. Стæй быдырæй ногтынд халсартæ æрбахаста. Уазæг куы бахордта, уæд ын Эзоп суадон бацамыдта. Сылгоймаг цæстысыджы хуызæн донæй банызта, арфæ ракодта æмæ ма йæ иу хатт бафарста, фæндагмæ кæуылты рахизгæ у, зæгъгæ. Эзоп та йæ разæй рараст æмæ йæ стыр фæндагмæ рахуыдта.

Æмæ дарддæр йæ куыст кодта.

Сылгоймаг фæндагмæ куы рахызт, уæд йæ къухтæ уæлæмæ систа æмæ скуывта:

– Табу дын уæд, нæ Дунейы сæр Исидæ! Ацы хæларзæрдæ цагъар де уазæг, баххуыс ын кæн! Дæ хъомысæй талынг къуымтæ дæр срухс вæййынц! Ратт ын æвзаг æмæ дзурыны хъомыс!

Уæдмæ сæнтæф, æмæ Эзоп йæхинымæры загъта: «Сихорафон у æмæ иучысыл мæ фæллад суадзон». Бæласы бын аууоны йæхи æруагъта æмæ афынæй. Йæ алыварс кæрдæг цъæх цъæхид дардта, дидинджытæ сæ сæртæй куывтой. Æввахс кæцæйдæр хъуысти чысыл цæугæдоны уынæр. Цъырцъырæгты уасын æмæ цъиуты цъыбар цъыбур зæрдæйæн цыдæр æхсызгондзинад хастой.

Раст уыцы сахат усхуыцау Исидæ, Музæтæ йæ алыварс, афтæмæй йæ цуры æрлæууыд æмæ йæм дзуры:

– Кæсут ма, мæ чызджытæ, ацы лæгмæ. Кæд сахъат у, гуылмызтæ у, уæддæр табу кæны хуыцæуттæн. Мæ минæварæн дæр фæндаг ай бацамыдта. Æмæ мæн афтæ фæнды, цæмæй ацы лæг амæй фæстæмæ дзыхы хорзæхæй хайджын уа.

Исидæ схос кодта лæгæн, радта йын сæрибарæй дзурыны хъомыс, Музæтæ та йын æмбисæндтæ фыссыны курдиат радтой.

Эзоп райхъал æмæ дисæй амард: йæ алыварс цыдæриддæр уыд – алцæй ном дæр дзырдта æнæ къæзгæйæ

– Рувæн, хæдон, быдыр, бæлас. Музæтæй ард хæрын, сæрибарæй дзурын базыдтон!

Йæ рувæн фелвæста æмæ зæрдæргъæвдæй кусын байдыдта.

Цасдæр рæстæджы фæстæ быдырмæ æрбацыди цæстдарæг Зенас.

Куыст йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ иу цагъарæн йæ фæсонтæ лæдзæгæй ныццавта.

Эзоп йæхи нæ баурæдта æмæ дзуры Зенасмæ

– Æнаххос адæймаджы ныццæвын куыд бауæндыдтæ Æндæр исчи ма куы уыдаид, фæлæ ды дæ ныфс куыд бахастай? Цъаммар æмæ æнаккаг кæй дæ, уый дæ цæсгомыл фыст у, фæлæ дын «ма кæ» зæгъæг нæй!

Зенасæн фыртарстæй йæ уд ауади. Хъуыдытæ талф тулфæй йæ сæры схъомпал ысты: «Циу, цы хабар у? Эзоп дзыхæй ысдзырдта! Ныры онг йæ дзых гуыдырæхгæд уыди, ныр та йæм кæсыс, канд дзургæ нæ кæны, фæлæ ма мын алывыд дæр акалдта. Æмæ ацы сахат, йæ тæккæ цæфыл, исты мадзал куынæ ссарон, уæд, цынæ вæййы, чи зоны, мæ бынатæй дæр фæхауон».

Зенас бæхмæ йæхи баппæрста æмæ цыппæрвадæй сахармæ ныццавта. Хæстулæфтгæнгæ йæ хицауы цур алæууыди.

– Ме ‘лдар, – ныхъхъæр ласта Зенас, фæлæ йын хицау йæ ныхас фескъуыдта:

– Цы хабар у, Зенас?

Цæстдарæг иуцасдæр йæ чемы æрцыди, стæй афтæ

– Ǽнахуыр диссаг!

– Бæлæстыл æмгъуыдæй раздæр дыргътæ зайын байдыдта, æви нæ хъугæн сывæллон райгуырди?

– Нæ, ме ‘лдар.

– Уæдæ уадиссагæй цы ‘рцыди? Рæвдздæр дзур!

– Эзоп... Уыцы зылынкъах... Уыцы гуыбынджын...

– Цы кодта? Лæппу ныййардта, мыййаг?

– Нæ. Иннæты хуызæн дзурын райдыдта.

– Ǽмæ цы? Уый тыххæй афтæ скатай дæ

– Уæдæ

– Диссагæй дзы цы ис? Хуыцæуттæ йын йе ‘взаг айстой, ныр та йын æй ногæй радтой!

– О, фæлæ йын цы дзыхыуаг ис, уый та! Дæу дæр æмæ мæн дæр фыдæлгъысты хай бакодта.

– Афтæ у? Гъемæ йæ ауæй кæн.

– Хъазгæ кæныс, ме ‘лдар? Ǽви куыд цæнкуылтæ гуылмызтæ у, уый дæ рох фæци? Уыцы нард хуыйы чи балхæндзæн?

– Искæмæн æй лæвар ратт! Кæд æй ничи кома, уæд та йæ фырнадæй амар!

Зенас йæ бæхыл сбадт æмæ фæстæмæ раздæхт, йæхицæн дзуры: «Марын æй нæ хъæуы, фæлтау æй ауæй кæндзынæн».

Фæндагыл цагъартæй базаргæнæгыл амбæлд æмæ цины хъæр фæласта:

– Офелион, сæудæджерты зондджындæр, Хуыцауы арфæ дæ уæд!

– Зенас, цæстдарджыты зондджындæр, дæ хъуыддаг раст. Хъус ма, уаргъхæссæн хайуан мын æфстау нæ авæрдзынæ Йе та мын хæрæг кæнæ æндæр исты рауæй кæн.

– Нæ, хайуан мæм нæй, фæлæ дын цагъар асламыл ауæй кæндзынæн, кæд дæ хъæуы, уæд.

Хъæуыйæ та ма мæ цы фæрсыс? Цагъартæ æлхæнын æмæ уæй кæнын мæ куыст нæу!

– Цом уæдæ мемæ – загъта Зенас, – мæнæ ам æввахс и.

Кæртмæ куы бахызтысты, уæд Зенас цагъартæй иуæн афтæ

– Быдырмæ ма ауай æмæ Эзопы ардæм æрбакæн.

Цагъар Эзопмæ азгъордта æмæ йын загъта:

– Эзоп, дæ рувæн аппар æмæ мæ фæдыл рараст у, хицау дæ агуры.

Эзоп рувæны хæцæныл æрæнцой кодта æмæ фæрсы:

– Ме ‘цæг хицау æви цæстдарæг?

– Дзæнгæда ма цы цæгъдыс? – рамæсты цагъар. – Цом, зæгъгæ, дæм нæ дзурын!

Эзоп йæ рувæн аппæрста æмæ арф ныуулæфыд:

– Æлгъыст фæуæд цагъары къæлæт! «Эзоп, ай бакæн, Эзоп, уый бакæн». Цыфæнды æлгъаг, цыфæнды æдылы куы уа, уæддæр ын «нæ» зæгъын дæ бон ма уæд! Æлдар куыддæр ардæм æрбацæуа, афтæ йын ацы цъаммар цæстдарæджы митæ æнæ радзургæ нæй. Кæд æй феддæдуар кæнид. Хорз, цом. Нырма уал цæстдарæгмæ дæр æнæ хъусгæ нæй.

Кæртмæ куы бацыдысты, уæд Зенас дзуры базаргæнæгмæ

– Æрбакæс ма йæм, Офелион.

Офелион Эзопмæ æдзынæг ныккасти, цыма йæ разы цæхæрадоны чындз лæууыди, стæй загъта:

– Ай адæймаг у? Зенас, ардæм маймулитæ уынæг æрбацыдтæн мыййаг? – йæхæдæг фæзылд æмæ фæцæйцыди. Фæлæ йын Эзоп йæ къухыл фæхæцыд æмæ йын афтæ

– Байхъус ма мæм!

– Цы дæ хъæуы! – рамæсты Офелион. – Суадз мын мæ къух æмæ мæ цурæй фесæф!

– Ардæм цæмæ ‘рбацыдтæ  – бафарста йæ Эзоп.

– Дæу балхæнын уыди мæ зæрды.

– Уæдæ ма каст цæмæ у?

– Ахъуытты у, зæгъын, мæ цурæй! Дæу хуызæнæй цы аразын!

– Балхæн мæ! Бабæздзынæн дын.

– Цы хъуыддагæн?

– Кæд, мыййаг, дæ цагъарты ‘хсæн сабитæ дæр ис, æвæгæсæг чи у, ахæмтæ. Сæ цуры мæ слæууын кæн æмæ æмризæджы риздзысты мæнæй тæрсгæйæ

– Уымæй хуыздæр ницы æрхъуыды кодтай? – загъта Офелион, стæй Зенасы афарста: – Цас дæ хъæуы ацы быдыргъы тыххæй?

Зенас ын дзуапп радта

– Æри, цы дæттыс, уый.

Базаргæнæг Зенасы къухы цыдæр капеччытæ фæсагъта, æмæ хъуыддаг ууыл ахицæн.

БАЗАРГÆНÆГ Эзопы æрбаласта сахармæ. Офелионы хæдзары сыл хæрхæмбæлд фесты дыууæ сывæллоны – цагъайрæгты цот. Куыддæр Эзопы ауыдтой, афтæ

ныхъхъыллистытæ ластой æмæ лидзæг фесты. Эзоп Офелионмæ дзуры:

– Нæ дын загътон, сабитæ мæ уындæй æмризæджы риздзысты, зæгъгæ

Офелион ын исты дзуапп радта, уый йæ сæрмæ не 'рхаста, æрмæст ын уæттæй иумæ ацамыдта æмæ йын загъта:

– Уæртæ уым де 'мхуызæттæ бадынц, марадз, салам сын ратт.

Эзоп уатмæ бахызт æмæ дзы ауыдта цагъарты къорд, сæ иуæй иннæ хæрзконддæр, уындджындæр.

– Фарн уæ бынаты æмæ уæ бон хорз. Кæд уындæй хæйрæгимæ ивддзæгтæ кæнын, уæддæр сымах хуызæн цагъар дæн.

Уæд ын цагъартæй иу афтæ

– Немезидæйыстæн, нæ йæ 'мбарын, нæ хицау ацы маммыл кæм фæхæст и... Стæй йæ цæмæн бахъуыди?

Дыккаг цагъар æм йæ ныхас баппæрста:

– Цæмæн æй бахъуыд, уый æз зонын.

– Цæмæн, цæ – афарста æртыккаг.

Цагъар ын дзуапп радта:

– Ахудыны тыххæй, æндæр цæмæн.

Уæдмæ Офелион æрбахызт æмæ загъта:

– Хъуыддаг афтæ у: уаргъхæссæн хайуаныл нæ фæхæст дæн. Гъемæ уæ хъару æмæ уæхæдæг. Райсом араст уыдзыстæм Азимæ

Цагъартæ хицауы уæргътæ се 'хсæн уарын байдыдтой. Эзоп сæм дзуры:

– Сымах хуызæн стыр хъаруйы хицау нæ дæн, уый уынут. Гъемæ мын иу, рогдæр цы уа, ахæм исты баппарут ме 'ккой.

Уæд ын цагъартæй иу афтæ

– Дæу æппындæр нæ батыхсын кæндзыстæм.

Эзоп ын ахæм дзуапп радта:

– Бузныг, фæлæ уый мæ фарсы тæнæгæй фæуыдзæни. Хи цау зæгъдзæни: мæ цагъартæ иууылдæр сæ удæй арт цæгъдынц, ай та йæхи фæтылиф кæныныл архайы.

Иннæ цагъар æм нал фæлæууыди:

– Кæс ма йæм, кæс, йе 'взаджы бæттæнтæ куыд суагъта!

– Цы фæразыс, ахæм уаргъ равзар дæхицæн, – загъта фыццаг цагъар Эзопæн.

Эзоп уæргътыл йæ цæст ахаста. Чырын, голджытæ Хъамылæй быд ерджентæ, дурынтæ. Стæй ауыдта, дзултæй

цъуппамад чи уыд, ахæм чыргъæд – хъуамæ йæ цыппар цагъары хастаиккой. Эзоп дзуры йе ‘мбæлттæм:

– Мæнæ ма мын ацы чыргъæд ме ‘ккоймæ сисут.

Цагъартæ йыл сæхи худæгæй схастой. Сæ иу ма афтæ дæр загъта:

– Ай цы мæрддаг у! Рогдæр уаргъ агуырдта, афтæмæй тæккæ уæззаудæр равзæрста.

Уæд иннæ цагъар афтæ

– Бынтон æдылы йæ ма ‘нхъæлут. Махæй йæ фылдæр дзул бахæрын фæнды. Уадз æй æмæ хæсса ацы чыргъæд!

Цыппар цагъары чыргъæд систой æмæ йæ Эзопы æккой скодтой. Эзопы ахауынмæ бирæ нал бахъуыди, фæлæ уæддæр тыхтæ фыдтæй, цудтытæгæнгæ араст. Офелион дисæй куыннæ амардаид:

– Кæсуг ма Эзопмæ, тъангыскъуыд кæндзæни. Хæрæг дæр зынтæй афæраздзæн ахæм уаргъ. Дзæгъæлæлхæд мын нæ фæци.

Иннæ цагъартæ къæйттæ къæйттæ фесты, афтæмæй хастой иугай уæргътæ. Эзопыл худтысты, хынджылæг дзы кодтой. Уымæн та йæ сæры иунæг хъуыды уыди: ме ‘мбæлттæй фæстæдæр ма баззайон. Æппынфæстаг фыдвæллад цагъартæ иу хæрæндонмæ бахæццæ сты.

Базаргæнæг загъта:

– Эзоп, байуар дæ дзултæ – дыууæ лæгæн иу дзул.

Чыргъæд уайсахат бардæг. Бæлццæттæ сихор скодтой æмæ дарддæр араст ысты. Цагъартæн иу се ‘ргъæмтты уæзæй сæ къæхтæ фæтасыдысты, Эзоп та раздæрæй ныфсхастдæр къахдзæфтæ кодта. Сахаты фæстæ бахæццæ сты дыккаг хæрæндонмæ. Эзоп та цагъартæн дзултæ байуæрста. Чыргъæд сафтид. Эзоп æй рогæн фелвæста йе уæхскмæ æмæ иннæты разæй фæраст, уайтæккæ адард. Уæд цагъартæй иу афтæ

– Уæртæ æддиау, нæ разæй чи цæуы, уый та чи у? Æцæгæлон исчи?

Иннæ цагъар ын дзуапп радта:

– Цæй æцæгæлон? Уый нæ зылынкъах у.

Уæд фыццаг цагъар загъта:

– Хæйрæджы æфтыддаг цыдæр у! Зæххы хин æмæ арвы кæлæн!

– Раст зæгъыс, – сразы дыккаг цагъар, – мукъуйæ дзы амонд нæ фæци, фæлæ йæ къоппа кусы.

Цагъарты чырæ цыд æмæ цыд. Æппынфæстаг бахæццæ Эфесмæ. Офелион ам йæ цагъарты ауæй кодта, æрмæст ма

йын дзы ӕртӕ баззад: ӕндӕр ӕвзӕгты ахуыргӕнӕг, хъисфӕндырӕй цӕгъдӕг ӕмӕ Эзоп. Офелион сӕ цы аргъыл уӕй кодта, уымӕй сӕ ничи иста.

Уӕд базаргӕнӕгӕн йе 'мбӕлттӕй иу афтӕ зӕгъы:

– Кӕд сӕ хорз аргъыл ауӕй кӕнын дӕ зӕрды ис, уӕд Самосы сакъадахмӕ ацу. Уым бонджын адӕм – хӕрх. Стӕй философ Ксанф дӕр уым цӕры, бирӕ ахуыргӕнинӕгтӕ йын ис. Ахуыргӕнӕджы уым исчи балхӕндзӕн. Уӕдӕ музыкант кӕй хъӕуы, ахӕм дӕр дзы разындзӕн. А Эзоп дын, ӕвӕццӕгӕн, зынтӕй ауӕй уыдзӕни, фӕлӕ – цынӕ вӕййы – бафӕлвар, дуаргӕсӕн кӕнӕ ӕфсапъӕйӕн уӕддӕр сбӕздзӕн.

ОФЕЛИОНӔН куыд бацамыдтой, афтӕ бакодта. Йе 'ртӕ цагъаримӕ науы сбадт ӕмӕ Самосмӕ ацыд. Ам йӕ музыканты урс хитон ӕмӕ аив тогӕйӕ сфӕлыста, йӕ сӕрыхъуынтӕ йын ныффасын кодта. Ӕвзӕгты ахуыргӕнӕгӕн Офелион радта рог, наупӕлӕзы ӕнгӕс дарӕс, йӕ зӕнгтӕ дӕр ын чи ӕмбӕрзтаид, ахӕм, уымӕн ӕмӕ йын фыдынд хӕцъӕфтӕ уыди. Уымӕн дӕр йӕ сӕрыхъуынтӕ ныффаста. Эзопыл та баппӕрста голлагӕй конд пӕлӕз, хламидӕ йӕ хуыдтой, йӕ астӕу ын балвӕстой цыдӕр хӕцъилӕй. Эзоп астӕуӕй, иннӕ дыууӕ дӕргъӕлвӕс хӕрзконд цагъары йӕ фӕйнӕфӕрсты, афтӕмӕй сӕ ӕрлӕууын кодта базары бӕстастӕу бӕрӕг ран. Фидиуӕг сӕ ӕппӕлыд, ӕмӕ адӕмӕй бирӕтӕ цагъарты цурмӕ сӕхи байстой. Ӕваст райхъуысти кӕйдӕр хъӕр:

– Бакӕсут ма уӕртӕ уыдонмӕ, саджы фисынтыл амад не сты! Фӕлӕ сӕ астӕу уый та цы у, быдыргъ? Адде йӕ кӕнут.

Эзоп змӕлгӕ дӕр нӕ фӕкодта.

Ӕнӕнхъӕлӕджы уыд, ӕви нӕ, уый уын бӕлвырдӕй нӕ зӕгъдзынӕн, фӕлӕ раст уыцы сахат цалдӕр цагъары фӕцӕйхастой лӕггуыф, бадти дзы философ Ксанфы бинойнаг. Фидиуӕджы хъӕр куы айхъуыста, уӕд цагъартӕн загъта, нӕхимӕ мӕ ахӕссут, зӕгъгӕ

– Мӕ сӕрыхицау, – дзуры Ксанфмӕ – ӕппынӕдзух дӕр мӕ фӕсдзӕуинтӕм ӕнхъӕлмӕ кӕсыс. Нӕлгоймаг цагъар нӕ балхӕнын хъӕуы. Уӕртӕ базары ныртӕккӕ цагъартӕ уӕй кӕнынц. Ацу ӕмӕ дзы дӕхицӕн иу балхӕн.

Ксанф ын загъта:

– Кӕд дӕу афтӕ фӕнды, уӕд ӕз дӕр дӕ ныхасыл дыууӕ нал зӕгъын.

Фӕлӕ уал Ксанф фыццаджыдӕр йӕ ахуыргӕнинӕгтӕм ацыд, уыдон ӕм ӕнхъӕлмӕ кастысты. Ахуыртӕ куы фесты,

уæд сæ йемæ базармæ акодта. Офелионы цагъарты куы федта, уæд афтæ

– Адон чи уæй кæны, уый хуымæтæджы базаргæнæг нæу.

Йæ ахуыргæнинæгтæй йæ иу афарста:

– Цæмæн дзы афтæ тынг æппæлыс?

– Ацы хинæйдзаг лæг дыууæ хæрзконд цагъары астæу фыдынд гуылмызы дзæгъæлы не слæууын кодта: гуылмызы фарсмæ хæрзконд ноджы тынгдæр сахады.

Ахуыргæнинæгтæ сцымыдис ысты.

– Цом ма хæстæгдæр сæм бацæуæм, – загъта Ксанф, – хъуамæ мæхицæн иу цагъар балхæнон.

Ксанф музыкантмæ йæхи хæстæг байста æмæ йæ бафарста:

– Кæцæй дæ

– Каппадокийæ

– Дæ ном цы хуыйны?

– Лигурий.

– Æмæ цæмæты арæхсыс?

– Æз? Алцæмæ дæр!

Эзоп хъæрæй ныххудти.

Ксанфы ахуыргæнинæгтæй иу Эзопмæ ацамыдта æмæ загъта:

– Бакæсут ма йæм! Мады гуыбынæй ахæм фыдынд никуыма рацыд!

Уæд иннæ афарста:

– Цымæ цæуыл худы? Сæрæй къæхтæм банкъуысти фырхудтæй!

Æртыккаг ахуыргæнинаг загъта:

– Уый фырхудтæй нæ банкъуысти, фæлæ уазалæй.

Дыккаг ахуыргæнинаг Эзопмæ йæхи хæстæг байста, йæ пæлæзыл ын æрхæцыд æмæ йæ бафарста:

– Дæ худты сæр цы у, уый ма махæн дæр бамбарын кæн?

– Фесæф мæ цурæй, денджызы сæгъ! – дзуапп ын радта Эзоп.

Ахуыргæнинаг денджызы сæгъы кой никуы фехъуыста, уымæ гæсгæ иуварс æрлæууыди.

Ксанф Офелионы бафарста:

– Лигурийы цасыл уæй кæныс?

– Мин денарийыл.

Ксанфмæ уый æгæр бирæ фæкаст æмæ ахуыргæнæджы афарста:

– Ды та кæцæй дæ

– Лидийæ

– Дæ ном та цы хуыйны?
– Филокал.
– Æмæ ды та цæмæты арæхсыс?
– Алцæмæ дæр.
– Алцæмæ дæр?
Эзоп та ныххудти.
Дыккаг ахуыргæнинаг загъта:
– Ай алцæуыл дæр худгæ кæны. Цымæ цæмæн? Ногæй та мæ денджызы сæгъ куы схона, уæддæр ын æнæ бафæрсгæ нæй.
Уæдмæ та Ксанф Офелионмæ баздæхти:
– Филокалы тыххæй цас агурыс?
– Æртæ мин денары.
Ксанф фæзылд æмæ цæуынмæ хъавыди, фæлæ йæ уыцы сахат йæ ахуыргæнинæгтæй иу бафарста:
– Ау, ацы рæсугъд цагъартæй иу дæр дæ зæрдæмæ нæ фæцыд?
– Куыннæ фæцыди, фæлæ æгæр зынаргъ ысты. Мæн хуымæтæджы лæггадгæнæг хъæуы.
Уæд ын ахуыргæнинаг афтæ
– Æмæ уартæ уыцы гуылмызы райс. Мах дæр дæм истæмæйты фæкæсдзыстæм. Райс æй. Йæ куыстмæ сарæхсдзæн.
– Уыдон та уын чердыгон ныхæстæ сты, – загъта Ксанф, – æлхæнгæ йæ æз кæнын, æхца та сымах фиддзыстут? Хъазын хъазын у, фæлæ ма дзы иу ахæм хабар ис. Не ‘фсин сыгъдæгуарзаг у, æмæ йæ хæдзармæ ахæм хæйрæджы фæтдзæгъдæны нæ бауадздзæни.
– О, фæлæ нын дæхæдæг куы дзырдтай, сылгоймагмæ хъусын нæ хъæуы, зæгъгæ
– Гъемæ хорз, ницыуал зæгъын. Фæлæ уал базонæм, цы миниуджытæ йæм ис, уый. Науæд ме ‘хца доны куы бакалон.
Ксанф Эзопырдæм раздæхт æмæ загъта:
– Цард лæгæн æнкъард кæныны тыххæй лæвæрд нæу.
– Æмæ цæмæн хъуамæ кæнон æнкъард?
Ахуыргæнинæгтæй иу фæхъæр ласта:
– Æцæг, æцæг, цæмæн хъуамæ кæна æнкъард?
Ксанф та Эзопмæ дзуры:
– Цы дæ, чи дæ
– Иннæтæ цы сты, æз дæр, уый. Туг æмæ стæгæй дæн.
– Уымæй дæ нæ фæрсын. Уыцы хуызæнæй кæцæй рацыдтæ

– Мæ мады гуыбынæй.
– Æнхъæлдæн æмæ цыдæр хъазаг лæг дæ! Дунемæ кæм рантыстæ, уымæй дæ фæрсын.
– Мæ мад мын уый тыххæй никуы ницы загъта: уаты райгуырдтæн æви искуы кæвдæсы – ницы йын зонын.
Ксанф мæсты кæнын байдыдта. Фæрсы та Эзопы:
– Цы адæмыхаттæй дæ, цы мыггаг дæ
– Æз фригиаг дæн.
– Æмæ цы хъуыддагмæ дæ дæсны?
– Æз? Иу хъуыддагмæ дæр нæ
– Уый та куыд?
– Мæнæ мæ фæйнæфарс цы дыууæ хæрзхъæды ис, уыдон мын ницыуал ныууагътой. Адон алцы дæр зонынц.
Ахуыргæнинæгтæй та иу фæхъæр ласта:
– Иттæг хорз!
– Балхæнон дæ, уый дæ фæнды? – бафарста Ксанф Эзопы.
– Хæрзаг дæхимæ исты æркастæ. Слæууыдтæ æмæ мæ хынцфарст кæныс, цыма дæу дæн æмæ мын ды цы зæгъай, уый хъуамæ кæнон. Кæд дæ хъæуын, уæд мæ балхæн. Кæд дæ нæ хъæуын, уæд та дæ фæндаг дар. Ам мемæ гæды ‘мæ мыстæй цы хъазыс?
– Къæдзæй дзы балæвæрдта нæ ахуыргæнæгмæ – кæрæдзи хъусты сусу бусу кодтой ахуыргæнинæгтæ
Ксанф та афтæ
– Балхæнин дæ, фæлæ мын мыййаг куы алидзай.
– Æмæ кæй аххос уыдзæни, куы алидзон, уæд? Дæу æви мæн?
– Дæу.
– Нæ  – загъта Эзоп, – дæу!
– Мæн?
– Дæу, уæдæ кæй! Кæд мæм хорз зилай, уæд дæм баззайдзынæн. Æвзæр цæстæй мæм кæсыс, зæгъгæ, уæд та дæм иу бон нæ, иу сахат дæр нæ, фæлæ иунæг минут дæр нæ фæлæудзынæн.
– Дæ ныхæсты апп ис, фæлæ дæ бакаст æгæр æнахъинæгон у.
– Мæ буар цы хуызæн у, уымæ кæсыны бæсты мын мæ удыконд æмæ мæ зондмæ куы ‘ркæсис.
– Зæгъ ма мын уæдæ, буар та цы у? – бафарста Ксанф.
– Хæрд æмæ сæнæй йæхи чи байдзаг кæны, æмæ йæхæдæг йæхи чи хæссы, ахæм дурын. Гъемæ афтæ дæр рауайы: дурын фыдынд у, сæн та – ахъаззаг.
Ксанф Офелионмæ баздæхти:

– Цас агурыс ацы лæджы тыххæй?

Базаргæнæг ын дзуапп радта:

– Мæ базайрæгтæ мын хынджылæггаг цы скодтай?

– Уый та дын цы ныхас у?

– Замманай цагъартыл дæ къух ауыгътай æмæ къуызыппайыл ныддæвдæг дæ! Ацы саджы фисынтыл амæдтытæй иуы райс, ай та лæвар акæн. Чъирийы уæлæ – цъупп!

Фæлæ та Ксанф ногæй афарста:

– О, фæлæ йæ уæддæр цы аргъыл дæттыс?

Офелион ын дзуапп радта.

– Æртиссæдз денарийы, стæй ма уæлæмхасæн фынддæс, йæ гуыбыныл ын цы схардз кодтон, уыдон.

Уæдмæ хъалонисджыты хъустыл æрцыди, цагъартæ кæй уæй кæнынц, уый, уайсахат уым æрбалæууыдысты æмæ уæйгæнæг чи у, стæй æлхæнæг, зæгъгæ, рафæрс бафæрстыл схæцыдысты. Офелион ницы дзырдта, цыма йæ дзыхы дон уыд, уыйау, Ксанфмæ та, фынддæс æмæ æртиссæдз денарийæ цагъар балхæдтон, зæгъгæ, афтæ зæгъын худинаг касти. Уæд Эзоп фæхъæр кодта:

– Мæн фыццаг уæй ачынди, стæй та мæ æлхæнгæ бакодтой! Фæлæ иугæр ацы хабарыл ничи сæтты, уæд, куыд уынут, мæ хæдзæрттæ, афтæмæй æз сæрибар дæн.

Æппынфæстаг Ксанф дзурын сфæрæзта:

– Æз ацы цагъары балхæдтон фынддæс æмæ æртиссæдз денарийæ

Хъалонисджытæм ахæм аргъ худæг фæкаст æмæ Ксанфæй ницыуал райстой.

Эзоп æмæ философ Ксанф йæ ахуыргæнинæгтимæ базарæй сæхи райстой.

Хур арвы астæумæ схæццæ, адæм æнтæфы удхарæй мардысты, хъæмæ та нырма бирæтæ ауайын хъуыд. Иуафон Ксанф йæ пæлæзы фæдджи схъил кодта æмæ цæугæ цæуын йæ доныхуыпп калыныл схæцыд. Эзоп ын йæ дысмæ фæлæбурдта æмæ йæм дзуры:

– Ногæй мæ ауæй кæн, намæ дын алидздзынæн.

– Эзоп, цы кодтай, цы дыл æрцыд?

– Ауæй мæ кæн, нæ дæм бафæраздзынæн кусын.

– Æвæццæгæн дын исчи мæ фыдгойтæ фæкодта, фыдлæг мæ рахуыдта. Уыдæттæм дæ хъус ма дар, хахуыртæ йеддæмæ ницы сты. Йæхæдæг чи ницы у, уый искæуыл фаутæ февæры. Хæлæгæй мæм сæ цæсты фиутæ тайынц æмæ уымæн афтæ кæнынц.

– Ничи кодта дæ фыдгой. Иууылдæр дæхи аххостæ уыдысты. Сæрибар лæг дæ, дæхæдæг дæхицæн хицау, гъемæ ма иуцасдæр бафæрæзтаис. Ды та цы бакуыстай? Цæугæ цæуын æй ауагътай, цыма дæ фæсте сырдæуыди! Уæд ма æз та цы кæнон, æвæстиатæй бакæнинаг хъуыддаг мын ме 'ккой куы баппарай, уæд? Чи зоны, афтæ дæр мын зæгъай, згъоргæ згъорын акал дæ доныхуыпп, зæгъгæ

Ксанф æй бафарста:

– Уыцы гыццыл хъуыддаджы тыххæй рафыхтæ

– Уæдæ, уæдæ

– Хур зæххыл атылди, бæстæ дзæгæрæг кæны. Куы 'рлæууон, уæд мын уыраугæ зæхх мæ дзабырты уæфстæ асудздзæн æмæ фæхуынчъытæ уыдзысты, мицъырайы тæф фындзыхуынчъытæ ахгæндзæни, хурмæ мæ сæр тъæнджытæ фæхаудзæни.

– Бауырныдтой мæ дæ ныхæстæ – загъта Эзоп, – дарддæр нæ фæндаг дарæм.

«Кæс ма йæм, кæс. Цагъары бæсты мæхицæн æлдар кæй балхæдтон, уый мæ фæсонæрхæджы дæр не 'рцыди», – хъуыды кодта Ксанф.

Хæдзармæ куы бахæццæ сты, уæд Ксанф загъта:

– Мæ бинойнагæн чъизитæ йæ уды марæг ысты. Ам уал фæлæуу, æз йемæ аныхас кæнон. Науæд дæу куы фена, уæд йæ чындздзон фæлыст æрцагурдзæн æмæ йæ хæдзармæ адымдзæни.

– Кæд дæ хæдзар усвæнд хæдзар у, уæд... – загъта Эзоп.

Ксанф мидæмæ бацыд æмæ йæ усæн афтæ

– Ныр мæ фæсдзæуинты сæр нал бахъæудзæни, мæхицæн цагъар балхæдтон.

– Сихоры æнтæфы куы фынæй кодтон, уæд фын федтон, цыма диссаджы рæсугъд цагъар балхæдтай. Табу дæхицæн, Афродитæ, мæ фын царды æцæгæй æрцыди

– Багъæц, не 'фсин, нырмæ кæй никуыма федтай, ахæм рæсугъддзинад дын равдисдзынæн!

Фæсдзæуин чызджытæ ног хабарыл куыннæ бацин кодтаиккой! Сæ иу загъта:

– Æнхъæлдæн æмæ мойагыл фæхæст дæн.

– Дæумæ не 'рхаудзæни мæ разæй, – загъта иннæ

Æртыккаг сæм йæ ныхас баппæрста:

– Уыцы лæппу кæй бауыдзæн, уый зонут? Неппæтæй рæсугъддæр чи у, уый.

Уæд ын дыккаг фæсдзæуин афтæ

– Æвæццæгæн, дæхи махæй рæсугъддæр æнхъæлыс.

– Ӕмӕ нӕ дӕн? – загъта ӕртыккаг.

Ксанфы ус нал фӕлӕууыди:

– Ракӕн ма йӕ, кӕм и?

– Уӕртӕ дуары цур – дзуапп радта Ксанф. – Хорз хъомылгонд адӕймагӕн цалынмӕ «табуафси мидӕмӕ загъдӕуа, уалынмӕ къӕсӕрыл ницы хуызы бахиздзӕни.

– Омӕ йӕ рахон, – загъта Ксанфы ус.

Фӕсдзӕуинтӕй тӕккӕ ӕрхъуыдыджындӕр чи уыд, уый йӕхинымӕры скарста: «Цӕуон ӕмӕ йӕ мӕхирдыгӕй фӕкӕнон».

Рацыд ӕмӕ ахъӕр кодта:

– Ног цагъар уӕ кӕцы у?

Эзоп загъта:

– Ӕз дӕн!

– Ды дӕ ног?! Ӕмӕ дӕ къӕдзил кӕм ис?

Эзоп бамбӕрста, чызг ын куыдзы кад дӕр кӕй нӕ кӕны, уый ӕмӕ йын дзуапп радта:

– Нӕ дӕ бауырндзӕни, фӕлӕ мӕ къӕдзил разырдыгӕй ис.

– Гъы! Ӕнхъӕлмӕ кӕс!

Фӕсдзӕуин хӕдзармӕ баздӕхт ӕмӕ йӕ дыууӕ ӕмбалмӕ дзуры:

– Хыл кӕныны бӕсты уӕ рӕсугъд усгурмӕ акӕсут.

Чызджытӕй иу разгъордта ӕмӕ фӕрсы:

– Ног уӕ кӕцы у, равдисӕд ма мӕм йӕхи мӕ мойаг!

– Мӕнӕ дӕн! – загъта Эзоп.

– Ды?! Ӕмӕ ды уӕнгӕлы цӕф куы дӕ тӕрсынгӕнӕн! Ацу мидӕмӕ Ӕрмӕст ме'мгӕрӕтты дӕр куыд никуы ауайай, афтӕ

Эзоп мидӕмӕ бахызти. Ксанфы ус ын йӕ сау фыдконд цӕсгом куы ауыдта, уӕд фырмӕстӕй адӕнгӕл ӕмӕ йӕ лӕгыл фӕхъӕр кодта:

– Диссаджы ӕрхъуыды! Ӕвӕццӕгӕн дӕ мӕ бӕсты ӕндӕр бинойнаг ӕрхъуыд ӕмӕ мӕ хӕдзармӕ ацы хӕрӕджы 'фтаугӕ уый тыххӕй ӕрбакодтай! Ӕнхъӕлдтай, мӕ цӕгатмӕ афардӕг уыдзынӕн! Сыгъдӕгдзинад кӕй уарзын, уый хорз куы зоныс, уӕд мӕм цы цӕсгомӕй ӕрбакодтай ацы ӕмбыд хӕррӕгъы! Мӕ дзауматӕ мын ӕри, мӕн ам ницыуал хъуыддаг ис.

Уӕд Ксанф Эзопмӕ дзуры:

– Цӕй, цы лӕууыс? Ӕви дӕ дзыхы дон и! Цы фӕци дӕ дзырдарӕхст?

– Уадз ӕй ӕмӕ ахъуытты уа! – загъта Эзоп.

– Ныхъхъус у! – фæхъæр ласта Ксанф. – Уарзгæ йæ кæнын.

– Æцæг?

– О

– Æмæ ам баззайа, уый дæ фæнды?

– Уæдæ, уæдæ Æдылы исты дæ æви ныхас не ‘мбарыс!

– Гъемæ уæдæ æцæгæй цы хъуыды кæнын, уый дын зæгъдзынæн! Кæд философ Ксанф сылвæнд у, йæ усæн цумайы лæдзæг у, уæд æм æз йæ ахуыргæнинæгты цур къухæй бацамондзынæн æмæ зæгъдзынæн: «Мæнæ ма йамæ æрбакæсут. Йæ ус бырæттæм кæй амæрзы, уый дæр мæнæ йай хуызæн вæйййы».

– Æвзæр æрхъуыды нæу, Эзоп, – загъта Ксанф.

– Ды та, хорз ус, – дарддæр йæ ныхас кодта Эзоп, æфсинмæ йе ‘ргом раздахгæйæ – дæхинымæры уымæ бæллыдтæ, цæмæй дын дæ лæг æрыгон рæсугъд цагъар балхæна, нæ

– Бæгуыдæр бæллыдтæн.

– Цæмæй уыцы рæсугъд цагъар дæ фæдыл зила, абанамæ дæр демæ цæуа, дæ дзауматæ дын иу раласа, дæхи куы цынайай, уæд иу дæ тæккæ фарсмæ сбада, цыма налхъуыт налмас дæ, уыйау дæ иу йæ цæстытæ ныссадза. Ды та йæм цæмæй иудадзыг худай. Фæлæ хъуамæ хъуыддаг ууыл дæр ма ахицæн уа, хъуамæ йæ дæ хуыссæнмæ баласай, хъуамæ йын зæгъай, мæ къæхтæ ма мын сæууæрд, зæгъгæ, стæй хъуамæ батæм рахизат, хъуамæ дзы дæ мондæгтæ быдзарæй суадзай, философ Ксанфыл та хъуамæ худинаджы гакк сбада. Ехх, Еврипид, зæринком та куыннæ уыдтæ, цы ныхæстæ загътай:

Æвирхъау ысты зæйтæ æмæ арт,
Æвирхъау вæйййы денджыз дæр ызнæтæй,
Æвирхъау у гæвзæй, мæгуырæй цард,
Фæлæ фыдсыл – æвирхъаудæр æппæтæй.

Ды та, хорз ус, философы бинойнаг дæ æмæ дын зонджындæр уæвын æмбæлы. Дæу афтæ фæнды, цæмæй дын саджы фисынтыл амад цагъартæ лæггад кæной. Дæ фæсонæрхæджы дæр нæй, дæ лæджы кад дæлæмæ кæй æппарыс, адæм йæ фыдгой кæнын кæй райдайдзысты, уый. Дæуæн дæ цæстытыл æндæр лæгтæ уайынц, дæ бæллиц – хуыссæны семæ бæгъдулæг кæнын. Æндæр дæ сæры ницы и, хъахбай цыдæр!

Ксанфы ус мæстæй куыннæ рафыхтаид:

– Цытæ мæм уæндыс уый, æлгъаг!

Фæлæ Ксанф йæ усæн загъта:

– Йæ ныхæсты мацы æцæгдзинад уа, уый мæ нæ уырны. Стæй бацархай, цæмæй дæ дæ доныхуыпп калгæ ма фена. Науæд йе 'взаг сæрдасæнæй цыргъдæр у – зарджытæ дыл ыскæндзæни, фæндырты дæ фæцæгъддзæни!

– Музæтæй сомы кæнын, – загъта Ксанфы ус, – ацы лæг тынг тæссаг у. Йемæ лæгъзæй дзургæ у!

Æмæ Ксанф Эзопæн фехъусын кодта:

– Не 'фсин демæ бафидыдта.

– Иугæр загъды фæрцы мæстджын сылгоймаджы æрсабыр кæнын мæ къухы бафтыд, уæд уый гыццыл хъуыддаг нæу.

Ксанф йæ усмæ тызмæгæй бакаст æмæ йын загъта:

– Ууыл уал абон фестæм, хорз цы уа, уымæй гыццыл фидауы.

Ксанфы ус Эзопмæ дзуры:

– Иттæг зондджын кæй дæ, уый бамбæрстон. Фæлæ мæ фыны рæсугъд цагъары федтон æмæ... Ды та æнахъинон фыдынд дæ

– Цытæ дзурыс, цытæ – дзуапп ын радта Эзоп. – Алы фын цæуаг нæу. Зевс Аполлонæн пехуымпары миниуджытæ дзæгъæлы нæ саккаг кодта. Алырдыгæй йыл дистæ кæнын куы байдыдтой, уæд Аполлон дæр схъал, никæуылуал æрвæссыди, Хуыцауы йæ фæстаг къахæй цæвын райдыдта. Цæвиттон, хъилдзæуæгæй агæпп ласта, ноджы ма – сайæгой. Фæлæ дын хъилдзæуæгыл хъæлдзæуæг амбæла! Аполлон стыхджын уа, уый Зевсы æппындæр нæ фæндыд. Æмæ уæд афтæ сарæзта, цæмæй иуæй иу адæймæгтæн сæ фынтæ цæуын райдайой. Аполлон бамбæрста йæ пехуымпардзинад кæй никæйуал хъæуы, уый. Æмæ Зевсæн лæгъстæтæм фæци. Зевс Аполлонимæ бафидыдта, адæмæн та ахæм фынтæ радта, сæ зонд сын бынтондæр чи ныссуйтæ кæны. Уымæ гæсгæ æрмæстдæр иуæй иу стыр зонды хицæутты бон у, раст цы у æмæ галиу цы у, уый адæмæн æмбарын кæнын. Дæ фын хъуамæ рацыдаид царды æцæг хабармæ, фæлæ дæ фæсайдта, цы сурæт федтай, уый мæнг разынди.

Ксанф бамбæрста, Эзоп рæстытæ кæй дзуры, уый æмæ дзы раппæлыд йæ цыргъзонды тыххæй. Стæй йын фæстагмæ загъта:

– Ныр та хызын райс æмæ цом, базары халсартæ балхæнæм.

Эзоп стыр кæддаг хызын райста æмæ Ксанфы фæдыл араст, дыргъ æмæ зæххы куыст чи кодта, иу ахæм лæгмæ

– Халсартæ ма мын авæр, – дзуры Ксанф зæхкусæгмæ

Уый йын къабуска, хъæдындзтæ, булчъытæ æмæ алыхуызон судзагхæлттæ æртыдта æмæ сæ Эзопмæ радта. Ксанф æхца бафидынмæ хъавыди, фæлæ йын зæхкусæг афтæ

– Цæй тыххæй фидыс æхца?

– Халсарты тыххæй!

– Мæ дыргъдон та? Мæ цæхæрадон та? Кæсгæ дæр мын сæм куынæ акодтай! Æви мæ фыдæбæттæ дæ иу ныхасы аргъ не сты?

– Кæнæ æхца айс кæнæ та дæ халсартæ, фæлæ уал мын раздæр зæгъ, зæххыкуыстгæнæгæн мæ ныхæстæ цы пайда сты? Æз армæй дæсны нæ дæн, рувæн дæр дын не скæндзынæн, стæй дын цæвæг дæр нæ рацæгъддзынæн. Æз философ дæн.

– Де ‘ххуыс мæ тынг хъæуы. Æхсæв фынæй нал кæнын, иу хъуыды мын æнцой нæ дæтты. Йарæби, мæры кæй ныссадзын, æппынæдзух кæмæ зилын, дон кæуыл кæнын, уыцы зайæгхæлттæ хæмпæлгæрдæгæй æвзæрдæр цæмæн рæзынц.

Ксанфы бон нæ баци ацы фарстæн æвиппайды дзуапп раттын æмæ ныхас иннæрдæм фæзылдта:

– Хъуыддæгтæ аразæг Хуыцау у.

Эзоп худæгæй бакъæцæл.

Ксанф æй фæрсы:

– Мæныл худыс æви афтæ æнæуи?

– Дæуыл нæ худын.

– Уæдæ кæуыл?

– Дæ ахуыргæнæгыл.

– Авддæлдзæхы фæу, магуса! Грекъæгты зондæн æмбал куынæ и, уæд сыл куыд бахудтæ Æз ахуыр кодтон Афинты тæккæ хуыздæр философтæм, амыдтой мын грамматикæ æмæ риторикæ! Ды та дæхицæй цыдæр аразыс. Афтæ ‘нхъæл дæ æмæ дæ зонды фæрцы Геликоны цъупмæ стæхдзынæ Музæты фарсмæ æрбаддзынæ

– Кæд дæ бон æндæр ницы зæгъын у, уæд, Ксанф, ды дæр худæг дæ

– Ӕмæ дæуæн цы зæгъын у дæ бон, цы дзуапп раттис мæнæ ацы кусæг лæгæн. Хуыцау цы сфæнд кæна, уымæн философты бон дæр ницы у.

– Дæу куыд фæнды, афтæ фæуæд, Ксанф. Ӕз ын ратдзынæн дзуапп дæ бæсты.

Ксанф зæхкусæгмæ разылд æмæ йын афтæ

– Байхъус ма, мæ хур. Ӕз мæ хъуыдытæ мæ ахуыргæнинæгтæн фæдзурын, уаты. Ам, хуымты астæу, философон темæтыл дзурынæн нæ бæззы. Мæнæ мемæ цы цагъар ис, уый тынг зонджын у. Уый бафæрс, æмæ дын дзуапп ратдзæни.

– Уый та куыд? Ӕмæ ай цæхæрадоны чындз цыдæр куы у, уæд ахæм хъуыддæгтæм арæхсы?

Эзоп та ныххудти, стæй зæхкусæджырдæм разылд:

– Ды æнамонд лæг дæ

– Ӕз дæн æнамонд лæг?

– Дæу йеддæмæ ма ам кусæг ис? Зæххы куыстытæ ды нæ кæныс?

– О, афтæ у.

– Уæдæ цæуыл рамæсты дæ æнамонд лæг дæ куы рахуыдтон, уæд? Ныр мæм байхъус. Зæгъæм, сылгоймаг дыккаг хатт цæуы чындзы. Йæхицæн дæр æмæ, моймæ кæмæ цæуы, уымæн дæр сæ раздæры цардæмбæлттæй ис цот. Йæхи цотæн ацы сылгоймаг мад уыдзæн, айгъай, йæ дыккаг лæджы цотæн та – фыдыус. Йæхиуæтты фылдæр кæй уарздзæн, уый гуырысхойаг нæу. Уымæн æмæ йын йæ лæджы цот æцæгæлæттæ сты. Зæххы хабар дæр афтæ у: йæхæдæг кæй ныййары, уыдонæн мад у, ды кæй ныссадзыс, уыдонæн та – фыдыус.

Зæхкусæг ахъуыды кодта, стæй загъта:

– Стыр æххуыс мын фæдæ. Цы халсартæ дын радтон, уыдон лæвар ахæсс. Исты ма дæ куы бахъæуа, уæд иу æрбацу, дæхи цæхæрадонмæ куыд цæуай, афтæ

Иу бон Ксанф Эзопмæ дзуры:

– Цы дын фæзæгъын, уымæй дарддæр мацы кæн. Ныр та зетийы дурын æмæ хуыссæнты цъæрттæ райс æмæ цом абанамæ

Эзоп хъуыдыты аныгъуылд: «Иуæй иу хицæуттæ æрхъæцмæ нæ хъæцынц, ацы сахат сæ цы бахъæуа, уый сын хъуамæ сæ цуры авæрай. А философы куынæ æрцахуыртæ кæнон, уæд йæ æнæсæрфат цуматæй мæ сæрæн нал уыдзынæн».

Эзоп зетихæссæн афтид дурын æмæ хуыссæнты цъæрттæ райста, йæ хицауы фæдыл абанамæ араст. Ксанф йæ дарæс раласта, Эзопмæ йæ радта стæй йæм дзуры:

– Æри ма дурын.

Эзоп æм дурын радта. Ксанф, афтæ æнхъæлдта, зети дзы ис, фæкъул кодта дурын, фæлæ уый афтид разынд.

– Эзоп, зети кæм и?

– Хæдзары.

– Уый та куыд?

– Афтæ æндæр куыд. «Зети рахæсс» мын нæ загътай, фæлæ «зетийы дурын рахæсс».

Ксанф дæр ма цы загътаид, аныхъуырдта йæ маст.

Абанайы Ксанф сæмбæлд йæ зонгæтыл. Æмæ дзуры Эзопмæ

– Мæ дарæс сæм ратт, дæхæдæг та хæдзармæ ацу. Не ‘фсин цæуылдæр ысмæсты æмæ халсартæ йæ къæхтæй бассæста. Не ‘рбацыдмæ нын хъæдур сфыц.

– Хорз, – загъта Эзоп. Хæдзармæ æрбацыд, аджы иу хъæдуры гага ныппæрста æмæ йæ фыцын байдыдта.

Уыцы рæстæг Ксанф та абанайы йе ‘мбæлттæм дзуры:

– Иумæ сихор куы скæниккам, уый мæ фæнды. Абон нæм хъæдур йеддæмæ ницы и, фæлæ нæм уæддæр саккаг кæнут, зæрдæйæ уæ хонын.

Ксанфы хæлæрттæ æхсызгонæй сразы сты. Æрбакодта сæ хæдзармæ æмæ Эзопмæ дзуры:

– Абанайы фæстæ дон бæргæ аназиккам.

Эзоп тæгæнайы дон ныккодта, сцагъта йæ, стæй йæ дурынмæ рауагъта æмæ йæ Ксанфмæ бахаста.

Ксанф æй фæрсы:

– Ай циу?

– Абанайы фæстæ дон.

Ксанф фырмæстæй цæхæртæ акалдта æмæ Эзопыл фæхъæр ласта:

– Рахæсс ма тæгæна!

Эзоп ын йæ цуры афтид тæгæна æрæвæрдта.

Ксанф ноджы тынгдæр рамæсты:

– Циу ай?

Эзоп ын сабырæй дзуапп радта:

– «Тæгæна рахæсс» мын нæ загътай? Зæгъгæ та хъуамæ афтæ кодтаис: «Тæгæнайы дон ныккæн æмæ йæ рахæсс».

Ксанф йе ‘мбæлттырдæм раздæхти:

– Мæхицæн цагъары бæсты уынаффæгæнæг, зондамонæг райстон. Ныр фынгмæ саккаг кæнут. – Йæхæдæг Эзопы бафарста:

– Хъæдур сфыхти?

– О, Ксанф.

– Рахæсс ма дзы, æз æй фенон.

Эзоп къоппа райста, хъæдуры гага тыхтæ фыдтæй æрцахста æмæ йæ Ксанфмæ бахаста.

– Хорз, – загъта Ксанф, – хъæдур фых у. Рахæсс нын дзы.

Эзоп тæбæгътæм айдагъ фых дон æркодта.

– Ксанф æй фæрсы:

– Æмæ хъæдур кæм и?

– Æрдæбон æй дæхæдæг нæ бахордтай, Ксанф?

– Цы?! Иу гага йеддæмæ не сфыхтай?

– Не сфыхтон. Дæхæдæг мын нæ загътай, хъæдур сфыц, зæгъгæ

– Æмæ ма ныр мæ уазджытæм цы цæсгом равдисон! Ацу 'мæ хуыйы цыппар къахы сфыц, кæй балхæдтай, уыдон.

Эзоп уæлкъæй аг сæвæрдта æмæ дзы хуыйы цыппар къахы ныппæрста. Ксанфы та фæндыд Эзопы исты хуызы бафхæрын æмæ йæм дзуры:

– Марадз ма, къæбицæй дзымари рахæсс æмæ дзы аджы гыццыл æркæн.

Эзоп куы ацыд, уæд Ксанф агæй иу къах фелвæста æмæ йæ амбæхста. Эзоп бафиппайдта, аджы æртæ къахы йеддæмæ кæй нал ис, уый, скъæтмæ ацыд, æфсины гуырæн бонмæ кæй хастой, уыцы хуыйы сбаста, йæ бырынкъ ын хæррæгътæй стыхта æмæ йын фæрæтæй йæ иу къах ахауын кодта. Аджы йæ ныппæрста – иннæ 'ртæйæн æмбалæн. Уалынджы Ксанфмæ æндæр зонд æрцыд æмæ, агæй цы къах систа, уый фæстæмæ ныппæрста. Ныр нæдæр Ксанф зыдта, нæдæр Эзоп, аджы фондз къахы кæй фыцы, уый.

Иуафон Ксанф афарста:

– Эзоп, уыцы къæхтæ нæма сфыхтысты?

– Сфыхтысты.

– Гъемæ сæ уæдæ рахæсс.

Эзоп фынгыл къуырф тæбæгъ æрæвæрдта æмæ къæхтæ уырдæм æркалдта. Джихæй куыннæ аззадаид, фондз къахы куы ауыдта, уæд?

Ксанф тарстхуызæй афарста:

– Эзоп, хуыйæн цал къахы вæййы?

– Цавæр хуы уа, уымæ гæсгæ. Мæнæ адон хицауæн фондз къахы уыди, хуыдоны чи ис, уымæн та – æртæ

Ксанф йæ уазджытыл йæ цæст ахаста æмæ загъта:

– Æвæццæгæн, ацы цагъармæ кæсгæйæ сæрра уыдзынæн.

Цалдæр боны фæстæ Ксанф Эзопы акодта скъоламæ – хъуамæ, дам, дæ мæ ахуыргæнинæгтимæ базонгæ кæнон. Уый хæдфæстæ ахуыргæнинæгтæй иу сæхимæ ахуыдта Ксанф æмæ йе 'мбæлтты – сихор, дам, иумæ скæнæм.

Ксанф Эзопæн загъта:

– Цом. Демæ чыргъæд, тæбæгъ æмæ къухсæрфæн райс. Стæй цырагъ, мæ сандалитæ æмæ, ноджы цы хъæуы, уый.

Эзоп, йæ хицау ын куыд загъта, афтæ бакодта, æмæ ацыдысты уазæгуаты, Ксанф дзы йæхимæ фæкасти. Хæринæгтæй иу кæй федта,уымæй та иу аивæй Эзопмæ дæр авæрдта, ома сæ чыргъæды æвæр. Стæй йæм дзуры:

– Эзоп, хæринæгтæй дæм алкæцыйæ дæр хай ис?

– О.

– Уæдæ сæ ныр, æппæтæй фылдæр кæй уарзын, стæй мын мæхи дæр æппæтæй фылдæр чи уарзы, уымæн ахæсс.

Эзоп ахъуыды кодта: «Замманай фадат мын и, фыццаг бон мæ чи бафхæрдта, халсартæ йæ къæхтæй чи бассæста, стæй мæ мæ хицауæн æнувыд цагъар уæвын чи нæ уадзы, уымæй мæ маст райсынæн».

Эзоп хæдзармæ бацыди, чыргъæд йæ цуры æрæвæрдта, Ксанфы усмæ бадзырдта, хæринæгтæм ын ацамыдта æмæ загъта:

– Сбæрæг сæ кæн, кæд дзы мыййаг сусæгæй исты ахордтон.

– Эзоп, ницы дзы фæхъуыди. Мæ сæрыхицау сæ мæнæн æрбарвыста?

– Нагъ!

– Уæдæ кæмæн?

– Кæй уарзы æмæ йын йæхиуыл дæр æнувыд чи у, уымæн.

– Æмæ уый чи у?

– Ныртæккæ йæ фендзынæ

Эзоп куыдзмæ басидти. Куыдз æрбазгъордта, æмæ йæ Эзоп амæй ай хуыздæр хæринæгтæй хынцын райдыдта.

Куыдз хæринæгтæй ницыуал ныууагъта, æмæ Эзоп дæр фæстæмæ куывдмæ æрбацыди.

– Цæй куыд у? – бафарста Ксанф Эзопы. – Иууылдæр ын сæ радтай?

– О.

– Æмæ сæ бахордта?

– О. Мисхалы бæрц дæр дзы нал фæуагъта.

– Ау?

– Тынг æххормаг уыди.

– Æхсызгонæй сæ бахордта?

– Уæдæ, уæдæ

– Зæгъгæ та цы кодта? – Зæгъгæ ницы кодта, фæлæ йæ бакастæй бæрæг уыди, тынг разы кæй у, уый.

– Уæдæ та мæм ныр йæ дзæбæх зæрдæйыл уыдзæни.

Ксанфы ус та уыцы рæстæг йæ фæсдзæуинтæн афтæтæ дзырдта:

– Мæ лæгимæ мæ бон цæрын нал у. Нæ гадзайы мæнæй тынгдæр нымайы. Мæ дзауматæ мын рамбырд кæнут, æз нæхимæ цæуын.

Ус йæ хуыссæнуатмæ ацыди мæстæлгъæдæй, тыппырзæрдæйæ. Куывд йæ тæмæны уыди. Кæм цы зондылæг и, уыдон быцæу кодтой алы хъуыддæгтыл. Ахуыргæнинæгтæй иу бафарста:

– Адæм æппæтæй тынгдæр кæд æмæ цæуыл батыхстаиккой?

Æгъдаумæ гæсгæ Эзоп хъуамæ Ксанфы фæстæ лæууыдаид æмæ загъта:

– Мæрдтæ куы райгас уаиккой, æмæ сæ раздæр кæмæ цы уыд, уый куы бацагуриккой, уæд.

Ахуыргæнинæгтæ цыдæр сусу бусуйыл систы, худын дæр райхъуысти.

Иннæ ахуыргæнинаг загъта:

– Ай, æрæджы Ксанф кæй балхæдта, уыцы цагъар у.

Æртыккаг бафиппайдта:

– Мæн денджызон сæгъ схуыдта.

Цыппæрæм ахуыргæнинаг дæр йæ ныхас баппæрста:

– Ацы лæгмæ йæхи хъуыдытæ ис, стæй ахуыргæнæгæй дæр цыдæртæ базыдта.

– Сымах куыд базыдтат, афтæ – загъта Эзоп.

Ахуыргæнинæгтæ Ксанфæн лæгъстæтæ кæнын байдыдтой:

– Немæ ма йæ бадын бауадз.

Ксанф ын бар радта.

Уæд фæндзæм ахуыргæнинаг фæрсы:

– Фысы æргæвдынмæ куы фæцæйкæнынц, уæд цæмæн ныхъхъус вæййы, хуы фыртарстæй бæстæ йæ сæрыл куы сисы, уæд?

Ацы фарстæн иу дæр хуызæн дзуапп нæ радта. Уæд Эзоп афтæ

– Фысы дуцгæ дæр кæнынц æмæ æлвынгæ дæр. Адæймагыл сахуыр вæййы æмæ йын йæ кардæй дæр нал фæтæрсы.

– Зонджын дзуапп у! – фæхъæр кодтой ахуыргæнинæгтæ

Уæдмæ куывд фæцис, æмæ Ксанф дæр йæ хæдзармæ ацыди. Комкоммæ йæ бинойнаджы уатмæ бахызти. Батæ йын кæны, узæлы йыл, фæлæ йæм ус йе ‘ргом не здахы, къулырдæм азылд:

Ксанф фырмæстæй цы фæуыдаид, уый нал зыдта:

– Ай та цы хабар у?

– Ауай æмæ дæлæ дæ гадзайæн хъæбыстæ кæн. Дæ хуынтæй тынг разыйæ баззади.

– Мæ зæрдæ йæ зыдта, Эзоп та цыдæр бæллæх кæй сарæзта, уый.

Бадзырдта Эзопмæ æмæ йæ фæрсы:

– Цытæ та бакуыстай?

– Дæхæдæг мын нæ загътай: «Адон, фылдæр кæй уарзын æмæ мæн фылдæр чи уарзы, уымæн ахæсс, зæгъгæ

Ксанфы ус нал фæлæууыд:

– Æз дзы хъæстæ дæр нæ фæдæн.

Эзоп Ксанфырдæм разылди:

– Фылдæр дæ чи уарзы, уый зоныс?

– Чи у, зæгъ ма йæ

Эзоп гадза куыдзмæ басидт æмæ загъта:

– Мæнæ йай! Дæ усмæ та нымады дæр нæ дæ. Гыццыл ницæйы тыххæй дæр йæ дзауматæм фæлæбуры, мæ цæгатмæ цæуын, зæгъгæ. Ацы куыдз та, саунад æй куы скæнай, уæддæр дæу нæ ныууадздзæни. Афтæ хъуамæ загътаис: «Ацы хæринæгтæ ахæсс мæ бинойнагæн». Ды та куыд загътай: «Æппæтæй фылдæр кæй уарзын, стæй мын мæхи дæр æппæтæй фылдæр чи уарзы, уымæн сæ ахæсс»?

– Уыныс, – дзуры Ксанф йæ усмæ – мæн аххос дзы ницы ис. Эзопæн та, цы хъæуы, уый бакæндзынæн – дæ уд æрæнцайæд.

Дыккаг бон Ксанф йæ ахуыргæнинæгтæм бадзырдта, Эзопæн та рагацау загъта:

– Абон мæ зæрды мæ хæлæрттимæ абадын ис. Ацу æмæ тæккæ хуыздæр цы у, уыдæттæ балхæн сихорæн.

Эзоп ахъуыды кодта: «Замманайы фадат мын ис, æдылы уынаффæтæ хæссæн куыд нæй, уый равдисынæн».

Хуыйы æвзæгтæ балхæдта æмæ сæ сфыхта.

Уазджытæ куы æрæмбырд ысты, уæд Ксанф хъæр кæны:

– Эзоп, рахæсс ма, цы дæм ис, уый.

Эзоп уазджытæй алкæмæн дæр æрæвæрдта хуыйы ‘взаг, стæй бас.

Ахуыргæнинæгтæй иу загъта:

– Ксанф, дæ сихоры, æнхъæлдæн, цыдæр философон хъуыды ис – хуыйы ‘взæгтæ нын дзæгъæлы не ‘рæвæрын кодтай!

Фых æвзæгтæ хæрд куы фесты, стæй уазджытæ бас дæр куы ахуыппытæ кодтой, уæд та Ксанф фæхъæр ласта:

– Эзоп, ноджыдæр ма нын рахæсс!

Эзоп ныр та физонæггонд æвзæгтæ рахаста, цæххæй æмæ сæм цывзыйæ хорз фæкасти, афтæмæй.

Ахуыргæнинæгтæй та чидæр загъта:

– Иттæг хорз, Ксанф! Цæхх æмæ цывзы домынц, цæмæй цыргъæвзæгтæ басгуыхæм.

Ногæй та анызтой, æмæ се ‘взæгты бæттæнтæ райхæлдысты.

Уæдмæ та Ксанф ногæй Эзопмæ дзуры:

– Рахæсс та нын.

Эзоп та алкæмæн дæр æвзаг рахаста – физонæггондæй æмæ алы судзаг æмæ хæрздæфгæнаг кæрдæджытæй хъацæнгондæй.

Æртыккаг ахуыргæнинаг загъта:

– Ацы æвзæгтæй ме ‘взаг риссын байдыдта.

Цыппæрæм ахуыргæнинаг Ксанфы афарста:

– Æвзагæй дарддæр ма дæм исты ис?

Ксанф Эзопмæ дзуры:

– Ницы дæм ис æндæр?

– Нæй, Ксанф, ницыуал мæм ис

– Омæ дын афтæ нæ загътон, тæккæ хуыздæр циу, уыдæттæ балхæн, зæгъгæ

– Æмæ æвзагæй хуыздæр цы ис? Æнæ ‘взагæй дæ бæхæн «тпру» дæр нæ зæгъдзынæ æмæ «нуа» дæр. Æнæ ‘взагæй æлхæнгæ дæр ницы бакæндзынæ. Ахуыргæндтæн дæр æвзаг куынæ уаид, уæд сæ ахуыргæнинæгтимæ куыд дзуриккой. Уæдæ закъонтæ дæр æвзаджы руаджы арæзт цæуынц. Æвзаг нæ царды бындур у. Цы ма уа уымæй хуыздæр?

Ахуыргæнинæгтæ йемæ сразы сты:

– Раст зæгъы. Дæхæдæг фæрæдыдтæ, Ксанф.

Уазджытæ гуыбынхæлдтытæ фесты, афтæмæй фæпырх ысты.

Æхсæв бонмæ тухæнæй амардысты.

Дыккаг бон ахуыргæнинæгтæ сæ ахуыргæнæгæн уайдзæфтæ кæнынмæ фесты. Уый йæхи рæстытæ кæныныл бæргæ архайдта:

– Ацы æнæджелбетт Эзопы аххостæ уыдысты иууылдæр. Абон уæ ногæй хонын нæхимæ. Уæхи цур Эзопæн бафæдзæхсдзынæн.

Бадзырдта Эзопмæ æмæ йын загъта:

– Ацу базармæ æмæ балхæн, ацы дунейыл тæккæ æвзæрдæр цы ис, уыдæттæ

Эзоп дзидзауæйгæнæгмæ ацыди, хуыйы æвзæгтæ та балхæдта æмæ сæ сфыхта.

Ксанф йæ ахуыргæнинæгтимæ сбадти фынджы уæлхъус. Фæйнæ куы аныдзтой, уæд дзы Эзоп алкæй цур дæр æрæвæрдта цæхджын æвзаг цæхдонимæ

– Ногæй та æвзаг хæрдзыстæм, лæппутæ – æмхъæлæсæй сдзырдтой ахуыргæнинæгтæ. Иу та ма афтæ дæр загъта:

– Кæд нæ гуыбынниздзæй сдзæбæх кæнынмæ хъавы?

Ксанф дыккаг нуазæн куы аныдзта, уæд фæхъæр ласта:

– Эзоп, иннæ хæринаг дæр нын рахæсс!

Эзоп ныр та физонæггонд æвзæгтæ æрбахаста. Æмæ уæд иннæ ахуыргæнинаг афтæ

– Ацы лæг нæ, сæрæй, не ‘цæг дунемæ барвитынвæнд ыскодта.

Ксанф тыхтæ фыдтæй урæдта йæ маст:

– Цæмæн та балхæдтай ацы хатт дæр æвзæгтæ? Афтæ дын нæ загътон, тæккæ æвзæрдæр цы у, уыдæттæ балхæн, зæгъгæ

Эзоп ын дзуапп радта:

– Æвзаджы æххуысæй адæм кæрæдзиуыл гадзрахатæй дæр цæуынц, кæрæдзийæн знæгтæ дæр ысвæййынц, кæрæдзи дæр амарынц. Иудзырдæй, а дунейыл æвзагæй æвзæрдæр ницы ис.

Уæд ахуыргæнинæгтæй иу афтæ зæгъы:

– Ксанф, дæхи куынæ бахъахъхъæнай, уæд дæ Эзоп дæ зондæй дæр æнæхай фæкæндзæни. Йæ хæмхудтæ цы хуызæн ысты, йæ уд дæр – ахæм. Ацы æмбæхстзæрдæ цъаммар адæймаг хуынкъ оболы аргъ дæр нæу...

Эзоп ыл уыциу хъæр фæласта:

– Бацай! Æдзæсгом æмæ комдзог ды дæ. Ксанфы мыл ардауыс? Дæ цæхдон кæм нæй, уым дæ къæбæр ма тул.

---

[1] Обол – æрхуы æхца рагон Гречъы.

Ксанф Эзопмæ дзуры:

– Эзоп, иугæр мæхимæ философиуæг кæныны хæс райстон, уæд ма, дæ хорзæхæй, хъуыддагæй равдис, мæ ахуыргæнинаг æцæгæй дæр æдзæсгом æмæ комдзог кæй у, уый.

– Æрмæстдæр искуы иуты бон у сæ рæдыдтыл ахъуыды кæнын æмæ искæй хъуыддæгты сæ фындз нæ тъыссынц. Уыйхыгъд иннæтæ искæй хардзæй дæр ма сæхи хорз фенынц, стæй ма, кæй хардзæй бафсæдынц, уыдоны хъуыддæгты дæр сæ фындзтæ тъыссынц, – загъта Эзоп.

– Æрмæст йæхи хъуыддæгтæ чи кæны, ахæм адæймаг мын кæд ыссарай, уæд æз ног аксиомæ бабиноныг кæндзынæн. Райсом нын сихор æндæр исчи сцæттæ кæнæд. Ды та мын, Эзоп, мæ фынгмæ æрбахон, искæй хъуыддæгты йæхи чи нæ тъыссы, ахæмы. Иу хатт мæхи ницыуынæг скæндзынæн, дыккаг хатт дæр дын ныббардзынæн, фæлæ æртыккаг хатт куы фæрæдийай – над дæуыл уайдзæни, ууыл нæ, фæлæ

Дыккаг бон Эзоп базармæ ацыд æмæ агурын райдыдта, искæй хъуыддæгты йæхи чи нæ тъыссы, ахæм адæймаджы. Иу ран иу лæг бадт æмæ уыцы æнæзмæлгæйæ йæ фындзы бын цыдæр гуым гуым кодта.

«Ай, æз кæй агурын, уый у, – ахъуыды кодта Эзоп, – а дуне ис æви нæй, уый йæм нымады дæр нæу». Бацыд æм хæстæг æмæ йæм дзуры:

– Философ Ксанф æрыхъуыста, ды хиуылхæцгæ кæй дæ уый æмæ дæ хоны сихормæ

– Иттæг хорз, – загъта лæг.

Эзоп æй йемæ ракодта æмæ йын кулдуары цур загъта, ам фæлæуу, зæгъгæ

Ксанф бафарста Эзопы, ссардтай, цавæр лæджы тыххæй ныхасгонд уыдыстæм, ахæм æви нæ, зæгъгæ

– Далæ кулдуары цур лæууы, – дзуапп радта Эзоп.

Сихорафон куы ‘рхæццæ, уæд Эзоп æнæзонгæ лæгмæ бадзырдта æмæ йæ сбадын кодта, кæм ын æмбæлд, уыцы ран.

Ксанф дзырд радта, цæмæй фыццаг нуазæн авæрой уазæгмæ. Фæлæ уый не сразы:

– Фыццаг нуазæн дæумæ хауы, уæздан лæг. Ксанф Эзопмæ бакаст æмæ йын загъта:

– Уый уал дын иу!

Уалынмæ рахастой кæсæгтæ. Ксанф афтæ

– Йарæби, хæринаггæнæгæн биноныгæй куы радзырдтон, кæсаг куыд фыцын хъæуы, уыдæттæ, уæд ай циу? Фаг ыл нæй оливæйы зети æмæ алы кæрдæджытæ

Уæд æнæзонгæ лæг афтæ

– Нæ, мæ дзæбæх фысым, иттæг хæрзад у дæ кæсаг.

Ксанф та Эзопмæ бакаст æмæ загъта:

– Уый уал дын дыууæ

Фæстагмæ фынгыл æрæвæрдтой адджинæгтæ. Ксанф дзы федта æмæ та бадзырдта хæринаггæнæгмæ

– Дæ адджинæгты фаг мыд нæй, стæй изюм. Цæуылнæ

Уалынмæ та йæм уазæг йæ ныхас баппæрста:

– Цæмæн афтæ зæгъыс, мæ дзæбæх фысым. Иттæг хорз адджинæгтæ сты.

Æмæ Ксанф загъта Эзопæн:

– Уый та дын æртæ

Сихоры фæстæ Эзопæн йæ къухтæ ‘мæ йæ къæхтæ сбастой æмæ йæ саунад ыскодтой. Ксанф та ма йæ ныхасмæ баппæрста:

– Стырзæрдæ чи у, искæй хъуыддæгты йæхи чи нæ тъыссы, ахæм мын куынæ æрбакæнай, уæд дæ уæнгсæстытæ фæкæндзынæн.

Уымæн йæ дыккаг бон та Эзоп ацыд ахæм адæймаг агурæг. Иу ран ыл иу лæг амбæлди – нæдæр хъæуккаджы хуызæн уыди, нæдæр горæтаджы. Цæуы сабыргай, йæ къухы уис, йæ разæй та – хæрæг сугты бастимæ. Йæ фæйнæфæрсты – хъæр хъæлæба, хъуыддæгты лæуд адæм дыууæрдæм кæнынц, фæлæ дзы а бæлццон фæрсмæ дæр никæмæ кæсы, æрмæст йæ хæрæгимæ ныхæстæ кæны. Эзоп дæр йæ фæдыл цæуы. Уалынджы лæг йæ хæрæджы рагъмæ схызт æмæ йын афтæ

– Дæ къахайст фæтагъддæр кæн, Хъихъо, нæ сугтæ нæ изæррухсæй ауæй кæнын хъæуы, цы дзы райсæм, уый æртæ дихы акæндзыстæм, сæ иу – дæуæн холлагæн, иннæ – мæхицæн цæрынæн, уæдæ нæ сомбоныл дæр ахъуыды хъæуы, науæд нæ рæбыны куы ницы уа, уæд, цынæ вæййы, лæгыл кæцы сахат цы ‘рбамбæлдзæн, уый чи зоны. Абон уал замманай хъæбæрхорæй дæ гуыбын æфсæст у, фæлæ райсом куыд уыдзæн, цы уыдзæн, адæймаг æрбарынчын кæнын дæр зоны, æмæ уæд гаффуттæй аззайдзыстæм.

Эзоп йæхицæн загъта: «Куыд кæсын, афтæмæй ацы лæг æрмæст йæхи уды къоппайæн цæры. Гъа ма, афæлварон æй».

Æмæ йæм йæхи хæстæгдæр байста:

– Дæ фæндаг раст уæд! Цас кæныс дæ сугтæ

Фæндаггон дæр ын салам радта, стæй йын аргъ загъта.

Эзоп æй бафарста:

– Философ Ксанфы нæ зоныс?

– Нæ зонын.

– Ау, уый та куыд?

– Цымыдистæй нæ дæн. Стæй мæ чердыгæй бахъуыдысты философтæ

– Æз йæ цагъар дæн.

– Æмæ цы? Кæйфæнды цагъар дæр фест, мæнæн та цы уæлдай у?

– Ксанфы хæдзарырдæм раздах дæ хæрæг, уым дын дæ сугтæ уайтагъд алхæндзысты.

– Æмæ кæм цæры уыцы Ксанф?

– Мæ фæдыл рараст у, æз дын æй бацамондзынæн.

Æрбацыдысты Ксанфы хæдзармæ. Эзоп ын йæ сугтæ райста, æхца сын бафыста.

– Мæ хицау дæ фынгмæ хоны, – загъта Эзоп. – Хæрæг ам уадз, бафснайдзысты дын æй.

Уазæг уыцы æнæхсæдтытæй, цъыфкъахæй бараст мидæмæ, йæ сандалитæ дæр нæ раласта.

– Уæдæ йай уыцы стырзæрдæ лæг у, зæгъыс? – бафарста Ксанф Эзопы. Йæхимидæг та ахъуыды кодта: куыд кæсын, афтæмæй фæхæст, цавæр агуырдта, ахæмыл, æмæ сусæгæй йæ усы афарста: – Æвæццæгæн, дæ тынг фæнды, Эзопы бафхæрон, уый?

– Уыцы цъаммары бафхæрын хуыцæутты раз тæригъæд нæу.

– Уæдæ тас рахæсс æмæ цыма уазæгæн йæ къæхтæ æхсынмæ хъавыс, афтæ дæхи дар. Уый дæ ницæй тыххæй уадздзæни, ныллæудзæни, хæдзары цагъартæ куы ис, уæд сæ ды куыд хъуамæ ныхсай, зæгъгæ

Ксанфы ус йæ астæуыл къæхтæсæрфæн бабаста, йе уæхскыл та хисæрфæн, афтæмæй æд тас рацыд уазæджы цурмæ. Лæг уайтагъд бамбæрста, уый æхсин кæй у, уый. Æмæ ахъуыды кодта: «Ксанф философ у. Мæ къæхтæ мын цагъар цæхса, уый йæ куы бафæндыдаид, уæд мæм цагъары рарвыстаид. Фæлæ мын, æвæццæгæн, уæлдай кад кæны æмæ мæм æхсины уый тыххæй рарвыста. Гъемæ фысымты куыд фæнды, афтæ бакæнæнт».

Уазæгæн йæ къæхтæ æхсад куы фесты, уæд фынджы уæлхъус æрбадт.

Ædылы нæу, – загъта Ксанф йæхинымæры. – Дæлимонты мыггагæй ма уæд».

Æмæ дзырд радта, цæмæй уазæгæн фыццаг рахæссой сæн.

Уазæг йæхинымæры загъта: «Фыццаг хъуамæ фысым баназа. Фæлæ мын, æвæццæгæн, философ Ксанф уæлдай кад кæны». Æмæ йæ анызта.

Уый фæстæ Ксанф дзырд радта, цæмæй рахæссой кæсаг тебæйы фыхæй æмæ хаты уазæгмæ

– Æрæвнал фынгмæ

Кæсаг цыма тебæйæ фурдмæ алиуырдта – уазæг æй уайсахат фæдæле кодта.

Ксанф дæр, йæ тæбæгъы цы кæсаг уыд, уымæй федта æмæ хæринаггæнæгмæ бадзырдта:

– Судзагхæлттæ йыл фаг цæуылнæ ныккодтай, стæй зети? Æнæ надæй нал аирвæзтæ

Æнæзонгæ лæг ахъуыды кодта: «Хæринаг иттæг хæрзад уыди. Фæлæ иугæр хæдзары хицау йæ хæринаггæнæджы нæмынмæ йæ былыцъæрттæ хæры, уæд мæн цы хъуыддаг и?»

Хæринаггæнæджы хорз фæнадтой.

Ксанф хъуыдыты аныгъуылд: ацы лæджы, æцæгæй дæр, а дунейыл ницы æндавы, ницæуыл риссы, чи зоны, гоби дæр у.

Кæсаджы фæстæ æрбалæвæрдтой хæбизджын. Æцæгæлон, чи зоны, ахæм хæринаг уынгæ дæр никуы фæкодта, йæхицæн дзы агуыридуры йас хай æркарста æмæ дыууæ комыкъулæй æмпулынмæ бавнæлдта.

Ксанф та хæбизджынæй дæр иучысыл федта æмæ фæхъæр ласта:

– Хæринаггæнæджы ардæм ракæнут!

Бадзырдтой хæринаггæнæгмæ

– Хæбизджыныл æнгузтæ æмæ мыд цæуылнæ ныккодтай?

Хæринаггæнæг ын дзуапп радта:

– Кæд хæбизджын хæрзфых нæу, уæд мæ бафхæр. Фæлæ кæд фаг адджын нæу, уæд уым æз ницы аххосджын дæн. Хыссæ куы змæстон æмæ йыл мыд бафтауинаг куы уыдтæн, уæд мын æхсин афтæ: «Абанайæ куы ‘рбацæуон, уæд дын ратдзынæн». Гъемæ куы ‘рбацыд, уæд мын ницы радта, æмæ хæбизджын адджын нæ рауади.

Ксанф æм дзуры:

– Кæд рæстытæ дзурыс æмæ аххосджын ме ‘фсин у, уæд æй æз цæрдудæй сындзджын арты басудзын кæндзынæн. –

Йæхæдæг йæ усæн сабырæй афтæ – Дæхи иу ницызонæг ыскæн.

Ксанф дзуры Эзопмæ

– Рахæсс ма сындзытæ æмæ сæ уаты бæстастæу æрцамай, стæй сыл арт бандзар!

Эзоп арт акодта, æмæ Ксанф йæ усы уырдæм ласыныл ныллæууыд.

Æцæгæлон йæ бынатæй змæлгæ дæр нæ фæкодта, сæн рауадзы æмæ та дзы уыцы æвæлмонæй аназы. Фæлæ йæ Ксанф фæлваргæ кæй кæны, уый бамбæрста æмæ йæм æрæджиау дзуры:

– Кæд æй æцæгæй басудзынмæ хъавыс, уæд иуцъус фæлæуу – æз дæр мæ усы æрбакæнон, æмæ сæ иумæ басудз.

Ксанф йæхи састыл банымадта æмæ Эзопæн загъта:

– Фæтых мыл дæ, сæттын ыл. Ныр алы фыдмитæн, хинтæн кæрон скæнæм, хæларзæрдæйæ мын кус.

– Иудадзыг мын «цу ма, цу ма» ма кæн, æмæ дыл æз дæр æнувыд уыдзынæн.

Дыккаг бон Ксанф загъта:

– Эзоп, абанамæ ма бауай æмæ фен, бирæ адæм дзы ис?

Фæндагыл Эзопыл амбæлд сахары хицау. Фæрсы йæ

– Кæдæм цæуыс?

– Нæ зонын. – дзуапп радта Эзоп.

– Ау, куыннæ йæ зоныс?

– Нæ йæ зонын.

Сахары хицау æм смæсты æмæ йæ ахæстоны бакæнын кодта.

– Гъер дын раст нæ загътон, хицау, – дзуры Эзоп. – Цæмæй йæ зыдтон, ахæстоны смидæг уыдзынæн, уый.

Сахары хицау дисæй амард æмæ йæ рауагъта.

Эзоп абанамæ бацыд. Уым адæмæй къухбакæнæн нæ уыди. Тæккæ бацæуæны лæууыд иу дур. Йæ хъус æм ничи дардта. Фæлæ иу абанамæ чи бахызт, уыдон ыл иу сæ къах скъуырдтой æмæ та иу ралгъыстой. Эзоп сыл дисæй марди. Уалынмæ та йыл иу лæг йæ къах скъуырдта æмæ фæкалди. Эзоп йæхинымæр загъта: «Ацы дур ардæм чи ‘рбахаста, уый авддæлдзæх фæуæд!» Стæй дур systa æмæ йæ иуварсмæ фехста. Æрбаздæхти хæдзармæ æмæ Ксанфæн афтæ

– Абанайы ис иунæг адæймаг.

– Иттæг хорз! Мæ дзауматæ ма мын арæвдз кæн æмæ цом.

Ксанф абанамæ куы бахызт æмæ дзы утæппæт адæм куы ауыдта, уæд Эзопмæ дзуры:

– Афтæ нæ загътай, иу адæймаг йеддæмæ дзы нæй, зæгъгæ

– Бæгуыдæр загътон. Уартæ фæндаджы был уыцы дур уыныс? Уый мæнæ ам, æрбахизæны лæууыд, алчи дæр ыл йæ къах къуырдта. Фæлæ æрмæстдæр иуы сæр æрцахста дур иуварсмæ фехсын. Æрмæстдæр уыцы иуы нымайын æз адæймагыл.

– Дзæбæх та фæцарæхстæ

Абанайы фæстæ Ксанф Эзопæн бафæдзæхста сихор сфыцын. Æрбадти, ахордта, стæй йæ къахбынатмæ цæуын æрфæндыд. Эзоп хъуамæ йæ фæдыл цыдаид доны дурын æмæ хисæрфæнимæ. Ксанф йæ хъуыддæгтæ куы бакодта, уæд фæрсы Эзопы:

– Эзоп, иу фарстæн ма мын дзуапп ратт. Адæймаг æдзухдæр йе ‘ппарæнтæм цæмæн акæсы?

– Раджы кæддæр, зæгъынц, иу принц цардæй къæртт æппæрста, хæрд æмæ нозт ын – хъуырмæ, гъемæ иу æй къахбынаты дæр дзæвгар бадын бахъуыд. Иу хатт йæ æппарæнтимæ йæ уд дæр афардæг æмæ бадгæйæ баззад. Уæдæй нырмæ, къахбынаты бадгæйæ, адæм фæстæмæ акæсынц, сæ «исбон» фæбæрæг кæнынц, кæд мыййаг мæ уд дæр йемæ лæмаргæ лæмарын аирвæзти, зæгъгæ. Фæлæ дæуæн тæссаг нæу ахæм хабарæй – дæуæн уд нæй.

Ксанф сихоры фынгмæ æрбаздæхти. Фынджы уæлхъус чи бадт, уыдонæн сæ фылдæр дзæбæх ноздджын уыдысты, æмæ сæ Хуыцау философийы хабæрттыл быцæу кæныныл куы скæнид. Ксанф дæр бахъæлдзæг æмæ йæм афтæ фæкасти, цыма аудиторийы бады æмæ йæ ахуыргæнинæгтимæ ныхас кæны. Эзоп бафиппайдта, быцæуæн кæрон кæй нæ уыдзæн, уый æмæ загъта:

– Дионисий адæмæн сæн куы аккаг кодта, уæд æртæ нуазæны рауагъта: иу – удæхцонæн, дыккаг – цины хосæн, æртыккаг – фыдуаг æмæ хиппæлой суæвынæн. Æмæ сын бафæдзæхста: бæрц зонут, æртæйæ фылдæр ма нуазут. Ды, Ксанф, фыццаг дыууæйæн сæ бынæй рухс суагътай, æртыккаг та кæстæртæн уадз.

Ксанф тынг банозтджын æмæ Эзопыл фæхъæр ласта:

– Дæ дзыхыл кæд æрхæцдзынæ? Зындоны хай дæ Хуыцау фæкæнæд! Уым Аидæн уынаффæгæнæгæн сбæззис!

– Ды мæ разæй куы фæуай, уымæй нæ тæрсыс?

Уалынджы ахуыргæнинæгтæй иу афтæ

– Адæймаджы бон алцы дæр у, уый дæ уырны, Ксанф?

– О, алцы дæр у адæймаджы бон!

– Кæд иугæр афтæ у, уæд денджыз баназын дæр бафæраздзæни, нæ

– Уымæй æнцондæр та цы ис! Суанг ма мæ бон дæр у денджыз баназын!

– Куынæ баназай, уæд та?

– Хæснаг кæнын, кæй баназдзынæн, уый тыххæй! Кæд нæ баназон, уæд ды рамбылдтай!

Хæснаг скодтой, се ‘нгуылдзтæй сæ къухдарæнтæ рафтыдтой æмæ сæ цъынды æрæвæрдтой.

Эзоп Ксанфы фæстæ лæууыд æмæ йын йæ тымбыл къухæй йæ къæбут бацавта:

– Дæ зонд фæцыд æви цы? Куыд хъуамæ баназай денджыз?

Фæлæ Ксанф расыг хъæлæсæй багуым гуым кодта:

– Банцай, цъыфæйдзаг хуы!

Дыккаг бон Ксанф сыстад æмæ хъавыд йæхи цæхсынмæ Дзуры Эзопмæ

– Дон ма мын æркæн. Эзоп ын дон æркодта.

Ксанф йæ къухтæ куы ‘хсадта, уæд бафиппайдта, йе ‘нгуылдзыл къухдарæн кæй нæй, уый.

– Эзоп, æмæ мæ къухдарæн кæм и?

– Æмæ йæ æз цæмæй зонын?

– Æнхъæлдæн æмæ мæ Хуыцау ралгъыста!

– Ксанф, – дзуры йæм Эзоп, – дæ исбонæй дæ истытæ бафæсвæд кæнын хъæуы, уымæн æмæ знон фæхæрд дæ

– Цытæ лæхурыс, Эзоп!

– Денджыз баназдзынæн, зæгъгæ, хæснаг скодтай æмæ дæ къухдарæн цъынды радтай.

– Ау, куыд хъуамæ баназон денджыз?

– Бæргæ дын дзырдтон: «Дæ зонд фæцыд?», фæлæ ма мæнмæ хъуыстай?

Æвиппайды Ксанф йæ уæрджытыл æрхауд Эзопы раз.

– Эзоп! Исты æрхъуыды кæн, ацы фыдбылызæй цæмæй фервæзон, уымæн! Куыд рамбулон, йе та хъуыддаг куыд фехæла, уымæн мадзал сараз!

– Рамбулыны кой кæнгæ дæр ма кæн, æндæр исты æрымысын хъæуы.

– Уæддæр цы?

– Кæимæ хæснаг кодтай, уый æмæ дæм тæрхонгæнæг æрбацæудзысты æмæ дæ домдзысты, денджыз баназ, зæгъгæ Уæдæ семæ цымыдис адæм дæр куыннæ уыдзæни, Ксанф денджыз куыд нуаздзæн, уымæ бакæсæм, зæгъгæ чи зæгъа, ахæмтæ Иугæр симды бацыдтæ, уæд дзы симын хъæуы –

лидзæн дын ничердæм ис. Уæдæ мын кæхцы денджызы дон æркæнут, зæгъгæ иу зæгъ. Стæй иу тæрхонылæджы бафæрс «Нæ хæснаг цæуыл уыди?» Уый дын дзуапп ратдзæни: «Ды хъуамæ баназай денджыз». Ды йын иу зæгъ: «Æндæр ницы?» Уый дзуапп ратдзæни: «Ницы». Ды иу сразы у æмæ, чи æрæмбырд, уыдонырдæм раздæх: «Ме 'мбæстон адæм! Денджызмæ бирæ дæттæ кæлы. Æз та хæснаг скодтон денджыз баназыныл, цы дæттæ йæм кæлы, уыдон баназыныл нæ, фæлæ Æз домын, цæмæй, хæснаг кæимæ скодтон, уый бацауаза, денджызмæ цыдæриддæр доны мыггагæй кæлы, уыдон. Зонын æй, уымæн ницы хуызы ис саразæн, уый суанг Гераклы бон дæр нæ бауыдаид. Гъемæ кæд афтæ у, уæд денджызæн дæр нæй баназæн. Дыууæ хъуыддагæй иуæн дæр бакæнæн нæй. Нæй та – дурæй хъæбæрдæр». Æрмæстдæр афтæ фервæзæн ис ацы бæллæхæй.

Ксанф хæлиудзыхæй каст Эзопмæ

Уалынмæ фæзынди, Ксанф хæснаг кæимæ скодта, уый дæр. Йемæ уыдысты сахары номдзыддæр хицæуттæ Хæснаггæнæг æрлæууыди Ксанфы кулдуары цур æмæ йæм барджынхуызæй бадзырдта:

– Ксанф, кæнæ дæ дзырдæн хицау разын, кæнæ та æри дæ исбон!

Эзоп æм рацыд æмæ йын афтæ

– Уый бæсты дæхи мæгуыр бынтыл ахъуыды кæн. Ксанф рамбылдта, зæгъгæ, йæ афтæ нымай.

Хæснаггæнæг æм мæстыйæ дзуры:

– Æгæртæ мæм уæндыс, Эзоп. Тагъд мæ цагъар кæй уыдзынæ, уый дæ рох ма уæд.

– Æдылы ныхæстæ... Фæлтау Ксанфæн рагацау æрцæттæ кæн дæ мæгуыр муртæ

Эзоп дзырд радта, цæмæй денджызы был æрæвæрой фынг æмæ къæлæтджынтæ, стæй рахæссой цалдæр кæхцы. Уæдмæ денджызы был цымыдис адæмæй байдзаг. Ксанф æрбадти къæлæтджыныл. Эзоп ын рауагъта денджызы дон кæхцытæм.

Ксанф тæрхонылæгмæ бадзырдта æмæ йæ фæрсы:

– Уæдæ цæуыл ныхасгонд ыстæм, зæгъыс?

Тæрхонылæджы бæсты йын дзуапп радта хæснаггæнæг:

– Хъуамæ денджыз баназай.

– Æндæр ницы?

– Ницы, – загъта тæрхонылæг.

Уæд Ксанф сыстад æмæ адæмыл йæ цæст ахаста. Уыдонæн фырцинæй сæ цæстытæ рацæйлиуырдтой. Ксанф загъта:

– Мæ иубæстон адæм! Денджызмæ бирæ дæттæ кæлы. Æз та, хæснаг кæнгæйæ, афтæ загътон, денджыз баназдзынæн, цы дæттæ йæм кæлы, уыдон нæ, фæлæ. Мемæ хæснаг чи скодта, уый уал уыцы дæттæ бауромæд, стæй ныхас кæндзыстæм.

Ксанф рамбылдта хæснаг.

Адæм æмдзыхæй хъæр систой:

– Ксанф фæуæлахиз! Арфæ йын!

Йемæ хæснаг чи кодта, уый йæ зонгуытыл æрхауд æмæ фæхъæр ласта:

– Сæттын ыл – æз фæхæрд дæн!

Хæдзармæ цæугæйæ Эзоп Ксанфæн афтæ

– Ксанф, уыныс æй, æз дын куынæ уыдаин, уæд гаффуттæй баззадаис. Ныр дæ курын æмæ мæ ауадз.

Ксанф ын дзуапп радта:

– Ныр та мæ баййардзынæ

Йæ хицау æбузн кæй разынд, уый Эзопæн тынг хъыг уыди. Цагъарæй кæй баззайдзæн, ууыл дæр афтæ нæ батыхсти, Ксанфы хæрам ын йæ зæрдæ цас скъахта. Фæлæ цы йæ бон уыд?

Иуахæмы Эзопмæ афтæ фæкасти, цыма йæ цуры ничи ис, цыма иунæг у. Йæ дзауматæ раласта æмæ, цыма сылгоймагимæ æмуд æрци, ахæм змæлдтытæ кæнын райдыдта. Раст уыцы рæстæг уатмæ бахызти Ксанфы ус æмæ, Эзопы афтæмæй куы федта, уæд æй фæрсы:

– Эзоп, цы кусыс, цы?

– Мæ удæн пайда æмæ æхсызгон цы у, уый кæнын.

Ксанфы ус ауыдта, Эзопы дзаума ставд æмæ даргъ кæй у, уый. Гъемæ йæм, цæвиттон, йæ зæрдæ бахъазыди, гуылмызтæ кæй у, уымæ дæр нал фæкасти, фæлæ йæм дзуры:

– Эзоп, мæнæн дæр ма сараз ме ‘хсызгон, дæхицæн дæр хуыздæр уыдзæни.

– Æ гæды рувас, æмæ мæ хицау куы базона, уæд цы зæгъдзæни? Ме ‘хсызгон мæ фарсы тæнæгæй нæ фæуыдзæни?

Ус ныххудти:

– Дæс хатты мын мæ мондæгтæ куы суадзай, уæд дын дуду дзауматæ ратдзынæн,

– Ард мын бахæр!

Ус ын ард бахордта.

Эзопы тынг фæндыди Ксанфæй йæ маст райсын, æмæ усы ардбахæрдыл баууæндыди. Фараст хатты йын йæ мондæгтæ суагъта, стæй загъта:

– Уымæй фылдæр мæ бон нал у.

Ус та ноджы тынгдæр смондаг æмæ йын афтæ

– Лæг хъуамæ йæ ныхасæн хицау уа. Дæс хаттыл дзырд уыдыстæм. Науæд ног дзаума дæ цæсты кæронæй дæр нæ федтай!

Эзоп йæ тыхтæ æрбамбырдтæ кодта, тынг зæрдиагæй бавнæлдта, фæлæ йæ хъуыддаг нал фæрæстмæ – æрмæст сылгоймагæн йæ агъдыл хъарм æртæхтæ æрхауди.

– Ацу æмæ мын мæ дзаумæттæ рахæсс, науæд дæ дæ сæрыхицауыл сардаудзынæн.

Ксанфы ус йемæ не сразы:

– Хъуамæ мын мæ зæхх бахуым кодтаис. Æз дæ уый тыххæй баххуырстон. Ды та ауæдзмæ рахызтæ. Дæ куыст нывыл бакæн æмæ дæ мызд райсдзынæ

Ксанф сæхимæ куы ‘рбацыд, уæд æм Эзоп дзуры:

– Мæ хъаст дæумæ хæссын.

– Цы хабар у?

– Быдыры фæцæйцыдыстæм дæ бинойнагимæ. Иу ран чылауи бæлас ауыдта, цæттæ дыргътæ кæуыл уыд, ахæм. Гъемæ мæ баййардта: «Иу æхстæн мын дæс адджын чылауийы куы æрæппарай, уæд дын ног дарæс ратдзынæн». Æз лæдзæг фехстон æмæ йын дæс чылауийы æрæппæрстон, æрмæст дзы иу фаджысы смидæг. Гъемæ мын ныр, зæрдæ цæмæй æвæрдта, уыцы дарæс нæ дæтты.

– Рæстытæ дзуры Эзоп, – загъта Ксанфы ус – Фæлæ фаджысы чи скуыси, уыцы чылауи нымады нæу. Эзоп мын цалынмæ дæсæм чылауи сыгъдæгæй радта, уæдмæ мацæмæ æнхъæлмæ кæсæд.

– Цасфæнды куы дзурай, уæддæр дын мæ бон ницыуал у, – загъта Эзоп.

Ксанф Эзопы фарс рахæцыд.

ИУ ФÆЗЗЫГОН БОН Ксанф загъта Эзопæн:

– Хорз æй зоныс, мæргъты митæм мæ хъус дарын, уый. Кулдуарæй ма ахиз æмæ акæс, сау халон дзы никуы ис Уый фыдуацхæссæг у, йе уæны кæсы. Фæлæ йæ къаимæ куы уа, уæд мæм иу бадзур – дыууæйæ куы вæййынц, уæд амонд хæссынц.

Эзоп кулдуарæй ахызти, дыууæ халоны иумæ бадгæ ауыдта æмæ фæстæмæ раздæхти:

– Рацу, ме ‘лдар. Халæттæ дыууæ сты.

Ксанф бацин кодта, тагъд тагъдæй уынгмæ рахызти, фæлæ уæдмæ халæттæй иу атахт.

– У æнаккаг! Афтæ дын нæ загътон, дыууæ куы уой, уæд иу мæм бадзур, зæгъгæ! Иу халон йеддæмæ дзы куынæ и!

– Омæ иннæ атахти.

– Ногæй та мæ æдылыйы бынаты æвæрыс! – фæхъæр ласта Ксанф, иннæ цагъартæм разылд æмæ загъта: – Йæ дзауматæ йын раласут æмæ йæм дзы дзæбæх æрдæттут!

Цалынмæ Эзопы надтой, уæдмæ Ксанфы æмбæлттæй иу йæ цагъары æрбарвыста, сихор скæнынмæ нæм рацу, зæгъгæ

Эзоп кæуынхъæлæсæй дзуры:

– Ксанф, ницы аххосджын дæн, афтæмæй мæ æфхæрыс!

– Куыд ницы аххосджын дæ

– Дæхæдæг загътай: дыууæ халоны куы фенай, уæд дæ хъуыддаг рæстмæ ацæудзæн. Æз дыууæ халоны федтон, æмæ мыл над æруади. Ды та иунæг халон федтай, æмæ дæ сихормæ хонынц. Уый та цæуыл дзурæг у? Цъиуты тыххæй дæ дæсныдзинад дыууæ сау капеччы аргъ дæр нæу.

Ксанф та Эзопы цыргъзондыл бадис кодта æмæ йæ ауагъта.

Ацы хабарыл иуцасдæр куы рацыд, уæд дын Ксанф Эзопимæ сахармæ куы араст уаид. Сæ фæндаг уæлмæрдты рæзты цыд, æмæ Ксанф цыртыты фыстытæ хъæрæй кæсын райдыдта. Цыртытæй иуыл дамгъæтæ пырхытæ уыдисты, исты бæлвырд дзырд дзы бакæсæн нæ уыд, æмæ Эзоп Ксанфы фæрсы:

– Цымæ йай цы амоны?

Ксанфы бон дзы ницы уыд раиртасын æмæ Эзопмæ дзуры:

– Дæумæ та куыд кæсы?

– Ацы дамгъæтæм гæсгæ дын сызгъæринты дурын куы ссарон, уæд мын цы ратдзынæ

– Сызгъæринтæн се ‘мбис æмæ сæрибар.

Эзоп агуыридуры саст ссардта, цыртæй цыппар санчъехы иуварсырдæм абарста æмæ уым зæхх къахын байдыдта. Цыбыр рæстæгмæ ссардта сызгъæрин. Ксанфмæ йæ бахаста, дзуры йæм:

– Дæ дзырдæн хицау разын.

– Дурын кæм ныгæд ис, уый куыд базыдтай? Уый мын куы зæгъай, уæд дæ фæндоныл сразы уыдзынæн. Уый мын сызгъæринтæй ахсджиагдæр у.

– Адон ысты дзырдты фыццаг дамгъæтæ. Иумæ та амонынц: «Цыппар санчъехы абар æмæ бæласы рахиз фарс къахын райдай. Æмæ ссардзынæ сызгъæрин».

– Ахæм зондджын кæй дæ, уый тыххæй дæ нал ауадздзынæн, уæлдайдæр сызгъæринтимæ

Эзоп ын дзуапп радта:

– Кæд афтæ у, уæд æз сызгъæринтæ сæ хицауæн ратдзынæн.

– Æмæ чи у сæ хицау?

– Византийы паддзах Дионисий.

– Цæмæй йæ зоныс?

– Фыстæй. Хъус ма: «Сыгъдæгзæрдæйæ цы сызгъæринты дурын ыссардтай, уый ратт паддзах Дионисийæн».

– Эзоп, сызгъæринтæн се ‘мбис айс æмæ банцай. Цом хъæмæ. Сызгъæрин байуардзыстæм, æмæ сæрибар дæ

Фæлæ куыддæр хæдзармæ бацыдысты, афтæ Ксанф Эзопы хибар уаты бастæй бакæнын кодта æмæ дуарыл гуыдыр сæвæрдта.

Эзоп лæгъстæтæм фæци:

– Сызгъæринтæ дæр дæу фæуæнт, æрмæст мæ ауадз.

– Æвзæр æрхъуыды нæу, – загъта Ксанф. – Ауадз дæ æмæ паддзах Дионисиймæ хабæрттæ бахæццæ кæнай! Ницы дын дзы рауайдзæни!

Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ адæм театры æрæмбырд ысты ног хицау равзарынмæ. Закъонтæхъахъхъæнæг адæмы астæумæ рацыд, йæ къухы – закъонтæ гæххæттыл фыстæй æмæ къухдарæн мыхуыримæ

– Ме ‘мбæстæгтæ! Хъуамæ равзарат ног хицау, закъонтæ æмæ паддзахады мыхуыр чи хъахъхъæндзæн, ахæм.

Цалынмæ адæм радзур бадзур кодтой, уæдмæ арвæй иу цæргæс йæхи рауагъта, къухдарæныл йæхи андзæрста æмæ йæ афардæг кодта. Самосы цæрджытæ тынг фæтарстысты. Сæ куырыхон лæгтæ æмæ алыхуызон дæснытæм фæдзырдтой, ай цы хабар у, зæгъгæ, сæ фæрсынтæ систой. Фæлæ дзы иуæн дæр бæлвырд исты зæгъын йæ бон нæ баци. Уæд адæмы ‘хсæнæй иу зæронд лæг сыстад æмæ хъæрæй загъта:

– Хорз адæм. Адоны рафæрс бафæрстыл нæ рæстæг цы сафæм, сæ уæцъæфты мæт йеддæмæ сæ куы ницы ис? Фæлтау мæнæ нæ дзырддзæугæ философ Ксанфы бафæрсæм.

Æнæхъæн Элладæ дæр æй зоны. Уый нын хъуамæ райхала цæргæсы сусæгдзинад.

Ксанф сыстад æмæ загъта, ацы сахат, дам, уын мæ бон ницы у зæгъын. Ахъуыды кæныны фадат, дам, мын раттут. Адæм фæпырх уæвынмæ хъавыдысты, афтæ та цæргæс арвыл фæзынди. Театры сæрты йæхи рауагъта æмæ къухдарæн æрæппæрста. Къухдарæн абадти цагъартæй иуы хъæбысы. Ксанфæн бафæдзæхстой: ацы хабар цы амоны, уый дæр нын бацамон. Ксанф сын зæрдæ бавæрдта æмæ уыцы зæрдæсастæй сæхимæ араст. Бинонтæн загъта, амæй фæстæмæ, дам, Эзопимæ загъд нал кæндзынæн, стæй йæ цагъартæн бафæдзæхста, цæмæй йæм бадзурой.

Эзоп баст уыд, æмæ йæ райхалынмæ куы хъавыдысты, уæд йæ гæндзæхтæ цæгъдын байдыдта:

– Ма мæ халут!

– Эзоп, – дзуры йæм Ксанф, – курын дæ, иу ныхасмæ мæм байхъус. Æз дæ хъадамантæй фервæзын кæндзынæн, ды та мæн фервæзын кæн мæ хъадамантæй.

– А а а, – загъта Эзоп. – Уæдæ та дæхи гуылы бын æндзарыс арт, нæ

– Æгæр хивæнд ма у!

Эзопæн йæ бæстытæ райхæлдтой. Ксанфы фæрсы, цы дæ хъæуы мæнæй, зæгъгæ. Ксанф ын радзырдта, театры цы хабар æрцыд, уый, æмæ йын Эзоп зæрдæ бавæрдта баххуысæй.

Фæлæ та Эзопæй йæ удхæрттæ хъуамæ ферох уыдаиккой æмæ йæ дыккаг бон æрфæндыд Ксанфы зæрдæйы исты маст бауадзын. Уымæ гæсгæ йын загъта:

– Ксанф, театры цы хабар æрцыд, уым исты сусæг хъуыды куы уаид æмбæхст, уæд дын баххуыс кæнин, фæлæ дзы ахæмæй ницы ис, стæй, æппынфæстаг, æз пехуымпар нæ дæн.

Ксанф йæ зæрдæ ницæуылуал дардта. Самосы адæмы цур йæхи, æнæбонæй куы равдиса, уæд ма уымæй худинагдæр цы уыдзæни? Ахæм зын уавæры никуыма бахауд. Æмæ йæм æрцыд йæхи амарыны зонд. Изæрæй бæндæн райста æмæ уынгмæ рахызт.

Эзоп йæ къаннæг уатмæ бацыди, дуар сæхгæдта æмæ схуысынмæ хъавыди. Фæлæ уалынджы бафиппайдта, Ксанф хæдзарæй кæй ахызт, уый. Эзоп йæ фæдыл араст и. Ксанф сахары кæронмæ куы рахæццæ, уæд йæ бæндæн иу бæласы къалиуыл бабаста. Куыддæр æрвæдзæджы йæ сæр фæцæйтъыста, афтæ Эзоп ныхъхъæр ласта:

– Ма бакæн, Ксанф! – æмæ йæм базгъордта.

– Эзоп, ма мæ уром! Амæй хуыздæр мадзал нæ зонын мæхицæн.

– Æмæ уæд дæ зонды ныхæстæ кæй хъæуынц, æдзух дæ ахуыргæнинæгтæн кæй амоныс, уыдон? Зынтæн фæразын, хиуыл хæцын æмæ æндæр ахæмтæ? Адзалы хъæлæсмæ цæмæн хизыс барвæндæй? Рахиз æмæ цом хъæмæ

– Дæхи айс ардыгæй! Æгады царды бæсты æз мæхицæн равзæрстон мæлæт.

– Ма дзур афтæ! Аппар иуварс бæндæн. Театры цы æрцыд, уый сусæгтæ дын райхалдзынæн.

– Куыдæй?

– Демæ мæ театрмæ акæн. Ды иу адæмæн зонддзжын ныхæстæ кæн, дæ философийæ сын иу æппæл, стæй мæ иу дæ ахуыргæнинаг схон æмæ мын иу дзырды бар ратт. Уый фæстæ сæ мæхи бар уадз.

Ксанф йемæ сразы.

Дыккаг бон Ксанф аренæмæ рацыд æмæ дзурын райдыдта:

– Мæ философийæн йæ бындуры сты логикæйы закъонтæ Дефиници куыд амоны, афтæмæй æз авгур нæ дæн, цъиуты уаст æмæ тахтмæ гæсгæ Хуыцауы арæзт хъуыддæгтæ иртасын мæ бон нæу, йæ хъысмæт кæмæн куыд уыдзæн, уый бæрæг кæныныл дæр нæ кусын. Фæлæ мæ уарзон сахар, ме ‘мбæстон адæмæн сæ зын сахат сæ фарсмæ балæууын ымайын мæ ахсджиагдæр хæсыл. Мемæ ракодтон мæ цагъары, уый мæ хуыздæр ахуыргæнинæгтæй иу у, æмæ йын дзырды бар дæттын.

Эзоп размæ рахызт, æмæ адæмыл æваст худæг бахæцыд, артæнхæлдтæ кодтой, сæ бынæттæй хъæр систой:

– Ацы удхæссæджы къалиу нын цы хъуамæ радзура?

– Бакæсуг ма йæм, хæфсы хуызæн хæбæцц куыд лæууы!

– Тъæпæнæгæн йæ бын куы ахауа, уыйау!

– Лæг нæ, фæлæ хæйрæг!

– Йæ синтæ æрдæгкъахт арынджы хуызæн!

Эзопы цæсгомыл иу нуар дæр нæ базмæлыд. Æппынфæстаг адæм æрсабыр ысты, æмæ Эзоп дзурын байдыдта:

– Ме ‘мбæстон адæм! Уæхи мыл худæгæй цы схастат? Ме ‘ддаг бакаст уæ чердыгæй хъæуы? Фæлтау уæ алчидæр йæхи бафæрсæд: ацы лæгмæ исты зонд ис æви нæй? Хосгæнæг дæр иу бакастæй лæгæн йæ низ нæ раиртасы. Фыццаг ын йæ пульс фены, стæй йын йæ низыхатт базоны. Уæдæ сæнæн

дæр йæ хорз кæнæ йе ‘взæр боцкъамæ гæсгæ нæ рахатдзынæ. Цæмæй йын йæ ад базонай, уый тыххæй дзы хъуамæ фæхъæстæ уай.

Адæм бамбæрстой, ацы лæг æдылытæй кæй нæу, уый æмæ хъæр систой:

– Хъуыддагмæ рахиз, хъуыддагмæ

Эзоп загъта:

– Хорз адæм! Цагъар дзурынмæ цыфæнды дæсны куы уа, уæддæр ын хуыцæутты арæзт хъуыддæгтæ сæрибар адæмæн æмбарын кæныны бар нæй. Сæрибарæй ныхас кæнын мæ бауадзут æмæ, кæд рæстытæ радзурон, уæд мын иу, сæрибар адæймагæн цы аргъ фæчындæуы, ахæм аргъ ыскæнут. Куы фæрæдийон, уæддæр иу мæ, сæрибар лæджы куыд бафхæрынц, афтæ бафхæрут.

– Ксанф, ратт Эзопæн сæрибар! – райхъуыст адæмы ‘хсæнæй.

Суанг ма сæрдариуæггæнæг дæр загъта:

– Ксанф, ауадз æй йæхи бар.

Фæлæ Ксанф не сразы:

– Уал азы дæргъы мын афтæ хорз чи лæггад кодта, уыцы цагъары куыд ауадзон?

– Уæд сæрдариуæггæнæг афтæ

– Уæд та нын æй уæй ракæн, стæй йæ мах ауадздзыстæм.

Ксанфы зæрдыл æрбалæууыд, Эзопы тыххæй фынддæс æмæ æртиссæдз денарийы йеддæмæ кæй нæ бафыста, уый. Æмæ хъæрæй загъта:

– Æз, Ксанф, самосаг адæмы фæндонмæ гæсгæ, Эзопæн сæрибар дæттын!

Ныр та Эзоп райдыдта дзурын:

– Хорз адæм! Цæмæй ацы ныхæстæ зæгъон, уый уæхи бафæндыди. Тагъд рæстæджы сахары алыварс æртыхсдзысты знæгтæ, йæ цæрджытæ суыдзысты цагъартæ Ам уыдзæни карз хæст. Мæргъты паддзах аскъæфта къуxдарæн, стæй йæ æрæппæрста паддзахадон цагъары хъæбысмæ. Уый уый амоны æмæ уæ цавæрдæр паддзах йæхицæн цагъартæ кæй скæндзæн, уæ закъонтæ уын аивдзæн æмæ дзы йæхиуæттæ æрæвæрдзæни.

Эзоп кæронмæ дзырд нæма фæци, афтæ паддзах Крезæй минæвар æрбахæццæ æмæ загъта, Самосы хицæуттимæ, дам, мæ аныхас кæнын фæнды. Фыстæг сæм радта, æмæ йæ уыдон хъæрæй бакастысты: «Лидийы паддзах Крез саламтæ æрвиты Самосы хицæуттæн, уынаффæдонæн æмæ адæмæн.

Нырæй фæстæмæ мын хъалон куыд фидат, афтæ. Мæ ныхасыл дыуузæ куы зæгъат, уæд уæм æфсадимæ фæцæуын».

Самосы бонджын æмæ дзырддзæугæ адæм загътой, сразы, дам, уæм Крезы домæнтыл, науæд, дам, нæ сахары знаг суыдзæни. Эзопæн арфæтæ фæкодтой, стæй йæ бафарстой, сразы уæм Крезы домæнтыл æви нæ

Эзоп сын дзуапп радта:

– Уæ сахары раздзæуджытæ куы сразы сты, уæд ма мæ цы фæрсут? Ныр уын, ма сразы ут, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд паддзах Крезы фыдызнаг суыдзынæн.

Фæлæ йæ адæм иу ран нал уагътой:

– Зæгъ нын, дæумæ ацы хъуыддаг куыд кæсы, уый!

– Уынаффæ кæныны бар мын нæй. Фæлæ уын иу зонд зонæн цау радзурдзынæн. Прометей адæмæн бацамыдта дыууæ фæндаджы: иу – сæрибармæ, иннæ – цагъардзинадмæ. Сæрибармæ фæндаг райдайæны гуыргъахъ уыди, стæй уæззау æмæ тæссаг. Фæлæ сæ иуцасдæры фæстæ рахуыдта уæрæх фæзмæ, зад дыргъбæлæстæ кæм уыд, ахæммæ – сæ иу бакастæй дæр зæрдæ рухс кодта. Адæмæн зын фæндаг æрхаста цин æмæ удæнцой. Цагъармæ фæндаг та райдайæны лæгъз æмæ æнцон уыди, хуыдта сæ дидинæгджын цъæх цъæхид быдырмæ. Фæлæ цас дарддæр цыд, уыйбæрц ыл фылдæр удхæрттæ æвзæрстой адæм, стæй йæ фæстаг хус сындзкъутæртæ бынтондæр æрæхгæдтой.

Адæм Эзопы æмбисонды хъуыды бамбæрстой æмæ минæварæн загътой, мах, дам, гуыргъахъ æмæ тæссаг фæндаг æвзарæм.

Минæвар паддзах Крезмæ аздæхт æмæ йын Эзопы æмбисонд рафæзмыдта. Ноджы ма йæ йе ‘ххуысгæнджытæ дæр бацардыдтой:

– Абырсын хъæуы Самосмæ. Сау быны дæрæн сæ ныккæндзыстæм, стæй нæ цагъартæ суыдзысты. Уадз æмæ иннæ адæмтæ дæр зоной, дæ ныхмæ дзурæнтæ кæй нæй, уый.

Фæлæ паддзахы уынаффæгæнджытæй иу загъта:

– Курын дæ, ма райдай Самосы ныхмæ хæцын. Цалынмæ Эзоп уым цæра æмæ сын зонд амона, уæдмæ самосæгтыл нæ фæуæлахиз уыдзынæ. Фæлтау æрдом, цæмæй дын Эзопы раттой. Хорз зæрдæлхæнæн сын ыскæн.

Крез уыцы уынаффæгæнæгмæ байхъуыста æмæ йын Самосмæ йæхи арвыста. Сакъадахмæ куы бацыд, уæд уайтагъд адæм æрбамбырд ысты æмæ хъæр самадтой:

– Æрцахсын æй хъæуы!

– Адде уæд йæ паддзахмæ

Эзоп ныхасы бар ракуырдта æмæ загъта:

– Хорз адæм! Æз цæттæ дæн Крезы къæхты бын амæлыныл. Фæлæ ма уын æххæст иу æмбисонд радзурон. Уый фæстæ мын иу æй мæ ингæны къæйыл ныффыссут. Раджы кæддæр сырдтæ дзурын зыдтой. Уыцы рæстæг бирæгътæ æмæ фысты ‘хсæн хæст цыди. Бирæгъты фæуæлахизмæ бирæ нал хъуыд. Æнæнхъæлæджы фыстæм æххуысмæ фæзындысты куыйтæ æмæ бирæгъты асырдтой. Састы бынаты чи баззад, уыцы бирæгътæ фыстæм минæвар æрбарвыстой. Уый фыстæн афтæ: «Кæд уæ фæнды, дарддæр хæст мауал цæуа, уый, уæд куыйты махмæ раттут». Æдылы фыстæ бирæгъты фæндыл сразы сты æмæ куыйты радтой. Бирæгътæ уайсахат куыйты акъабæзтæ кодтой, стæй фыстыл сæхи андзæрстой.

Адæм æмбисонды хъуыды бамбæрстой æмæ, Эзопы никæдæм уадзæм, зæгъгæ, ууыл ныллæууыдысты. Фæлæ Эзопы уынаффæ æндæр уыд. Уый ацыди паддзах Крезмæ

ПАДДЗАХ КРЕЗ Эзопмæ æркæстытæ кодта, стæй загъта:

– Мæнæ цы хуызæн дæ, мæнæ. Уæдæ дæ фæндæй нæ басастон Самосы бæстæ, и? Афонмæ мын хъалондартæ уаиккой. Ды канд тæссаг нæ дæ, фæлæ ма уыци уыци дæр дæ

Эзоп йемæ не сразы:

– Мæ цытджын паддзах! Ардæм мæ лæгдыхæй не ‘рбачынди. Мæхи бафæндыд афтæ. Мæ уындæй зæрдæдзæфау фæдæ, цыма дæ чъылдымырдыгæй фæрæхуыстæуыд æмæ ныббогъ ластай. Фæлæ буары хъæдгæмттæ хосгæнджытæ дзæбæх кæнынц, мæ ныхæстæ та дын, чи зоны, дæ маст бауромынæн феххуыс уой. Куы мæ амарай, уæд уый дæхицæн зиандæр уыдзæни. Дæ алыварс цы адæм уа, уыдон дæ ардаудзысты, цæмæй мæрдтæм барвитай дæ тæккæ зондджындæр уынаффæгæнджыты.

Паддзах Крез стыр дисы анығъуылди, стæй бахудт æмæ загъта:

– Сбад. Æрыхъуыстон, цыргъзонд æмæ пайдайаг хабæрттæ дзурынмæ, дам, дæсны дæ

Эзоп дæр æвиппайды хъуыддагмæ рахызт:

– Ахæм рæстæджытæ дæр уыди, сырдтæ адæймаджы æвзаг кæд зыдтой. Гъемæ уыцы заман иу мæгуыр лæг царди. Цæмæй мамæлайы къæбæры фаг куыстаид йæхицæн, уый тыххæй ахста цъырцъырæгтæ, бахус сæ иу кодта æмæ

сæ афтæмæй уæй кодта. Иу хатт та иу цъырцъыраг æрцахста æмæ, гъа, ныр æй амарон, зæгъгæ, куыд загъта, афтæ йæм цъырцъыраг дзуры: «Ма мæ амар. Мæн амарын дын цанæбæрæг пайда фæуыдзæни? Стæй нæдæр æфсиртæн куы ницы зиан хæссын, нæдæр æвзартæн. Уæдæ бæлæсты дæр нæ хъыгдарын. Уыйхыгъд адæмæн сæ зæрдæтæм цин хæссын мæ зарджытæй». Лæг цъырцъырагæн фæтæригъæд кодта æмæ йæ ауагъта. Æз дæр уыцы цъырцъырагæй уæлдай нæ дæн. Ныббар мын. Æфсад бауромын мæ бон нæу. Фæливынтæ æфсæнттæ кæнынмæ, мæнгард ныхæстæм нæ арæхсын. Мæ дзыхæй æрмæстдæр рацæуы, мæ зæрдæ мын цы фæзæгъы, ахæм æнæсайд, æцæг дзырдтæ æмæ уыдон фæсидынц адæммæ зонды, рæстмæйы фæндагыл ацæуынмæ

Эзоп йæ ныхæстæй паддзах Крезы зæрдæ балхæдта.

– Нæ дæ амардзынæн, – загъта паддзах. – Ныр зæгъ, цы дæ хъæуы мæнæй, дæ фæндон дын сæххæст кæндзынæн.

– Самосæгтимæ бафидау!

Крез сразы, æмæ Эзоп йæ цуры йæ зонгуытыл æрхауди.

Паддзах æм радта фыстæг, самосæгтыл æй сæмбæлын кæ зæгъгæ æмæ Эзоп рацыди Самосмæ. Адæм куы æрæмбырд ысты, уæд сын Эзоп паддзах Крезы фыстæг бакасти. Фыст дзы уыди, паддзах Крез Самосимæ кæй бафидыдта æмæ йæ уыцы хъуыддагыл Эзоп кæй сразы кодта, уый тыххæй.

Самосæгтæ Эзопæй стыр бузныг фесты, кæм æй балхæдæуыд, уыцы базары фæзыл ын йæ ном сæвæрдтой.

Эзоп Музæтæн нывонд æрхаста, стæй кувæндон сарæзта æмæ дзы сæвæрдта Мнемосинæйы статуя. Фæлæ дзы Аполлоны статуя нæ сæвæрдта. Уый дæр æм тынг рамæсты, кæддæр Марсиймæ куыд рамæсты, афтæ

ЭЗОП Самосы бирæ азты дæргъы фæцарди. Стыр хæрзты йын бацыдысты, кад ын кодтой. Фæлæ йæ фæстагмæ бафæндыд æндæр бæстæтæ фенын. Цæрæг лæг ысси, æмæ йæ къух амыдта дунетыл æрзилын. Уыди бирæ бæстæты, æмæ йын алы ран дæр зæрдиагæй хъуыстой йæ зонды ныхæстæм.

[2] Мнемосинæ – мысыны усхуыцау, фараст Музæйы мад грекъаг мифологийы.

[3] Марсий – сатир, Аполлонимæ ерысы бацыд музыкалон инструменттæй цæгъдынæй. Аполлон ыл фæуæлахиз æмæ йын карз тæрхон рахаста – удæгасæй йын йæ царм растыгъта.

ФÆСТАГМÆ ӕрбафтыди Вавилонмӕ. Уым паддзах уыди Ликург. Вавилойнӕгтӕ Эзопы зондыл тынг дис кодтой, нoджы йӕ кадыл ӕфтыд азӕй азмӕ. Йӕ ном афтӕ дӕрдтыл айхъуыст, ӕмӕ йӕм паддзах Ликург йӕхимӕ басидт ӕмӕ йын куыстӕй зӕрдӕ бавӕрдта.

Уыцы рӕстӕджы паддзӕхтӕ ерыс кодтой, хӕсты быдыры чи фӕуӕлахиз уайӕ нӕ, фӕлӕ, чи зондджындӕр разындзӕни, ууыл. Уӕлахиздзауы иу бацис лаврты чъина. Кӕрӕдзимӕ ӕрвыстой зыниртасӕн философон хынцинӕгтӕ ӕмӕ сын иу дзуапп чи нӕ радта, уый иу хъуамӕ иннӕмӕн фыстаид хъалон. Эзоп дзуапп радта, Ликург ӕм цы фарстытӕ радта, уыдонӕн сеппӕтӕн дӕр, ӕмӕ йын уымӕй йӕ зӕрдӕ балхӕдта. Ноджы иу ӕрхъуыды кодта алыхуызон хинӕйдзаг хынцинӕгтӕ ӕмӕ сӕ Ликург иннӕ паддзӕхтӕм ӕрвыста. Кӕй бон иу сӕ нӕ баци бахынцын, уыцы паддзӕхтӕ иу Ликургӕн хъалон фидын райдыдтой. Гъемӕ Вавилоны паддзахад азӕй азмӕ хъӕздыгдӕр кодта.

Вавилоны Эзоп базонгӕ иу ӕрыгон лӕппуимӕ (йӕ ном – Гелий) ӕмӕ дзы йӕхицӕн фырт загъта. Паддзахӕн бамбарын кодта, ай, дам, мӕ быдар у, ме 'цӕг дунемӕ куы ацӕуон, уӕд дын мӕ бӕсты ӕххуысгӕнӕг уыдзӕн. Эзоп ӕхсӕв бон нӕ зыдта, йӕ удӕй арт цагъта, цӕмӕй Гелийӕ хуызӕн лӕг рауадаид, уый тыххӕй.

Фӕлӕ Гелий фӕрӕдийын кодта паддзахы хӕзгулы. Эзопӕн уый тынг хъыг уыд ӕмӕ Гелийӕн алывыд акалдта, дӕхи, дам, куыд ӕмбӕлы, афтӕ куынӕ дарай, уӕд байсӕфдзынӕ

Гелий Эзопмӕ фӕхӕрам ӕмӕ дзы йӕ маст исын райдыдта, ноджы йӕ йе 'мбӕлттӕ сардыдтой, ӕмӕ Эзопы номӕй Ликургы знӕгтӕм фыстӕг арвыста, амӕй фӕстӕмӕ дам, цӕттӕ дӕн сымах фарс рахӕцынмӕ. Гелий фыстӕгыл Эзопы мыхуыр ӕрӕвӕрдта, паддзахмӕ йӕ радта ӕмӕ йын загъта:

– Æркӕс ма, мӕ паддзах, дӕ хӕлар цы митӕ кӕны, уымӕ. Гадзрахатӕй дыл рацыди, де знӕгты дыл ардауы.

Паддзах фырмӕстӕй цы акодтаид, уый нал зыдта, йӕ хъахъхъӕнӕг Гермипмӕ бадзырдта ӕмӕ йын загъта, Эзопы амар, зӕгъгӕ. Гермипп Эзопимӕ хӕларӕй цард ӕмӕ Эзопы бамбӕхста галуаны къуымтӕй иуы. Паддзахӕн та загъта, дӕ фӕдзӕхст дын сӕххӕст кодтон, зӕгъгӕ

Гелий та Эзопы бынат бацахста.

Мысыры паддзах Нектанебон фехъуыста Эзопы амарды хабар. Уый хорз зыдта, йӕ хинӕйдзаг хынцинӕгты

куырмæлхынцъытæ йын Эзопæй дарддæр æнæхъæн Вавилоны паддзахады кæй ничи райхалдзæн, уый æмæ Ликургмæ арвыста мæнæ ахæм фыстæг:

«Мысыры паддзах Нектанебон саламтæ æрвиты Вавилоны паддзах Ликургæн. Бæрзонд мæсыг самайын мæ зæрды æрæфтыди, зæххыл дæр æмæ арвыл дæр чи не ‘ндзæва, ахæм. Рарвит мæм, чи мын æй самайа, стæй мын мæ фарстытæн дзуапп чи ратдзæн, ахæм адæм. Уый тыххæй дын æз дæс азы дæргъы фиддзынæн хъалон. Мæ фæндон сæххæст кæнынмæ куынæ сарæхсай, уæд та мын уыцы дæс азы дæргъы ды хъуамæ фидай хъалон».

Ликург ацы фыст куы бакаст, уæд фырадæргæй фæкуыддæр, сæррамæ йæ бирæ нал хъуыди. Бадзырдта Гермипмæ æмæ йæ уынаффæгæнджытæм æмæ сæ бафарста:

– Ахæм мæсыг куыд амайгæ у, уымæн исты зонут? Кæд нæ, уæд уын хъуамæ уæ сæртæ акъуырын кæнон.

Ликургы уынаффæгæнджытæ цавддуртау фесты. Фæстагмæ сæ иу загъта:

– Зæххыл дæр æмæ арвыл дæр чи не ‘ндзæва, ахæм мæсыг куыд амайгæ у, уый махæй иу дæр нæ зоны.

Иннæ ма бафтыдта:

– Цыдæриддæр нын зæгъай, уый бакæндзыстæм. Фæлæ ацы хъуыддаджы æдых ыстæм. Ныббар нын.

Ликургæн йæ маст йæ риуы нал цыд æмæ йæ уынаффæгæнджыты амарын кодта. Йæ сæр æмæ йæ уадултæ хоста, йæ сæрыхъуынтæ тыдта, абухта, Эзопы мæрдтæм кæй барвыста, уый тыххæй. Æхсæвыгæтты йæ хуыссæны рафт бафт кодта, арф иу ныуулæфыди!

– Цæй æдылы дæн, цæй æдылы! Мæнæ мæхицæн цы бакуыстон!

Иу ахæм исдуг æм Гермипп йæ ныфс бахаста, æргом ын басасти:

– Мæ цытджын паддзах. Абон мæ фæстаг бон у, уый зонын, фæлæ дын уæддæр хъуамæ æргом зæгъон: дæ дзырд дын нæ сæххæст кодтон.

– Уый та цы хоныс?

– Эзоп æгас у.

Ликургы цæсгом барухс.

– О о, тынг мæ фæнды ныртæккæ, ды дæ фæстаг бон кæй хоныс, уый æнусы дæргъæн куы уаид, уый! Ды Эзопы кæй бахъахъхъæдтай, уымæй мæн фервæзын кодтай, мæн! Дæ дзæбæхтæ дын мæхиуыл нæ ныууадздзынæн. Фæлæ уал раздæр хъуамæ фенон уыцы зонды къуыбылойы.

Ӕмæ дзырд радта, Эзопы ардæм æрбакæнут, зæгъгæ

Эзопæн ма йæ уд удыл тыххæй хæцыд, афтæмæй æрлæууыди паддзахы раз. Уыдис æнæхсад, бынтондæр схъуынджын.

Паддзах йæ цæссыгтæ нæ баурæдта æмæ иннæрдæм азылди. Стæй йæ лæггадгæнджытæн бафæдзæхста, цæмæй Эзопмæ базилой, ног дарæс ыл ыскæной.

Эзоп та кусын райдыдта паддзахы уынаффæгæнæгæй. Ард бахордта, йæ паддзахыл иузæрдион кæй уыдзæн, уый тыххæй.

Ликург хъавыди Гелийы амарынмæ, фæлæ йын Эзоп ныллæгъстæ кодта. Афтæ йæм касти, лæппу удæгасæй куы баззайа, уæд йæ царды фæстаг бонмæ фæсмонæй йæхи хæрдзæни. Ликург Эзопы фæндоныл дыууæ нал загъта. Стæй йæм Нектанебоны фыстæг равдыста:

– Бакæс ма йæ

Эзоп æй бакаст æмæ бахудти:

– Нектанебонæн ахæм дзуапп ратт: «Зымæг куы аивгъуыйа, уæд мæсыгамайджытæ дæ бæстæйыл æмбæлдзысты, ноджы дæм арвитдзынæн, дæ фарстытæн дын дзуапп чи радта, ахæм лæджы».

Ликург Эзопы уынаффæмæ байхъуыста – Нектанебонмæ фыстæг арвыста. Эзопæн йæ кæнгæ фырты радта, ноджы йын бирæ диссаджы лæвæрттæ фæкодта.

Эзоп кæд Гелиймæ тынг мæсты уыд, уæддæр æй фæндыди, цæмæй лæппу галиу фæндагыл ма ацæуа æмæ йын амыдта:

– Байхъус лæмбынæг мæ ныхæстæм, æз дæ галиу зондыл нæ сардаудзынæн. Ӕз хорз ракодтон æмæ фыд ыссардтон. Бынтон æбузн разындтæ, фæлæ дын æз ныббарстон. Ныр мæ фæнды, цæмæй дæм мæ ныхæстæ бахъарой, дæ зæрдæмæ сæ арф айсай. Хуыцæутты ымай. Паддзахы хъомыс дæр хуыцæутты хъомысæй къаддæр нæу, уымæ гæсгæ нымай паддзахы дæр. Дæ ныййарджытæн цы аргъ кæныс, ахæм аргъ кæн дæ ахуыргæнæгæн дæр. Ныййарджытыл æнувыд уæвын лæгæн æрдзæй лæвæрд у. Фæлæ дыууæ хатты фылдæр аргъы аккаг у, йæхæдæг дæ чи уарзы, чи дыл ауды, уый. Алы бон дæр уыйбæрц хæр, цæмæй дæм дыккаг бон бакусыны фаг хъару уа, цæмæй уæнгрог æмæ æнæниз уай. Паддзахы галуаны исты дам думтæ куы фехъусай – дæ зæрдæйы сæ баныгæн, æмæ уæд дæхæдæг дæр сæ амæддаг не суыдзынæ. Дæ бинойнагимæ фæлмæн у, науæд дын йæ зæрдæ æндæр лæджы æрцагурдзæни. Сылгоймæгтæ рæузонд

ысты, фæлæ сын иуцасдæр цæстмæмитæ куы кæнай, уæд дыл сайдæй къаддæр цæудзысты. Сæн дæ сæры куы бацæуа, уæд дæ ахуырдзинадæй ма ‘ппæл. Хиппæлой адæмы цæсты æгад у. Де ‘взаджы рохтыл хæцын фæраз. Амондджынтæм хæлæгæй ма мæл, фæлæ сын сæ цинæй хай райс, æмæ уæд уыдон амонд дæр дæ амонд ысуыдзæни. Дæ лæггадгæнджытыл ауд, архай, цæмæй дын аргъ кæной. Дæ монцтæ уромын фæраз. Цыдæр хъуыддæгтæ ас лæгæй кæй базыдтай, уымæй æфсæрмы ма кæн – æрæджиауы хорзæх дæр хорзæх у. Дæ усæн дæ сусæгтæ ма дзур – сылгоймаджы зæрдæ иваг у, ноджы æккоймæ хизын уарзы. У хæд зонд æмæ хæдбар, стæй фæстауæрцджын; æдзух дæ хæлæрттæм курæг цæуыны бæсты, фæлтау дæ бынтæ де знæгтæн баззайæнт. Дæ хæдзармæ чи ‘рбацыд, уыдонимæ дзæбæх ныхас кæн: рæйаг куыдзмæ лæдзæг æмхиц у. Бынтæ кæнынмæ нæ, фæлæ зонд райсынмæ тырн. Бынтæ хатгай иунæг æхсæвмæ дæр æрбайсæфынц, зонд та æдзухдæр демæ уыдзæни. Амонд куы ссарай, уæд де знæгты ма ‘лгъит, фæлæ сын хорз ракæн; уæд уыдонмæ дæр фæсмон æрцæудзæни, дæу тыххæй раст кæй нæ хъуыды кодтой, уый тыххæй. Искæй де ‘ххуыс бахъуыди – дывæндтæ ма кæн. Æдзухдæр дæ зæрдыл дар: амонд бирæ нæ хæссы. Йе ‘нæуынон кæмæн дæ, хæрамзæрдæ чи у, ахæм адæймагæн хæринаг ратт, стæй йæ дæ хæдзарæй расур, де ‘фсымæр куы уа, уæд дæр. Дæ ныхæстæ, дæ хъуыддæгтæ дын цæмæй фæиннæрдæмыты кæна æмæ дæ адæмы цæсты бафтауа, уый тыххæй дæм æрбацыд.

Ацы ныхæсты фæстæ Эзоп сыстад æмæ ацыди.

Гелий йæхимæ куыдзæмгад æркаст, а дунейыл йæхицæй æнамонддæрыл никæй нымадта. Эзопы ныхæстæ йæм афтæ тынг бахъардтой, æмæ æппындæр хæрын нал куымдта. Фæстагмæ бынтондæр скъæсхуыр, хуызы ‘ртау дзы нал уыд æмæ амард. Эзоп ыл тынг фæхъыг кодта, кадимæ йæ баныгæдта.

Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ Эзоп цалдæр цуанонæн бафæдзæхста, цæмæй йын æрцахсой цыппар лæппын цæргæсы. Æрцахстой йын, уæдæ цы? Эзоп сын сæ базырты кæрæттæ алыг кодта. Хæссын сæ байдыдтой. Ноджы сын иу чысыл лæппуты се рагъыл сбадын кодтой æмæ иу сæ афтæмæй ауагътой. Рæстæджытæ рауади, цæргæстæ бахъомыл ысты, чысыл лæппутæ се ‘ккой, афтæмæй иу уæлдæфмæ сæхи систой. Цæргæстæн иу сæ къæхтыл даргъ

бæндæнтæ бабастой æмæ иу сæ æд сабитæ суагътой. Лæппутæ сын иу амыдтой, чердæм тæхын хъæуы, уый.

СÆРД куы ралæууыд, уæд Эзоп Ликургæн хæрзбон загъта æмæ æд лæппутæ æд цæргæстæ араст Мысыры бæстæм. Цыппар лæггадгæнæджы, фæндаггæгтæ йын йемæ арвыста Ликург паддзах. Мысыры адæм ыл дисæй мардысты.

Паддзах Нектанебон фехъуыста, Эзоп йæ бæстæмæ кæй æрбацыд, уый æмæ йæ уынаффæгæнджытæм басидти:

– Сайды фæдæн! – загъта паддзах. – Эзоп амарди, зæгъгæ, мын куы фехъусынчынди, уæд Ликургмæ фыстæг арвыстон!

Эзопæн загътой, Нектанебон дæ агуры, зæгъгæ

Паддзах йæ хæлæрттæ æмæ уынаффæгæнджытæн дзырд радта, цæмæй сæ уæлæ скæной урс хъисын дарæстæ Йæхæдæг та рацыди гæнæй уæфт тæнæг фæлысты, йæ сæрыл диадемæ – паддзахы худ. Йæ къæлæтджыны йæхи æруагъта æмæ Эзопæн бацæуыны бар радта. Ахæм кад ын кæй кæны паддзах, ууыл куыннæ бадис кодтаид уазæг! Нектанебон загъта:

– Эзоп, ныр ма мын зæгъ: кæй æнгæс дæн æз, стæй кæй æнгæс ысты мæ хæлæрттæ æмæ мæ уынаффæгæнджытæ

– Ды дæ Мæйы æнгæс, дæ хæлæрттæ æмæ дæ уынаффæгæнджытæ та – стъалыты æнгæс.

Нектанебонæн тынг æхсызгон уыд Эзопы дзуапп æмæ йæ лæвæртты бын фæкодта.

Дыккаг бон Нектанебоныл уыди сæнтсырх зæлдаг дарæс, йæ уынаффæгæнджытæ та – дидинджытæй фæлыст. Эзопмæ та бадзырдтой. Нактанебон æй фæрсы:

Кæй æнгæс дæн æз æмæ кæй æнгæс ысты мæ уынаффæгæнджытæ

– Ды дæ уалдзыгон хуры æнгæс, дæ адæм та – дæ бæсты бæркæдты æнгæс. Дæуæй цæуы рухс, æмæ дæ зæхх дидинæг калы, бæркæдтæ дæтты.

Нектанебон та тынг разыйæ баззад æмæ Эзопæн дуне лæвæрттæ фæкодта.

Æртыккаг бон Нектанебон рацыд урс урсид дарæсты, йæ фæсдзæуинтæ та – сæнтсырх дарæсты. Нектанебон та Эзопы бафарста, иннæ хæттыты йæ куыд фарста, афтæ æмæ йын Эзоп дзуапп радта:

– Ды дæ сæрдыгон тæвд хуры æнгæс, дæ адæм та – уыцы хуры сырх тынты æнгæс.

Нектанебон загъта:

– Куыд кæсын, афтæмæй мæ хъуыддæгтæ æвзæр нæ цæуынц. Вавилоны паддзахады Ликургы хъуыддæгтæ дæр афтæ куы цæуиккой.

– Ма зæгъ. Дæуæн зæххыл цæуы дæ бар, Ликург та Зевсы хуызæн у. Хур æмæ Мæйæн фæзæгъы, æрттивут, зæгъгæ азы афонтæн та – кæрæдзи ивут, зæгъгæ. Йæ маст арвау цæхæртæ калы, тыхдымгæйау зæхх æнæхъæнæй банкъуысын кæны. Ликургы паддзахады фидауц æмæ æрттывды цур дæ мулк, дæ исбон ницы ахадынц.

Уæд æй Нектанебон бафарста:

Мæсыгамайджытæ мын æрбаластай?

– Тæккæ райсом дæр сæ бон у куыстмæ бавналын. Æрмæст сын бынат бацамон.

Нектанебон сын бынат бацамыдта сахармæ бацæуæны.

Эзоп фæзы цыппар тигъыл цæргæсты сбадын кодта, стæй сæ, лæппутæ се ‘рæгътыл, афтæмæй арвмæ суагъта. Цæргæстæ сæхи уæлиау куы систой, уæд лæппутæ дæлæмæ æрхъæр кодтой:

– Æриут дуртæ, чъырызмæст æмæ хъайвантæ

Нектанебон дисæй амард æмæ загъта:

– Æмæ сын кæцæй æрхæссон тæхгæ лæгтæ

– Афтæ у уæдæ, афтæ – цингæнгæ загъта Эзоп. – Æрмæстдæр Ликургмæ ис, уæлдæфы чи тæхы, ахæм адæм. Ды та хуымæтæджы зæххон адæймаг уæвгæйæ, хуыцæутты æмсæр чи у, уыцы паддзахимæ ерысы бацæуинаг уыдтæ Ахæцынтæ ма дæ хъæуы!

– Мæхи састыл нымайын. Æрмæст ма мын мæ фарстытæн дзуапп ратт.

– Дзур!

– Гречъы бæстæйы ефсытæ балхæдтон. Куыддæр Вавилоны уырсыты мыр мыр айхъусынц, афтæ та фефтауынц.

Эзоп загъта:

– Уыцы фарстæн дын райсом ратдзынæн дзуапп.

Йæ хæдзармæ æрбацыд Эзоп æмæ лæггадгæнджытæн гæды æрцахсын кодта.

Хабар уайтагъд адæмыл апырх. Мысыйрæгтæ, Эзоп кæм цард, уыцы хæдзармæ фæфæдис ысты æмæ хъæр самадтой. Эзоп гæдыйы ауагъта, фæлæ мысыйрæгтæ уæддæр сæ хъаст паддзах Нектанебонмæ бахастой. Паддзах Эзопмæ бадзырдта æмæ йæм загъд кæны:

– Тынг ыстыр рæдыд æруагътай. Усхуыцау Баст гæдыйы хуызы цæуæг у, мысыйрæгтæ йын кувгæ кæнынц.

Эзоп йемæ не сразы:

– Уыцы гæды Вавилоны паддзах Ликургæн ыстыр зиан æрхаста. Дысон ын йæ уасæджы ныххурх кодта, паддзах иу рæстæг кæй уастмæ гæсгæ базыдта, уый.

– Худинаг дæм нæ кæсы мæн сайын? Гæды æмæхсæвæджы Мысырæй Вавилонмæ куыд бахæццæ уыдзæни, стæй та фæстæмæ куыд æрбаздæхдзæни?

Эзоп ын дзуапп радта:

– Æмæ дæ ефсытæ Вавилоны уырсыты мыр мыр куыд хъуамæ хъусой?

Нектанебон басаст йæ рæдыдыл.

Чысыл рæстæг куы рацыд, уæд Мысыры паддзах йæ галуанмæ фæсидти Гелиополы куырыхон лæгтæм, æмæ сын ныхас бацайдагъ Эзопы тыххæй. Стæй сын стыр куывд ыскодта, бахуыдта Эзопы дæр. Гелиополы куырыхонтæй иу дзуры Эзопмæ

– Нæ хуыцау нын бафæдзæхста, цæмæй дæм цалдæр фарсты раттæм.

– Афтæ у? – фæхъæр кодта Эзоп. – Уæдæ цæсты бафтыдтай дæ хицауы, дæхæдæг та худинаг фæдæ Хуыцæуттæ адæмы хъуыдытæ сæхæдæг æмбарынц, истæмæйты фæрсыны сæр сæ нæ хъæуы. Фæлæ бар дæхи! Бафæрс!

– А дунейы ис кувæндон, йæ астæу – цæджындз. Уыцы цæджындз уромы дыууадæс сахары. Алы сахары дæр – дæс æмæ ссæдз хæдзары. Алы хæдзары алыварс дæр иудадзыг згъорынц дыууæ æндæрджы.

– Ахæм уыци уыцийæ иу дæ сывæллæтты бафæрс, – дзу апп радта Эзоп. – Кувæндон у æгас дуне. Цæджындз – афæдз. Дыууадæс сахары – мæйтæ. Дæс æмæ ссæдз хæдзары – суткæтæ. Дыууæ æндæрджы та сты бон æмæ æхсæв.

Уымæн йæ райсом Нектанебон ныхас кодта йæ хæлæрттимæ. Сæ иу загъта:

Цæй, æмæ Эзопæн æцæг зын хынцинаг раттæм, зæгъæм» мæнæ ахæм: «Иу ахæм истæй кой ма нын ракæн, ныронг кæй никуыма федтам æмæ кæй кой никуыма фехъуыстам». Уый йæхи ратылиф батылиф кæндзæн, æнахъинон истытæ мысдзæни. Мах та йын дзурдзыстæм: «Уый мах раджы фехъуыстам æмæ федтам».

– Хорз æрхъуыды у, – загъта Нектанебон. Ликургимæ ерысы кæй фæуæлахиз уыдзæн, уыцы бæллиц ыл базыртæ ныссагъта.

Бадзырдтой Эзопмæ æмæ йын Нектанебон загъта:

– Эзоп, иунæг уыци уыци ма. Ныронг кæй никуыма федтам æмæ кæй кой никуыма фехъуыстам, ахæм исты ма нын радзур

– Æртæ боны фæстæ дын дзуапп ратдзынæн, – загъта Эзоп. Иæхæдæг йæхинымæры хъуыды кæны: «Æз цыфæнды куы дзурон, уæддæр иу адон ныллæудзысты, уыдæттæ федтам æмæ фехъуыстам, зæгъгæ

Хæдзары Эзоп æрбадт æмæ ныффыста хæсы гæххæтт, цыма Нектанебон Ликургæй мин сызгъæрин таланты дары. Кæронæй та дзы фæнысан кодта сæ бафидыны æмгъуыд.

Æртæ боны фæстæ Эзоп араст и Нектанебонмæ. Йæ бацыдмæ паддзах бадт йе ‘мбæлттимæ – æнхъæлмæ кастысты Эзопы фæзындмæ. Эзоп Нектанебонмæ радта гæххæтт æмæ загъта:

– Ам цы фыст ис, уый ма бакæс!

Паддзахы уынаффæгæнджытæ æнхъæлмæ дæр нал бакастысты, афтæмæй æмдзыхæй загътой:

– Мах уый федтам æмæ фехъуыстам!

– Тынг æхсызгон мын у, – загъта Эзоп. – Хæс фидынафон æрхæццæ

Нектанебон та фырадæргæй фæудаист æмæ йе ‘мбæлттыл фæхъæр ласта:

– Ау, æз ацы хабарæн куы ницы зонын, уæд æй сымах кæм фехъуыстат?!

Паддзахы уынаффæгæнджытæ æвиппайды сыдзмыдзы ныццавтой:

– Мах ацы хабарæн мур дæр ницы зонæм!

– Кæд афтæ у, уæд уын уый дзуапп уæ уыци уыцийæн, – загъта Эзоп.

Уæд Нектанебон афтæ

– Амондджын у уыцы паддзах, ахæм зонды хицау кæй бæстæйы цæры.

Паддзах Эзопмæ радта, цы хæсыл цыди ныхас, уый, стæй Ликургмæ ныстуан – демæ сабырæй, хæларæй цæрын, дам, мын иттæг æхсызгон у.

ЭЗОП Вавилонмæ куы ‘рбацыд, уæд Ликургæн хабæрттæ радзырдта, стæй йæм æхца радта. Ликург бафæдзæхста, цæмæй Эзопы номыл саразой бæрзонд цæджындз амаддзаг, йæ фарсыл йæ дурныв, афтæмæй, ноджы йын йæ номыл скодта стыр бæрæгбон

---

[4] Тæккæ ставддæр æхца Рагон Гречъы, Вавилоны æмæ Чысыл Азийы æндæр бæстæты.

Иуцасдæр рæстæг куы рацыд, уæд Эзопы тынг бафæндыди Дельфтæ бабæрæг кæнын. Ликург паддзахæн хæрзбон загъта. Уый дзы дзырд райста, фæстæмæ кæй æрбацæудзæн æмæ йæ царды бонтæ Вавилоны кæй арвитдзæн, уый тыххæй.

ДЕЛЬФТЫ адæм цымыдисæй хъуыстой Эзопмæ, фæлæ йыл вавилойнæгты хуызæн иузæрдион нæ уыдысты.

Дельфты адæм Эзопмæ фæкастысты къабускайы хус сыфты хуызæн. Æмæ сын иуахæмы Гомеры «Илиадæ йæ иу рæнхъ радзырдта: «Адæймаджы зæнæг ысты, къохы цы бæлæстæ ис, уыдон сыфтæрты æнгæс!» Иннæ хатт та йæ хъуыды ноджы æргомдæрæй загъта:

– Мæнæ денджызы уылæнтыл цы къодæхтæ фæхъеллау кæны, уыдон хуызæн мæм кæсут. Дардæй дæм ахæм къодах стырæй зындзæни, фæлæ йæм æввахс бацу æмæ фыдæнхъæл фæуыдзынæ – ахæм чысыл у, æмæ йæ койы аккаг дæр нæу. Дельфтæм дард куы уыдтæн, уæд уæ мæ сæр бæрзæндты хастон. Фæлæ йæ ныр базыдтон: уадиссагæй уæм ницы ис. Цæмæн афтæ у, зæгъгæ, мæ куы бафарстæуа, уæд зæгъдзынæн: кæмæй равзæрдыстут, уыдоны хуызæн митæ кæнут. Цæвиттон, сæгъ цы уа, дзыгы дæр – уый.

– Æмæ кæмæй равзæрдыстæм? – бафарстой дельфæгтæ

– Цагъартæй! Грекъæгтæм рагæй фæстæмæ афтæ уыд: искæцы сахар иу куы байстой, уæд иу дзы цæуыл фæхæст ысты, уымæн йæ дæсæм хай Аполлонæн нывондæн æрхастой. Сæдæ стурæй – дæс, сæдæ сæгъæй дæр – дæс, сæдæ нæлгоймаг æмæ сылгоймагæй та иу дæсæй цагъартæ скодтой. Гъемæ сымах уыдонæй райгуырдыстут! Æмæ абон дæр нæма ссæрибар ыстут, цы уыдыстут, уымæй баззадыстут!

Эзоп уыдæттæ куы загъта, уæд Дельфтæй цæуыныл ныллæууыди. Фæлæ сахары сæргълæуджытæм хъыг фæкаст, Эзоп сæ фыдгой кæй фæкодта, уый. Æмæ сæхинымæры загътой: «Ардыгæй йæ куы ауадзæм, уæд алы ран дæр нæ цауды кæйттæ кæндзæни». Æмæ йæ фесафыныл фæндтæ кæнын байдыдтой.

Аполлоны кувæндонæй сызгъæрин къус райстой æмæ йæ лæггадгæнæджы сусæгæй Эзопы хызыны цæвæрдтой.

Эзоп, гъа, ныр Фокидæмæ араст уон куыд загъта, афтæ дельфæгтæ йæ цуры февзæрдысты, рацахстой йæ æмæ йæ сбастой.

– Цæмæн мын бæттут мæ къухтæ

– Нæ кувæндонæй нын сызгъæрин радавтай!

Эзоп йæ цæстытæ доны разылдта æмæ фæхъæр ласта:

– Гъемæ мæ ам дзыхъмард фæкæнут, кæд мæм исты ссарат, уæд!

Дельфæгтæ йын йæ дзауматæ фæракал бакал кодтой æмæ йын йæ хызынæй сызгъæрин къус систой.

Эзоп лæгъстæгæнæгау дзуры:

– Сымах адæм йеддæмæ ницы стут! Хуыцæуттæй уæлдæр уæхи ма ‘вæрут – уыдон сæхæдæг сæхи тыххæй батыхсдзысты!

Фæлæ дельфæгтæ къæрттæй цъула не ‘ппæрстой æмæ Эзопы ахæстоны бакодтой. Эзоп фырадæргæй цы фæуыдаид, уый нал зыдта: «Æз дæн хуымæтæджы зæххон адæймаг æмæ мын, æвæццæгæн, хъысмæтæй ничердæм и лидзæн». Эзопæн йæ хæлар хъахъхъæнджыты балхæдта æмæ йæм йе ‘ндарæнмæ бацыди.

– Цы уыдзыстæм ныр? – æрдиаггæнæгау загъта Эзопы æмбал.

Æмæ йын уæд Эзоп ахæм æмбисонд радзырдта:

– Иу ус йæ лæджы нырма ныр баныгæдта. Йæ ингæныл сбадт æмæ кæуы. Иу зæхкусæг уæлмæрдтæм хæстæг хуым кодта æмæ усмæ йæ зæрдæ бахъазыд. Йæ галтæ фæуагъта, бацыди сылгоймагмæ æмæ уый дæр кæуын райдыдта. Уæд æй ус фæрсы: «Ды та цæуыл кæуыс?» Лæг ын дзуапп радта: Æрæджы мæ хæларзæрдæ бинойнагæй бавдæлон дæн, æмæ мын ныр цæссыг мæ уды рыст къаддæр кæны». Сылгоймаг арф ныуулæфыди: «Мæныл дæр ахæм бæллæх æрцыди. Мæ сæрыхицауы нырма ныр баныгæдтон. Куы фæкæуын, уæд мын фенцондæр вæййы». Лæг ын афтæ: «Нæ дыууæйыл дæр иухуызон бæллæх æрцыди. Цæй, æмæ нæ цард баиу кæнæм. Æз дæ мæ бинойнаджы хуызæн уарздзынæн, ды та мæн – дæ мард лæджы хуызæн». Фæлæ цалынмæ зæхкусæг усы уарзынтыл уыд, уæдмæ фæзынд иу къæрных, йæ галтæ йын суæгъд кодта æмæ сæ атардта. Лæг сыстади, кæсы æмæ йæ цуры – афтид гутон. Фæудаист æмæ ныббогъ ласта. Ус æй фæрсы: «Ныр та цæуыл кæуыс?» Зæхкусæг ын хæкъуырццæй кæугæ афтæ: «Ныр мын, хорз ус, æцæгæй дæр ис, цæуыл кæуон, уый».

Эзоп исдуг хъусæй алæууыди, стæй ма йæ ныхасмае бафтыдта:

– Ды мæ хæлар дæ, афтæмæй ма мæ фæрсгæ кæныс, цы уыдзыстæм, зæгъгæ. Цы уыдзыстæм, уый бæрæг нæу?

Уæд æй йе ‘мбал фæрсы:

– Омæ дыл цы’ рцыди, цы? Дельфæгтæй хынджылæг кæнын цæмæн райдыдтай сæхи сахары? Цы фæци дæ куырыхон зонд? Дуне дзыллæтæ дæумæ хъусæг куы уыдысты, уæд ныр дæхи бахъахъхъæнын куыннæ бафæрæзтай?

Дзуаппы бæсты йын Эзоп радзырдта æндæр æмбисонд:

– Иу сылгоймагæн уыд æдылыдзæф чызг. Мад æппынæдзух куывта хуыцæуттæм, цæмæй йын йæ чызджы сæры зонд бауадзой. Чызг алы бон дæр хъуыста йæ мады куывдтытæ. Иуахæмы быдырмæ ацыдысты. Чызг йæ мадæй алыгъд æмæ æнæнхъæлæджы ауыдта, иу лæг сыл хæрæгæн тыхми куыд кæны, уый. Сцымыдис æмæ фæрсы лæджы: «Цы ми кæныс, цы?» Лæг ын дзуапп радта: «Мæнæ ацы сыл хæрæгæн йæ сæры зонд уадзын». Æдылы чызгæн йæ мады куывд йæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ лæджы баййардта: «Мæнæн дæр ма бауадз мæ сæры зонд», Лæг æм нал байхъуыста, æрмæст загъта: «Дун дунейыл æдылы сылгоймагæй æвзæрдæр ницы ис!» Æдылы чызг уæддæр йæхи фæнд тæры: «Афтæ ма дзур! Мæ мад алы бон дæр уымæ кувы, цæмæй мын исчи мæ сæры зонд бауадза. Æхца дæр ма дын ратдзæни, бирæ ‘хца». Уыцы ныхæсты фæстæ лæг чызгæн йæ хъуыддаг сарæзта. Зæххыл уымæй амондджындæр ничиуал уыд æмæ йæ мадмæ хæрзæггурæггаг фæци: «Ныр мæнæн дæр мæ сæры зонд бауагътой». Мад æй фæрсы: куыд уыди, цы уыди? Чызг ын радзырдта, хъæды кæрон цы ‘рцыд, уыдæттæ. Мад ыл уыциу тъæлланг фæласта: «Дæ сæры цы зонды муртæ уыди, уыдон дæр фесæфтай!» Афтæ у, мæ хæлар, мæ хабар дæр. Дельфтæм куы бахаудтæн, уæд мæ сæрызонд фесæфтон.

Эзопы хæлар ацыд, йæ судзгæ цæссыгтæ калдта, афтæмæй.

Уæдмæ фæзындысты дельфæгтæ дæр:

– Ардауæн ныхæстæ кæй фæкодтай, стæй аргъуанæй сызгъæрин къус кæй радавтай, уый тыххæй дæ хъуамæ абон айнæгæй аппарæм. Дæхи сцæттæ кæ мæлæтмæ

Эзоп сын лæгъстæтæ кæнын райдыдта:

– Иунæг хатт ма мæм байхъусут!

Уыдон сразы сты. Æмæ сын Эзоп ахæм æмбисонд радзырдта:

– Зæххыл цыдæриддæр удгоймаг ис, уыдон ма кæрæдзи куы ‘мбæрстой, уæд мыст балымæн хæфсимæ. Сихор хæрынмæ йæ æрбахуыдта, йæ дзаг къæбиц ын фенын кодта. Уыди дзы дзул, фыдызгъæл, цыхт, нæлхæ æмæ фигæтæ

«Ахæр!» – загъта мыст. Йæхи дзæбæх куы федта, уæд хæфс афтæ зæгъы: «Ды дæр мæм æрбацу уазæгуаты!» Мыст дæр æм бацыд, æмæ йæ хæфс йæ цадмæ ахуыдта. «Цом, – загъта хæфс, – иумæ аленчытæ кæнæм». Мыст ын дзуапп радта: Æмæ æппындæр ленк кæнын куынæ зонын!» Фæлæ хæфс мысты къах йæхи къахмæ æндахæй бабаста, цадмæ йæхи фехста – мысты дæр йæ фæдыл аласта. Мысты фæхуыдугмæ бирæ нал хъуыди, тыхтæ фыдтæй ма сфæрæзта: «Æз мæлын, фæлæ мын мæ туг исчи райсдзæни». Хæфс фæныгъуылд, æмæ мыст амарди. Донæй фæстæмæ куы скаст, уæд сынт æрбатахт æмæ, доны уæлцъарыл чи хъеллау кодта, уыцы мыстмæ фæлæбурдта. Фæлæ мыст хæфсы къахмæ баст кæй уыд, уымæ гæсгæ халон сæ дыууæйы дæр аныхъуырдта. Мыст раст загъта – йæ туг æнæистæй нæ баззади. Мæн куы амарат, уæд уын мæ туг нæ батайдзæни – вавилойнæгтæ лидийæгтæ, стæй Элладæ æнæхъæнæй дæр сымахæн уыцы фыдракæнд нæ ныббардзысты.

Фæлæ йын дельфæгтæ йæ ныхас ницæмæ æрдардтой – айнæгмæ йæ ахæр хæр кодтой. Эзопæн фæндагыл йæхи атонын бантыст æмæ Музæты кувæндоны бамбæхсти. Фæлæ дельфæгтæ кувæндоны сæр дæр ницæмæ æрдардтой æмæ йæ тыхæй рацæйластой. Эзоп ма сын бæргæ фæдзæхста:

– Кувæндон ма фæчъизи кæнут! Байхъусут ма мæм: иу хатт иу тæрхъусы цæргæс расырдта, æмæ уый æххуысагур базгъордта фаджысы хъæндилмæ. Хъæндил цæргæсæн лæгъстæтæ кæнын райдыдта, Зевсæй курæгау, дам, дæ курын, ма ахæсс тæрхъусы, мæ гыццылмæ, дам, мын ма кæс, мæ ныхасмæ байхъус. Фæлæ цæргæс хъæндилы иуварс аппæрста, тæрхъусмæ фæлæбурдта æмæ йæ уадидæгæн апырдта. Хъæндилæн уый тынг фæхъыг, йæ систы ‘хсæнмæ бабырыд, æмæ йæ цæргæс йæ ахстонмæ схаста. Куыддæр цæргæс фæстæмæ атахт, афтæ хъæндил цæргæсы æйчытæ ахстонæй ратылдта. Цæргæс катайы бацыди, фæлæ йе знаджы ссарын йæ бон нал баци. Дыккаг аз цæргæс йæ ахстон ноджы бæрзонддæр æмæ æдасдæр ран сарæзта. Фæлæ та хъæндил уырдæм дæр ысбырыд æмæ йын йæ æйчытæ раппæрста. Афæдз та авигъуыдта, æйчытæ æфтауынафон æрцыд. Цæргæс Олимпмæ стахт æмæ Зевсы фæдджийы æйчытæ æрæфтыдта, цæмæй йын сæ уый хъахъхъæдтаид. Хъæндил хабærттæ базыдта, донджын фаджысы фæбæгъдулæг кодта, афтæмæй Зевсмæ стахт æмæ йæ сæры алыварс ратæх батæх систа. Зевс смаггæнаг фаджысы хъæндилы ауыдта, йæ зæрдæ схæццæ, фæгæпп ласта, атæрон

æй, зæгъгæ. Цæргæсы æйчытæ йæ фæдджийæ ратылдысты æмæ зæххыл ныццæх ысты. Зевсы хъустыл æрцыди, цæргæс хъæндилы ныхасмæ кæй нæ байхъуыста. уый æмæ йын хъыг уыд. Уæд Зевс цæргæсæн загъта: «Раст у, æнæбындар дæ кæй фæкодтой, уый – чысыл хъæндилмæ дæ байхъусын хъуыди». Хъæндил дæр йæ ныхас баппæрста: «Канд уый дзы нæй! фæдзæхстытæ дæр æм нымады не сты. Ма ахæсс тæрхъусы, зæгъгæ, йын куы лæгъстæтæ кодтон, уæд мæ ныхас уымæй райдыдтон: «Зевсæй курæгау дæ курын...» Фæлæ йæм уый дæр нæ бахъардта – æххуысагур нæм чи ‘рбазгъордта, уыцы тæрхъусы амардта. Æмæ йæ æз цæрын нæ бауадздзынæн, цалынмæ дзы тæрхъусы æмæ мæхи маст райсон, уæдмæ». Фæлæ Зевсы нæ бафæндыди, цæргæсты мыггаг сыскъуыйа, уый. Хъæндилæн дзурын байдыдта, цæргæсимæ бафидау, зæгъгæ. Фæлæ хъæндил къæрттæй цъула не ‘ппæрста... Дельфты цæрджытæ! Музæты хъыджы ма бацæут, кувæндоны нæфæтчиаг хъуыддаг ма бакæнут! Зевс уын æй нæ ныббардзæни!

Фæлæ дельфæгтæ хатыр нæ зыдтой, тыххæй раластой Эзопы кувæндонæй, бæрзонд айнæджы сæрмæ йæ стардтой. Бамбæрста Эзоп, йæ фæстаг сахат кæй æрзылд, уый æмæ ма загъта:

– Иу зæронд гутондар йæ цард цæрæнбонты сахар никуы федта. Йæ фырттæ уæрдоны æрыгон хæрджытæ баифтыгътой æмæ дзурынц сæ фыдмæ: «Сбад, ацы хæрджытæ дæ сахармæ фæхæццæ кæндзысты». Фæлæ фыдбон уыд, æмæ хæрджытæ фæндагæй иуварсмæ адзæгъæл ысты, æмæ сæ Хуыцау айнæджы былмæ бахаста. Зæронд гутондар ныхъхъæр ласта: «О цытджын Зевс! Цы дын ракодтон æвзæрæй? Ацы æнæсæр хæрджыты азарæй цæмæн сæфын!»

Дельфæгтæ Эзопы былæй куы фæцæйсхуыстой, уæд ма Эзопæн иу хъæр бантысти:

– Уый бæсты фæлтау Сиримæ, Финикимæ Иудемæ куы ацыдаин!

Эзоп дельфæгты ралгъыста, Аполлоны ном ма ссардта æмæ йæхæдæг йæхи сæрбынмæ аппæрста сæрсæфæнмæ

Уый фæстæ дельфæгтыл рын сыстади. Зевсы минæвар сын загъта: Эзопы тæригъæды кæй бацыдыстут, уый уын барст нæ уыдзæни.

Грекъ, вавилойнæгтæ æмæ самосæгтæ фехъуыстой, Эзопы тыхмард кæй ачынд, уый æмæ сæ йæ туг райстой.

*Светлана* **МЕКШЕН**

# ÆНÆ БÆСТÆ НÆЙ ФАРН ÆМÆ ÆВЗАГ

*Светланæ Мекшены ном хорз зындгонд у уæрæсейаг чиныгкæсæгæн. Цæры Липецкы, у къорд чиныджы автор. 19 азы размæ уыди Дзæуджыхъæуы, Ирыстоны тыххæй ныффыста æмдзæвгæты цикл, тæлмац кæны ирон поэтты уацмыстæ. Декабры йын уыдзæн юбилей. Нæ цæст ын уарзы æнæниздзинад, ног сфæлдыстадон æнтыстытæ.*

## ДÆ НОМ

Дæ фæлмæн рухс – æнцойы хос мæнæн,
дæ ном хъусгæйæ фидар у мæ зæрдæ
Æнæ бæстæ æз адæймаг нæ дæн,
йæ арв, йæ зæхх мын – Уæлладжы лæвæрттæ

Мæ авдæнæй мæ чырынмæ фæндаг
у зарджытæ ‘мæ маройтæй нывæстау.
Æнæ бæстæ нæй фарн æмæ æвзаг,
æнæбæстæ – æнæбындар, æвæстаг.

Фыдыбæстæ æппæт хæрзтæй, æппæт –
ыстырдæр хорз, мæгуырæй дæр дзæнæт у.
Бæстæ дын нæй – дæу ралгъыста хъысмæт,
æнæ бæстæ дæ уидæгтæ æнæтуг.

Бæстæ дын ис – бæрзæндты хæсс дæ сæр,
лæг йе ‘рвадæй, йæ хъæстæйæ – æхсарджын.
Бæстæ дын ис – уыдзынæ уæд ды дæр,
бæстæджын адæм – номджын æмæ барджын.

## СÆУМÆРАЙСОМ РЕДАНТЫ

Урс урсид уацимæ райсом æртахт –
сæрды фæстаг æрттывд ихæнты размæ
Къалиуæй хиуа кæмæ кæны загъд?
О дзиба, ратæх ма, ратæх мæ размæ

Абонæй сомбон нæ уыдзæн хуыздæр,
ууыл у, хатын, дæ катай, дæ сонт хъæр.
Рахастон дард фæзтæй ардæм мæ сæр, –
дæттæ дзы – уайагдæр, арв та – бæрзонддæр.

Хиуа мæстæймарæг, ма тæрс мæнæй,
ацы нæртон бон фæцин кæнæм иумæ
Иваг у заман, æууæндæн ыл нæй –
удхар хæддзуйæ ныллиуыры риумæ

О, фæлæ ахæмтыл ма тыхсæм ныр,
уадзæм гуырысхо,
мæ куыдз ыл ныммæлæд!
Ацы зæрин райсом не стæм мæгуыр –
сауцъиу фырзардæй рæдувы йæ хъуыр,
иумæ нæ арфæ уæлæрвтыл æмбæлæд.

## ФЫДЫБÆСТЫ ФАРН

Ирыстоны æхсон хæхтæ кæсынц
уæлдунейæ – тызмæг æмæ сæрыстыр.
Йæ ныхæй хурыл анымдзæвы рындз, –
йæ тыхыл бафты, ахауы йæ рыстæй.

Сты иу артæй уæрст айнæг æмæ хур,
кæрæдзийæн сæ сусæгтæ фæдзурынц.
Уыди кæддæр æхсидгæ хурау дур,
æмæ фæмысы ивгъуыд дугтæ дур рындз.

Æгуыппæг дуне... Бæрзæндтæн сæ уаг:
иу иннæйы æнæсымæй æмбары.
Чырыстийы цъупп – арвы ирдæй дзаг –
ныллæг кæмттæн æнусон цырагъ дары.

Ам æрдз æдзæмæй дур чиныг фыста
æхсæрдзæнты, æрвæрттывды хъæлæстæй.
Уæдмæ фæзынди дунемæ Къоста,
æмæ Ирыстон ракасти йæ цæстæй.

Æмæ йын систой дзыллæтæ сæ худ,
сæ фарнyл бафтыд, ахауди сæ рыстæй
Цæмæй сыгъдæг, æнусон уа дæ уд, –
дæ поэт лæгты бахъахъхъæн, Ирыстон.

## МА ХУЫССÆД ДÆ РУХС

Рухс уæвын куыд тынг фæндыди мæн! –
алкæй уарз, тæригъæд иу ын кæн...
Мад мын радта ахæм ном , цæмæй
хызт уыдаин сау тыхтæй, рынæй.

Рухсыл, ехх, нæ ауæрдын æппын,
архайын, мæ удæй арт цæгъдын,
оу, æна, нæ уынын цин уæддæр,
ног бæллæх та баййафы мæ сæр.

Удаисттæ, удхæрттæ – мæ цард,
стых мыл ысты хин æмæ мæнгард.
Зæрдæ у æрдынæлвæст – ныттынг,
хаттæй хатт фæцæйхуыссы йæ зынг.

Ахæмтæн куынæ быхсы сырд дæр,
уæд мæнæй куыд нæ сирвæзы хъæр?
Нæу адзал мæ катайаг бæргæ –
æрдзы уаг: цæргæ æмæ мæлгæ

А бæстыл мæм ницы кæсы зын.
Æз æрмæст æдзухъомæй тæрсын.
Удæгас цæугæ бæллæх куы суон, –
уый у, уый æцæг азар, фыдбон.

---

[5] Ныхас цæуы поэтессæйы ном Светланæйыл.

## КУЫ ХУДЫНЦ ИУУЫЛДÆР

Куы худынц иууылдæр кæл кæлæй,
кæны уæд иу исчи та хъыг.
Куы зарынц иууылдæр цæлхъ зардæй,
вæййы уæд иу исчи æрхæндæг.
Куы стауынц иууылдæр козбауæй,
уæд калы иу исчи цæссыг.
Æмдзыхæй хахуыртæ куы кæнынц,
вæййы уæд иу исчи æлгъгæнæг.
О, ахæм разыны бæгуыдæр,
сæдæтæ, минты астæу иу.
Гæвз у, бынтон афтид – йæ рæбын,
фæлæ у фарнæй дзаг йæ зæрдæ
Нæ кæны хъаугъатæ, быцæутæ
нæ хойы иннæтау йæ риу.
Æмырдзых, бонзонгæ, уæззаузонд,
нæ фауы знæгты ‘мæ хæлæртты.
Вæййы йæхæдæг та дзырдамонд.
Æмæ йыл чи не ‘вæры фау!
Фæлæ цы бадты нæ уа а уд,
уым адæм – тарæрфыг, фыдæнхъæл,
нæ цæуы уыцы бадты зарæг,
нæдæр дзы уаг вæййы, æгъдау:
æрмæст æдзæлгъæд хъæр, хæлхъой,
æмæ иу иннæмæн – йæ уæнгæл.

*ХЪОДЗАТЫ Æхсары тæлмацтæ*

## МÆНЫЛ КÆЛÆД ÆРВДЗÆХÆР

Тыхджын куы нæ куры æххуыс, цы уадтæн уæд æмбойны,
фыдæхæй хызт цы хæдзар уыд, гъе уырдæм дугъы æз?
Цæй зынг, цæй пиллæттæ, цæй арт – куы нæй сæ хъæр, сæ кой дæр
Æрмæст зæрæхсиды тынтæй æрттывта рудзынг – цæст.

Æниу куыд уырнытдаид мæн, æмæ сындзæхгæд дуармæ
æз кастæн иудадзыг зыдæй – æдзæм, æнæбон, тыхст.
Цыма хуыдуггæнæг фæздæг æртыхст мæ ризгæ буарыл –
уæууæй, мæ миддуарыл дæр кæд уæззау фæздæг æртыхст!

Ӕмæ мæ быцъынæг тыдтон, куы цагътон арт мæ удæй,
фæлæ мæнгасинты хъыррыст цъæхснагæй тахт бынмæ.
Мæ хъуыр ныффæсус и бынтон, мæ дзыхы дзырд ныссуйтæ, –
цынæ тас бавзæрста мæ уд, цынæ федта, цынæ!..

**Фæлæ...** Уæддæр мын нæй æнцой – мæ базыртæ ысцагътон
æмæ та – гъери гъа – тæхын цъæх арты дзыхмæ ныр.
Уыдтæн лæмæгъ, фæлæ къæйных, æмæ мæ ныв ыскарстон:
дæ бæсты дæр кæлæд мæныл æрвдзæхæры цыхцыр.

## НЫББАР-ИУ

Ӕз дын куы фæзæгъын «ныббар»,
уæд зон – фæндагыл дæ фæдзæхсын:
Куы цæуай – ма фæцуд, хæлар,
нæдæр дыл ма скæнæд фыдæхсæв.

Ныббар кæйдæр æлгъысты цæм..
Дæуæн дзы тас, мыййаг, куы нæ у.
Дæ сæрмæ – арварынг – æдзæм,
йæ царциатæм дæ хуындæуы.

Ныббар уæззау балцæн йæ даргъ,
дæ уды хъизæмар ыл бафтау.
Дæ ных уæлдæр нысанмæ дар, –
дæ цыт, дæ намыс хъахъхъæн авгау.

Ӕдзух ныббарынхъом куы уай –
хæрдзынæ адджынæн дæ къæбæр,
рынтæ дæ лидздзысты «тæргай»,
кæндзæн адзалы бон æддæдæр.

Уæдæ дæ зæрдæйы, хæлар,
хæрæмттæ макуы дар æвæрдæй...
Ныббар иу знагæн дæр, ныббар, –
æмæ ныббардзысты дæуæн дæр.

*МАМЫКЪАТЫ Хъазыбеджы тæлмацтæ*

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

ХЪАЗИТЫ *Мелитон*

## ИРОН ХÆЗНА

### АРФÆТÆ

Н

Нæ Уастырджи нæ рахиз фæрсты цæуæд.
Нæ Уастырджи нæ йæ рахиз базыры бын бакæнæд.
Нæ Уастырджийы хорзæх нæ уæд.
Нæ уæгъдибар цард нæхи фæндиаг уæд.
Нæ уæзæг фæрнджын уæд.
Нæ уæзæгæй хауæггаг цы никуы фæуæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ уæзæгæн аргъ кæнынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ уæзæгыл нæ уидæгтæ арф цы ауадзæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ уæзæгыл не знаджы къах макуы ‘рлæууæд.
Нæ уæзæгыл хæрæгсындз макуы ‘рзайæд.
Нæ уæздандзинад нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ уæздæттæ фæрнджын уæнт.
Нæ уæздæтты фæзмынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ уæлахизы хъуыддæгтæ уæм хъуысæнт.
Нæ уæлахиздзаутæ æгас цæуæнт.
Нæ уæлмæрдтæм æвзæр лæджы къах ма хæццæ кæнæд.
Нæ уæлфадæй дæр нæ Хуыцау макуы схъæрзын кæнæд.
Нæ уæнг рог цы уа, нæ зæрдæ – рухс, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ уæхст дæр ма басудзæд, нæ физонæг дæр.
Нæ удæнцой нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ удтæ сыгъдæг уæнт.
Нæ удты бæсты фæцæуæнт.
Нæ удыхæйттæ нæ удтыл æмбæлгæ цы уой, ахæм
амонд нæ уæд.
Нæ удыхæйтты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ уидаг даргъ, уæрæх цæуæд.
Нæ уидагæн аскъуыйæн ма уæд.
Нæ уидæгтæ макуы бахус уæнт.

---

[6] Дарддæр. Райдайæн кæс: «Мах дуджы» 2000 азы №№ 7, 9, 10,
–12; 2001 азы №№ 3–

Нæ уидæгтæ нæхи фæндиаг.
Нæ урсзачъе хистæртæ фæрнæй уæлейы бадæнт.
Нæ урсзачъе хистæртæ фарны уынаффæтæ кæнæнт.
Нæ урсзачъе хистæрты зондæй нæ Хуыцау рæдийын кæнæд.
Нæ устытæ нæ дзырдылдзæугæ уæнт.
Нæ усгуртæ фарны къах æрбавæрæнт.
Нæ усгуртæ фарны уазджытæ фæуæнт.
Нæ уындæй Хуыцауы цæст дзаг кæнæд.
Нæ фагæй фылдæр иу нæм цы ‘рхауа Хуыцауы арфæйæ, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фадат нæ саразæд.
Нæ фарн нæ кæстæртæн баззайæд.
Нæ фарнæй сымах дæр фæрнджын ут.
Нæ фарнæй сымах дæр хайджын цы уат, Хуыцау уын ахæм амонд раттæд.
Нæ фарны хабæрттæ уыл æмбæлæнт.
Нæ фаронæй нæ абон хуыздæр цы уа, нæ абонæй – нæ сомбон, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ фарсмæ чи ‘рбалæууы, уый фарс иу Хуыцау уæд.
Нæ фарсмæ чи ‘рбалæууы, уымæн нæ сæры астæуты – фæндаг.
Нæ фарслæууæг амондджын уæд.
Нæ фарслæуджыты цинтæ нын Хуыцау хъусын кæнæд.
Нæ фат алы хатт дæр нысаныл цы ‘мбæла, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фæд иу ма фесæфæд.
Нæ фæдыл иу цæуджытæ цы уа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фæдис ныл дзæбæхæй æмбæлæд.
Нæ фæдис Уастырджийæ фæдзæхст фæуæд.
Нæ фæдисонтæ уæлахизимæ сæрæгасæй цы сыздæхой, Уастырджи сын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ фæдонтæ нæ туг, не стæг хæссынæн уæнт.
Нæ фæдонтæй нæ зæрдæтæ хурварс бадæнт.
Нæ фæдонтæй нæ Хуыцау зæрдæнцой уадзæд.
Нæ фæззæг бæркадджын уæд.
Нæ фæззыгон муртæ æнæнизæй цы бафснайæм, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ фæллойы цæсты нæ Хуыцау макуы акæсын кæнæд.
Нæ фæллойгæнджыты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ фæнд фидар уæд.
Нæ фæнд иу нæ кæронмæ кæнынхъом Хуыцау уадзæд.
Нæ фæндтæ сæххæст уæнт.

Нæ фæндаг бæмбæджытыл цæуæд.
Нæ фæндаг – нæхи фæндиаг.
Нæ фæндаг – раст.
Нæ фæндаггæттæ ныл дзæбæхæй сæмбæлæнт.
Нæ фæндаггæттæ фæндараст фæуæнт.
Нæ фæндаггæттæ сæрæгасæй цы сыздæхой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фæндаггæттæн Уастырджи æххуысгæнæг уæд.
Нæ фæндиаг уæд, æмæ нæ уымæн æвзæр цы бафæнда, уый нæхи сæртыл æртыхсæд.
Нæ фæндиаг уæд, æмæ нæ уымæн цы фæнды, уый ныл Дунескæнæг Хуыцау æмхуызон байуарæд.
Нæ фæсивæд даргъ, уæрæх цæуæнт.
Нæ фæсивæд Ирыстоны аккаг хъæбултæ басгуыхæнт.
Нæ фæсивæд уæлахиз уæнт.
Нæ фæсивæды хæцыны сæр мауал бахъæуæд.
Нæ фæстагæттæ нæ хорзæн цы мысой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фæстагæттæ нæ фарнæй фæрнджын уæнт.
Нæ фæстагæтты номæй нæ Хуыцау уымы бæсты макуы схъæрзын кæнæд.
Нæ фæстинон адзæбæх уæд.
Нæ фидæн амондджын цы уа, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд,
Нæ фидæн – нæхи фæндиаг.
Нæ фидæнæй нын Хуыцау нæ зæрдæтæ барухс кæнæд.
Нæ фидæны амондæй нæ Хуыцау цæрын кæнæд.
Нæ фидыд æнустæм уæд.
Нæ фидыдæн фехæлæн макуыуал бонты уæд.
Нæ фыдтæй нæ Хуыцау фервæзын кæнæд.
Нæ фыдæбон хæдзарылхæцгæ уæд.
Нæ фыдæбонæй нæ Хуыцау сойбылæй цæуын кæнæд.
Нæ фыдæбоны бынæй иу сой цы разына, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фыдгулты амондæй нæ Хуыцау бахизæд.
Нæ фыдыбæстæ амондджын уæд.
Нæ фыдыбæстæн нæ Хуыцау басгуыхын кæнæд.
Нæ фыдыбæстæн фырттæн цы бабæззæм, ахæм хорз ныл æрцæуæд.
Нæ фыдыбæсты æвзæрдзинад нын Хуыцау макуы фенын кæнæд.
Нæ фыдыуæзæг уæзæгуат макуы фæуæд.
Нæ фыдыуæзæгыл нæ Хуыцау нæ уидæгтæ дардыл

ауадзын бауадзæд.
Нæ фыдыуæзæгыл дидинæг цы рафтауæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фыдызнæгтæ нæхи фæндиаг уæнт.
Нæ фынджы бæркад – бирæ.
Нæ фынджы бæркад нын Хуыцау нæ къухæй ма аппарæд.
Нæ фыр авдæнбæттæны 'ргæвст æрцæуæд.
Нæ фыр куывдæн цы бахъæуа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ фыртæй нæ Хуыцау нæ сины сæртыл хæцын кæнæд.
Нæ фырты цинтæм цы кæсæм, Хуыцау нын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ фысым хъæздыг, фæрныг уæд.
Нæ фысымы ис, бæркад бирæ уæнт.
Нæ фысымы ис, бæркад, суадонау, уæлеисгæ, бынæйахадгæ цы уа, уыцы амонд æй уæд.
Нæ фысымы сæр нын Хуыцау ма байсæд.
Нæ фысымы цæсгомыстæн цы кæнæм, уыцы амонд мах дæр уæд æмæ сымах дæр.
Нæ хабархæссæг ныл æнæниз, сæрæгасæй сæмбæлæд.
Нæ хабархæссæг хорз хабæрттæ цы хæсса, уыцы амонд æй уæд.
Нæ хай – нæхи фæндиаг.
Нæ хайæ нæ Хуыцау æнæхай макуы фæкæнæд.
Нæ хайæ сымах дæр хайджын цы уат, уыцы амонд уæ уæд.
Нæ хæдæфсармдзинад бахъахъхъæнынæн цы суæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ хæдæфсармдзинад нын Хуыцау ма байсæд.
Нæ хæдбар цард нæ къухæй ма аирвæзæд.
Нæ хæдзар амонды хæдзар фæуæд.
Нæ хæдзар бæркады суадон фестæд.
Нæ хæдзар хæдзаруат макуы фæуæд.
Нæ хæдзарвæндаг кæрæдзийыл хæцынхъом уæд.
Нæ хæдзарвæндаг фыдбылызæй хызт уæд, хæрзæбонæй – æххæст.
Нæ хæдзарвæндагæй æнафоны бындз къуымæлы дæр мауал бахауæд.
Нæ хæдзарвæндаджы мыдыкъусы къæм макуы ныххауæд.
Нæ хæдзардарæг æгас хæдзар арæд.
Нæ хæдзардарæг Хуыцауы арфæйæ 'ххæст уæд.
Нæ хæдзардарæг фыдбылызæй хызт уæд.
Нæ хæзнатæ уæлеисгæ, бынæйахадгæ уæнт.
Нæ хæлардзинадæн амæлæн ма уæд.

Нæ хæлæрттæ ныл сайдæй цы никуы разилой, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ хæлæртты сæр нын Хуыцау ма байсæд.
Нæ хæлæртты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ хæндыджы бæркадæн нæ хæзнаты бæркад уæд.
Нæ хæндыджы бын макуы сзынæд.
Нæ хæрд, нæ нозт дын дæ мады ‘хсырау батайæд.
Нæ хæрд нын донæн ма фæласын кæн.
Нæ хæрзæггурæггаг дæу фæуæд.
Нæ хæрзæггурæггаг дыл æмбæлæд.
Нæ хæрзгæнджытæ хæрзтыл æмбæлд уæнт.
Нæ хæрзгæнджытыл хæрзтæ цæуæд.
Нæ хæрзиуджытæ исынхъом ут.
Нæ хæрзиуджытæй хайджын ут.
Нæ хæс нæ Фыдыбæсты раз цы бафидæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ хæс фидынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ хæстæджытæ амондджынæй цæрæнт.
Нæ хæстæджыты сæр нын Хуыцау ма байсæд.
Нæ хæстæджытимæ нæ Дунескæнæг хъæрмудæй
фæцæрын кæнæд.
Нæ хæстæджыты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ хæстон лæппутæ ‘гас хæдзæрттæ ссарæнт.
Нæ хæстон лæппутæ уæлахизæй цы сыздæхой,
Уастырджи сын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ хæстон лæппутæ сæрæгасæй цы ссарой сæ
хæдзæрттæ, уыцы амонд сæ уæд.
Нæ хæстонтæ хæст мауал фенæнт.
Нæ хæтæнтæ нын Хуыцау нæхи фæндиаг уадзæд.
Нæ хæтæнтæ уæрæхæй уæрæхдæр кæнæнт.
Нæ хид макуы фæтасæд.
Нæ хид хæлардзинады хид фæуæд.
Нæ хидæн ныккæлæн ма уæд.
Нæ хион хæстæджыты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ хортæ тугыл цы аскъуыйой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ хортæй куывды бæгæнытæ цы ‘хсидæм, Хуыцау нын
ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ Хорæлдар нын йæ зæрдæйы дуар бакæнæд.
Нæ Хорæлдар нын раарфæ кæнæд.
Нæ хорæрзад – бирæ.
Нæ хотыхтæ райсыны сæр нæ макуыуал бахъæуæд.
Нæ худтæ хæссынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ худты кад цъыфмæ цы не ‘рæппарæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ хур макуы ахуыссæд.

Нæ хур нын нæ зæрдæтæ барухс кæнæд.
Нæ хуры цæст дæр та цы сзынг уа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ Хурты Хурзæрин нын арфæ ракæнæд.
Нæ хуссайраг æфсымæртæ æмæ хоты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ Хуссар Ирыстон Цæгат Ирыстонимæ ногæй цы баиу уа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ хуыздæртæ адæмы разæй цæуынхъом уæнт.
Нæ хуыздæрты фæзмынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ хуыздæрты цæрæнбонтæ бирæ уæнт.
Нæ хуындзаутæ хуынтæ хæссынхъом уæнт.
Нæ Хуыцау нæм бахудæд.
Нæ Хуыцау нын арфæ ракæнæд.
Нæ Хуыцауыхай нын æххуысгæнæг уæд.
Нæ Хуыцауыхай нын нæ кувинæгтæ сыгъдæгæй айсæд.
Нæ Хуыцауы хайæн сызгъæринбын цырæгътæ фæсыгъдæуæд.
Нæ Хуыцауы хайæн сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд.
Нæ Хуыцауы хорзæх нæ уæд.
Нæ хъазт адæмы зæрдæмæдзæугæ цы уа, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ хъазт Хуыцауы зæрдæмæ фæцæуæд.
Нæ хъайтар æгас хæдзар ссарæд.
Нæ хъайтары фарс фæндагсар Уастырджи фæуæд.
Нæ хъал цард нын Хуыцау макуы айсæд.
Нæ хъару æвидигæ уæд.
Нæ хъаруйы бæрц цард нын амондыскæнæджы цæст бауарзæд.
Нæ хъæбултæ нæхи фæндиаг цы уой, Хуыцау сын ахæм арфæ ракæнæд.
Нæ хъæбулты зындзинад нын Хуыцау ма фенын кæнæд.
Нæ хъæбулты хурæй æфсæст цы уæм, ахæм амондджын бонтæ ныл ныккæнæд.
Нæ хъæбулты цинтæм нæ Хуыцау фæкæсын кæнæд.
Нæ хъæдхъиутæ нæ хæдзæрттыл дзæбæхæй цы сæмбæлой, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ хъæлæба искæмæ хæссинаг макуы фæуæд.
Нæ хъæлæба искæмæн дзырддаг макуы фæуæд.
Нæ хъæлæс дардыл зæлæд.
Нæ хъæлæстæ мæрдон сыджытæй макуы айдзаг уæнт.
Нæ хъæлæстæ нæхи бар цы уой, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ хъæнтæ раст кæнынхъом нæ Хуыцау уадзæд.
Нæ хъæр мæрдтæм цы хъуыса, ахæм арфæ нæ уæд.
Нæ хъæстæ даргъ, уæрæх цæуæд.

Нæ хъæу дидинæг цы райтауа, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ хъæу хъæууат макуы фæуæд.
Нæ хъæубæстæн лæггад кæнын цы фæразæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ хъæубæсты цинтæ нæм хъуысæнт.
Нæ хъиамæт хæдзарылхæцгæ уæд.
Нæ хъиамæт хъазгæ худгæйæ цы хардз кæнæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ хъиамæтæй нæ Хуыцау æнæхай макуы фæкæнæд.
Нæ хъомылгæнджытæ зæрдæрухс уæнт.
Нæ хъомылгæнджыты зæрдæтæ нæ цы рухс кæной,
уыцы амонд нæ уæд.
Нæ хъул сах абадæд.
Нæ хъус ныззарæд.
Нæ хъуыддæгтæ нæхи фæндиаг цы уой, Хуыцауы цæст
нын уый бауарзæд.
Нæ хъуыддæгтæй нæ зæрдæтæ барухс уæнт.
Нæ хъыг фæлидзæд.
Нæ хъыгтæ цинтæй цы раивæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ хъыджы бон нын чи балæггад кодта, уыдонæн
Хуыцау хъыг ма зæгъæд.
Нæ цар ныл макуы ‘ркæлæд.
Нæ цар фидар уæд.
Нæ цард адæмы зæрдæмæдзæугæ уæд.
Нæ цард æнхъизæд.
Нæ цардæй нæ Хуыцау райгонд уадзæд.
Нæ цардамонд – бирæ.
Нæ цардамонды фарс – Дунескæнæг Хуыцау.
Нæ цард цæрæнбонты нæ Хуыцау «а» æмæ «о» йæ
фæцæрын кæнæд.
Нæ царм ныл макуы алæбырæд.
Нæ цармы дзаг нæ Хуыцау байрæзын кæнæд.
Нæ Цæгат уæлахиз уæд.
Нæ цæгатаг æфсымæртæ æмæ хотæ рын, сонæй
хызт уæнт.
Нæ цæгатаг æфсымæртимæ нæ Хуыцау сиу кæнæд.
Нæ цæгатаг æфсымæрты æмæ хоты цæрæнбонтæ
бирæ уæнт.
Нæ цæгатаг чъылдым нын Хуыцау ма байсæд.
Нæ цæгæттæ амондджын уæнт.
Нæ цæгæттæй нын Хуыцау æвзæрдзинад макуы
фехъусын кæнæд.
Нæ цæгæтты ныфс нын Хуыцау макуы байсæд.
Нæ цæгæтты цинтæ нæм хъуысæнт.
Нæ цæдис макуы фехæлæд.

Нæ Цæдис ногæй цы сæндидза, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ цæдис фехалыны сæр нæ макуы бахъæуæд.
Нæ цæл, нæ минасы фарн уæд.
Нæ цæргæ цæрæнбонты адæмы рæгъы цæуынхъом
цы уæм, ахæм амонд нæ уæд.
Нæ цæрынæй нæ хæрынмæ нæ йæ къахы алгъæй дæр
мачиуал схъæрзæд.
Нæ цæрынæй нæ хæрынмæ нæ хъул сах цы бада, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ цæрынхъуæгтæ Хуыцауы дæлбазыр бахъомыл уæнт.
Нæ цæрынхъуæгтæ цардæй цы бафсæдой, уыцы
амонд сæ уæд.
Нæ цæрынхъуæгты цинтæм цы кæсæм, уыцы
амонд нæ уæд.
Нæ цæсгом цы никуы фесафæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ цæссыг ын мæрдты бæсты кадæн уæд.
Нæ цæссыг ын – хæлар.
Нæ цæст макуы бамынæг уæд.
Нæ цæст макуы ахуыссæд.
Нæ цæст уæ байрайæд.
Нæ цæст уæ бафсæдæд.
Нæ цæст уын лæппу гуырдтæ фенæд.
Нæ цæст уын цы ‘рттива, уыцы амонд уæ уæд.
Нæ цæстæй уæ цы скæсæм, уыцы амонд нæ уæд.
Нæ цæсты рухс дæр дæуыл бафтæд.
Нæ цæттæ бынтыл зæрдæрухсæй фæцæр.
Нæ цæттæ фæллæйттæ дын – хæлар.
Нæ цæттæ хъæбултæ – Хуыцауы уазæг.
Нæ цæттæ цард – нæхи фæндиаг.
Нæ цæхджын хойраг дын дæ мады ‘хсырау батайæд.
Нæ цæхджын хойраджы ад макуы ферох кæн.
Нæ цæхджын хойраджы азарæй макуы басудз.
Нæ цæхх, нæ кæрдзын бæркадджын уæд.
Нæ цæхх, нæ кæрдзыны кадæн нæ Хуыцау
фæцæрын кæнæд.
Нæ цинаг æнустæм уæд.
Нæ цинтæ уæм хъуысæнт.
Нæ цонг фидар уæд.
Нæ цонгæн фæтасæн макуы уæд..
Нæ цонджы тых нын Хуыцау макуы байсæд.

*Уыдзæн ма.*

# МАКСИМ КОВАЛЕВСКИЙ: 150 АЗЫ

*Ковалевский Максимы фырт Максим райгуырди 1851 азы 27 августы Харьковы. Гимназы фæстæ каст фæци Харьковы университеты – Уæрæсейы рагондæр ахуыргæнæндæттæй иуы – юридикон факультет.*

*Зыдта францаг, немыцаг, англисаг, испайнаг æвзæгтæ. Йæ ахуыр дарддæр ахæццæ кодта Францы, Англисы æмæ Германы университетты, уыцы иу рæстæг куыста архивты æмæ библиотекæты, базонгæ бирæ ахуыргæндтимæ æмæ æхсæны кусджытимæ, бахæлар Маркс æмæ Энгельсимæ.*

*1877 азы æрбаздæхти Уæрæсемæ, райста магистры ахуырадон къæпхæн æмæ ссис Мæскуыйы университеты юридикон факультеты ахуыргæнæг. 1880 азы бахъахъхъæдта докторы диссертаци «Англисы æхсæнадон цардæвæрд астæуккаг æнусты кæрон». Диссертаци бахъахъхъæныны фæстæ дыууæ азы æмгъуыдæй ногæй ацыди фæсарæнтæм æмæ куыста Италийы, Испанийы, Америчы иугонд Штатты.*

*Уæрæсемæ куы æрбаздæхт, уæд сси Мæскуыйы университеты профессор. Всеволод Миллеримæ уадзын райдыдтой журнал «Критическое обозрение». Миллеры фæрцы сразæнгард Кавказы хохаг адæмты æгъдæуттæ æмæ цардæвæрд иртасынмæ. Ирыстонмæ фыццаг хатт Миллеримæ ссыди 1883 азы сæрды. Дзæуджыхъæуæй уайтагъд ацыди Алагирмæ, Æрыдонмæ æмæ Чырыстонхъæумæ. Балцы рæстæг ын иудадзыг æххуыс кодтой этнограф Кокиты Саввæ, сауджын Гатуты Алексей, Санаты æфсымæртæ Гацыр æмæ Гуыцыр.*

*Кавказы хохаг адæмты Максим Ковалевский бабæрæг кодта æртæ хатты, æрæмбырд кодта бирæ этнографион æмæ археологион æрмæг. Ирон адæмы тыххæй ныффыста æмæ 1886 азы рауагъта монографи «Современный обычай и древний закон» дыууæ томæй. Монографи йæ заманы банымадтой Уæрæсейы юридикон литературæйы хуыздæр*

*иртасæн куыстыл, фæлæ уæдæй нырмæ, хъыгагæн, никуал рацыди.*

*М. М. Ковалевский уыд историк, юрист, этнограф, социолог, æгас дунейы ахуыргæндты базонгæ кодта Кавказы адæмты цардæвæрдимæ. Йæ фæллæйттæ тæлмацгонд æрцыдысты къорд европæйаг æвзагмæ æмæ сын кæнынц стыр аргъ.*

*М. М. Ковалевскийы фæндаггон фыстытæ мыхуыр кæнæм цыбыргондæй.*

*Максим* КОВАЛЕВСКИЙ

# ФÆНДАГГОН ФЫСТЫТÆЙ

## АЛАГИР – САЛЫГÆРДÆН

Амы сауджын Гатуйы фырт мын хъаст кодта, бааййарынц, дам, мæ, номылус ракур, зæгъгæ. Чырыстон ирæттæн номылус курыны бар кæй нæй, уымæ гæсгæ бирæтæ райсынц пысылмон дин.

Ирон адæмæй чырыстон дин æппæты разæй райстой туал, æрбафтыди сæм гуырдзыйæ

Дыгурæн сæ фылдæр сты чырыстон: номылусы цот сæм хуыйнынц хъуымийæгтæ

Чызджытæ гæны фæскъау куы фæуафынц, уæд усгур лæппутæн сæ размæ бацæуыны бар нæй.

Алагирæгтæ уæздæттыл æмæ сау адæмыл дихгонд нæ уыдысты. Дудараты (Слонаты) æлдæрттæ рацыдысты Уæлладжыргомы Æрхонмæ хæстæг Трайæ, Санаты æлдæрттæ та – Уæлладжыргомы Ксуртмæ хæстæг Сыкъаджынæй; Есенатæ дæр сты Уæлладжыргомы Мызурмæ хæстæг Ногхъæуккаг æлдæрттæ; Алыккаты æлдæрттæ – Бадæй рацæуæг, Кодзыртæ æмæ Хъуысатæ дæр – Джимийæ рацæуæг æлдæрттæ. Иууылдæр сæхи хонынц тæгиатæй, уæвгæ та сты уæлладжырæгтæ

Дударатæ Уæлладжыры адæмы кæй хъыгдардтой, уымæ гæсгæ сæ уырдыгæй фæтардтой. Иу сылгоймагæн дзы йæ мой куы амарди, уæд родгæсæй бацыд æххуырсты. Фынæйæ

йæм хъомгæс фæныхылдта æмæ басывæрджын. Сывæллон ын куы райгуырди, уæд æй схуыдтой Слонатæй, ома, сылгоймаджы, сылы фырт.

Салыгæрдæны мын 75 аздзыд Гозымты Абырæг æмæ аздзыд Хъуылаты Иналыхъо радзырдтой мæнæ ахæм хабæрттæ

Кодзыртæ æмæ Хъуысатæ Алагирмæ æрбафтæг уыдысты æмæ сæ уæлладжырæгтæ нымадтой сæ дæлбартыл. Санатæ Хъуысатæ, Есенатæ, Алыккатæ уыдысты змæнтæг, адæмы хъыгдардтой æмæ сæ уымæ гæсгæ Уæлладжыргомæй фæсырдтой. Æрбынатон сты Арвыкомы фæндаджы фæйнæфарс, Гуырдзыстонмæ æфцæг бацахстой.

Бынæттон адæмы уæздæтты бартæ раиртасыны къамис саразыны рæстæг æлдæрттæн сæ рагфыдæлтæ чи уыдысты, уый базонынмæ фæрсæг ацыдысты уæлладжырон хистæртæм.

Бадилайæн фæдзæхст уыд Æрæфгом хъахъхъæнын. Уæлладжыр æмæ гæлиатæгты æхсæн быцæутæ цыдысты хизæнуæтты тыххæй. Ахæм хъуыддæгтæ, искуы иу хаттæй фæстæмæ, лыг кодтой хъæуты мидæг æвзæрст тæрхонылæгтæ

Туджджынты хъуыддагмæ æркæсыны тыххæй æвзæрстой фараст тæрхонгæнæджы: фондз – тугагурджытæй, цыппар та – тугдартæй. Бафидауыны тыххæй тугдар хъуамæ бафыстаид 360 туманы, кæнæ уый аргъ радтаид фос. Тугдарæн йæ бон ахæм аргъ бафидын куынæ уа, уæд сæ бæсты хъуамæ тугагурæн радтаид æнæцыд чызг æмæ саргъыбæх. Мыггагмæ чындздзон чызг куынæ разындаид, уæд æй æлхæдтой искæмæй æмæ иу ссис тугагуры мыггагæй искæй ус, æмæ афтæмæй туджджынтæ нымад уыдысты фидыдыл.

Сæйраг тæрхондон уыди Дагомы. Тæрхонылæгтæ йын æвзæрстой хæстæгдæр æртæ хъæуæй – Дагомæй, Цъамадæй æмæ Урсдонæй. Бынæттон тæрхонылæгты уынаффæимæ разы чи нæ уыдис, уыдон сæ хъаст хастой Дагомы тæрхондонмæ. Уый хъуыддаг æвзæрста, Мадызæд кæй хуыдтой, уыцы бынаты. Дагомы тæрхонгæнджыты бахъуыды рæстæг æвзæрстой æртæ хъæуы цæрджытæй – æдæппæт фараст адæймаджы.

Хъастгæнджытæ кæм цардысты, уыцы хъæутæй тæрхондонмæ цыдысты æрмæст æвдисæнтæ æмæ хабархæсджытæ. Дыгурæй æмæ туалтæй фæстæмæ иннæтæн

сеппæтæн дæр, ома, тæгиатæн æмæ уæлладжырæн тæрхон хастой Дагомы.

Дагом ис Уæлладжыргомы. Хъæумæ нæма бахæццæ уыдзынæ, афтæмæй фæзы разыны егъау къæйдур. Уыцы тъæпæн дурыл бадтысты тæрхоны лæгтæ. Тæрхондон ис дыууæ комы саджилы. Хъастгæнджытæ ардæм цыдысты гæрзифтонгæй. Хъуыддаг æвзарынмæ бавналыны размæ сын иу сæ хотыхтæ райстой. Хъастгæнджытæй иутæ кæнæ иннæтæ тæрхонимæ разы куынæ уыдаиккой,уæд иу сын сæ хотыхтæ фæстæмæ нал лæвæрдтой. Æнæ хотыхæй æрбаздæхын æгадыл нымад кæй уыдис, уымæ гæсгæ иу бар æнæбары сразы сты тæрхонимæ

Зылынгæнæг æвдисæнтæ фаг куынæ разындаид, уæд хæрын кодтой ард. Тæрхонгæнджытæ уынаффæ хастой ард бахæрын кæныны размæ, фæлæ сæ тæрхон хъусын нæ кодтой, ард бахæрыныл куы нал сразы уой, уый тæссæй. Ард хордтой зылынгонд йæхæдæг нæ, фæлæ йæ хæстæджытæ, сæ ныхасыл бауæндæн кæмæн уыд, ахæм лæгтæ Æвзаргæ та сæ хъуамæ ракодтаид хъастгæнæг. Сæ нымæц хæццæ кодта фондз æмæ ссæдзмæ. Ардхæрджытæ иу æрбацыдысты дзуармæ, сæ худтæ иу систой æмæ сæ дзуармæ æппæрстой мидæмæ. Тæрхоныл æгæ сын иу загътой: ард кæй тыххæй хæрут, уый кæд æнаххос у, уæд дзуармæ бацæут æмæ уæ худтæ рахæссут.

Иуахæмы Мыкалыгабры дзуары ард хæрын бахъуыди Бутаты Беппызары. Адæм иууылдæр зыдтой: мæнг ард хæрынмæ цæуы. Æмæ йæ дзуары азар баййæфта. Ард кæй тыххæй хордта, уыимæ фæбыцæу дзуармæ фæндагыл. Хыл сын бацайдагъ, кæрæдзимæ фæлæбурдтой, дыууæйæ дæр рындзæй асхъиудтой æмæ фæмард сты.

Ардхæрджытæ дзуармæ цыдысты æртæ чъириимæ æмæ далысы кусартимæ. Дзуармæ иу йæ номæй бакуывтой æмæ загътой:

– Ард кæй тыххæй хæрын, уый кæд æмæ аххосджын у, уæд мæ дæ фыдæх баййафæд.

Ард хордтой æнæ дзуармæ бацæугæйæ дæр:

– Кæд æмæ ард кæй тыххæй хæрын, уый, кæнæ мæхæдæг аххосджын стæм, уæд мæ мæрдтæн куыйтæ фæлдыст фæуæд!

Аххосджын кæй кодтой, уый æвдисæнты ныхæстæ тæрхоныл æгтæм нымады нæ уыдысты (нымайын сæ райдыдтой, Уырысы хицауад куы æрфидар Ирыстоны, уæдæй фæстæмæ

Тæрхон фехъусын кæныны размæ тæрхонылæгтæ аххосджыны хæстæджытæй æвæрдтой «фидартæ». Уыдонæн фæдзæхст уыди тæрхон сæххæст кæнын. Кæд æмæ тæрхон æххæстгонд не ‘рцыдаид, уæд «фидар» дзуапп æвæрдта йæ исбонæй.

Тæрхонылæгтæ фæсаууонмæ уынаффæ никуы хастой; хъастгæнæг кæнæ дзуапдæттæг тæрхоны бон куынæ фæзындаид, уæд хъуыддаг æргъæвтой фæстæдæрмæ

Зæххы фæдыл хъаугъа алыг кæныны тыххæй быцæугæнджытæ æвзæрстой дзырддзæугæ лæджы. Уый хъуамæ æркъахтаид, кæрдæг кæм нæй, ахæм зæххы белгом, йæ дыууæ къухмæ йæ систаид, хуымгæнды арæнтыл æрзылдаид æмæ, зæххы хай кæй у, уый загътаид.

Ирон адæммæ ис кæнгæ æфсымæртæ. Дыууæ æмгары кæрæдзийæ æфсымæртæ фæзæгъынц, иу агуывзæйæ арахъ势 бануазынц æмæ ард бахæрынц:

– Нæ дыууæйæ иу иннæуыл гадзрахатæй куы рацæуа, уæд æй ацы кадджын нуазæны азар басудзæд!

Кæнгæ æфсымæртæн кæрæдзийы хотæ курыны бар нæй.

Туджы аргъæй мадырвадæлтæн хай нæ вæййы. Ирæд куы фæфидынц, уæд усгуры хардзæй æмбæлы мадырвады бæх, дыгурмæ та – мадырвады гал.

Ирмæ дæр æмæ дыгурмæ дæр æгад у, ус чи нæ куры, уый: хонынц æй дзæдæл.

Раджы заман ирæттæ чызджы тыххæй хатгай суанг авдæнмæ дæр йæхицæй дзæвгар хистæр усгурæн фидыдтой æмæ ныр дæр ма фидауынц Туалгомы. Æрыдойнаг сауджын Такъойы фырт æмæ алагираг сауджын Гатуйы фырт 1881 азы ахæм фидыдæй тыххæйты баиргъæвтой иу хæдзар.

Гатуты сауджынæн зæронд устытæ дæр æмæ æрыгон сылгоймæгтæ дæр куыд басастысты, афтæмæй амардтой сæ ноггуырд сывæллæтты, уæдайдæр та чызджыты: кæнæ сын иу дзидзи нал лæвæрдтой, кæнæ та сæ иу доны бæлæгъы сæвæрдтой. Ахæм хабæрттæ арæх уыдысты 1835 азы æххормаг рæстæджы.

аздзыд ацæргæ сылгоймагæн ныййарын худинагыл нымад у, уымæ гæсгæ хатгай сæ ногард сывæллæтты амарынц. Гатуты сауджын куыд зæгъы, афтæмæй сылгоймæгтæ æфхæлц дæр кæнынц.

Чындзмойы ирон адæм худинаг кæнынц мæнæ ахæм хуызы: аххосджыны хæрæгыл фæстæрдæм сбадын кæнынц æмæ йæ афтæмæй ласынц уынгты, уыимæ алкæмæн дæр ис йæ бафхæрыны, дур кæнæ йыл фаджыс ныццæвыны бар.

Ӕнæус лæг æнæлæг сылгоймагмæ куы хъуыза, уæд уый ирон адæммæ ницы уадиссаг кæсы. Банымайæн ис, æмæ сæм нæлмойтæ нæй. Гатуйы фырт куыд зæгъы, афтæмæй сауджынæй цы фынддæс азы кусы, уыдоны дæргъы нæлмойы кой никуы фехъуыста.

Гатуты сауджыны ныхæстæм гæсгæ, чындзаг æвзаргæйæ æппæтæй тынгдæр кæсынц йæ уынд æмæ кондмæ. Афтæ дæр рауайы, æмæ усгур иунæг хатт йеддæмæ нæ фены чызджы (куывды кæнæ чындзæхсæвы), афтæмæй йæм минæвæрттæ барвиты дзырддзæугæ лæгты.

Раджы заман чызгыскъæфт уыди тынг арæх, уæлдайдæр дыгурмæ. Аскъæфыны фæстæ фидын хъуыд ирæд. Ӕгъдаумæ гæсгæ фæд фæдыл ракурæн ис мадызæнæг дыуугæ хойы. Лæппу усгурыл нымад у æхсæрдæсаздзыдæй, чызг та чындздзоныл – æртындæсаздзыдæй. Чызджытæ моймæ лæвæрд хъуамæ æнæмæнг цæуой куыдхистæрæй. Чызг раттыныл хъуамæ разы уа канд йæ фыд æмæ хæдзары хистæр нæлгоймаг нæ, фæлæ суанг мыггаджы хистæр дæр. Чызгæн йæ мад разы куы уа, уæд хистæр сылгоймæгтæ фарсты нæ цæуынц.

Чызгæн йæ ныййарджытæ разы куынæ вæййынц, уæд стæм хатт алидзы лæппуйы фæдыл. Чызг кæй фæдыл алидза, уый хъуамæ бафида фылдæр ирæд.

Лæг æмæ усæн фырт куынæ вæййы, уæд скæнынц кæнгæ фырт. Кæнгæ фырт кæнынц æрмæст хæстæджытæй. Хатгай фырт фæзæгъынц сиахсæй дæр (сæ чызджы лæгæй). Кæнгæ фырт фæзæгъынц, ныгæнæг æмæ сын æгъдæуттæ кæнæг цæмæй уа, уый тыххæй. Кæнгæ фырт ноджыдæр фæзæгъынц, сæ мæлæты фæстæ сæ зæххы хай хæстæджыты æхсæн уаринаг цæмæй ма фæуа, уый тыххæй. Кæнгæ фыртæн йæ кæнгæ фыды чызг ракурыны бар нæ дæтты æгъдау. Кæнгæ фырт фæзæгъынц, хæстæджытæ сæ цуры куыд уой, афтæмæй; лæппу йæ кæнгæ мады дзидзийыл андзæвы æмæ фæзæгъы: амæй фæстæмæ мын ды мад дæ æз та дын фырт дæн. Сылгоймаг дæр ын дзуапп ратты: æз дæ мад дæн, ды та –мæ фырт.

Чызг лæппуимæ куы алидза, уæд сиахсæн ирæды уæлæмхасæн хатыркурæггаг фидинаг – иу саргъыбæх. Арæх чызджы æмæ лæппуйы фæрсгæ дæр нæ бакæнынц, фæндон сын у æви нæ, уымæй, афтæмæй бафидауынц сæ фыдæлтæ
Хи хъæуккаг кæнæ æндæр хъæуккаг чызджы куы ракура лæппу, уæд хъуамæ хъæубæстæн бафида æртæ сомы æмæ

ærdægæй фараст сомы онг – йæ дзыпп куыд амона, уымæ гæсгæ; уыцы фиддон хуыйны хъæувæндаг.

Иуæй иу хæдзæрттæ сæ чызджы ирæдæй уæлæмæ хъæубæстæн домдтой 25 сомы аргъ саргъыбæх. Хуыдтой йæ фатыбæх, бацис иу хæстæджыты.

Ирæд фыстой 250–300 сомы, ома, 30–35 галы аргъ (уыимæ æртæ галы бæсты – 30 фысы). Хъуг æмæ дыууæ фысы тардтой галы аргъ. Ирæды хыгъдмæ раттæн уыди хъримаг – æхсæз галы аргъ; æхсаргард – дыууæ æртæ галы аргъ; дыууадæсхъусыг бæгæныфыцæн цæдждджинаг – – галы аргъ; къонайы рæхыс – æртæ хъуджы аргъ. Æфсымæртæ уæрст куынæ уой, уæд ирæд фиды хæдзар æнæхъæнæй дæр, уæрст куы уой, уæд та йæ фиды фыд. Чызджы хæдзармæ æндæр фæнд куы æрцæуа æмæ сæ чызджы куы нал раттой, уæд ирæд æнæхъæнæй дæр здæхт цæуы фæстæмæ, стæй ма хъуамæ уæлæмхасæн бафидой фондз туманы. Лæппуйы хæдзармæ куы ‘рцæуа æндæр фæнд, уæд та ирæдæй чызджы хæдзары ныууадзгæ уыди фондз туманы æхца, кæнæ та гал æмæ хъуг. Уыцы фондз туманы хуыйндысты уадзæггаг гал æмæ хъуг.

Чындзæхсæв арæхдæр арæхдæр аразынц ноябры кæнæ январы – æвдæлон мæйты: иуæй хортæ æфснайд фесты, иннæмæй та фысвос уæтæрты сты.

Æнæус лæппутæ сæ фыды хæдзары куы цæрой æма уарынвæнд куы скæной, уæд дзы алкæмæн дæр бинонты иумæйаг исбонæй ирæдваг дихгонд цæуы, хистæр æфсымæр цас бафыста, уыйас.

Усгуры хъуамæ чызджы хæдзары хистæртæй мачи фена, чызг та æмбæхст усгуры бинонтæй се ‘ппæтæй дæр, уыимæ чызг æмæ лæппуйæн кæрæдзи феныны бар нæй. Афон куы ралæууы, уæд усгур чызджы хæдзармæ бацæуы йæ хæстæджытимæ, балæвар кæны саргъыбæх кæнæ – сомы æхца.

Раджы заман чызджы хæдзары лæбурдтой чындзхæсджытæм, скъуыдтой сын сæ цухъхъатæ, байстой иу сын сæ худтæ. Ныртæккæ та чындзы куы рацæйхæссынц, уæд фæсивæд æрæхгæнынц кулдуар æмæ чындзхæсджытæй домынц лæвæрттæ. Чындз йæ райгуырæн хæдзарæй куы рацæйцæуы, уæд хъуамæ æртæ хатты æрзила къонайы алыварс æмæ бавнала Сафайы рæхысмæ

Чындзы куы æрбахæссынц, уæд йæ сæрæй æртæ хатты ныллæг æркувы хæдзары хистæр сылгоймагæн, йæ цуры зонгуытыл æрлæууы, йæ рахиз уæраг ын царв æмæ

мыдызмæстæй айсæрды, зæронд ус та йын арфæ ракæны: «Амонддджын къах æрбавæр, æмæ царв æмæ мыдау адджын цард фæкæнут дæ моимæ

Чындзы æрбахæссынц цыллæ хызы бын. Дыккаг бон ын йæ хыз сисы йæ мойы мыггаджы кæстæр лæппутæй иу æмæ раарфæ кæнынц: «Фараст лæппуйы æмæ иу чызджы мад дæ фæкæнæд Хуыцау».

Чындзæхсæвы фæстæ лæг цасдæр рæстæг фембæхсы йæ ныййарджытæй, йæ усмæ дæр бахъуызы æрмæст æхсæвыгон, йæ къухылхæцæг дæр йемæ куыд уа, афтæмæй. Цалдæр боны фæцæры къухылхæцæджы хæдзары, уым ын кусарт акæнынц, стæй йын уæд йæхи хæдзармæ фæндаг вæййы къухылхæцæгимæ æмæ хæстæгдæр æмгæрттимæ

Чызгæн рагацау æрцæттæ кæнынц æмæ моймæ куы фæцæуы, уæд ын йемæ раттынц чындзы фæлыст: рон, хуыссæнгæрзтæ æрхуы тас æмæ хъуывгъан, чырын, хæсгард, сæрвасæн æмæ алы лыстæг дзаума. Æппæт уыцы исбонæн хицау вæййы, цалынмæ йæ лæгимæ цæра, уæдмæ Куы амæлы, уæд та баззайынц лæджы хæдзары.

Йæ лæджы хæдзарæй ацæуыны бар ис æрмæст æнæзæнæг сылгоймагæн. Лæгæн ис йæ усы ауадзыны бар. Уыимæ сывæллæттæ æдзухдæр баззайынц сæ фыды хæдзары. Лæг йæ усы куы ауадза, уæд ын йемæ дæтты йæ чындздзон фæлыст: рон, чырын, хуыссæнгæрзтæ æмæ иннæ дзаумæттæ Ус йæхæдæг куы сыста лæджы хæдзарæй, уæд та йæм йæ чындздзон фæлыстæй æппындæр ницы хауы.

Ус хъуамæ æххæст кæна лæджы домæнтæ иууылдæр. Чысылдæр коммæ нæ бакасти, зæгъгæ, уæд баййафдзæн над. Раджы заманты лæгæн уыдис йæ усы амарыны бар дæр. Лæг разы куынæ уа, уæд усы бон нæу æфстау райсын, исты балхæнын кæнæ ауæй кæнын.

Сывæллæттæ мад æмæ фыды æвджид сты æмхуызонæй, фæлæ сæ хъысмæт лыггæнæг у æрмæстдæр фыд. Раджы заман фыды бон уыдис йæ сывæллоны суанг амарын дæр, æмæ йын уый тыххæй тæрхон нæ кодтой. Хи сывæллæттæн ауæйгæнæн нæ уыди, фæлæ кæддæр номылусы сывæллæтты уæй кодтой.

Цотæн сæ ныййарджытыл тæрхонмæ бахъаст кæныны бар нæй, сæ хъаст бахæссынц æрмæст хæстæгдæр къабæзтæм. Номылусы цоты хонынц кæвдæсæрдтæ; сæ фыды бынтæй сын хай нæ вæййы, фæндонæй сын балæвар кæнынц уæрдон, фæрæт, бæндæн æмæ æндæр дзаумæттæ. Уæвгæ та хæссынц сæ фыды мыггаг. Фидиссаг цæмæй ма уой æмæ сæ

кæвдæсæрдтæ цæмæй ма хоной, уый тыххæй арæх райсынц сæ мады мыггаг, кæнæ та сæ мыггаг схонынц мады номæй. Лæджы амарды фæстæ цы сывæллæттæ райгуыры, уыдоны хонынц дзæгъæлзæдтæ

Салыгæрдæны ис, 40–50 адæймаджы иумæ кæм цæрынц, ахæм бинонтæ Æфсымæртæ байуарынц, файнустытæ кæрæдзиимæ кæй нæ фидауынц, уымæ гæсгæ. Фæстаг рæстæг ахæм хабæрттæ кæнынц арæхæй арæхдæр. Бинонтæ цы бакусой, уый иууылдæр хæссынц иумæйаг къæбицмæ ахæм фæтк сеппæты зæрдæмæ нæ цæуы æмæ уæд байуарынц.

Уаргæйæ хистæр æфсымæрмæ æмæ кæстæр æфсымæрмæ хауы уæлæмхасæн хæйттæ. Хистæры уæлæмхасæн хай вæййы 300 фысы, гал æмæ хъуг, хæдзар, къонайы рæхыс æмæ аг; хæхбæсты та – зæххы хай.

Кæстæры уæлæмхасæн хай вæййы 25 сомы. Астæуккаг æфсымæртæм уæлæмхасæн хæйттæ нæ хауы. Лæгæн чызджытæ йеддæмæ куынæ уа цот, афтæмæй куы амæла, уæд йæ исбон хауы йе 'фсымæртæм. Идæдз ус йæ цотимæ куы цæра, афтæмæй куы амæла, уæд йæ кæндтытæн раттынц гал, хъуг, зæххы хай, фондз мæрты мæнæу кæнæ дæс мæрты хъæбæрхор.

Æфсымæртæ куы байуарынц, уæд сæ идæдз мад баззайы кæстæр фыртимæ Æнæзæнæг идæдз хæдзарæй куы сысты, уæд йемæ ахæссы йæ хуыссæнгæрзтæ

Алы ссæдз хæдзарæй дæр равзарынц иу æууæнкджын лæджы æмæ уый халæппæрстæй хуымзæххытæ байуарынц фондз азы æмгъуыдæй.

Фосæн ис иумæйаг хизæнтæ

Æрбалидзæгæн æрцæрыны бар ис, хъæубæсты фылдæр хай разы куы уой, уæд. Фæлæ хъуамæ бафида 200–300 сомы æмæ йын афтæмæй раттынц æхсæны хизæнтæй æмæ хъæдæй пайда кæныны бар.

Туджы аргъ у æстдæс хатты æстдæсгай хъуццытæ Уыдонæй фыццаг æстдæсы аргъ у фæйнæ 30 сомы, дыккаг æстдæсы – фæйнæ 25 сомы, æртыккаг æстдæсы – фæйнæ сомы, цыппæрæм æстдæсы – фæйнæ 19 сомы, фæндзæм æстдæсы – фæйнæ 15 сомы, æхсæзæм æмæ уымæй фæстæмæ æстдæсты фæйнæ 9 сомы. Ноджыдæр саргъыбæх, хуымзæххы дыуумæ бонгæнды; цыты чызг – марæджы кæнæ йе 'фсымæры чызджы æнæ ирæдæй хъуамæ раттой марды хæстæджытæй искæмæн. Уымæй уæлдай тугдартæ æвæрдтой

цыты фынг – æргæвстой тæккæ хæрзхастдæр гал, фондз хæрзхаст фысы æмæ фыхтой бæгæныйы цæджджинаг.

Фæндагыл бастигъынимæ абаргæйæ, хæдзары мидæг бастигъыны тыххæй хæссынц карздæр тæрхон. Хæдзары дуар куы басæттай, афтæмæй адавыны тыххæй бафидын хъæуы, цы адавай, уый æртывæр аргъ, стæй хъуамæ сæвæрай фидыды фынг, æнæ дуарсастæй та – æртывæр аргъ æнæ фидыды фынгæй.

Дзуарæй исты чи радава, уый йæ хæдзармæ ничи уагъта. Уыйхыгъд сыхаг адæмтæй радавын, сæ фос сын раскъæрын нымад уыди лæгдзинадыл.

Чырыстонхъæуккаг Кокиты Саввæ куыд радзырдта, афтæмæй 1862 азы Дыгургомы хуымæтæг адæм æмæ Цæргæсаты уæздæттæ фæбыцæу сты, Хæресы фосхизæнтæ кæй исбон сты, уый фæдыл. Хъаугъа ахаста дæргъвæтин рæстæг. 1877 азы Кокийы фыртмæ, ноджы ма æхсæз дыгуронмæ, иу асиагмæ æмæ иу тæгиатагмæ фæсидтысты быцæу алыг кæнынмæ Æвдисæн уыдысты зæронд лæгтæ Уыдон куыд радзырдтой, афтæмæй Хæресы фосхизæнтæ незамантæй фæстæмæ иумæйаг уыдысты хуымæтæг адæмæн æмæ Цæргæсатæн. Майы кæрон, фос Хæресмæ скъæрыны рæстæг, Цæргæсатæ алы фыййауæн дæр раттынц фæрæт, аг, бæндæн, лалым, къæпытæ. Фысвос Хæресы фæхизынц августы кæронмæ, стæй сæ раскъæрынц æмæ æртæ æхсæвы фæвæййынц Цæргæсаты зæххыл.

Кокийы фырты мадырвадæлтæ –83 азты иу хæдзары мидæг цардысты 30 бинойнаджы бæрцæй, сæ мыггаг – Тæмутæ. Бинонты хицау уыди сæ фыд – хистæр нæлгоймаг. Уый æвастæй бинонтæн ницы саразыны бар уыди. Хонгæ дæр æй кодтой хицау. Къæбиц æмæ дæгъæлтæ уыдысты йæ усы – æфсины – къухы. Хæдзары хицау æмæ æфсин быдыры куыстытæм нæ цыдысты. Бинонтæн хæринаг файнустытæ кодтой радыгай.

Бинонты иумæйаг исбон уыдысты хæдзар, хуымзæххытæ уыгæрдæнтæ, фысвос æмæ стурвос. Хæдзары, зæххы æмæ фосы куыстытæй уæгъд рæстæг бинонтæй чи цы самал кæна, уый уыд йæхи исбон. Ноджы нæлгоймæгтæм æмæ сылгоймæгтæм лæвары хуызы цы æрбафта, уый дæр у сæхи исбон. Къуымбил сылгоймæгтæй вæййы, чи йæ бауафа, уый исбон.

Йæ фыд цалынмæ æгас уа, уæдмæ фырты бон æгъдаумæ гæсгæ нæу хæдзарæй байуарын. Æфсымæртæ байуарынц сæ фыды баныгæныны фæстæ. Арæхдæр арæхдæр байуарынц

файнустыты аххосæй. Хæдзар хауы кæстæр æфсымæрмæ йемæ цæргæ баззайы сæ мад дæр. Уарынмæ кæй æрбахонынц, уыдон мадæн дæр радих кæнынц исты хай.

Æфсымæртæ хатгай байуарын бадомынц, сæ фыд ма æгас вæййы, афтæмæй. Уарджытæ вæййынц хæстæджытæй, сыхæгтæй, хъæубæстæй – хæдзары исбон хорз зындгонд кæмæн у, ахæм адæм. Фыдæн раттынц æфсымæртæй къаддæр хай æмæ цæргæ баззайы, фырттæй йæ кæимæ бафæнда, уыимæ. Фыд цалынмæ æгас уа, уæдмæ хæдзар кæстæр фыртмæ нæ хауы, фæлæ фыд куы амæлы, уæд баззайы мадæн, мад та кæстæримæ кæй фæцæры, уымæ гæсгæ хæдзар æппынфæстаг бавæййы кæстæры. Чызджытæн хай не 'мбæлы. Байуарыны фæстæ æнæцыд чызг цæргæйæ баззайы, æфсымæртæй йæ кæимæ бафæнда, уыимæ

# ЧЫРЫСТОНХЪÆУ

Чырыстонхъæуккаг 86 аздзыд Къорнаты Бреджы ныхæстæм гæсгæ, Бадила Маджарæй куы æрбафтыд, уæд Дыгургомы фондз хæдзары йеддæмæ нæ уыди. Бадила раздæр царди Венгрийы, уырдыгæй æрбалыгъди Маджармæ Маджарæй та – Дыгурмæ. Йемæ æмбалæн уыд Акъо. Дыгургоммæ куы æрбахæццæ сты, уæд уазджыты иу хæдзармæ бахуыдтой дзуары куывдмæ. Фæндагыл Акъо бадти бæхыл, Бадила та – хæргæфсыл. Бадила æмæ Акъо куывддон адæмы дардмæ куы федтой, уæд Бадила Акъойæн загъта: «Ды мæ хæргæфсыл сбад, æз та – дæ бæхыл. Хæргæфс дæ рæвдздæр бахæццæ кæндзæн». Акъо сразы. Куывдмæ куы бахæстæг сты, уæд сын адæм сыстадысты. Бадила бæхыл кæй бадти, уымæ гæсгæ раздæр уымæн загътой æгасцуай æмæ йæ фынгмæ бахуыдтой. Акъойæн хабар йæ зæрдæмæ нæ фæцыди, фæлæ ницы загъта, æрмæст бахъуыр хъуыр кодта. Уымæ гæсгæ Акъойы байзæддаджы абон дæр ма хонынц Хъуыр хъуыратæ. Бæх æмæ хæргæфсы хабар куы базыдтой дыгур, уæд Акъойæн зæххы хай радтой, Бадилайæн та нæ радтой хай.

Дыгур уæды заман Доныфарсимæ фыдæх хастой, уымæн æмæ сын иу сæ фос аскъæрдтой. Дыгур Бадилайы сæ фосæн хъахъхъæнæг баххуырстой. Уæды онг топп нæма зыдтой, хæцыдысты фатæй. Бадиламæ та уыди хъыримаг.

Доныфарсы фæсивæд иуахæмы дыгурон лæппуйы куы адавтой æмæ йæ куы фæцæйтардтой, уæд сæ Бадила хъыримагæй багæрах ласта. Давджытæн сæ сæр сæ кой сси, цы фæцадаиккой, уый нал зыдтой: æнхъæлдтой, арв æмæ хæхтæ сæхæдæг сыстадысты сæ ныхмæ

Уыцы хабары фæстæ дыгур Бадилайæн радтой Астаны байзæддæгты зæххы хай. Астаны æртæ фырты уыцы хай байуарын нæ фæрæзтой, хъаугъайы хос сын разынди æмæ йæ уæд ныууагътой æмæ ног цæрæнуæттæ агурæг ацыдысты: сæ иу – Урсхъæумæ, иннæ – Къæмынтæм, æртыккаг – Уæхъæцмæ. Бадила Дыгуры бæстæйы цæргæ баззад, ус ракуырдта æмæ дзæвгар цот рауагъта.

Дыгурмæ æввахсдæр уыди Уæллагком. Уæллагкомы æмæ Астаны царди фæйнæ æртæ хæдзары. Дыууæ хъæуы иумæ хуыдтой Дыгуры бæстæ, се ‘хсæн уыди æрмæст иунæг цыбыр ком. Иу хæдзары хицау уыд Алуан, иннæйы – Болат, æртыккаджы – Галаон æмæ Басил. Иннæ æртæ хæдзары хицæуттæ уыдысты Астаны фырттæ. Уыдоны байзæддагæй равзæрдысты Дыгуры бындурон цæрджытæ Рæстæг куыл цыд, афтæ сæм æндæр рæттæй æфтын байдыдтой адæм. Хæхбæсты абон дæр фенæн ис бындурон мыггæгты гæнæхты пырхæнтæ. Адæм Дыгурмæ лыгъдысты Балхъарæй (ирæттæ сæ хонынц Асы). Фыццагдæр æрцæрæг мыггæгтæ æнæнцойæ хæцыдысты кæрæдзиимæ

Бадила ардæм куы æрбафтыд, уæд дыгур уыдысты чырыстон, Бадила та – пысылмон, æмæ кургæ дæр ракодта доныфарсаг пысылмон чызг. Уыцы рæстæджыты райдыдтой иры æмæ кæсæджы фыдæх быцæутæ. Кæсæг архайдтой дыгурæн пысылмон дин райсын кæныныл. Бадила та пысылмон кæй уыди, уымæ гæсгæ йæ хуыдтой сæхион, хæцыдысты йæ фарс.

Дыгур хохæй быдырмæ лидзын куы райдыдтой, уыцы рæстæгмæ кæсæг бацахстой дæлвæзтæ æмæ дыгуры фидын бахъуыди хъалон – хæдзарæй иу фыс. Уæды заман алы хæдзарæн дæр уыдис, йæ бон цас бакусын у, уыйас зæхх æрцахсыны бар.

Кæсæг уыдысты Бадилайы фарс, дыгурæн иудадзыг дзырдтой, пысылмон дин райсут, зæгъгæ. Кæсæг давтой иры сывæллæтты, арæх иу бастыгътой ирон хъæутæ. Кæм фæфосгæнæн ис, уый кæсгон къниæзтæн амыдтой Бадилатæ Куыдфæстæмæ ирон адæм Бадилатæн æнхъæлын райдыдтой кæсгæттæ æмæ сын сæ домæнтæ æххæст кодтой. Кæсæг æмæ Бадилатæ нæ æгæр æлхъивынмæ куы бавнæлдтой, уæд

æххуысгур фæсидтыстæм уырысмæ. Ацы зæххытæ Ермолов байста. Бадилатæ Уырысы хицауадæй курын байдыдтой, цæмæй сын быдыры зæххытæ банымайа сæ исбоныл, дзырдтой, зæххытæ, дам, балхæдтам Тасолтантæй, Мулдартæй æмæ Биаслантæй. Уæвгæ та ирон адæм ацы зæххытæ бацахстой Бадилатæй раздæр, Воронцов Тифлисы хицау куы уыдис, уæд. Хицауад ирон адæмы хистæртæй дыууæмæ фæсидтысты, æмæ уыдон ард бахордтой, Бадилатæ зæхх Тасолтантæй кæй нæ балхæдтой, уый тыххæй. Иннæ дыууæ æвдисæны – Гæбуты Гаги æмæ Агънаты Саханбег та хъæддыхæй загътой: дыгур Бадилатæм не 'рбацыдысты, фæлæ Бадилатæ дыгурмæ æрбацыдысты. Уырысы хицауад зæххытæ Бадилатæй байста æмæ сæ ирон адæмæн радта.

Цæргæсатæ Гуырдзыстонæй æрбацыдысты Туалгоммæ Æфсымæртæй иу – Цæразонты Гæуыс – ныр дæр ма цæры уым. Иннæ Цæргæсатæ æрбалыгъдысты Стыр Дыгурмæ фысым сын фæлæууыд дыгурон лæг Хæмыц æмæ сын хъæумæ хæстæг Хæресы радта зæххы хай. Æмæ уыцы зæхх абон дæр у быцæйуаг – Стыр Дыгур æй хонынц иумæйаг, Цæргæсатæ та йæ хонынц сæхи.

## ТЕРЧЫ ОБЛÆСТЫ ХИЦАУАДЫ ТÆРХОНДОНЫ 1880 АЗЫ 28 ИЮЛЫ УЫНАФФÆ ДЗÆУДЖЫХЪÆУЫ ЗЫЛДЫ ИРОН АДÆМЫ ÆХСÆН ТÆРХОН СФИДАР КÆНЫНЫ ТЫХХÆЙ

Мах, Дзæуджыхъæуы зылды ирон адæмы минæвæрттæ æрцыдыстæм ахæм фидар хъуыдымæ æмæ йе 'гъдæуттæй бирæтæ зианхæссæг кæй сты æмæ гæвзыкмæ кæй тæрынц, уымæй уæлдай тæккæ стырдæр цæлхдур сты адæмы æнтыстджын рæзтæн. Уымæ гæсгæ сæ 1879 азы 20 декабры бындзарæй фесафинагыл банымадтам ацы уынаффæйæ

<u>Ирæд.</u> Ирыстоны суанг рагзаманты сфидар чындз æрхæссыны тыххæй ирæд фидыны зианхæссæг æгъдау, куыд никуыма уыд афтæ тынг скарз фæстаг рæстæг, бынтон мæгуырмæ тæры адæмы, у чырыстон дины æмæ европæйаг цивилизацийы ныхмæ. Къаддæр хæрдзтæ нæ домы чындз æрхæссыны размæ сиахсыцыд дæр. Сиахс æппынкъаддæр ссæдз æмгаримæ бацæуы чызджы хæдзармæ æмæ сын фынгтæ æрæвæрыныл йæ каисты бахъæуы бынтон æнæхъуаджы егъау хæрдзтæ бакæнын. Пысылмæттæ та ирæдæй æмæ сиахсыцыдæй уæлдай фидынц нæчех дæр –

бæрæгбæрц æхца. Нæчехæн ис граждайнаг къайады нысаниуæг: мыййаг, пысылмон сылгоймаджы йæ лæг æнæбындурæй куы атæра, уæд æм йæ æфхæрды хыгъдмæ баззайы нæчех æнæхъæнæй дæр.

Ирæд æмæ сиахсыцыд талынг æмæ æнæхъола æгъдæуттæ кæй сты, уымæ гæсгæ амæй фæстæмæ бынтондæр ивд æрцæуæд. Нæчех та пысылмон къайад фидар кæнынæн ахъаз кæй у æмæ йæ дин дæр кæй амоны, уымæ гæсгæ баззайæд, æрмæст ирæды хуызы куыннæ ацæуа, афтæмæй; чызджы ныййарджытæн дзы афонæй раздæр пайда кæныны бар ма уæд, фæлæ сæ чызг лæджы аххосæй куы рахицæн уа, уæд ын цæрæнхос куыд уа, афтæ

<u>Фиппаинаг:</u> æфсымæртæ куы байуарой, кæнæ йæ лæг куы амæла, уæд пысылмон сылгоймагмæ амæй фæстæмæ нал ис нæчех домыны бар, фæлæ хъуамæ хъуыддаг лыггонд æрцæуа граждайнаг тæрхондоны кæнæ шæриаты уагыл.

Ацы уынаффæ чи фехала, уый хъуамæ ивар бафида 200 сомы; ивары æхца, 10 процентæй фæстæмæ, ратгæ сты æхсæны хъуыддæгтæн.

<u>Хист.</u> Ирон адæм мардæн афæдзы дæргъы кæнынц цалдæр егъау хисты, æмæ хæдзар бынтон смæгуыр вæййы. Æппæт уыцы хистытæ амæй фæстæмæ ивд цæуынц æмæ сæ бæсты сауджын æмæ молло бацамондзысты: чырыстæттæн – мард ныгæныны бон уæлмарды хæрнæг, хъуамæ дзы иу гал æмæ фондз фысæй фылдæр æргæвст ма уа; стæй дыууиссæдзæм боны хист – æрмæст иунæг фыс; алы хисты дæр, бæгæныйæ фæстæмæ, цас æмбæлы, уыйас арахъхъ æмæ сæн; пысылмæттæ та хистытæ кæндзысты комуадзæны æмæ хъуырманы бонты.

Ацы уынаффæ чи фехала, уыдон ивар бафиддзысты 100 сомы; ивары æхца, 10 процентæй фæстæмæ, лæвæрд уыдзысты æхсæны хъуыддæгтæн.

3. Уымæй уæлдай ирон адæммæ ис мардмæ бынтон дæрддзæф рæттæй цæуыны æнæсæрфат æгъдау. Уыимæ мæрдджын хæдзар нæлгоймаг мæрддзыгойыл ницы уадиссаг бахардз кæны, фæлæ сылгоймæгтæ дæсгæйттæй æрцæуынц мæрдджынтæм æмæ хæдзар гæвзыкмæ æрцæуы; цæссыг сæ никæмæй æрхаудзæн, афтæмæй сæ кæуын æмæ æрдиаг дардмæ фæхъуысынц, ноджы ма сæ цæсгом æмæ сæр тымбылкъухæй фæхойынц, сæрыхил рæдувынц, цæсгом сæ ныхтæй ныттонынц. Ахæм хъæддаг митæ кæныны бар амæй фæстæмæ нал и марды тæккæ хæстæгдæр къабæзтæн дæр.

Ацы уынаффæ чи фехала, уыдон ивар бафиддзысты 25 сомы; ивары æхца, 10 процентæй фæстæмæ, лæвæрд уыдзысты æхсæны хъуыддæгтæн.

4. Амæй фæстæмæ нал ис мардæн стыр дугъ, фысы дугъ æмæ æлæм аразыны бар. Ацы уынаффæ чи фехала, уыдон æхсæны пайдайæн бафиддзысты: стыр дугъы тыххæй – сомы, фысы дугъы æмæ æлæмы тыххæй – фæйнæ 30 сомы æвзист æхцайæ. Бар нал ис фæндаггæрæтты цырт æвæрынæн дæр; чи сæвæра, уый ивар бафиддзæн 30 сомы.

5. Карз æфхæрд æййафдзысты чызгыскъæфджытæ уымæн æмæ чызгыскъæфты аххосæй дыууæ мыггаджы сфыдæх вæййынц, се 'хсæн суанг лæджы мæрдтæ дæр рауайы. Чызгыскъæфты тыххæй тæрхондон цы уынаффæ рахæсса, уымæй уæлæмæ æхсæны пайдайæн усгур ивар бафиддзæн 200 сомы, скъæфджытæ та – фæйнæ 100 сомы.

6. Давыны, стигъыны, фæливыны, фосы къæдзил лыг кæныны, холлагыл, бæстыхæйттыл арт сæндзарыны æмæ æндæр ахæм фыдракæндты тыххæй иумæйаг æмæ фидауынгæнæг тæрхондæттæ цы уынаффæ рахæссой, уымæй уæлæмæ æхсæны пайдайæн ивар бафидгæ уыдзæни 50 сомы. Ноджыдæр давджытæ, артæндзарджытæ æмæ фосы къæдзил лыггæнджытæ Терчы облæстæй хаст цæудзысты, фæстæмæ æрбаздæхыны бар сын никуал уыдзæн, афтæмæй.

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



Куырдæлæгон



Сосланы мæлæт



Сослан æмæ Бибыц



Тоырадзы мæлæт



Батырадз æмæ Æфсæроны фырт Алæф



Уырызмæг



Хъуыбады



Мæсыгамайджытæ



Сагты   хæст



Куыд фæзынди фæндыр



Нарты куывд




Созырыхъо



Донбеттыр



Авд цуаноны зарынц



Уырызмæг

# АРВИСТОН

## АДАВТОЙ ЛЕНИНЫ

Алексеевскæйы хъæуы (Республикæ Марий Эл) адавдæуыди дунейы пролетариаты фæтæг В.И.Ленины цыртдзæвæн. «Интерфакс» куыд хъусын кæны, афтæмæй скульптурæ лæууыди Культурæйы хæдзары цур. Давджытæ йæ ныххæйттæ кодтой æмæ йæ афтæмæй аластой.

Цыртдзæвæн хуыздӂжын згъæрæй уыд, уымæ гæсгæ Мидхъуыддæгты министрады зæгъынц, æвæццæгæн, дам æй ауæй кæнын и сæ зæрды.

## ЧИ ЦЫ ХÆРЫ?

Англисаг психологтæ раиртæстой: адæймаг цавæр хæринæгтæ хæры, уымæ гæсгæ йын базонæн ис йæ зæрдæйы хатт, йæ характер.

Куыд рабæрæг, афтæмæй хиуарзон адæм æмхиц сты туаг хæринæгтæм. Чъындытæ уарзынц цæхджынтæ. Йæ уд нывондæн æрхæссынмæ цæттæ чи у, уыцы романтиктæн та сæ зæрдæ фæагуры адджинæгтæ

Судзагхал, цывзы, нуры æмæ æндæр ахæмтæ сæ уд, сæ дзæцц сты æнæхин, æууæндаг, æргомзæрдæ адæймæгтæн.

Къафеттæ чи куыд хæры, уымæ гæсгæ дæр æрцæуæн и бæлвырд хатдзæгтæм. Æрмæст сæ цъиргæ чи кæны, уыдон сты сабыр, бакастджын, царды сæ бынат уайтагъд ыссарынц. Оптимисттæ, хæларзæрдæ адæймæгтæ къафеттæ æууилгæ кæнынц. Агрессивон, фæлдурæджджынгомау æмæ гуырысхогæнаг чи у, æхсайаг зæрдæ кæмæн ис, уыдон та къафеттæ нæдæр цъиргæ фæкæнынц, нæдæр хæргæ – æрмæстдæр æхсынгæ

## НЫХХАУДИ КЪУЫМÆЛЫ МИГÆНÆНЫ

Брянскаг афæдздзыд чызг æнæнхъæлæджы ныххауди, дыууиссæдз литры къуымæл кæм уыд ахæм мигæнæны.

Уыцы сахат стыртæ та мидæггаг уаты уыдысты Куыд дзурынц, афтæмæй бинонтæ арахъуадзыны куыстыл афтæ сагъуыдысты, æмæ сæ фатеры æвгтæ, флягæтæ æмæ æндæр ахæм мигæнæнтæй акъахдзæфгæнæн нал уыд. Афæдзы райдайæнæй нырмæ Брянскы облæсты милицæ ахæм «амалджын» адæмæй байста 50 тоннæйы бæрц хи уагъд арахъхъ, ома фарон цас байста, уымæй дыууæ хатты фылдæр.

Брянскы цæрджыты дзæвгар хай бирæ азты дæргъы цæрынц, арахъхъæй базар кæнгæйæ сæм цы æфтиаг хауы, уымæй.

## ЛЫГ КОДТА, ЦЫ КЪАЛИУЫЛ БАДТ, УЫЙ

Хъазаны сахары 6 æм рынчындонмæ æрбаластой, тынг тыхст уавæры чи уыд, ахæм лæппулæджы. Куыд рабæрæг, афтæмæй ацы æнамонд сæ сыхæгты курдиатмæ гæсгæ схызти хæрис бæласмæ æмæ йын хырхæй лыг кодта йæ къалиу – уад кæй асаста æмæ сывæллætты хъазæн фæзыл чи æрæнцад, уый. Къалиу, лæг дæр йæ уæлæ, афтæмæй æрхауд æфсæйнаг æмбондыл. Æмбонды цыргъытæ гуыбыны æмæ риуы афтæ арф нынныхстысты, æмæ сæ бахъуыди, æфсæйнаг лыггæнæнæй хырхын. Лæджы æд æфсæн лыггæнгæ æрæвæрдтой хирургты стъолыл. Операци фæрæстмæ

## ТУГЦЪИРТÆН – МÆЛÆТ

Литвайы экологтæ сæрмагонд биологон хосы 4 тоннæйы ныккалдтой Нямунасы (Неманы) цæугæдоны. Химикат хъуамæ амара тугцъир саскты быртæ

Уыцы сасктæ бирæ азты дæргъы тухæнæй марынц бынæттон цæрджыты, стæй Друскининкаяйы курортдзауты. Хъæуккаг адæм та сæ бынтон сæ сæрæн нал сты. Фос изæрыгон хъæмæ æрбаздæхынц рæсыдæй – тугмондаг бындзыты хæстытæй хатгай мæлгæ дæр акæнынц.

Сæрмагонд хос балхæнынæн Литвайы хицауад радих кодта 100 мин доллæры.

## ГÆДЫЙЫ ЛÆППЫНЫ НЫХСАДТОЙ ГÆРЗТÆХСÆН МАШИНÆЙЫ

Æртæмæйдзыд гæдыйы лæппын 20 минуты бæрц фæци, кусгæ чи кодта, уыцы гæрзтæхсæн машинæйы. Доны температурæ уыди 70 градусы тæвд.

Ацы хабар æрцыди Копенгагены, даниаг сылгоймаг Бьянка Мартены хæдзары. Гæдыйы лæппыны гæрзтæхсæнæй куы систой, уæд уыди цъæх, æмризæджы рызти – фæхуыдуг уæвынмæ йæ бирæ нал хъуыди. Бьянка журналисттæн радзырдта, Сильвестры (гæдыйы лæппыны афтæ хонынц) æрдиаг, дам, æвиппайды фехъуыстон, фæлæ машинæ байгом кæнын мæ бон нæ баци. Тарст сылгоймаг гæдыйы лæппыны аласта ветеринартæм. Уыдон Сильвестры сдзæбæх кодтой. Куыддæр хæдзармæ æрбафтыд, афтæ та фыццаджы фыццаг бабырыди гæрзтæхсæн машинæйы.

## ГÆРТАМХОРТÆН – МАРЫНЫ ТÆРХОН

Бæрзонд бынæттæ чи ахста, ахæм дыууæ чиновникæн Ляонины провинцийы (Китайы Адæмон Республикæ тæрхондон рахаста фехсыны тæрхон – гæртæмттæ кæй истой, уый тыххæй. Ахæм карз æфхæрд баййæфтой Шеньяны горæты мэр Му Суйсинь æмæ йæ хæдивæг Ма Сяндун.

Уымæй дарддæр ма зылынджынты бандоныл æрбадтысты 8 бæрнон кусæджы, уыдонимæ – Шеньяны горæты адæмон тæрхондоны сæрдар æмæ генералон прокурор. Уыдон дæр истой «стыр гæртæмттæ», баст уыдысты фыдгæнджытимæ æмæ бирæ азты дæргъы фæбаддзысты ахæстоны.

***«Интерфакс»***

## ЗÆРОНД ЛÆГÆЙ МÆ МАСТ РАЙСТОН

Худæджы уавæры бахаудтæн поезды цæугæйæ. Купейы иумæ бадт фæдæн иу мадзура зæронд лæгимæ. Изæрырдæм æй фæрсын: «Фынæйæ хуыр хуыр нæ фæкæныс?» Уый мын афтæ: «Хуыр хуыр дæр хуыр хуыры хуызæн куы уаид!» Уæд ын æз амонын байдыдтон: «Цæмæй хуыр хуыр ма кæнай, уый тыххæй дæ фарсыл ысхуысс, дæ гуккытæ иу мæнæ афтæ сæвæр, дæ гæккытæ та – мæнæ афтæ». Мæхи

æруагътон, уæдæ цы уыдаид. Зæронд лæг та рудзынгæй æддæмæ каст. Уайсахат афынæй дæн. Райсомæй хур арвыл дзæвгар суад, афтæ æз дæр райхъал дæн. Кæсын æмæ ме 'мбæлццон цай цымы. Фæрсын æй: «Цæй, куыд бафынæй кодтай?» «Цæй фынæй æмæ цæй цыдæр! Афæлвæрдтон хуыссыныл, фæлæ дзæгъæлы – дæ хуыр хуыр æнæхъæн вагоныл хъуысти!» – загъта зæронд лæг.

*Г. Щетинина, Саяногорск*

## МÆРДТÆМ ХÆССÆН НИЦЫ ИС

Адæм зæххыл куы равзæрдысты, уæдæй абоны онг историйыл нæ цæст куы ахæссæм, уæд дзы Ассирийы паддзах Ашшурбанипалæй хъæздыгдæр лæг ничи уыд. Уый амарди нæ эрæйы агъоммæ 631 азы æмæ йæ фæстæ ныууагъта 5 милуан аттиаг сызгъæрин таланты. Абоны нымадæй уыдон сты 1566 миллиард доллæры.

## ÆНÆНИЗДЗИНАД ЦАЛЦÆГГÆНÆН

Æвæццæгæн, махæй иу дæр ахæм нæй, рестораны уæд та иунæг хатт чи нæ уыди. Фæлæ алчи нæ зоны, дзырд «ресторан» райдайæны цы амыдта, уый. Хъуыддаг афтæ у, æмæ францаг дзырд «ресторэ» баст у латинаг «реставраци» имæ æмæ амоны «рацаразын, сцалцæг, сног кæнын», ома фæстинон адæймагæн йæ хъарутæ йæхимæ раздахын. Рестораптæн сæрæвæрæн скодта парижаг лæг Буланже. Уый 1765 азы йæ хæрæндоны фыцын райдыдта бас. Уыцы хуыппаг парижæгтæм фæкасти тынг хæрзад æмæ йæ нымайын байдыдтой, адæймагæн йæ тыхыл тых чи 'фтауы, ома йæ чи «сног кæны», ахæм хæринагыл. Гъемæ Буланже дæр йæ хæрæндоныл ахæм ном сæвæрдта.

## БÆЛÆСТЫ ТЫХХÆЙ МА

Калакæй 25 километры æддæдæр Марткобийы хъæуы зайы миназыккон æнгуз. Йæ зæнгыл ын цæмæй аххæссой, уый тыххæй хъуамæ 14 лæджы кæрæдзи къухтыл ныххæцой æмæ йæ алыварс æртыхсой. Таурæгъмæ гæсгæ

ацы бæласы аууон XII æнусы арæх бадти Тамар паддзах, Георги Саакадзейæн та, дам, йе 'фсæдтæ бæласы бын сæ фæллад уагътой. Ацы бæлас ныртæккæ дæр æрвылаз ратты –300 килæйы æнгузтæ

Азербайджанаг горæт Ордубады фæзтæй иуы зайы егъау тæрсбæлас. Йæ зæнгыл ын аххæсдзæн 18 метры дæргъæн бæндæн. Йæ мæрайы фæзуат квадратон метрмæ æввахс. Революцийы размæ дзы уыди цырыхъхуыйæн æрмадз, фæстæдæр та – чайхана. Тæрсыл цæуы 2000 азæй фылдæр.

Сейробы (Узбекистан) зайы 800 аздзыд тæрс, йæ зæнгыл аххæссынæн хъæуы 15 метры дæргъæн бæндæн. Йæ мæрайы уыди скъола, мидхæсты азты та – дивизийы штаб, хъæусовет æмæ кооперативы къантор.

Бæстастæуы денджызы был зайы алеппойаг нæзы. Хонынц æй «бæлас хъыбыллæ». Йæ бæрзæнд у 10 – метры. Йæ зæнг – гæзæмæ хуссарырдæм къæдз. Уыцы бæласмæ гæсгæ æнцонæй базонæн и, хуссар, цæгат, хурыскæсæн æмæ хурныгуылæн кæцырдыгæй сты, уый.

Панамæйы, Колумбийы æмæ Эквадоры зайы пальмæ таупæ. Цæры 100 азмæ æвваxс æмæ æппынæдзух дæр дæтты дыргътæ, сæ алкæй уæз дæр 10 æмæ ноджы фылдæр килæтæ. Дыргъты мидæг ис цалдæргай агъудтæ, агъудты та – æхсæзгай дæсгай æппытæ. Уыцы æппытæй кæнынц цæппузыртæ æмæ фæрдгуытæ, хæрдоджытæ, пылыстæгау фидар чи у, ахæмтæ

1900 азы Парижы цы æппæтдунеон равдыст уыд, уырдæм хъуамæ æрбаластаиккой секвойяйæ фæйнæг. Йæ дæргъ уыди 100 метры. Фæлæ йæ Европæмæ æрбаласын иу науы бон дæр не ссис.

Зонæг адæм банымадтой æмæ æрцыдысты ахæм хъуыдымæ: йæ бæрзæнд 90 метры кæмæн у, йæ зæнджы диаметр та 9 метры, уыцы бæлас хъуамæ ласа 2000 тоннæйы. Рæстæмбис «кары» секвойяйы зæнгæй саразæн и, фæндзгай фатертæ кæм уа, ахæм хъæдæлхынцъ хæдзæрттæ

Таджикистаны, Сары Хадзор, зæгъгæ, уыцы хъæуы бæстастæу Вахшы доны былгæрон зайы æнгуз бæлас, у 10 уæладзыгон хæдзары бæрзæндæн. 200 азы бæрц адæмæн дæтты йæ бæркæдтæ. Йæ зæнджы мæрайы йын бынæттон цæрджытæ сарæзтой бæхдон, цæуы дзы 6 бæхы.

## АКБАР ÆМÆ БИРБАЛЫ ХАБÆРТТÆЙ

Акбар (1542–1605) уыди Стыр Моголты (Индийы) династийы тыхджындæр императортæй иу. Æрхъуыдыджын Бирбал та – йе ‘муынаффæгæнæг, номдзыд паддзах æй æдзухдæр зондæй фарста.

## БИРБАЛ ФÆСДЗÆУИНЫ КУЫД ФЕРВÆЗЫН КОДТА

Иу хатт Акбар йæ фæсдзæуинмæ цæуылдæр смæсты æмæ бардзырд радта, амарут æй, зæгъгæ. Фæсдзæуин, мæгуыр, фыртарстæй æмризæджы ризын байдыдта, Бирбалы цур йæ зонгуытыл æрхауди, лæгъстæтæ йын кæны, ма мæ бауадз амарын, зæгъгæ

– О мæ цытджын паддзах... – Æрмæстдæр ацы дзырдтæ зæгъын бантысти Бирбалæн. Акбар ын йæ ныхас æрдæгыл аскъуыдта:

– Ард дын хæрын, Бирбал, ыртæккæ мæ цыфæнды куы курай, уæддæр демæ не сразы уыдзынæн!

Бирбалы дæр æндæр ницы хъуыд æмæ паддзахæн афтæ

– Ацы хатт дæр та раст дæ, мæ хицау. А фæсдзæуин æнаккаг у. Æвæстиатæй йæ сауындзын кæн.

Афтæ хинæйдзаг Бирбалы руаджы фервæзт æнаххос лæг.

## ФÆЛДУРÆДЖДЖЫНТЫ НОМХЫГЪД

Иуахæмы паддзах Акбармæ цавæрдæр къупец æрбатардта сыгъдæг арабба́г дугъæтты рæгъау. Паддзах бæхтæ бирæ уарзта, æмæ сæ куы ауыдта, уæд фырцинæй се 'ппæты дæр балхæдта, стæй уазæгæн лæгъстæтыл схæцыди, ноджыдæр ма мын æрбатæр, йæхæдæг ын развæлгъау фондзыссæдз мин рупийы йæ къухты фæсагъта.

Æмæ паддзахæн дæр йæ фæсдзæуинтæн дæр сæ сæр не 'рцахста, къупец чи у, кæцæй у, уыдæттæ базонын.

Рацæй рабон æмæ дын паддзахы куы бафæндид, Делийы цал фæлдурæджджыны ис, уый базонын. Æмæ номхыгъд саразын Бирбалæн бабар кодта. Бирбал дæр, – айтæ уыйтæ нал, – фæлæ паддзахæн йæхи цур райдыдта номхыгъд аразын. Æмæ дын дзы сеппæты уæле паддзахæн йæхи куы ныффыссид. Куыннæ рамæсты уыдаид Акбар дæр:

– Уый дын чердыгон хъазт у! Куыд бауæндыдтæ мæнæй хынджылæг кæнын!

– Де зæд, де зæд, дæ фарныстæн, мæ цытджын паддзах, – загъта Бирбал. – Уæдæ ма фæлдурæджджыныл сыкъатæ вæййы! Æнæзонгæ къупецæн цъынды фондзыссæдз мин рупийы чи дætты, уый уæдæ цы схуындæуа? Чи дæ, цы дæ зæгъгæ йæ уæддæр бафарстаис!

– Хорз, – загъта паддзах, – æмæ мын уыцы къупец æнæхъæн рæгъау дугъæттæ куы 'рбаскъæра, уæд та ма цы зæгъдзынæ

– Уæд дын дæ ном фæлдурæджджынты номхыгъдæй ахахх кæндзынæн, мæ цытджын паддзах æмæ дзы уыцы къупецы ном ныффысдзынæн. Раст æппæты сæрæй!

## ТОРФÆЙКУСГÆ ТЕЛЕВИЗОР

Иу аст азы размæ Баситы Тотырбег куыста Æрхонкæйы бензины колонкæйы. Уыцы рæстæг артаг лæвæрдтой æрмæст талонтыл. Адæмæй та бирæтæ тырныдтой бензин æхцайæ æлхæнынмæ. Уый адыл иу уæйгæнджытæ æмæ хæдтулгæты хицæутты 'хсæн рауади тызмæг ныхæстæ. Тотырбег сæ стыхст æмæ кассæйы рудзынджы сæрмæ æрцауыгъта хъусынгæнинап «Артаг нæ уадзæм – электрондых нæм нæй». Йæхæдæг телевизормæ кæсы. Уыцы фыст уынгæйæ шофыртæ фæстæмæ здæхтысты. Фæлæ сæ иу æрхъуыдыджындæр разынд æмæ мидæмæ дзуры:

– Хорз лæг, кæд уæм электрондых нæй, уæд уæ телевизор торфæй кусы?

## ÆХХУЫС

Æгæнон лæг уыди тменыхъæуккаг Магара. Иу уазал зымæгон бон æрæфтыди Хъæнимæ. Уынджы цалдæр нæлгоймаджы иу æрхджын хъæд афадыныл архайдтой. Магара сын бауайдзæф кодта:

– Хъæнийæгтæ, рагæй фæстæмæ дæр магуса уыдыстут. Иу уæ дзæккорæй хойы, иннæтæ та йæм кæсгæ кæнынц.

Лæгтæ сæхи раст кæнынмæ фесты, иу цурк æмæ иу дзæккор йеддæмæ, дам, нæм ницы ис.

– Æмæ уыл къухтæ дæр нæй. Дыууæ раст дихы фæут, хъæды фасты уæ къухтæ атъыссут æмæ фæйнæрдæм ахæцут, цуркæн аххуыс кæнут. – Йæхæдæг дзæккор йæ хицауы къухæй райста, ды дæр де ‘мбæлттæм фæкæс, æз та цурк æрхойдзынæн, зæгъгæ

Хъæнийæгтæ хъæды фасты сæ къухтæ арф нытътъыстой æмæ фæйнæрдæм ахæцыдысты. Уыцы рæстæг Магара цурк хъæдæй иуварс акъуырдта. Лæгтæн сæ хъæрзын райхъуыст æмæ сæ зонгуытыл æрбадтысты.

– Афтæ зонгуытыл лæугæйæ, Хуыцаумæ скувут æмæ уын кæд баххуыс кæнид, – загъта Магара æмæ сæ уым ныууагъта.

## ХЪÆДУРЫ ХУЫМ

Джызæйлаг Хъодзаты Петя Фыдыбæстæйы Стыр хæстæй сыздæхти цæнкуылæй. Иуахæмы йæ лæдзæджы æнцæйтты фæцæйцыд уынджы. Йæ размæ фæци, хæсты хабæрттæ æрмæст æрыхъусæггагæй чи зыдта, ахæм æмæ йæ фæрсы.

– Кæдæм цæуыс, Петя дæ лæдзæг æрæууæрд æрæууæрдгæнгæйæ

– Уæртæ мæм районы хæстон комиссарадæй æрбарвыстой æмæ уырдæм цæуын.

Фæстæмæ цæугæйæ дæр та йыл хæрхæмбæлд фæцис уыцы лæг æмæ та йæ фарст фæразæй:

– Цæй, цæмæ дæм дзырдтой хæстон комиссарад?

– Мæнæ мын орден æмæ майдан мæ риуыл æрцауыгътой, раздæр, дам, дын æмбæлдысты, зæгъгæ

– Æмæ дæуæн та цæй ордентæ йедтæ æмбæлы, хæсты рæстæг нæ хъæдуры астæу æмбæхстæй куы бадтæ, уæд?

– Дæ фыд Ногийæн Бессарабийы зæххытæ уыд, уый куы никуы фехъуыстон, – дзуапп ын радта Петя.

– Æмæ мæ фыд уым цы архайдта, амы зæххытæ йæ фаг нæ уыдысты?

– Уæдæ æз Цæгат Буковинæйы куы хæцыдтæн, уæд уæ хъæдуры хуым Хетæджы къох басгуыхт æмæ уым мæ размæ февзæрди, гъа, мæ астæу бамбæхс, зæгъгæ

## ЧЪАПÆ

1998 азы Джызæлы иу сыхы фыстæй хизæнуатæй дзæвгар фæдавдæуыди. Лæппутæ давæджы бахъахъхъæдтой – разынди сæхи сыхаг. Фысты аргъ давæгæн фидгæ æрцыди. Давæджы мад, стæвдтæ сылгоймаг, уайдзæфгæнæгау дзуры, фыстæй иуы хицау, йæхицæй хистæр Калоты Симæмæ

– Уагæры уæ фыс цавæр уыди, цæй аргъ ын ныкъкъуырдтат?

– Æмæ йæ куы хордтат, уæд æй нæ уыдтай – йæ чъапæ дæ чъапæйæ стырдæр куы уыди! – дзуапп ын радта Симæ

## КÆМ ХУЫЗДÆР У?

Пагæты Диккайы фырт Зауырбег Америкмæ ацыди 1911 азы æмæ дзы дзæвгар фæцарди, стæй сыздæхт йæ райгуырæн хъæу Джызæлмæ. Хъуамæ фæстæмæ ацыдаид. Йе 'фсымæр Джамботт æхсæны кусæг уыди. Зыдта, йæ бинонтæй исчи фæсарæнты кæмæн уыд, уыдонмæ советон хицауад æвзæр цæстæй кæй каст, уый. Гъемæ Зауырбегæн йæ америкаг паспорт бамбæхста æмæ йын райсын кодта нæхи паспорт. Уыцы рæстæджы Зауырбегæй уæйыгдæртæ арæзт лæг Джызæлы нæ уыд. Иу райсом сыхæгтæ æмбырдæй лæууыдысты. Уæд дын сæ иу къахæгау афтæ: цымæ ацы лæгæн йæ хъару дæр йæ асмæ гæсгæ у? Уалынджы сæ цурты æрбацыди бæхты рæгъау. Зауырбег дзы иумæ февнæлдта æмæ йæ зæххæй уæлæмæ фелвæста.

Пагæты уæйыг кусгæ кодта «Кавцинчы». Уым белгийæгтæ цы тайæн æгтæ сæвæрдтой, уыдон ногтæй баивыны тыххæй куы ракалдтой, уæд Зауырбег загъта: «Æз

адонæн сæ хуынчъытæ бампъуздзынæн æмæ ногтæй фылдæр фæлæудзысты». Æмæ æцæг дæр афтæ рауади.

Зауырбег тыхкуыст æмæ фыдцæрдтытæй скъæсхуыр – дæргъæй дæргъмæ æлвæст лæгæй агæпп ласта. Иу бон ыл йæ зонгæ амбæлд æмæ йæ фæрсы:

– Зауырбег, уæддæр ам хуыздæр у æви Америчы?

– Ам – бирæ хуыздæр! Уым мæ гуыбынæй мæ къахфындзтæ фенын дæр мæ бон нæ уыд, ам та мæ сагæхты ‘хсæнты фæстæмæ куы акæсын, уæд мæм æгас дуне зыны!

## КУЫННÆ, КУЫННÆ!

Зауырбег заводы фæстæ кодта хъæды куыст. Йе ‘мбæлттимæ сихорæн арæх фыхтой хамбохъхъ. Иу бон Торчынты Зауырбеджы рад æрцыди хæринаг кæнын. Сихоры рæстæг Торчынты лæг фæрсы йе ‘мномы:

– Зауырбег, мæ хæринаг цæуы дæ зæрдæмæ

– Куыннæ, куыннæ Æцæг Америчы куы уыдтæн, уæд мæ куыдз ахæм хæринагмæ смудгæ дæр нæ кодта.

## СÆГЪÆЙ СÆНЫКК ГУЫРЫ

**1**

Зауырбегæн йæ фырт Юри дæр уæнгджынтæ уыд. Автобусыл кусгæйæ арæх цыд Арвыкомы фæндагыл. Иу бон сихорафон Пасанауры хæрæндонмæ бауади. Райста чанах æмæ æрбадти хæрыныл. Йе ‘мвынг чи бадт, иу ахæм гуырдзиаг æм дзуры:

– Чтъо, осетъин, на шашлики опъят денег не хватъило?

Юрик ын йæ сæрыл тæвд чанахы къус æрфæлдæхта æмæ æнæ исты дзургæйæ сабыргай рацыд. Уынгмæ дæр ма йæм хъуысти:

– Ой, ме деда!..

**2**

Сæрдыгон изæрты иу Пасанауры цæрджытæ стыр уынгмæ тезгъо кæнынмæ раивылдысты. Машинæтæн иу ацæуæн нал уыди. Иуахæмы та Юрик сигналыл æрхæц æрхæц кæны, фæлæ тезгъогæнджытæ йæ коммæ нæ кæсынц, хъуыды дæр

æй нæ кæнынц. Иу дынджыр лæг фæндаджы астæу слæууыд æмæ фæстæмæ дæр нæ кæсы. Юрик æм рахизфæрсты машинæ баскъæрдта, галиу къухæй æфцæггот æрцахста æмæ автобусы цыдыл бафтыдта. Лæджы хъæр комы анæрыди:

– Чтъо тъи делаеш! Отъпъустъи, да, къацо! Отъпъусти! Пъадаю!..

***Рубайты Барис***

## ТЕМБОЛ ÆМÆ ГОЛУБЧИК

Иу дæс æмæ ссæдз азы размæ Фысджыты цæдисы уæттæ æфснайæгæй куыста тымбылтæарæзт уырыссаг сылгоймаг. Худæджы мыггаг ын уыди – Голубчик. Дзыхæй та хæрзарæхст, гага дыууæ кæны, кæмæй фæзæгъынц, ахæм. Балаты Тембол та уæд Цæдисы консультант уыди. Арæх иу хъазæн ныхас бацайдагъ Тембол æмæ Голубчикæн. Иуахæмы та Балайы фырт усы ракъахта, «уарзондзинады» кæйттæ йын кæны. Уæд æм Голубчик нал фæлæууыд æмæ йын афтæ

– Тембол, когда на улице гололед, мне за тобой легко идти.

– Почему? – сцымыдис Тембол.

– Потому что с тебя песок сыпится, и я не боюсь поскользнуться.

– Вот прохвостка! – йæ уарзондæр ныхасæй йæ фæрæхуыста Тембол дæр.

# 2001 АЗЫ «МАХ ДУГ» НЫММЫХУЫР КОДТА:

АРДАСЕНТЫ ХАДЗЫБАТЫР: 90 АЗЫ
*Ардасенты Хадзыбатыр* **Цины зард** Æмдзæвгæтæ

АСАТЫ РЕУАЗ: 80 АЗЫ
*Асаты Реуаз* **Поэттæ, дам, зæронд нæ кæнынц...** Æмдзæвгæтæ

БАСИТЫ МЫСОСТ: 90 АЗЫ
*БаситыМысост* **Цыбыр радзырдтæ**

БÆДОАТЫ ХЪАЗЫБЕГ: 100 АЗЫ
*Бæдоаты Хъазыбег* **Партизаны мад.** Радзырд. VIII, 86.

БОЦИТЫ БАРОН: 100 АЗЫ
*Боциты Барон* **Рох мæ нæу** Æмдзæвгæтæ

БРЫТЪИАТЫ ЕЛБЫЗДЫХЪО: 120 АЗЫ
**Елбыздыхъойы хъуыдытæ**

ГУЫЦМÆЗТЫ АЛЕШ: 50 АЗЫ
*Гуыцмæзты Алеш* **Дæ чъызгæ уарзт.** Радзырд. IX, 77.

ДАРЧИТЫ ДАУЫТ: 90 АЗЫ
*Дарчиты Дауыт* **Æмдзæвгæтæ**

ДЗАБОЛАТЫ ХАЗБИ: 70 АЗЫ
*Дзаболаты Хазби* **Уацамонгæ** Æмдзæвгæтæ

ДЗАНТИАТЫ АНАТОЛИ: 60 АЗЫ
*Дзантиаты Анатоли* **Гобæ.** Радзырд. XI, 14.

ЕПХИТЫ ТÆТÆРИ: 90 АЗЫ
*Епхиты Тæтæри — Æгъуызарты Геор* **Писмотæ**

КАЛОТЫ ХАЗБИ: 80 АЗЫ
*КалотыХазби* **Зæххы зæрдæйы маст** Æмдзæвгæтæ
**Нæ хæстарыд, нæ хурвæлыст æфсымæр**

МАКСИМ КОВАЛЕВСКИЙ: 150 АЗЫ
*Максим Ковалевский* **Фæндаггон фыстытæй**

КЪУБАЛТЫ АЛЫКСАНДР: 130 АЗЫ
*Джыккайты Шамил* **Æхсар æмæ намысы кадæггæнæг**

СЕЧЪЫНАТЫ ЛАДЕМЫР: 80 АЗЫ

*Сечъынаты Ладемыр* **Мады хъæстытæ.** Новеллæ

**ТЕМЫРХАНТЫ СОСЛАН: 120 АЗЫ**
*Джыккайты Шамил* **Иры кадгæнæг**

**ХОДЫ КАМАЛ: 60 АЗЫ**
*Леонгард Франк* **Фæзилæн.** Пьесæ. Камалы тæлмац. I, 50.

**ХЪАЙТЫХЪТЫ ГЕОР: 90 АЗЫ**
*Хъайтыхъты Геор* **Эпиграммæтæ**

**ХЪАНЫХЪУАТЫ ИНАЛ: 150 АЗЫ**
*Хъаныхъуаты Инал* **Æмдзæвгæтæ**

## ПРОЗÆ

*Айларты Измаил* **Амонды фæндагыл.** Уацау. VI, 71; VII, 5.
*Гаджиты Илас* **Сау сырдон.** Сатирикон радзырд. VIII, 99.
*Гибизти Руслан* **Дыууæ радзырды**
*Гусалты Барис* **Хуыздæр фæлладуагъд — æхсызгон куыст**

*ГуырдзыбетыБарис* **Æртæ этюды**
*Дегъуаты Соня* **Тызмæг фыды гакк.** Радзырд. III. 15;
**Хуыцауы фыдæх.** Радзырд. X, 79.
*ДжусойтыНинæ* **Сатирикон радзырдтæ**
*ДзасохтыМузафер* **Урс мæнæргъы.** Повесть. VIII, 5; IX, 15.
*Заойты Аслæнбег* **Æцæг хабæрттæ**
*Ситохаты Саламджери* **Ирвæзынгæнджытæ.** Радзырд.

*Томайты Мисурхан* **Этюдтæ**
*Хуыгаты Сергей* **Исахан.** Радзырд. I, 5; **Дыууæ радзырды**

*Хъайтыхъты Азæмæт* **Радзырдтæ æмæ таурæгътæ**
*Хъесаты Валодя* **Зæринджын.** Уацау цыбыргондæй, XI, 40.
*Цæлыккаты Ахмæт* **Таурæгътæ, новеллæтæ.**
*Цомартаты Изæтбег* **Зынгхуыст бæллицтæ.** Роман. IV, 16;

## ПОЭЗИ

*Абайты Эдуард* **Фæтæхин дæм маргъау** Æмдзæвгæтæ

*Айларты Чермен* **Цыппар æмбисонды** Æмдзæвгæтæ

*Бабочити Руслан* **Цард ба фæццæуй...** Æмдзæвгитæ
*Бахъаты Нугзар* **Арвы айдæн** Æмдзæвгæтæ
*Биазырты Кромвел* **Хæрис донгæрон фыста акварельтæ...**
Æмдзæвгæтæ
*Боциты Алыксандр* **Налхъуыт-налмасæй диссагдæр**

Æмдзæвгæтæ
*Брытъиаты Аслæнбег* **Маст æмæ сагъæстæ** Æмдзæвгæтæ

*Годжиты Сослан* **Мæ сабибонты аргъау** Æмдзæвгæтæ

*Годжыцаты Нелли* **Ныфсы мæсыг** Æмдзæвгæтæ
*Дауырæ* **Æрцæгъд-ма, фæндыр** Æмдзæвгæтæ
*Джусойты Марат* **Арты фарсмæ** Æмдзæвгæтæ
*Касаты Батрадз* **Царды денджыз** Æмдзæвгæтæ
*Кокойты Эльзæ* **Уд удмæ сиды** Æмдзæвгæтæ
*Косты Лизæ* **Цыппар æмдзæвгæйы**
*Къадзаты Станислав* **Азæлд** Æмдзæвгæтæ
*Къæбысты Уарден* **Кавказ** Æмдзæвгæтæ
*Нæкуысаты Наирæ* **Сызгъæрин кæхц** Æмдзæвгæтæ
*Плиты Зæирæ* **Уалдзæджы фидиуæг** Æмдзæвгæтæ
*Рæмонты Геор* **Æмдзæвгæтæ, тæлмацтæ**
*Скъодтати Эльбрус* **Рохс фарнæ** Æмдзæвгитæ
*Тыбылаты Солтан* **Дыууæ æмдзæвгæйы**
Æмдзæвгæтæ
*Тыджыты Юри* **Зынджы стъæлфæнтæ.** Цыппаррæнхъонтæ

*Уалыты Лаврент* **Ам булæмæргъ зарыд** Æмдзæвгæтæ

*Хадыхъаты Фатимæ* **Æмдзæвгæтæ**
*Хæмыцаты Албег* **Иры фарн — мæ тырыса, мæ ис**
Æмдзæвгæтæ **Хъазыд урс фынчыты мæй**
Æмдзæвгæтæ
*Хозиты Макар* **Сабитæн** Æмдзæвгæтæ
*Хъайтыхъты Азæмæт* **Æртæ æмдзæвгæйы.**
*Хъодзаты Æхсар* **Æрымысыдтæн дæу** Æмдзæвгæтæ
*Цæрукъаты Алыксандр* **Царциатæ — царцитæ** Æмдзæвгæтæ

*Цæрукъаты Таймураз* **Сатирикон куплеттæ**
*Цветаева Марина* **Æнæныгуылгæ хур** Æмдзæвгæтæ

## ДРАМАТУРГИ

*Чеджемты Геор* **Хъуыбады**

## ХÆСТ ÆМÆ УÆЛАХИЗ

**Хæстон поэттæ**
*Заойты Аслæнбег* **Æнæнхъæлæджы фембæлд.** Мысинæггæ

## ТÆЛМАЦТÆ

*Жан де Лафонтен* **Æмбисæндтæ.** Идрис Шах. **Хæтæгхуæгты**

**хабæрттæй**
**Рагон китайаг хъæлдзæг радзырдтæ**
*Байрон, Петефи, Хикмет, Аполлинер, Лорка* **Æмдзæвгæтæ**

*Борис Кагермазов* **Зæрдæтæ авæрын мæхицæн** Æмдзæвгæтæ

*Хъайсын Кулиев* **Рынчындоны сагъæстæ** Æмдзæвгæтæ

*Светланæ Мекшен* **Æнæ бæстæ нæй фарн æмæ æвзаг**
Æмдзæвгæтæ
*Ханс Иоахим Шедлих* **Ратт ын æвзаджы хорзæх**

ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*Джыккайты Зæринæ* **Ремаркæты аивадон нысан**
**Елбыздыхъойы драмæты**
*Хуыгаты Ирлан* **Хъаныхъуаты Инал**
*ХъодзатыÆхсар* **Цы фæцис нæ Цæдис?**

СФÆЛДЫСТАДОН БЫНТÆ

*Агъниан* **Хъарджытæ**
*ДзуццатыХадзы Мурат* **Поэтессæйы æрвхуыз дуне**
*Хетæгкаты Никъала* **Æмдзæвгæтæ**
**Цагъайраг**

АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

*Хъазиты Мелитон* **Ирон хæзна**

УИДÆГТÆ

*ÆлбортыХетæг* **Дымгæ чердæм дымы, уый фæздæгæй хуыздæр ничи зоны**
*Æлдаттаты Виктор* **Чердæм у нæ фæндаг, ирон адæм?**

*Дзидзойты Валери* **Ирыстоны гербы тыххæй**
*Дзиццойты Юри* **Дыууæ Нарты Скифаг-сæрмæттаг-ирон этнографион æмæ фольклорон параллельтæ**

*Джусойты Нинæ* **Ирон фарны артдзæст.**
*Сотаты Людмилæ* **Ирæттæ Кæсæджы**

НЕ 'ВЗАГ — НÆ ФАРН

*Уалыты Мæдинæ* **Хуызæвдисæг терминты нысаниуæг**

*Уанеты Владимир* **Иу рох конкурсы тыххæй**
*Хуыгаты Сергей* **Не ‘взаг нæ хæзна у, æви?**
*Хъулаты Азæ* **Иу иннæмæн ахъаз**

## МЫСИНÆГТÆ

*Бицъоты Гриш* **Уырнындта йæ: райгуырдзæн аивдзинады ног суадон**
*Сечъынаты Нинæ.* Зæрдæйы хъæдгæмттæ

## РÆСТÆГ - РÆСТÆВЗАРÆН

*Бекмæрзты Афон* **Фыдвæндæгты ахæсты**
**Цы уыди сæ аххос?..**
*Уанеты Владимир* **Ноджыдæр ма Иосиф Сталины тыххæй**

## ПУБЛИЦИСТИКÆ

*Гусалты Барис* **Елбыздыхъо, Хазби æмæ иннæтæ**
*Таутиаты Индирæ* **Æнæниздзинад — æппæтæн сæрæвæрæн**

## «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ

*Тезиаты Мæдинæ* **Бутаты Ефимы нæртон дуне**

## АРВИСТОН

1,147; II, 164; III, 184; IV, 129; У.157; VI, 167; VII, 153; VIII, 178; X, 142; XI, 65; XM,152.

## ТÆФÆРФÆС

***Цæрукъаты Алыксандр.* I, 154**
***Абайты Васо.* IV, 140**

Цъары фыццаг фарсыл:
***Тугъанты М. Батырадз Хызы фидар куыд басаста.***

Цъары дыккаг фарсыл:
***Тугъанты М. Автосурæт.***

Цъары æртыккаг фарсыл:
***Тугъанты М. Едзиты Сослæнбеджы сурæт.***

Цъары цыппæрæм фарсыл:
***Тугъанты М. Ацæмæз.***


| | |
|---|---|
| Технический редактор | Виктория БОРАЕВА |
| Корректор | Заира КАРАЦЕВА |
| Компьютерный набор | Соня ДЕГОЕВА |
| Компьютерная верстка | Ирида КОДЗАТИ |
| Дизайн | Залина ГУРИЕВА |

Журнал зарегистрирован в региональном Управлении ГК РФ по печати в РСО А.

Регистрационный номер Ш

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна, уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дугæй» ист кæй у, уый.

Учредители: Комитет РСО Алания по печати и делам издательств, Союз писателей РСО Алания

Подписано к печати 07.12.01. .Формат издания 60x841/16. Бум. офсет. №1. Гарнитура шрифта . Печать офсетная. Усл. п. л.9,76. Учетно изд. л. 7,79. Тираж 1400 экз
Заказ № 450.

Адрес редакции: 362040, г. Владикавказ, пр. Мира, 25.
Телефоны: 33

Журнал отпечатан на Республиканском издательско полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева

362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247

